# СОЛДАТАСУЛ КАГЪТАЗДАСАН ГЬУДУЛАЛДЕ

* * *

Гьудул! Тушманзабаз тохлъукье кIанцIун,
Нилъер чорхол рохел хвезе гьабуна.
Сардилъ гьужум гьабун, гьабзазул тIелалъ
Паракъатаб яшав щущазабуна.

Дир гIагарай бабал, дихъги балагьун,
Беразде жанибе лъим ккезабуна.
ЛъикIго йикIайилан, балай ккарай дур,
Квер бачун, дун чоде вахинавуна.

ГIодуге, дир эбел, дур васас гIумру
ГIангразе бокьухъе кьезе гьечIебин.
Пашманлъуге, гьудул, духъ ракI тIеркIарав
Рагъул фронталда тIуркIизе гьечIин.

Нилъер рохалилаб гIумру хвезегIан,
Дийни хун бокьила, йокьулей гьалмагъ.
Тушманасул кверщел тIаде ккезегIан,
Керен гуллий кьела дица, кьерилай.

* * *

Гьудул, дида лъала рагъде унелъул,
Дида нахъа хутIи хирияб ВатIан:
МугIрузул Дагъистан,
дун гIураб Хунзахъ,
Дир гIагараб росу, рокьулел рукъзал;

Дир аваданаб халкъ,
кепаб гьудуллъи,
Дир учительзаби, дир цIалдохъаби;
Дий гIоло рухI кьолел кьерилал вацал,
Дир дунялалда тIад цохIо йигей мун;

Дун гIезе гьаюрай,
дий гIумру кьурай,
Дихъ урхъи бергьарай херлъулей эбел;
Надалда кверги чIван магIарулазе,
КечI ахIулев вугев хъахIлъарав эмен.

Гьудул, дида лъала гьал гIалхул гьаби

ГIадамасул бидухъ хъантIарал рукIин,
Рес рекъон хадуса гьез дирги дурги,
Нилълъ гIагаразулги гьан квине букIин.

Амма рохиларо нилъги хун борхьал,
Бихьиларо гьезда нилъедасан бакъ.
Хвеларо, гьудул, нилъ, хвеларо рокьи,
Хвела гIодоб речIчIун гIалхулазул бо.

* * *

Гьудул, дуда лъалищ рагъда ругезе
Рукъосан хабар щвей
щиб рохелали?
БичIчIулищ ясазда гьудулзабазе
Гьезул рисалатаз гьабулеб асар?

Гьаб дур кагъат щведал, каранзуниб ракI
Дуде аскIой щванин ракIалде ккана.
Рисалат цIалидал, меседил горо,
Мунгун гаргаданин хIисаб гьабуна.

Дур хатIалда гъорлъан,
цIоролъан гIадин,
ЦIвакараб дур гьумер паркъун бачIана.
Щибаб рагIиялъулъ гIажаибго цо
Мун, хиси гьечIого, цее ячIана.

Дур хIисабал гьарун чанцIул гьимарав,
Мунан ккун кагътиде чанцIул цIункIараб.
Каранде гьебги къан,
къанщун бералгин,
Огь, лазатин абун чанцIул абураб.

Гьаб кагъатги цIалун, цIадай инеги
Нахъе къазе гьечIо – хIакъаб жо дуе.
Каранзул чвантиниб рисалатги лъун,
Вас виччанте гьанже гьужумалъ ине.

* * *

Рагъул кьвагьи буго, кьалул кIкIуй буго,
КIкIуйдулъ жаназаби гъорлъ росун руго.
БагIараб Армия, къисас босизе,
Къоселазде тIаде кIанцIулеб буго.

Ниж унел рукIана, инжит гьабураб,
Эбелаб росу-ракь хвасар гьабизе,
Намус гьечIел гьабзаз басра гьарурал,
Мискинал вацазе эркенлъи босун.

Гьудул, дуда гьанже ракIалде ккела
Росаби рукIанин хвасар гьарулел.
Росаби рукIинчIо, чIуднул рукIана,
Огь, чIегIераб дунял, – немцал щваралъуб.

Дицаги абидал мунги ятила,
Рукъзалги васалги ругин гьаниран.
Гьанир васал руго гIурдузда далун,
Огь, къиямасеб къо – бачIараб къосел.

Мун талихIай йиго, дуда рихьичIо,
Берал магIил цIурал гIурус руччаби.
Дуца щукру гьабе, дуде щвечIелъул,
Шакъраххун гIодулел гIазизал улбул;

«Васалго, васалин, руссарал лъикIан»
Нижер квер босулел гьал мискинзаби;
«ГIагарал, гIагарал, гIумру кьегиян»
Нижеда тIад хурхун хъахIлъараб умат.

Гьезул магIил гарал, ракIалде ккана,
РекIелъе тIинкIулел рукIанин нижер;
ГIакъуба гьикъарал яцазул гьаркьал,
Рукьбазда рагъулел ругилан абун.

Гьаб гIазабалда гъоркь халкъ тун чIезегIан,
Хабалъ лъикIан абун ккана ракIалде.
Тушманасул хIатIикь гIураб ракьги тун,
ГIумру щайин абун гьабуна хIисаб.

Рагъул кьвагьи буго, кьалул кIкIуй буго,
КIкIуйдулъ жаназаби гъорлъ росун руго.
БагIараб Армия, къисас босизе,
Къоселазде тIаде кIанцIулеб буго.

* * *

Дудаса рикIкIада ракIалда мунгин,
Руго, рекIел гьудул, тIамулел къоял.

Дур хIисабал гьарун,
пикрабалъ восун,
Руго, хIасратай яс, рогьунел сардал.

Рагъде вахъунелъул ракIалде ккола,
Кидаго мун йигин дида хадуй чIчIун.
«Хал гьабе, дир лачен, чучугейила»,
Дир черхалда цIияб яхI гъезе ячIун.

Нагагь ракI хIинкъани, хIисаб гьабула,
Огь, гьанже дуда дун вихьулев вугин.
«Щайзе, вас, чучулев, чилъи тогеян»
Дида бадиб чIвазе мун ячIун йигин.

Гъажалда кверги лъун гьикъула дуца:
«Гьалъийищ дун дуе йокьун йикIарай,
Киб араб дур рагIи, гьабураб къотIи,
Гьаб цIар босизейищ дир берал цIцIурал».

ЙикIуна пикрабалъ кийго мун цадахъ,
Цин йохун, цин барщун дие бокьухъе;
Щола мун ракIалде рикIкIада дида,
РекIел хиял лъураб хасияталда.

Дудаса рикIкIада, ракIалда мунгун,
Руго, рекIел гьудул, тIамулел къоял.
Дур хIисабал гьарун сородилаго,
Руго, хIасратай яс, рогьунел сардал.

* * *

Чехьалъул эбелалъ дун гьавилалде,
Дунялалъул канлъи дида лъалелде,
Дир талихI цIунизе цIумаллъун рагъун,
ЦIар бугел умумуз би гIодоб тIуна.

ГIасиял къурабахъ, кьогIал гъулдузда,
ЗахIмалъаби къулчIун, къварилъи хIехьон,
Дун эркенго гIезе, гIадан лъугъине,
ГIагарал вацаца рухIал ричана.

Гьел багьадуразул бица белъараб,
БагIар байрахъалъул канлъукь гIуна дун.
Басрияб зулмудул заман лъачIого,
Лъадалъ ччугIил гIадин гIумру ана дир.

Дун рохалил ахикь жанив кьурдана,
Аваданлъиялъул ралъдалъ чвердана;
ЦIалдана, хIалтIана, хIалхьи босана,
Дирго талихI баркун кучIдул ахIана.

Амма рохел хвана, чорхол кеп свана,
Чилъи хварал гьаби тIаде кIанцIидал.
ТIахьал жалго тана, тумакI босана,
Пасаказде данде вагъизе ккана.

Гьудул, дунги дирго инсул васлъидал,
Инсул ракь цIунизе цIумлъун вагъила.
ЦIикIкIарал вацаца рухIалги ричун,
Дие кьураб рахIат кьеларо лъийго.

* * *

Лъукъун гIодов ккедал, ракIалде ккана,
ГьабсагIат дир бадий мун балагьилин.
Гвердел маргъал ричIун, хIухьел босизе,
ХIеренал квераца катан жемилин.

Дун балагьаравго гьимунги елъун,
«Гьа, мадар гьечIищан» гьикъула дуца.
«Мадар, мадарилан» тIадеги ворхун,
Дур квер босун гьелда баула дица.

* * *

Маргьабалъ кинигин, пикрабаца дун,
Гьудул, мех-мехалда духъе вачуна.
Къисабаз кинигин, рекIел хIисабаз
Восун дуда аскIов майилан лъола.

ВачIине вуго дун, лъугIун буго рагъ,
РакI гIедегIун буго гIагарлъанагIан.
Къун руго тушбаби, щвана бергьенлъи,
Гьале щолев вуго лъалел бакIазде.

Хъвашгелди, хирияб хундерил тIалъи,
Дир тIавус сверулел тIогьол байдаби.
Баче квер, дун гIураб, гIагараб ВатIан,
Дица гIумру кьолеб кьерилалъул ракь.

ТӀорщалил байдаби, берцинал мугӀрул, –
МагӀаруллъи гӀадаб бакӀ батиладай.
Лъарал чваххи-хъуди, хӀанчӀазул чӀи-чӀи,
Нилъер гӀадинаб ракь гӀемер бугодай.

Дунги йокьулейги гьаб ракьалда тӀад,
ТӀогьода най гӀадин, рукӀине руго.
Нижеца кӀиязго гӀураб ракьалда
Бокьухъе хӀеренго хӀохьел биччала.

Амма анищаца хур бекьуларо,
Рокьукъал тушбаби чӀаго рукӀаго.
Рокьи ккарай духъе дун вачӀинаро,
Фашистазул читӀрал чурхъун рачӀого.

*1943*

* * *

ГӀанаби багӀарай, мугӀрул гӀолилай,
Вабабай, дир рекӀелъ мун йикӀуней куц.
Гьурмаде катан цӀан гъорлъан гьимулей,
Дица дур пикраби гьарулелщинал.

Чанги вас ватила, гьанже дун гӀадин,
ГӀолилай рекӀелъ ккун рагъул кӀкӀуйда гъорлъ.
Чанги яс ятила, гьанже мун гӀадин,
Гьалмагъасул харбихъ, хал ккун, балагьун.

Нилъергун рекӀел хӀал данде ккаразда
БичӀчӀила дир кочӀол кинабго къимат.
Рокьул асар лъарал васал-ясазда
Лъала баккулаго дир рагӀул магӀна.

* * *

Цо-цо рокьи ккечӀел, рокьул бициндал,
Гьаб рокьул мех гурин, кьурун руссуна.
ГӀищкъу бичӀчӀуларел ганчӀилал ракӀал,
ГӀищкъул къоял анин, къотӀун кӀалъала.

Гьал гьудулзабазда бичӀчӀулеб гьечӀо, –
Балай ккарал бераз ишан лъикӀ ккола.
Гьазда абунилан ургьиб унаро, –
Рагъал роркьанагӀан рокьи цӀикӀуна.

Рокьи гьечIеб рекIелъ ццин букIунаро,
РекIелъ ццин гьечIони, тушман чIваларо.
ГIищкъу гьечIеб ракIалъ кечI ахIуларо,
КечI ахIулареб ракI – чIобогояб гьор.

## ЭБЕЛАЛЪУЛ МАГIИЛ ГАРАЗЕ ГIОЛО

*(КIиго кечI)*

Рагъда васал ругел магIарул улбузе сайгъат гъабула

* * *

Чохьол эбел, лъала дур рекIел ургъел,
Васал цере рачIун, дуй гьечIеб хIалхьи.
РагIула дида дур каранзул тIвапи,
ТIанчIазухъ ракI унтун угьулеб хIухьел.

Эбел, дур бадисан бецIцIараб магIу
Чан хиял гьабулеб гьаб цIадулъ дица.
Херлъун сородулеб сурат цебе чIун,
КигIан ургъел кколеб ургьиб ракIалъе.

Эбел, дур бадисан бецIцIараб магIу
Рагъул байдабазда бихьула дида.
Гьел магIил гараца «къисас босе!» – ян
Бугеб рухIалдалъун ахIула диде.

Эбел, дихъе халкъалъ ярагъ кьун буго,
Гьанже бихьилин дур бихьинчилъиян,
Чохьол эбелалъе, инсул ракьалъе
Мун рекъарав васлъун вукIун вугищан.

Огь, дир халкъ, дир эбел, инсулаб ВатIан,
Дир нусабго лага гьедула нужей:
Инсанлъи, намус-яхI цIунизе гIоло
Бищунго гIагараб гIумру бичизе.

Лъай, эбел, кидаго кив вугониги
Ккараб къо дур васас борхизе букIин,
Дур хъахIаб расалъул, хIасратав инсул
ХIурмат-намус дица цIунизе букIин.

* * *

Эбел, хIакъаб хабар, рагъ халалъила,

Чанги лъикIал васал гуллий сукIила.
Киналго рокъоре нахъ руссинаро,
Чангиясул эбел бесдал хутIила.

ГIемерал рагъила, захIмат бихьила,
Биял гIодор тIела, гIазаб гьикъила.
Рагъда щибго ккола, чангияв хола,
Чангияс хвел гьечIеб гьунар гьабила.

Амма кида-къадги цо къо бачIина,
Гьаб чIегIераб тIупан тIаса босараб;
Нилъер бахIарчиял полказда цеве
Гьав нагIана батад накалда чIараб.

ТIохил рагIалда чIун дун вачIунищан,
Надалда кверги чIван, балагьила мун.
Росдал сухъмахъ нухалъ дун ваккаравго,
Екерун тIад хурхун къочарила мун.

Эбел, амма лъала гьеб къо щвелелде,
Чанги хIарщ нилъеца мерхьине букIин.
Гулбузул цIадакьан, бидул гIурулъан,
ГIемераб къо бихьун, къеркьезе рукIин.

Эбел, гъастIа рукIун чIчIел босиларо,
ЧIвадари букIина ракIал гъанцIулеб.
ГIадада бергьенлъи нилъей кьеларо,
Кьвагьи букIина дуй дунял соролеб.

Хвалчадул балада би гIодаразе
ГIумруялъул рохел белъизе буго.
ТункIил кIалалдасан кIкIуй буразда
КIудияб талихIалъ къвал базе буго.

Эбел, жеги дида хвел данде чIвачIо,
Амма гьелъие дир ххвел букIинаро.
Хирияб ракьалда урхъун къвалги бан,
КъваригIани гIумру «майилан» кьела.

Эбел, къо бачIина, гьал къоселазе
КьогIаб диван къотIун, къисас босараб.
Ракълил къотIиги хъван, рагъул гъалбацIал
Рижараб росулъе нахъе руссараб.

Гьеб мехалъ росулъе дун вуссинчIони,

Гьелъул магIна ккола дун дуе ками;
Керен кьун бокьулеб ВатIанги цIунун,
ЦIа бакараб рагъда дица рухI бичи.

Эбел, мун гIодуге дир гIумруялъухъ, –
ГIадада бусада гурелъул хварав, –
Халкъ эркен гьабизе хвалчен борхарал
БахIарзазда цадахълъидал кьижарав.

*1943*

## ВАЙ, КЪАСИ ГЬАБ СОРДО КИДА РОГЬУНЕБ?

*(Ясалъул кечI)*

Вай, къаси гьаб сордо кида рогъунеб,
Кинго хIалхьи гьечIин дие бусада?
Рогьалилаб канлъи киб бахчун бугеб,
Дир рукъалъул горда щай гвангъулареб?

Метер унев вуго дир гьудул рагъде,
Эбел, щибан дица гъосда абилеб?
АхIун буго лачен ВатIан цIунизе,
Кинаб сайигъатдай гъосий къачIалеб?

Кинандай вукIина, дир бадив къулун,
Къо-мех лъикIан абун квер босулев гьев;
Жиндирго къагIидалъ гъежда кверги лъун,
Гъокьан дихъ балагьун – багIарлъун, гьимун.

Вай кIоларо, эбел, кIоларо, эбел, –
Дун йиччанте гъосда хехго хурхине.
«Нух битIаге, вагъе, тушман гъуре», – ян
Гъосда дирго рахъалъ рагIи абизе.

Огь, къаси гьаб сордо кида рогьинеб,
Кинго хIалхьи гьечIин дие бусада?
Рогьалилаб канлъи киб бахчун бугеб,
Дир рукъалъул горда щай гвангъулареб?

*1943*

## МУН НИЖГУН ВУГО

Нижеда жакъа мун,
ЦIадулал къояз,
ЦIорол гъансинив лъун
Гуро вихьулев, –

Надалда кверги чIван,
Бергьенлъиялъе
Планал ургъулев
Вихьулев вуго.

Нижер пикрабаца,
Гьал кьогIал сагIтаз,
Мун цадахъ гьечIевлъун
Гуро рикIкIунев, –
ГIебеде квер битIун,
«Церехун а», – ян
Дур ахIи рагIула –
Мун нижгун вуго.

Рагъул майданалда
Тушман гъуризе
Дур пикруялъ буго
Команда кьолеб.
КьогIаб фашизмалда
ТIад цIа бакизе
Дур цIаралъ буго бо
Цебе бачунеб.

ЦIорорал хандакъахъ
Хехал гьужумалъ
Дур хехлъи, къо хIехьей
Гьалделеб буго.
Станказда нахъа,
Колхоз хурзабахъ
Дур кутак хIалтIула, –
Мун нижгун вуго.

Цойги нухалъ лъана
Лъай босаразда,
Дур лъималаз эмен
ЦIунун толев куц.
Нахъеги бичIчIана
БичIчIи гьечIезда
Дур нух тун нижеца
Бох босунгутIи.

Биччанте рагIизе
Гьаб гIаламалда,
Дур гIакълу къулулеб
Къуват гьечIолъи.

Лъан букIаян абе
ГIангразул бода
Дур бахIарчияб халкъ, –
Мун нижгун вуго.

*1942*

* * *

МугIрул буртиналда гIодовги вукIун,
ГIисинаб бакъаналъ хъумузги кIутIун,
БецIаб сардилъ дица дуе, цIалдохъан,
ЦIадулал жугьаби ургъулел руго.

Халкъалъул къварилъи ракIалда унтун,
Урхъарал васазул сурат цебе чIун,
Дур некIсияв гьудул, гIолихъан-поэт
Нахъеги дудехун кIалъалев вуго.

ГIенекке, кьерилал, кьалул кучIдузухъ,
Каранзул биялъулъ къалам ччун хъварал.
ГIинтIаме, гIолилал, дир асаразухъ,
Инсул ВатIан бокьун ракIалъ ахIарал.

*1942*

## САГIАДУ

МугIрул яс, хъвай дурго гьудуласухъе,
СагIадуца гIадин, тушман гъуреян.
Эбел, битIе кагъат васасда хадуб,
Гьас гIадин гIужилго ишан босеян.

Тушман вачIунелъул, гъоркьчIелги гьабу
Гъоркьан балагьула нилъер багьадур.
Воре бухIилаго кванаян абун,
Каранда речIчIула тIохьидал гулла.

Ясаз саргъас кьабун сарин ахIила,
Аман жидер анищ гьадинав россан.
Эбелалъ нилъалзукь квер лъун абила,
Аман дир щай гьечIев гьав гIадав васан.

МугIрул яс, хъвай дурго гьудуласухъе,
СагIадуца гIадин тушман гъуреян.
Эбел, битIе кагъат васасда хадуб,
Гьас гIадин гIужилго ишан босеян.

## ХАНПАША

Рии, кьогIал къоял, къваридал сардал,
Биял гIодор тIурал гIасиял рагъал,
ГIурчинал гъутIбузулъ, гъара чагIазе
Чан къан, балагьун чIун вуго Ханпаша.

Гьале ракI чIегIерал чIвадарухъаби
ЧIухIараб рильлъада тIаде гIунтIула;
ТIа-ра-ра-ян абун, хвалил гулби хьан,
Ханпашал пулемет гьезда дандчIвала.

Гьав, жеги михъида хIур чIвачIев васас
Чанги михъал багIар ракьалда лъола.
Рокьи ккун кидаго къвакичIел бераз
Чанги къабихIаб черх чапизабула...

Хасел, пулеб гьури, гьалагаб цIорой,
Фашистаз мугъ берцин гьабулеб буго,
ГIазукь бакIги гьабун, пулеметги лъун,
Гьелда нахъа вегун Ханпаша вуго.

Ма, нух битIиялъе босеян абун,
Гьас немцазул мугъал рорлъулел руго,
Рецарухъабаца харинив гIадин,
Хадув лъугьун речIчIун, чIчIва балеб буго.

Гьав, жеги михъида хIур чIвачIев васас
Чанги михъал багIар ракьалда лъола.
Рокьи ккун кидаго къвакичIел бераз
Чанги къабихIаб черх чапизабула.

Бид вецIцIун вагъулев вугеб мехалъги,
Вохизе толаро тушман лочноца,
Гор тIамун кисанго сверун ккуниги,
Квер сородуларо совет васасул.

Гъов хвана, ва амма халкъалда гьоркьоб
Хабар къотIиларо кидаго гьесул,
Кирего машгьурал бахIарзазда гьорлъ
Бахъила гIадамаз къвекIаб цIудул цIар.

Гьав, жеги михъида хIур чIвачIев васас
Чанги михъал багIар ракьалда лъуна.
Рокьи ккун кидаго къвакичIел бераз
Чанги къабихIаб черх чапизабуна.

## ВОРЖАРУХЪАН ВАЛЕНТИН ЭМИРОВ

«Лаченги чучула, чи гIемерлъани,
Чарангн биуна, цIа гьалаглъани...»
*(Халкъияб кечIалдасан).*

РагIанищ, гIадамал, мугIрул хъарчигъа
Хъубал чIегIергъудуз тIаделъун чIвараб?
Лъарабищ, гьалмагълъи, гьавадул лачен
Фашистазул чудказ зая гьабураб?

Чанги тушманасул кеторузалда
Квешал ругънал лъураб рагъул итаркIу,
Гьавадул чу рекIун чабхъад аралъув,
Чаргъудузул боде дандёчIван вуго.

ЧIегIерал бандазул ракIал тIуркIулев,
РекIелъ хIинкъи гьечIев, хIакъав багьадур,
БагIараб цIум кьолон кьалде къокъиндал,
Къункърабазул тIелалъ сверун ккун вуго.

Дагъистаналъул вас вихьараб мехалъ,
Бохьараб гIетI бала гIаштIичагIазда.
Эскадрилиялъул командирасул
Кутакалъ цIа лъола гьезул цIилазда.

Нахъа кIкIуйдул мухъ тун кIиго кеторуз,
Керен гулбуз басун, гебегун уна.
Ахирги лебалаб нилъер лочнода
Немцазул гулбуца горал рахъула.

ГурхIел-яхI тIагIарал хъурумсахъаца
Хъергъу паналъулел ругънал гьарула.
Кверазда ругьунаб итаркIоялъул
Моторалъ хIалтIизе инкар гьабула.

Рагъулъ хIалбихьараб боржарухъаналъ
Боржине рухI гьечIин лъазе гьабула.

Гьавадул квар тIедал багьадурасул
Хьолбохъ эхетана ахираб минут.

Аэропланалъул гьаракь сасиндал,
Цебе бачIун чIчIана хвалилаб сагIат.

ГIарцул моторалда урхъун къвалги бан,
Къочула Валентин «къо-мех лъикIилан».
Жиндирго тIогьолаб Дагъистаналде,
ТIагъур хьвагIула гьас, лъикIго букIаян.

Ахирияб нухалъ хIисаб гьабула
ХIасратго рокьулел гьалмагъзабазул.
Хвалда цебе рекIел анищ букIуна
ГIагарал-божарахъ цо балагьизе.

Берал къанщулелъул лочнол къаданир
КъвакIарал бахIарзал кьер гьабун чIола.
Гьурмал кьер босун цIум паналъулелъул
ЦIадулал васаца бутIрул къулула.

Къаникь гьевги вукъун гьалмагъзабаца
Гьедун рагIикьола рецIел босизе.
ХабатIа эхетун роржарухъаби
РакI-ракIалъ кIалъала кIочон теларин.

КIоченаро, гьудул, мун гIолилазда,
Дур гIумру гьезие байрахълъун буго.
Босила, гIагарав, гIасияб къисас,
Дур къвакIи васазе мисаллъун чIола.

Дур гIадат букIана рагъде аралъув,
Мурад тIубачIого тIад вуссунареб.
Хасият букIана чабхъад вахъиндал,
Чан щвечIого рокъой бер тIамулареб.

Дур хIакъалъулъ халкъалъ абулеб буго,
Чам ругъун щваниги рагъ толарилан.
Роржарухъабаца бицунеб буго,
Дур речIчIи кидаго чIалгIаде ккечIин.

Гьанже гIагар гIадин, гIемер мех бачIо,
Гьурмал данде ритIун данделъана нилъ.
Фашистал гъуризе рухI кьелин абун,
Кьварараб дур кIалъай рагIана дида.

ВатIаналъ дур гIебаб каранда рарал
БагIарал орденахъ балагьана дун.

Багьадурин абун, халкъалда гьоркьоб
Дур гьабулеб къимат бихьана дида.

БитIун гIумруялъул гIужда вукIаго
Мун ватIалъи рекIей бакIлъун тараб куц.
Иццлъун гIолохъанлъи беролел къояз
Мун къанщидал чорхол чара хвараб куц.

Чанги гъачагъ чIвараб чIухIараб гъалбацI,
ЧIухIун ахIила дур Дагъистаналъ цIар.
Фашистал соролев Совет бахIарчи,
Бицен къотIиларо Кавказалда дур.

*1943*

## МУХIАМАД ХIАМЗАТОВАСУХЪЕ

*(Совет Союзалъул БахIарчи)*

ВатIаналъул рагъда, хирияв Герой,
Хвана дагъав цеве дир кIудияв вац;
Гьесул цIар бахъидал, цIар гIахьал вукIун,
Дида мун ракIалде реххун вачIуна.

Цояв ватIалъани, цояв ватула,
ВихьичIого дие гIагарлъана мун.
Немцазда дирго ццин бецIарабгIанлъун,
ГIумруялъ хиралъун ккана дие мун.

ТIулил вацгун цадахъ, гIазизав гьалмагъ,
Дур гьунар ракIалда букIина дида.
Гьесул хвалихъ къисас босарав чилъун,
Къойил мун берзукье вачIина дида.

## АХИЛЧИХЪЕ

Ахилчи, кIиго сон, дур хабар гьечIо,
Амма хун ватизе толаро ракIалъ,
Заман гIемер ана кагъат щвечIого,
Амма мун камилин кколаро дида.

Нижер ракI чIун буго мун кив кканиги,
Ккараб иш тIубазе гьабулев вугин,
Я партизаналгун, я фронталда
Фашистазде данде вагъулев вугин.

Ниж балагьун руго мун вуссиналъухъ,

Цоги магIил горо гIодоб тIечIого.
Пикраби рукIуна гьале гьал къояз
Духъан хабар щвелин, шула вугилан.

Берзукье реххула «ругелищ нужан»
Дур разияб гьумер, гьимун данд чIвалеб,
Матрос форма бахъун, гьумер-бер чурун,
Нижгун чай гьекъезе гIодов вукIунев.

## МУН ЧИЛЪУНИЩ ВУКIИНЕВ,
## ЧИДАЙ ЛАГЪЛЪУНИЩ ИНЕВ?

(1942 соналъул августалъ бищун
хIалуцарал къояз Северияб Кавказалъул
гIолохъабазул фашистазде данде чIараб
митингалда кIалъай)

Дир гьудул магIарулав,
Мунги дунги гIураб ракь
КIудияб хIинкъиялъул
Къояз гьалделеб буго.

Фашистазул гIалхулал,
ГIаданлъи хварал гьаби
Гьайбатаб Кавказалъул
Кавудал кIалтIа руго.

Гьалмагъ, рагIи, дур гIумру
Хвей-бахъиналъулъ буго,
Хал гьабе, пикру гьабе, –
Бекилалде бетIер ккве.

Бидул цIурал гажалгун,
Гитлер вачIунев вуго, –
Я мун чилъунищ чIчIелев,
Чидай лагълъунищ инев?

Гьалмагъ, дур тушманасда
Кодоб бугеб гIощтIол бал
ГIадамасул бидуца
Бил багIар белъун буго.

Гьес дудехун битIараб
Загьруяб хечалдалъун,
Чанги цIакъа-цIакъав чи

Къо щвелалде хун вуго.

Дир гьудул магIарулав,
Дуца кинго хIехьолищ
Дур хIасратай йокьулей,
ХIал гьабун, немцаз зури?

РекIел гьалмагъ, кидаго
Дур намусалъ баччилищ
Дуй гIумру кьурал улбул,
ГIазаб кьун, инжит гьари?

Бице, дуца хIехьолищ
ВачIун лъаларев чияс
Мун дурго рукъзабахъа
Вехъерхъун къотIной реххи?

Гьаб кинабго дирилан,
Каранда квер кIутI-кIутIун,
РакI тIокIав немец-гIангур
Дуда цеве эхети?

Бице, вац магIарулав,
МагIарул цIар лъурав чи
Чидай лагълъун вукIине
Дур ракIалъ биччалебищ?

МагIарул тIагъурги лъун,
МагIарул бихьинчияс
МагIарул намус бичи
Дур черхалъ хIехьолебищ?

МагIарулав, дуца гьеб
ХIехьезе бегьуларо,
Гьеб хIехьани, мун ккола
Кепкил багьа гьечIев чи.

Дагъистаналъул мугIрул
Дуе рекъарал гьечIо;
Дуца гьабураб гIумру,
Гьеб тIолго хIилла буго.

МагIарулав, чучуге,
Чаран гIадин къвакIун чIа! –
Къуват нилъер бергьараб,

Божи нилъер кIудияб.

Нилъгун цадахъ буго бакъ,
БитIараб иш, гучаб гьа.
РикIкIад гьечIо бергьенлъи,
Босе гали цебехун!

*1942*

## АХИРИЯЛ РАГIАБИ

Фашистазул гIаштIичагIаз гIакъуба гьикъун хварай Совет Союзалъул Герой, нилъер ВатIаналъул гьайбатай яс, лебалай партизанка Зоя Космодемьянская ракIалде щвеялъе.

БутIрул рорхун хал гьабе,
ГIурусазул гIадамал,
Дун гIодое далараб
ЧIегIераб гIер бихьизе.

Беразул магIу бацIцIе,
РацIцIадал тIул бикьарал,
Дир горбода тIамураб
Хвалил квар лъан букIине.

Гьалмагъзаби, битIахъе
РухIалъ абулеб буго,
Дун чIухIун йиго жакъа
Халкъалъе гIоло хвезе.

Хириял гьудулзаби,
Дие рохеллъун буго,
Инсул ракьалъе гIоло
ГIазаб къабул гьабизе.

Балагье, гьудулзаби,
Ругъназ цIурал дир лугбахъ,
ЦIалаца мухъал хъварал
БагIарлъарал дир хьалбахъ.

Балагъе, гIазда хьвадун,
ГIунарал дир махIабахъ,
Макьу тун, бида босун,
Сурат хвараб дир гьурмахъ.

Дица гIазаб гьекъана,
Къварилъаби раччана,
Амма къватIул гьабзазе
Гьабан жаваб гъабичIо.

Дун якъана, къечана,
РатIлида гIицI йикIана,
Амма гIаштIичагIазул
РакI бохизе биччачIо.

Дун гьабсагIат гъанкъила,
Гьелда ишкал ккеларо,
Амма лъай тушманасда
Нилъ миллионал рукIин.

Киналго гъанкъиларо,
Халкъ гъурун тIагIинаро.
Цо къо тIаде гIунтIила,
Гьазул гIадалъ цIа лъолеб.

Гьалмагъзаби, хIинкъуге,
Тушманасе къулуге,
Къеркье, рагъе, гъуре гьел,
Тоге гьазие хIалхьи.

Нилъерал тIаде щвела,
БагIараб бакъ гвангъила.
Бице гьадин хванилан
Москваялъул яс «Таня».

Гьале дун холей йиго,
КIочонге дун нужеда,
Босе дий гIоло къисас,
Советазул гIадамал.

*1943*

## ЖАМАЛУДИНИДЕ

АхIулгохIда ккараб рагъул иналда жаниб Имам Шамилица жиндир тIоцевесев вас Жамалудин – гьеб заманалде гIицIго микьго сон бугев лъимер гIурусазе гъоркь лъалие кьуна: вас гIурусахъе кьолелъул гьесул эбелалъ ахIараб кечI буго гьаб. Гьаб кечI МухIамад Хуршиловасул «Аманат» абураб

пьесалъе хъвана.

Дидасани тIунин, ракIалъул рухIел,
РекIеда жаниса лъица мун тIелев.
РикIкIалъулев вугин, дир берзул канлъи,
Кидал гьанже дида мун кIочон телев.

Дудаса йохарай хирияй эбел
ХвезегIан угьдила дур бицун, Жамал.
Дуе гIумру кьурав гIазизав инсул
Анищал рукIина духъе, рекIел тIегь.

Щиб гьабилеб, месед, гьадинан ккедал,
Квер кье ахирияб нух битIиялъе.
Дару гъечIеб унти бугин, эбел хвад,
Аллагьасул цIобалъ цIунун таги мун.

*1944*

## ПАРИЛ КЕЧI

Ираназул шагь Надирил бояз Дагъистаналъул магIарулазде гьужум гьабураб мехалъ, гьезде кодое ккарай гIандалазул яс Парица жийго-жинцаго чIвалалде цебе абурал рагIаби.

Вай, хириял мугIрул, нужер гьайбатлъи,
Гьанже тIокIал дида рихьиларо нуж.
Гьардараб, гIагараб гIандалазул ракь,
Гьанже гIумру гьечIо дуда тIад дие.

Доб хъахIилаб зодихъ моцIрол камиллъи,
Кидаго бихьичIо къасигIан гвангъун.
Зобал цIурал цIваби кунчIун ругел куц,
ГьанжегIан гIумруялъ ккечIо гIагарлъун.

Вай, къаси гьаб сордо щай рогьунареб,
Рагьун дир беразда ВатIан бихьизе,
Вай, гIодоса гIазу щай биунареб,
ГIагараб ракьалда керен цун хвезе.

Хвалде къокъиналде къолъикI гьабизе,
Цо къабулав гьудул вихьулев ани,
Къажаразул хучдуз сверун ккурай дир
Дандиясда хабар рагIулеб ани.

Нуж, рорхатал мугIрул, нугIзаллъун рукIа,
РакI хъубазул чадрахъ дир чилъиялъе.
МугIрул къотIун унеб къвекIаб цIум, бице,
Къажаразул гудракь дун чучичIолъи.

Абе гIандалазул гIолохъабазда,
Жиндирго квердаса камунин Пари.
Биччан те дир хвалихъ мугIрул гъалбацIаз
ГъарачагIаздаса къисас босизе.

*1944*

* * *

Йохъ, дица кечI хъвалеб кепалъе гуро,
Ва компаниязда цIализе гуро, –
Дица кечI гьабула гьалагаб рагъда
Дирго гьудуласе кумек гьабизе.

Йохъ, дица кечI хъвалеб стол сверухъе
Мехтараб уматалъ ахIизе гуро, –
Дица кечI гьабула хIалтIуда нахъа
Дир хIасратал яцаз, улбуз ахIизе.

*1944*

* * *

Дие сундуего гIорхъи бокьула:
Макьийги, хIалтIуйги, хIатта рокьуйги,
Гьадаб бакъалъеги, гьаб къоялъеги,
Жеги доб магIарда гIурччинхарийги.

Бокьуларо дие тIасан унеб хIор,
Вокьуларо дие тIасан ккарав чи.
Рокьуларо, къойил ретIелги хисун,
Жалго рихьизелъун хьвадулел ясал.

Амма гьаб ракьалда, гIорхъи гьечIого,
ГIумру бокьун буго кочIохъанасе;
Кеп гьабизе гуро, гьекъезе гуро,
Гьайбатал ясалгун сверизе гуро.

Дие бокьун буго ракьалда гIумру,
ГIагараб халкъалъе кучIдул ахIизе.
Дие бокьун буго ракьалда гIумру,
Цогидазул гIумру кIодо гьабизе.

ГIумру гьечIони кечI гьечIеб кинниги,
КечI гьечIеб гIумруги кIваричIо дие.
КочIоца гIумруги гIумруялъ кечIги
Цоцаца гIуцIизе хиял буго дир.

*1944*

## МАГIАРУЛАЛ

Релъи-хъуй гьечIого рохизе лъалел,
МагIу чвахxичIого гIодизе лъалел,
ГIишкъул рекIараб цIа цIунизе лъалел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

БакIал къваридалъур ракIал гIатIидал,
Рукъ мискинлъаниги намус бечедал,
ТIаде бачIараб къо лъимлъун къулчIулел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

Лъимадул гIадинаб гIадатияб ракI
Чарамлъун къвакIула, къел гьабун хадуб;
КъваригIаралъуб рухI «майилан» кьолел,
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

РикIкIен дагьлъаниги гьунар гIемерал,
ГIурда тIегь бижизе чорхол би тIолел,
Божизе бегьила гьаб дир халкъалда, –
МагIарулал ругел лъикIал гIадамал.

*1945*

## ГЬАБ РАКЬАЛДА

Дун, бабал габур ккун, гъелъул каранда
Гьуинго кьижараб лъимада релълъун,
Лъимадул ригь араб росдал гIурдада
ГIебедеги вегун вуго, дир гьудул.

Анкьабго лъагIелалъ йихьун йикIинчIей,
РакI щварай Шагьрузал ясберахъ гIадин,
Бергьараб рокьиялъ ракьулъ кьурдулел
Кьер берцинал иццахъ вуго валагьун.

Киниде васасде дада кинигин,
Диде тIаде гьетIун пахруяб гъветIалъ,
Жиндирго гъаларал тIамахаздалъун,

Диде тIаде гьугьен гьабулеб буго.

ТIанхазда гъоркьосан гьуинаб кокон,
Гьурмал хъалалда гъоркь хIоралги гьарун
Гьале гьанже-гьанже пардавги бахъун,
Гордухъ балагьарай бахIарай гIадин.

Ялъуни тIоцебе рокьул кепги лъан,
Вокьулесде юссун намусго чIарай,
АнцIила микьго сон барай яс гIадин,
Диде керен буссун кванаян буго.

Росдал ссанабазда сверулеб борохь –
Дир саназул гъудул, гьаб гIарцул лъаралъ,
Ах-хуралъул гьобол, зодил кочIохъан, –
Кваркьи меседилаб милъиршо хIинчIалъ,
ГьитIинго рукIарал, рекIелъа арал
Ихдалил накаби тIамулел руго.

Росдаде гьетIарал парсаз, кьурабаз
Пашманал къисаби рицунел руго.

Гьаниб ракьалдаги буго, гьудул, рухI,
Гьаниб ганчIаздасан чIвала тIогъол махI,
Ва тIабигIаталъул мукIурав парчахI –
МугIруздаги лъала гIадамасул мацI.

Гьаниб гIораздаги бихьула канлъи,
Гьаниб гIалхаздаги рагIула рагIи.
Гьадинаб ракьалда, гIаданлъунни щай,
ГьветIлъун вукIаниги, кIваричIо дие.

Гьаб ракьалъ малълъана дида бабал мацI,
Дир гIазизав инсул урхъараб назму.
Гьаб ракьалъ куцана дун ццин бахъине,
Михъилъ хIур чIвалалде рокьи гьабизе.

Ва дида ракIалде ккола, дир гьалмагъ,
Гьанже дие гIадин, гьал хIанчIчIазеги
КечI гьабизе гьунар кьун батилин гьалъ, –
Гьардараб, дахIалаб, нусцIул бокьулеб.

АзарцIул жегиги бокьизе бугеб,
Бабал кереналда лъимер кинигин,
Кепалда гьуинго дун вегун вугеб

Гьаб гьарзаяб ракьалъ, магIарул ракьалъ.
*1945*

## ЧIОХЪ

Нахъасан мугIруца рагIадги реххун,
ГIурччинал щобазде гьумерги буссун, –
ГьетIараб, битIараб, багIараб, хъахIаб –
Нусго сурат буго гьаб росуялъул.

ХъахIал сухъмахъ нухал, кIичIарал къватIал,
КIитIалаял рукъзал, гIисинал гордал;
Гордухъан яккарай эбелги ясги, –
Меседил чIва буго чIахъадерида.

Гьаниб чухIи гьабун хIасрат бергьарал
ХIелеко бахъингун регулел руго;
Гьанир гваял гьарун гургинал берал
Бащадал сардаца кьижулел гьечIо.

РокьигIан гIагараб гьазие захIмат,
МакьугIан гьуинаб гьазие цIали;
Ва панаяб кечIалъ, кире аниги,
КолхозчагIи нухда регIулел руго.

МугIрул лабаллъуда гIи кваналаро,
ГIиявехьасул кечI рагIичIонани.
Сверуда биччараб чу билълъинаро,
ЧотIахъан къваридго къулун вугони.

ТIаде рачIаразе гьоболлъиялъе,
Гьаниб чахъу хъола, хъазан кьолола,
Радал, бакъанида ботIишалги кьун, –
Бищун беццулеб квен гьазул гьаб буго.

Дун гьанив бертадул тепси сверухъе
Тамадагун цадахъ гIодов вукIана;
Ва гьезул цIорораб гьакълил лълъараца
ЦIадуца гIадин дун хинлъизавуна.

Гьаниб кIиго ясалъ, дихъги балагьун,
«Берцинав гьечIилан» кверал хьвагIана.
Баширил росулъа гьал мусудузда
Дур мискинав гьудул вихьулев гьечIо.

Кинан букIаниги поэтасул ракI,
ГьацIулъ нах кинигин, рекъана гьаниб.
Дун гьаниса нахъе вуссунев вуго
Нахъе-нахъе гьанив щвезе къасдалда.

*1944*

## ДАГЪИСТАН

ВатIаналъул гъотIол гьитIинаб гIаркьел,
ГIаммаб хьизаналъул мустахIикъав вас,
Дир михъал кьурарав кьалул бахIарав,
Кьибилго урхъарав чодул рекIарав.

РакI лъикIаб кочIохъан, кепаб зурмихъан,
Ракьда хIетI хъвалареб лъикIаб кьурдухъан,
Мун дир чорхол рухIел, каранзул бухIи,
Дир угьулеб хIухьел, дир рекIел чIухIи.

ТIанчIазе бокьула жидерго бусен,
Бартуе бокьула жиндирго руссен;
Амма дир бокьулеб бакI гьикъун хадуб –
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

Жегиги щобазде бакъ щвелалдего,
Бакъан букIуна дур ясазул ахикь.
Бакъ мугIрулги рахун нахъе аниги,
Нахъе рачIунаро магъилъа васал.

Махх букъулеб барти, къвекIчармил хвалчен,
ЧIегIераб буртина, багIараб пашлихъ,
ТIеренаб гьинкатан, меседил курхьин,
АнцIила анкьиде кьурарал гъалал.

Зодихъ берцинаб жо – гIолохъанаб моцI,
ГIодоб берцинаб жо – махI гьуинаб тIегь,
Амма дир берцинаб бакI гьикъун хадуб –
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

Дудаса рикIкIада рукIкIарал къояз
Дир рекIелъ гвангъула дур багIараб бакъ.
МугIрул тун къватIиве киве кканиги,
Керен гьогьомула дур гьороца дир.

Мун дир гIумруялъул нухлул аххалъи,
Мун дир гIумруялъул нухлул тIаралъи;

Мун гьечIони дие кIваричIо бакъ-моцI,
Мун гьечIони дие кIваричIо гIумру.

Лъимер инагьдула эбелалъухъе,
ГIолилав угьдула абуралъухъе,
Амма дун угьдулеб бакI гьикъун хадуб –
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.

## ЦIАД БАН ХАДУБ

НакIкIал гIодун хадуб хантIан бакъги щун,
МагIу бакъвалалде гьимула гъветI-хер, –
Гьединан гьимула, бабахъги гIодун,
Баба ячIун, коко кьурабго лъимер.

ЦIияб рухIги бижун, росдал лъараца,
Мусудуз кинигин, ахIула кучIдул, –
Гьадин кечI ахIула хIанчIал-улбуца,
ТIанчIи ракъун рукIун, квине жо щведал.

Кинабго тIабигIат, гьумерги чурун,
Жеги гьеб бацIцIинчIей ясилан ккола.
ЦIадаца хъошнире хъамарал гIухьби,
ГIай баркаманилан, къватIир рахъуна.

## КАСПИ РАЛЪАД

КочIое рагIаби тIагIараб мехалъ,
ЛъикIал гьудулзаби барщараб къоялъ,
Къварилъи чучизе, ургъел бикьизе,
Бокьулеб ралъад, дун духъе вачIуна.

ХъахIилаб зоб гIадал дур гIатIилъабаз
ГIатIид гьабулеб куц пашманаб керен.
Бабал магIу гIадаб тIокIкIараб лъималъ
Лъилъизе гьарула панаял лугбал.

Дур цоцалъ гьелчолел карачалабаз
Дие кечI ахIула, бакънал тIамула.
Берталъ васалгIадин цоцалъ къацандун,
Дида цере рачIун, гьел расандула.

Дица кеп босула, цIад балеб мехалъ,
ЦIорол гордал рагьун, гьезухъ балагьун.
Цин гIалхулал гIадин цоцалъ рагъула,

Цин гIащикъал гIадин хурхун къочула.

ЦIадги нахъе хъамун меседил бакъалъ
Нус-нус чIухIараб чIчIва биччараб мехалъ,
Рекъелалъе чIварал байрахъал гIадин,
Паркъола парусал – гIансидал куркьби.

Огь, гьалдола керен, кIочона гьудул,
Гьадинаб лахIзаталъ, цо дур гьайбатлъи! –
Панаяб назмудахъ гIенеккуларо,
ГIурччинал мугIрузде балагьуларо.

Дунго тIад вижараб ракьалда бащад
Бокьула дие мун, гIазизаб ралъад.
Ракьул бутIа гIадин, щибаб дур къатIра,
Биги тIун, цIунула цIадулъ васаца.

*1946*

## ГЬАДИНГО ЩИБГО ЖО БУКIУНАРО

I

ТIаргъикь берал чалухъав
Чупанил вас Сулейман
Сардилъ рокъове кватIун,
Каву рахан батана.

Радал гъасда инсуца
Васасдехун цIехана:
– Мун щибизе кватIарав,
Кив вукIарав, Сулейман?

Макьу тарал бералги
КIвекIулаго гьудулас,
Дун гьадинго кватIанин,
ТIаса бихьизабуна.

– Вай, гьереси – гьадинго
Щибго жо букIунаро;
Щибго сабаб гьечIого,
Сулейман кватIуларо.

II

Сулейманил мадугьал,
Гьумайил ГIаштидасан
ГIуцIцIун, яцIцIун гьал къояз

Гъуинал махIал чIвана.

ГIашатил къачIай бихьун,
КъватIахъ шур-шур баккана.
Щибжо гьаб кколебилан
Эбел гьалде кIалъана.

Бадиб багIарлъи бахун,
Цодагьай йиххарай гьалъ,
Дун гьадинго йикIанин,
ТIаса бихьизабуна.

– Вай, гьереси – гьадинго
Щибго жо букIунаро;
Щибго гIилла гьечIого
ГIашат къачIадиларо.

III

Колхозалъул ахинир
ХIанчIи сасараб мехалъ,
Цоцада гъорлъ росун гьал
Расандилел ратана.

– Ле, гIадамал-чагIи, нуж
Гьаб кватIараб сагIаталъ
Кир гьанир рукIаралан
ГIелас гьазде ахIана.

ТIаде буртинаги цIан,
БатIияб гьаркьидалъун,
Гьаз гьадинго рукIанин,
ТIаса бихьизабуна.

– Вай, гьереси – гьадинго
Щибго жо букIунаро;
Щибго гIилла гьечIого
Гьал гьанир рукIинаро.

IV

Къоял, сардал сверана,
Сулейманил иш лъана;
Чупанил рукъзабахъан
Къолол гьаракь бахъана.

Къасиялде бертадул

Бечедаб тIутI гIуцIана.
ГIолохъабаз гьаб щибан
Кепалъего гьикъана.

Цоцаде бадир руссун,
Гьимулаго бахIараз,
Гьаб гьадинго бугилан,
Гьекъейилан ахIана.

– Вай, гьереси – гьадинго
Щибго жо букIунаро;
Щибго гIилла гьечIого
ГIучIги багъаруларо.

*1946*

**ШИШАДУЛ ГЬАЛМАГЪЗАБИ**

Цо-цо гьекъон, кIи-кIи чвантинибги лъун,
Чуязде рахун гьаз «гьайда» нух тана.
Гьалагал гъугъдулъан рахунеб мехалъ,
Мехтарав цо гьудул чоца рехана.

Кьурулъан унев гьас гъокьан ахIана:
«Дир рукьбал реххизе хулжал ритIеян.»
ТIасан гьасда хадув гьудул ахIдана:
«Гьел шушби рекизе риччагейилан».

*1946*

**ЯЦ**

МагIарухъ яц ецци гIад-хочI гьабула,
Ва гьелъул хIакъалъулъ кечI ахIуларо;
Амма яц еццизе рекъарай йиго
Ва кочIолъ рехсезе мустахIикъ йиго.

Мун кив вукIаниги, дуда ракIги лъун,
Даим инагьдилей йиго дур эбел;
Амма, эбел гIадин, дур хIисабалда
Цоги гIадан йиго, гьей ккола дур яц.

Гьей гIицIаб хинкIалда рази йикIуна,
Мун лъикIаб куцалда кваназе гIоло.
Гьелъ рукъалъул бокIнилъ сордо рогьуна,
Мун гьуинаб макьилъ кьижизе гIоло.

Цин мун унтизегIан, гьей рази йиго,
Азарго нухалда жийго унтизе,
Цо къоялъ ракI бакъван мун вихьун хадуб,
Гьалъул ракI бакъвазе буго моцIица.

МагIарухъ яц ецци гIад-хочI гьабула,
Ва гьелъул хIакъалъулъ кечI ахIуларо;
Амма яц ецизе рекъарай йиго
Ва кочIолъ рехсезе мустахIикъ йиго.

*1945*

**СОВЕТ РАГЪУХЪАНАСДЕ**

Маргьудалъ бицуна багьадурасул, –
ИчIго бетIер бугеб борохьги чIинтIун,
Вижараб росуги, абурай ясги
Гьелъул хвелалдаса хвасар гьабурав.

Дур хIакъикъаталъул кинан бицинеб, –
Европа мерхьараб борохьги чIинтIун,
Дуниялги, халкъги, багIараб бакъги,
Гьелъул хвелалдаса хвасар гьабурав.

**ЭБЕЛАЛЪУЛ КАГЪАТ**

РикIкIаде, рикIкIаде, рагъул нухазде,
Хирияв васасде, дир меседиде,
Сардил рахIат тарай, чорхол кеп сварай
Чохьол эбелалъул урхъараб салам.

Гулбуз зурма пулел хвалил щобазде,
Харил махI бахъарал гIорхъалабазде,
Дир гIумрудул анищ, ракIалъул рухIел,
РакI щвараб лочноде хIасратаб салам.

Санал ана, дир вас, бегьичIо сордо,
Духъ лугбал сорочIеб, керен угьдичIеб;
Квер босаралдаса гвангъичIо къоял,
Дур гургинаб сурат цебе тIамичIел.

ГIаркьалаби гъурун гъарин хутIараб,
ГъветI гIадин йиго дун мун аралдаса.
Бусен биххизабун тIанчIи рилараб,
ХIанчIил сурат буго дир сабруялъул.

Щиб дуда абилеб щущаяб ракIалъ –
РагIи хутIун гьечIо магIу гурони,
КечIишха ахIилеб гьанже эбелалъ –
Гьаракь къотIун бугин рекIел тIвапиялъ.

Гулбузул зурзури гIодобцарабго,
Балагье, дир хъергъу, хъахIил зобазде –
Зобазда хьвадулел хьухьазда гьоркьоб
Дирги хIухьел бугин духъе угьараб.

Рагъул байдабазде канлъи реххигун,
Керен кьун вусса мун багIар бакъуде –
МугIрул тун унелъул гьелъул чIоразухъ
Дица салам кьолин духъе кьейилан.

Саламалъ щибилеб, вай духъе битIун,
Щоларев кинав мун кверда баизе...
Кагътазул хайир щиб, беразул канлъи,
Вихьуларев кинав каранде къазе...

Гьабулеб рокьи тун, цIалулеб тIехь тун,
ЦIадул авлахъазде арав гIолебищ? –
Йокьулей ячине, цIали лъугIизе,
ЦIаги ссвине гьабун рокъойги вачIа.

ЛъикIго рукIайилан квер босун ниж тун,
Костюмалъухъ шинель хиси гIолебищ? –
ГIумру духь бичарай эбел йихьизе,
Гьанир хутIарахъе щвезеги вачIа.

Амма мун рагъдаса хIинкъун вачIунге,
Гьедин вачIун хадуб кIваричIо дие –
Гьединаб багьаялъ хвасар гьабураб
Босиларо дица васасул гIумру.

ХIинкъун вачIани дур квер босизегIан,
Бусен биххун араб хIинчIлъун йикIин лъикI.

## ВАСАСУЛ ЖАВАБ

Дир чехьалъул эбел, чияр ракьалда
РакI унтун цIалана дур кагъат васас.
ЩIадлъун балеб гуллихъ хал гьабичIого,
Панаял хиялаз ккуна дун сверун.

Дун кьижизе абун макьу реххарай,
Макьу тун чабхъада чам их бугеб дир!
Дун кваназе абун мунго кваначIей,
Кванил ригь кIочон тун барабщинаб мех!

Огь, кигIан дуниял дида бихьараб! –
Цо бетIералъ данде гьеб босиларо.
БагIараб, чIегIераб – щиб данде чIвачIеб,
Гьаб ункъабго лъагIел гIумрулъун ккана.

ГIатIхан буго бетIер гьаб ракьалда дир,
Бокьун буго дие рахIатаб заман,
МахIмудил кучIдузул тIехьги цебе лъун,
ТIогьол гIуруялда гIодов вегизе.

ТIогьолги сси хвана, хирияй эбел,
Гьал хваял тушбаби раккаралдаса;
Баккараб бакъалъул канлъи къотIана,
Гьаб квешаб уматалъ цIа гъуралдаса.

ЧанцIул лъукъаниги чIегIер гуллица,
Дуда гурхIунищ, дун хвезе гьавичIо;
Хьолбохъ вугев гьалмагъ гIодов лъолелъул,
Дунги гьоркьов виччан, гьеб пиштIун ана.

ГIумру кьурай эбел, лъай даим дуда,
АнцIго рухI дуца дий кьурабаниги,
АнцIабго иргадал инсул ракьалъе
Маян кьезе хIадур дун вукIаравлъи.

Дур цIаралъ кIалъалеб ВатIан цIунизе,
Дур хъахIаб расалъул хIурматги гьабун,
Гьаб эркенлъиялъул кIудияб нухда
НусцIул къоно чIвазе къачIарав вукIин.

*1944*

## ХВАЛДА ЦЕБЕ

Гулла керен борлъун рекIелъе ана,
РекIарав чодаса гъоркье вортана,
Барти хIихIидана, хвалчен гIодана,
ХъахIмикки – сестра тIаде гIунтIана.

– Рагъухъан, рагъухъан, ругъун киб щвараб,

Дица катан къала, дарман гьабила.
Дур гьумералъул кьер, кIутIбузул ракъвай, –
Ма гьекъе, гьалмагъ, лъим, гьабе цо сабру.

– Сестра, кIваричIо, кIваричIо дие,
Я дарман, я катан, я квасквас, я лъим, –
Квер гуро, бер гуро, балагье рекIехъ...
РагIулищ чулчули чваххулеб бидул.

Щай, яц, хIетIе лъолеб гIоралда цебе,
Щай чIаян абулеб унеб бакъалда...
Мун йиго ахираб харбие гIадан,
Мун йиго хутIараб хIухьелалъе нугI.

Дун гьечIо, дун чIвана, дида гьеб лъала, –
 Гьанаца бицана, рукьбуз бицана.
Дие мун йокьулей яцлъун йикIана,
ЙикIа мун гьадинай дун хун хадуйги.

Дир чода цIал кьабун, цIум гIадин йоржун,
А Дагъистаналде дир хабар босун;
Абе эбелалда дур вас камунин,
Абе ячаралда рос ватIалъанин.

Ва вацасда бице дун гьечIин абун,
Ва дир гьитIинав вас, гьанжего гьанже
Дадаян абурав дир вокьулев вас,
Досда цIар бахъуге,
                                     дов гьитIин вуго...

– Огь, кинал бераца дун балагьилей
БецIаб хабар лъарай херай дур бабахъ?
Кинал рагIабаца магIу бацIцIинеб
РецIцIулел беразул дур лъадиялъул?

– Дир каранда бараб, бестIал хутIараб
БагIараб орден кье эбелалъухъе: –
Долъ гьикъизе гьечIо дун хванищилан,
Долъ гьикъизе буго кин дун хвараван.

Абе, ургьиб гьагаб гулла букIаго,
Дица бартиялда цIал кьабунилан.
Абе, рекIелъ хвалил ругъун букIаго.
Дица тушманасда хвалчен кьабунин.

Хадуб дир гулбуца щуцIул басараб
Шинель кье йокьулей лъадиялъухъе, –
Биччанте магIида дализе гьабун,
Диде бугеб ургъел гьелде бикьизе.

Эбел херлъун йиго, гьей хадуй гъела,
Лъади цогиясе ине бегьила,
Амма гьитIинав вац... гьесухъе дуца
Дир хвалченги, чуги, таманчаги кье!

Биччанте, гьесул чол гьагаб пунхъиялъ,
Дие хабал макьу гьуин гьабизе,
Хвалчадул балада гIодараб биялъ
Балзамалъ кинигин дир ракI къачIазе.

Васасе, васасе ругънатIа бугеб
БагIараб квербацI кье, бица белъараб.
Биччанте, пионер вахъараб мехалъ,
Гьесие галстук букъизе гьалъул.

Гьеб мехалда лъала дир Камалида
Кинав эмен жиндир вукIаравали.
Гьев лъимер гIадинан гIодизе гьечIо,
Инсуда релълъине жигар бахъила.

## ПАРТИЗАН

*(КечI)*

Лебалаб кечIалъе гьечIо туснахъ рукъ,
Лебалаб кечIалъе букIунаро хвел, –
ЧанцIул чIвананиги чIаго ватулев,
КочIол буго къисмат дурги, партизан.

Цабзаца квердаса кварал тIутIулев,
Бохдузда рахарал маххал ричIулев, –
БатичIо немцазда мун чIвалеб ярагъ,
Мун кверде восулеб месед ва гIарац.

Жанив тIамун тани тIохде вахунев,
Хабалъ вукъаниги къоно ричIулев, –
ГьечIо дур беразда керчIвалеб хIилла,
Мун хIинкъизавулеб гIакъуба, гIазаб.

Лебалаб кечIалъе гьечIо туснахъ рукъ,
Лебалаб кечIалъе букIунаро хвел, –

ЧанцIул чIвананиги чIаго ватулев,
КочIол буго къисмат дурги, партизан.

*1945*

## АХИЛЧИ

МоцIалги сверана, соналги ана...
Ва амма Ахилчи – дир виларав вац,
Дица мун чIваразулъ цIехолевтьечIо,
Дица мун чIагоялълъ цIехолев вуго.

Жегиги гьитIинго магIарул росулъ,
Васазулъ мун вилун, мискинай эбел,
«Ахилчи, Ахилчи ва Ахилчиян»
АхIдолеб замана лъаларищ дуда?

Лъабго къоялъ дуца жаваб гьабичIо,
Ункъабилеб къоялъ мунго вачIана.
Гьаб дур лъимадулаб хасият буго –
Вилулев, вилулев, хадув вачIунев.

Ва хиялаца ниж гуккизе гьечIо,
Мун вуцIун чIеялъе руго гIиллаби, –
ГIантаб гулла дуда щвелалде цебе
Гьеб дур эбелалда щвезе букIана.

Васазул унтиялъ унтула эбел.
Васазул сахлъиялъ сахлъула эбел.
Амма эбел, цоги магIу гIечIого,
БакътIерхьуде юссун йиго ахIтIелей:
«Ахилчи, Ахилчи ва Ахилчиян»...
Йохъ, гулла дуда хъван батизе гьечIо.

*1945*

## МАКЬИЛЪ

Нолъ макьилъ нахъеги дида хирияв
Хварав кIудияв вац цеве вачIана.
Гьев цеве гIадинан, хиси гьечIого,
Хунзахъ школалда дида дандчIвана.

Гьес, кидаго гIадин, гIакса тIад лъураб
Дир тIагъур ботIрода битIизабуна.
Хадуб, тутун танхьил папиросги цIан,
Пашманго кIарчанаб хабар бицана.

Гьес дида абуна: «гьаб рагъда хварахъ,
РакI гурони, берал гIодугейилан;
ГIадада гурелъул къанщарал абун, –
Къварилъун, пашманлъун лъугьунгейилан».

*1945*

* * *

Дир ракьалда кьалда гIадан холаро, –
Хваразул цIар лъола цIи гьаруразда.
Ва рижула васал меседил гIадал,
Инсул жигар щварал, жеги щулиял.

Дир ракьалда цIаялъ ригь бухIуларо, –
ЦIа тIаса иналде цIиял гьарула,
Ва гIола шагьарал гогьар чинидал,
Басрияб цIар лъурал, дагьалги цIакъал.

## РАГЪДАСА ВУССАРАВ

«Дун дирго посталде вуссанин» – абун,
Гьав квартIа-гъецIалда квала-шалула;
«Дуе гьел ругъналги, рагъги гIун бугин,
ГIодов чIаян» гьасда гьалмагъ кIалъала.

«Дун гьал чIунтелазе гIоло вагъичIин, –
Гьес чIегIер ракьалда газа кьабула, –
«Гьаб росу босизе би тIурав дица
Гьаб росу гIуцIизе гIетI щай тIолареб?»

* * *

КъватIахъ кIкIуй букIана, кIкIуйдулъ ясаца
Носилкалда лъуна лъукъарав солдат.
Ва тIохьи пештIолел гьагал чIуднухъан
Воржине гьавуна гьев, гьури гIадин.

КIкIуйги тIаса босун, носилкаялда
Ясаца гвай гъабун гамачI баччана.
Гъудул чIичIидарал чIунтелал риххун,
Маккал тIад рештIунел тIалаби рана.

*1945*

## РОГЪАЛИДА

Чехьалъул эбелалъ гьикъулеб буго: –
Гьанжеги ракьалда кьал букIинадай?
Щай щибаб рогьалилъ дунял хъудулеб,
Щай дида макьаби кьогIал рихьулел? –

Эбел каранде къан, дица абуна,
Ургъел ккоге, щибго букIинарилан,
Гьеб, лучнул хIинкъизе, хIорил хъазаца
Гьабулеб хъуй бугин, йикIа паракъат.

*1946*

## ВАТIАНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАЛ КУЧIДУЛ

### Булбулалъул кечI

Булбулалъ ахIула даим цого кечI, –
Гьеб гьелъул мацIалда ВатIан батила.
БатIияб магIнадул сарин гьебани,
Гьелъ гьедигIан гIемер ахIилароан.

* * *

ЛъагIелаз гIодула гIишкъу ккаралъухъ,
ГIумруялъ гIодула гIураб ракьалъухъ, –
Рокьиги чиясе, чедгун лъим гIадин,
Чорхое бокьулеб ракьалъ кьун буго.

*1945*

* * *

ВатIан хириязде ватIаналъулги
БукIунеб къагIида дандияб рокьи, –
Гьелъ жиндие гIоло хабалъ лъуразе
Хвел гьечIеб чIаголъи буго гьабулеб.

*1945*

* * *

Чияр улкабазде унеб мехалда,
Унеб бакI кидаго дица цIехечIо.
Дица цIехолаан нахъ руссунеб мех, –
Нахъехун букIана гIазизаб ВатIан.

* * *

Умумузулъ гьечIеб цоги рокьиялъ

Бокьула дие мун, гIазизаб ВатIан.
Дур ихалъе гIоло, бакъалъе гIоло,
Хасго щугIаркьелаб цIваялъе гIоло.

Пайда щиб, умумал къаникьа рахъун,
Цониги къоялъ мун бихьарабани,
Гьезие гьаб дур ракь бокьаралдаса
Бокьизе букIана азарцIул цIикIкIун.

* * *

МугIруздаса рикIкIад гIумру лъугIани,
ГIагараб ракьалъул дагъабниги хIур
Инсул ватIан къотIун къокъунел гьураз
Дир хабатIе базе бачIинародай?

ГIурхъаби тун къватIив къанщизе ккани,
Каспиялъул ралъдал цониги къатIра
Зобазде хьвадулел хъахIилал хьухьаз
Къечараб зонохъе босиларoдай?

* * *

Хун хадуб рукьбузул ракь лъугьине лъикI, –
ГьадигIан гIемераб гIишкъуялъ цIураб
ГIагараб ракьалъул гьитIинабниги
БутIалъун вукIине гьаб дунялалда.

Хун хадуб нилъер би лълъеде буссун лъикI, –
ГьадигIан гIатIидаб, гIалам къечараб
ГIураб ВатIаналъул цониги ралъдал
КъатIралъун хутIизе хадуб гIелалъе.

* * *

Дун тIаса лъугьуна налъулаздаса,
Дие бугеб налъи бецIичIoниги.
Амма ВатIаналъул налъи тIубачIел –
Гьезда тIаса думалъ дун лъугьинаро.

Дун тIаса лъугьуна хиянаталда,
Хассал гIадамазда гьоркьоб букIунеб.
Амма ВатIаналъе хилиплъарасе
Холелъулги дица нагIана кьела.

* * *

ВатIан эбелалда цадахъ бокьула,
Эменги вацалги хадур рокьула.
Эбелалъ гьабигун гьитIинаб лъимер
ВатIаналъ тIоцебе кодой бачуна.

*1945*

## ЛЕНИНГРАД

Мун бакъун, къечана, амма чед, лъиман
Лъидениги дуца гIарза бахъичIо.
Лъим чияс хвелалде цебе гьарула,
Амма мун хвалдаса рикIкIад букIана.

* * *

ВатIан цIунун цIадай кIанцIараб шагьар, –
ЦIадуца бухIулеб бахIарчийищ мун!
Дуда бакараб цIа лъеда бакани,
Гьелда рекIинаан лъабцIуса хекко.

## СТАЛИНГРАД

ЦIадакьа руссине тIох гьечIониги,
Гьал дур чIунтелалги, Сталинград,
Инсанияталъе берцинал руго –
Бищунго берцинал шагьараздаса.

## СЕВАСТОПОЛЬ

Шагьар беццулелъул абула гьадин:
Гьелъул берзукь бугин гьайбатаб ралъад,
Амма ЧIегIерралъад беццулеб буго,
Гьелда аскIоб бугин Севастополин.

## БИГИ МАГIУГИ

ГIемер вухун гьасул черх бидул цIуна,
Ва амма бадиса магIу тIинкIичIо: –
МугIрул бихьинасе беразул магIу
Чорхол биялдаса багьаяб буго.

## ЛЪИЛЪУЛАРЕБ РУГЪУН

Я хонжрол, я гуллил ругъун гъаб гуро.
Намусалда лъураб ругъун буго гъаб.
Хонжролги гуллилги ругъун лъилъула,
Амма гъаб ругънае гьечIо дараби.

## ХИЯНАТЧИ

Тушман речIчIун жогун чIвазе бегьула,
Гьеб буго судалъул ахираб хIукму.
Огь, гьасие кинаб тамихI гьабилеб! –
Гьав тушманасдаса такъсирав вугин.

## ХIИНКЪАРАВ

– Эбел, гурхIа дида, щибдай гьабила,
Гьанже гIадамазда дун лъангутIизе?
– Гьел михъил жал хъвагIай, гьеб тIагъур бахъе,
Босе дир чохтIо къай ва къаникье а...

*1944*

## ГIОЛОХЪАНАВ ПОЭТ

I

Нахъеги цIорона эбелалъул квен, –
Кив вугев гьалъул вас тIубараб къоялъ?
ТIерхьана щобазде нахъе багIарбакъ,
Щибулев вугев гьав ригь гуреб мехалъ?

Росдал гIолохъабалъ гьав вукIун гьечIо,
ГIелалъул васазда гьав вихьун гьечIо;
Ва ургъалилъ эбел ахIделей йиго:
– ХъахIил зобалъул моцI, вихьичIищ дир вас?

Росдал ахалъуда, бахчаби къотIун,
Гьулч-гьулчун чвахулеб буго хехаб лъар.
Лъарал рагIалалда, гIодове виччан,
Цин вегун, цин вахъун гIолихъан вуго.

ТIад тIагъур гьечIогун, гьурщун бетIергун,
Гьав живго жиндаго вуго гаргалев.
Цин эхеде ритIун, цин каранда лъун,
Кверазе буго гьас гIакъуба кьолеб.

Гьале гьав, тIанчIазе квен батарабго,
Бусаде боржунеб хIинчI гIадин чIухIун,

КочIое рекъараб рагIи батигун,
Жиндирго рокъове вачIунев вуго.

Ва вачIинахъего хъантIарал кверал,
Вакъараб мехалда кванда тIад гIадин,
Кагъат-къаламалда хурхунел руго,
Ва гьав хъвадаризе лъугьунев вуго.

Гьас хъвала, бихъула, нахъеги хъвала,
Къаси гьасул бусен бестIал хутIула;
Ва цояб рокъосан эбел угьдула:
«Алагьас лъай кьейги дир васасеян».

Гьас рокьи ккелалде рокьул кечI хъвала,
ТумакI кьвагьилалде кьалул бицуна;
Амма кочIол ватIан гьитIинаб буго,
Гьасул гьаракь-макъан мукъсанаб буго.

II

Эбелалъ васасе квен гьабун гьечIо, –
Кив кваналев вугев кучIдузул гьудул?
Эбелалъ васасе бусен тIамичIо, –
Сордо киб рогьунеб, гIолихъан поэт?

Росдал аххалъуда, бахчаби къотIун,
Гьулч-гьулчун хехаб лъар чваххулеб буго.
Амма цебе гIадин, лъарал рагIалда
КочIое ургъулев гIолихъан гьечIо.

Росу сверун ругел мугIрузда тIасан
БагIарбакъалъ тIавап гьабулеб буго.
ТIохтIе яхун эбел ахIтIелей йиго,
Дир васасул хабар босун буссаян.

Амма бакъ хандакъахъ гвангъулеб гьечIо,
Гьениб горо буго тIухьидал балеб.
Гьенир цIадал руго бидул чваххулел,
Гьенир цIаял руго гьагаб рагъалъул.

Гьаб щиб цIияб хабар почалде щвараб,
Росдал колхозчагIаз цIалулеб бугеб? –
ЦIиял кучIдул руго росу цоясул,
Рагъул окопазда жанир ургъарал.

Дида лъаларо гьав кин вагъараян,

КучIдузда гьелъул гьас бицунеб гьечIо;
Амма дида лъала, гьасул кучIдузул
ВатIан гIатIилъана, гьаракь цIикIкIана.

Гьас гIащикъаб ракIалъ гIищкъул бицана,
Ва гIанчIал мусудул хIайран гьаруна.
Гьас хвалил рагIалда рагъул бицана,
Ва чанги рекIелъе намус тIинкIана.

ТIухьи басандулел гьагал щобазда
Гьасда цадахъ буго урхъараб назму.
Чарамул хеч гIадин гьасда кодоса
Камуларо даим бегIераб къалам.

III

Эбел далун йиго гъотIол тIамахлъун,
ТIаде щвараб хабар щиб бугеб гьалде?
Эбел якъван йиго, бакъда хер гIадин,
Хирияв васасул бицен щиб бугеб?

КIиго нухалъ хасел хисулеб буго,
Щибго хабар гьечIо гьалъул васасул.
КIиго нухалъ гIинтIи тIегьалеб буго,
Гьасул кочIол макъан къотIаралдаса.

БакътIерхьул рахъалъан чIегIерал хьухьал
МугIрул тIалъиялде роржунел руго.
Хьухьазде балагьун, вас кив тараян,
Мискинай эбелалъ гьикъулеб буго.

ЧIегIерал хьухьаца щиб хабар кьелеб, –
Хабар бачIун буго рагъул почалда.
Ва эбелалъул ракI буго гьалделеб, –
Гьаб букIана гьасул ахираб хабар.

Дида лъаларо гьав кин хваравали,
Хвалил ругьелалда гьеб бицун гьечIо;
Амма дида лъала, хвелалде гьасул
Хъвалаго лъугIичIеб кечI хутIун букIин.

Каранда ругъун щун щапулеб мехалъ,
Ва ахираб хIухьел босулеб мехалъ,
Гьасул гьинал рекIелъ ругънаде данде
Багъилеб букIана лебалаб назму.

Эбел къварид йиго вас вуссинчIилан,
Ясал къварид руго кучIдул къотIунин;
Ва росу ргIалда лъар пашман буго,
Жиндир лъикIав гьалмагъ паналъанилан.

Мухъилав рагъухъан, гIолихъан поэт,
Жеги гъов гIумрудулъ гьитIин вукIана;
Амма гьесул ками дида бакIлъана,
КIудияв кочIохъан камурав гIадин.

## ГIУМРУЯЛЪУЛ ЛЪАЛКIАЛ

Заман инеб буго хехаб гIор гIадин,
ГIумруялъул сонал руго сверулел.
Салам дуде, дихъан рикIкIадаб росулъ
ЛъакI течIого араб, ургъел гьечIеб мех.

Къо лъикI, лъарал рагIал, тIогьол гIураби,
Дир гIиссинал сонал, ракI гIанчIаб заман.
Дида цебегосеб кечI гIадин гьанже
Гьале мун ракIалде бачIунеб буго.

Заман унеб буго хехаб гIор гIадин,
ГIумру чIолеб гьечIо нилъ чIананиги.
Ва кьижун гьадинго араб заманги
Гьелъ жиндаго гьоркьоб буго рикIкIунеб.

Халалъулеб буго дица толеб нух,
Хиялаз ракI буго даим кIвекIулеб.
Щибаб араб лахIзат, рекIелъа тIураб
ТIегь гIадин, бакIлъизе буго лъугьунеб.

Унго, ракьалда тIад гьадинги вукIун,
Ракьул бецIаб рукъов къаникь лъолелъул,
Нахъе хутIаразда ракIалде щвезе,
ЛъакI течIого, инин вуго дун хIинкъун.

Заман унеб буго хехаб гIор гIадин,
ГIолохъанал сонал руго сверулел.
Салам дир нужеде, жеги гьаричIел,
Пикрабалъ кенчIолел хIасратал кучIдул.

*1946*

## БАГIАР БАКЪУДЕ

ХъахIил зодил лъимал:
Бакъ, моцI, цIва, накIкIал,
НужейгIан гIатIидаб
Сценаги кьун,
Артистлъи гьабизе
ХIалкIолеб ани.
Ва нужер бокьараб
Роль кьолебани,
Дица босилаан
ЧIухIараб парчахI –
ЧIорал меседилаб
БагIар бакъул роль,
Ва дун къалъилаан
Бугеб къуваталъ
Киналго ракьазда
Рокьанщиназе.

*1946*

## ТIУГЬДУЛ

Жеги гьаниб гIазу тIагIун букIинчIо, –
МугIрул тIугьдул руго дуца рачIунел;
Ва ракI чIухIарав дун вокзалалде ун,
Урхъун данде чIвана дур чапаразда.

Дир черхалъул гьудул, гьечIо дир нугIзал,
Гьарула божаян дир рагIабазда.
Дица гьел магIарул къагIидаялда
Кколеб къадруялда къабул гьаруна.

Къол лъабцIул цIияб лъед гьекъезаруна,
Рокъоб бищун лъикIаб бакI кьун хьихьана.
Гьез хIухьел угьигун гордал рагьана,
Гьез ишан гьабигун печал ракана.

ХIатта дица гьезий кечIцин ахIана,
Дирго хIухьел кьунцин хIурмат гьабуна.
Гьезде ругьунлъиялъ ракI букIунаан
Кидаго рукIинин гьел дунгунилан.

Ва москвичаца абулаан, яс,
Ах лъугьинин хехго дир рокъобилан.
Аман рекIел талихI батараб къокъаб,
Къо лъикI гьабулеб мех щвараб хеккого.

ГIицIго кIиго къоялъ рукIана гьалбал,
Дир гьитIинаб рукъги чIухIизе гьабун.
Лъабабилеб къоялъ, дун ворчIаравго,
Дир ворчIамиялъе жавабго кьечIо.

ТIаса тIанхал гьенон, гьоркь хIубал ракъван,
Пакъирзаби, тIугьдул ратана холел.
Ва бакъвана дир ракI гьезухъ балагьун,
Беразда лъим ккана, кодой росана.

– Мискинзаби, тIугьдул, нужей ккараб щиб?
Квачанищ? – Гьале печь! Къечонищ? – Ма лъим!
Щай босулеб гьедин захIматго хIухьел?
Ма, дир хIухьел босе, хIинкъуге дикьа.

Дунги нуж гьарурал мугIрузда гIуна,
Нилъ кIиялго руго гIагарал чагIи...
Амма пайда ккечIо, ватIан цоял гьаз
ВатIан тун рикIкIада, гьадин дир берзукь,

Гьайбатал бутIрулги къулизе гьарун,
КъолъикIлъи гьабуна ахираб дие...

Йокьулей, гьеб ккана жакъа къалъуда,
ГьабсагIат къаси мех,
макьил ригь буго.
Аман макьилъ дида дол рихьилаан,
Амма макьу гьечIо кьогIал пикрабаз.

Гьал ракъван ратила, жалго тIад гIурал
Нилъер тIадмагIарул гIадрабахъ чIалгIун.
Гьедин вакъвалаан мугIрухъ чIалгIун дун, –
Москвалда вукIин буго цо сабаб.

*1947*

* * *

Дир гьечIо бухIизе цIумалъул хIули,
Дир гьечIо чIурхIизе гьалбацIалъул рас.
Дир гьечIо ракьалда тIил кьабгIарабго,
«Буюр», «буюр», – илан кIанцIулел боял.

Дун маргьабаздаса бахIарав гуро,
ТалихIаз, рохелаз веэдун гьечIо.
Дуца абухъего, кечI гьечIебани,

Дун гьанив кивниги лъазе вукIинчIо.

Дир камилай гьудул, гIазизай гьудул,
ГIицIго кечI буго дир бугеб хазина.
БатIияб сайигъат гьаруге дихъан,
БатIиял гьунарал гьечIо щибго дихъ.

Риччанте дир кучIдул квешал рукIине.
Амма гьезулъ буго дир тIолго рокьи.
Дица гьел гIеч гIадин, йохъ, ричуларо,
ГIарац, меседалъухъ, йохъ, хисуларо,

ГъалбацIил расалъухъ, цIудул хIулидахъ,
ЦIар бугеб тIилалъухъ, йохъ, гьел кьоларо.
Дица гьел кьола, яс, гьаб ракI кьуралъе,
Пикруги канлъиги дир босаралъе.

Дир пикру босарай, канлъи босарай,
Каранзул ракIалъул рокьи босарай,
Росе гьезда цадахъ гьал дир асарал –
Дуде бугеб гIищкъул чIагоял нугIзал.

* * *

Баргъичаз къачIарал килщазухъ гуро,
Гъажилда кунчIарал курхьабахъ гуро,
Каранда даларал маржанахъ гуро
Мун дие йокьулей, тIадмагIарулай.

Мун дие йокьана, мацI цIехечIого,
Мун дие йокьана, цIар гьикъичIого,
Мун дие йокьана, сон рикIкIинчIого,
РакIалъе хирияй, тIадмагIарулай.

Мун дие йокьана хIал лъикIай йикIун,
Мун дие йокьана ракI лъикIай йикIун,
Мун дие йокьана лъикIай яс йикIун –
ЛъикIай яс йикIин гьеб кIудаб иш буго

Гъалал меседилай дагъистанияй,
Москва чIалгIун гуро, духъ чIалгIун вуго.
ЧIегIерал беразул мугIрул гIолилай,
МугIрухъ урхъун гуро, духъ урхъун вуго.

РекIелъа тIун араб тIегьалъул гIадин,

Берзукьа тIерхьараб бакъалъул гIадин,
Гьаб декабралъул халатал сардаз
Дица дур хиялал руго гьарулел.

Дун моцIрохъ валагьун угьдулев вуго,
ЦIвабзазухъ балагьун гIашикъго вуго,
ГIагарай йокьулей, цо макьилъниги
Вокьилилан абун, дун рази гьаве.

* * *

Дун палихъаналда, йохъ, божуларо,
Амма палихъаналъ буго абулеб:
Исана дир рокъоб мокъокъ кьурдилин,
Дур бадиса пардав дица борхилин.

Дун палихъаналда, йохъ, божуларо,
Амма гьаб нухалда божана гьелда.
Гьеб гьелъул чIинхаца бицунин гуро.
Бицунеб буго гьеб дир гьинал ракIалъ.

Гьелъ абулеб буго мун дир йикIинин,
Дир ракIалъул мурад, мурадазул тIегь.

*1947*

* * *

Рорхатал мугIрузда гIазу биингун,
ГIагарал щобазда тIугьдул раккигун,
Дун гьедун вукIана мун кIочон тезе,
Гьаб гьудуллъиялъе къо лъикI гьабизе.

Дун гьедун вукIана мугIрул таралго,
МугIрул гIадин дица мунги телилан,
ТалихI батилилан цоги ракьалда,
Рокьиги букIинин цIияб бакIалда.

Рорхатал мугIрузда гIазу биана,
ГIагарал щобазда тIугьдул раккана,
Амма кIолеб гьечIо мун кIочон тезе,
Гьаналълъ босараб би батIа гъабизе.

Дица дунго чанги гуккун ватана,
Амма мун гуккизе кинго кIвечIо, яс.

*1947*

* * *

Дур пашманаб релъи, релъинчIеб гьими,
Диде хьул гьечIого хьвагIулел кверал,
Чанасе бачараб чагъана гьебин,
Гьелъие ватилин мун поэтилан...

Гьалмагъ, щай абулеб унтулеб рагIи?
Щай инжит гьабулеб панаяб асар?
Абе кIваричIилан, вакьангурилан,
Рокьи ккарав. гьудул цоги вугилан.

Абе, яс, бокьараб, амма абуге
Дица абулеб жо гьересийилан.
КIваричIилан тезе бигьа букIина
БожичIого дуца тезегIан дие.

Дица духъан рокьи гьечIо гьарулеб,
Дир рокьуда божи буго гьарулеб.

*1947*

* * *

Дица абиларо мун бакъ йигилан,
Беразда цIвабзазул кунчIи бугилан.
Щайха, бакъ бакидал, кидаго даим
Дида, яс, дур сурат цебе бачIунеб?

Щай, цIваби кунчIидал, чIегIерал берал,
ЧIухI-чIухIун гьединан дихъ ралагьулел?
Дица абиларо мунгIан берцинай
МагIарул росабалъ яс гьечIин абун.

ТIегьалда релълъараб тIегьги букIуна,
Ясалда релълъарай яс камуларо.
Щайха Москвалда нус-нусазда гъорлъ
Дица цохIо дуде анищ гьабулеб?

Щай, гьалмагъ, щай, гьалмагъ, гьарула бице?
Огь, гьал рокьул берал беццал рукIуна:
Зоб цIурал цIвабзазулъ гьезда кидаго
Цого цIва гурони бихьулеб гьечIо.

*1947*

* * *

Дуца хъвалеб буго рисалаталда,
Ясал цIакъал ругищ Москвалдаян.
Хадубго цун дуца буго гьикъулеб,
Гьезулгун дир макъан кин букIунебан.

Дир канлъи, лъала гьел дур махсараби...
Ясал цIакъал руго гьаб Москвалда.
Пайда щиб ракьалда мун гьечIей ани,
Гьаниб дир лъихъниги рокьи ккелаан.

Йокьулей, гIемерал руго мусудул
Инсул ВатIаналъул тахшагьаралда.
Гьезул мухъазда гъорлъ мун йигей ани,
МугIрузухъ гьадин дун угьдилароан.

Дуца хъвалеб буго рисалаталда,
Ясал гIемер ругищ Москваялдаян...
Ясал гIемер руго, амма мун гьечIо
Мун гьечIого дие гьечIо рекIей кеп.

*1947*

## МАГIАРУЛАЛ ЛЕНИНИХЪ

МугIрухъа мугIрухъе, мугIрул цIум гIадин,
Гьасул цIар боржунеб букIананиги,
ГьерекIдерил кIкIалахъ партизанаца
Хвалда цебе гьасул цIар ахIаниги,
РухIарал росабалъ бесдал лъималаз
Гьасда эменилан абунаниги, –
Доб мехалъ гIадатаб Ленинил сурат
Дир мугIрузда жеги бихьун букIинчIо.

РукIана къисаби гьасул хIакъалъулъ
Кидаго гьав щвечIеб Дагъистаналда;
Ва гьесде шагIирас кечI ахIулелъул,
Нахъеги ахIизе тIамулаан гьев.
Квачарал ригъзабахъ рогьалил макьилъ
Рекьарухъабазда цеве чIолаан:
ЧIухIун маху букъулеб бартиялда тIад
Байдан бакьулъ бугеб гохIдеги вахун,
Борхатаб черхалъул, гIебал гъуждузул,
Гъункарал лугбузуч нартав гIадав чи.

РакIалде кколаан, гьабсагIаталда
Гьесул хIасратаб чу хIинчIлъун боржинин,
ХъахIаб тIагъиялда гьес квер лъурабго,
Киналго тушбаби хIурлъун щущалин,
ТумакI кьвагьичIого, гьав багьадурас
Бергьарал хъулбузда кверщел гьабилин,
Гьалагал рагъазулъ чIелги босун гьас
Жиндирго чIегIерал михъал кьурилин.

Гьединан вукIана ракIазулъ Ленин,
РакI-ракIалъ ахIулел кучIдузулъ Ленин. –
Гьеб соналъ халатаб хасел букIана,
Гьеб соналъ гIаздаца ах-хур цIорона,
Гьеб соналъ мугIрузда гIиял-цIанаца,
Жидерго цIоко-къехь кунеб букIана.
Гьеб квачараб соналъ, ракъараб соналъ
Дагъистанияца хIисаб гьабула:
ХIасратго урхъарав Ильич вихьизе,
Жидерго хIукму-хIал гьесда бицине
Щибаб миллаталъул халкъазда гьорлъа
Хассал вакилзаби тIаса рищизе.

ГIумруялъул бищун захIматал сагIтаз
Васал жидер инсухъ цIикIкIун чIалгIуна:
Букъана гьасие гIандадерица
КIудияб буртина нартасе гIадаб;
Хъвана Ильичил цIар чIухIарал куназ
ЧIохъдерил руччабаз халичаялда;
КъачIана Кубачиб устарзабаца
Месед тIаде биччан хвалчен ва тумакI;
Ва ана гьасие ансадерица
Нус-нус накъиш гьабун гьайбатаб мушдукI.
Каспи ралъадалъул рагIаллъудаса
ЛъеретIдерил бецIал рохьазухъе щун,

БитIана инсуе дир Дагъистаналъ
ХIасратаб рокьигун боркьараб салам.
Ва ана мугIрузул, кIкIалазул лъимал,
ГIагарал мугIрулги, кIкIалалги рахун,
КIудиял, гIемерал шагьарал къотIун,
Баккулеб бакъуде гьумерги гьимун.
Ана гьал чуязда, ана фургуналъ,
Ана поездалда гьал маххул нухалъ.
Паркъана беразукь бида белъараб,
РагIал, гIорхъи гьечIеб гIурусазул ракь.

ГIумруялъ гIемер жо бихьарал гьазда
Бихьана тIоцебе хIасратаб Москва;
Ва хIикматал бераз балагьана гьал
ХIалтIуда гьалдолеб тахшагьаралъухъ:
ГIатIидал байдабахъ, рорхарал сияхъ,
Рорхатал гьундузда ругел гугьарахъ
Ва цIакъго цебесеб Кремлиялда
ТIад кенчIолел ругел цIиял цIвабзазухъ.
Гьал магIаралазул вакилзабазе
Нух рагьун букIана кибего гьаниб.
Ва Кремлиялъул чармил кавабахъ
Честь кьуна гьазие хъаравулзабаз.
Гьаз хIикмат гьабуна, гьаб шагьаралда
Кире щвананиги, щиб бихьаниги, –
Амма бихьанщинаб кIочана гьазда
КIудияв Ленингун дандчIвараб къоялъ...

Рукъалъул кIиябго нуцIаги рагьун,
Разияв, гьимулев, гьоркьохъеб чорхол
ГIадатав чи вуго саламин абун,
Нартасул бакIалда гьазда дандчIвалев.
АнцI-анцI соназ цере лъалел рукIарал
ЛъикIал гьудулзаби рихьарал гIадин,
Гьалмагъ Лениница квералги росун,
Гьал кабинеталде руго рачунел.
Гьас гьал кьералъ гIодор рукIинарула,
Живго гьезда гьоркьов гIодов вукIуна,
ГIодобе биччараб сасалда гьоркьоб
Гьазул хабар жибго чвахун бачIуна.
Бицуна мугIрузул гIумруялъул гьаз,
Бицуна магIарул гIадатазул гьаз,
Бицуна кIкIалабахъ ккарал рагъазул,
Камурал лебалал партизаназул;
Гьезул руччабазул янгъизлъиялъул,
Гьезул лъималазул язихълъиялъул,
Доб мехалда бараб бергьараб гIаздал,
ГIари-гIари гIадал бецIал накIкIазул;
Бекьизе ракьалъул къварилъиялъул,
Бижулеб тIощалил мукъсанлъиялъул.

Гьав ващадав гIадин кIалъала гьазда,
Гьазулгин къварилъи жубала данде,
Ва жегиги гIакълу гьикъула гьазда...
Гьайбатал минутал тирула, уна,

(ТалихIал сагIтиде балагьуларо) –
ТIубарал сагIатаз мугIрузул лъимал
Ленинида бадир балагьун руго.
Гьасул рагIабазулъ бихьулеб буго,
МугIрузда букIинеб роххалил канлъи.
Гьасул пикрабазулъ буго кенчIелеб
КватIичIого щвелеб бакъалъул къалъи.

РекIее бокьухъе хIалтIаби тIуран,
РатIалъулеб заман рещтIуна кIалтIа.
Ильичил каламалъ хIайран гьарурал,
Гьесдехун кинабго пикру буссарал
Гьал магIарулазул вакилзабазда
РакIалдаса ине дагьаб хутIула
Хирияв инсуе мугIрул тIалъиялъ
ТIад къараб сайигъат гьесухъе кьезе.

Гьале, бахъана гьез буртина къватIиб,
Бегьана гьасухъе рагъулаб тумакI.
Чанил ярагъ гуреб кодоб кквечIев гьас
Кодобе босана гьимулаго гьеб.
Кидаго черхалда хвалчен бачIев гьас
Хал гьабун цIалана гьелда жиндир цIар.
Гьалбал рекIекълъизе гурилан абун,
Ансадерил мушдукI босулеб мехалъ,
Гьазда бицинчIо гьас жеги кидаго
Жиндица хъалиян цIалареб букIин.
Гъажилде гьетIизе бетIерги гьабун,
Къанщараб цо берги борхизе гьабун,
Жиндирго гIадатал ботинкабалъ гьев
ГIедегIун тирана кабинеталда,
«Гьадинаб сайигъат дие бачIарал,
Дица щибдай кьела нужее» абун.
Гьеб мехалъ мугIрузул вакилзабазулъ
Бищунго кIудияв кIалъана гьасда:
«МугIрухъа мугIрухъе, мугIрул цIум гIади:
Дур цIар боржанхъулеб букIананиги,
ГьерекIдерил кIкIалахъ партизанаца
Хвалда цебе дур цIар ахIананиги,
РухIарал росабалъ бесдал лъималаз
Дуда эменилан абунаниги,
Амма дур гIазизаб гIадатаб сурат
Жеги дир мугIрузда бихьичIо, Ильич.
Гьеле, гьеб букIине букIана нижей
Бищунго хирияб рекIел сайигъат».

Ильичица хинаб рокьиялдалъун
Хъвана сураталда хех кIиго рагIи...

Инеб буго поезд, кIкIуй реххулаго,
Москваялдасан дир Дагъистаналде.
Босулеб буго гьелъ мугIрул халкъалъе
Ххамги, чедги, хьитги, тIехьги, кагъатги.
ГIедегIулел руго мугIрузул васал,
МугIрузде Ленинил суратги босун;
Сураталда нахъа гьес жиндир квералъ,
Киналго ругьунаб жиндирго хатIалъ
Хъван буго «БагIараб Дагъистаналъе,
Владимир Ильич (Ульянов)» – абун.

Поездалда бугеб тIолабго къайи
ТIубан биланиги, билизе гьечIо
Гьал гIадамазухъан Ленинил сурат, –
Бищунго гIагараб рекIел аманат.

* * *

Сонал гьоркьор ана гьелдаса хадуб,
Цебеги букIинчIо кIудияб гIазу.
КIочана миркальго ракъи-къварилъи,
Къвалакье бахараб бижана тIощел.
ТIолабго жиндирго берцинлъиялда
БагIар бакъ къалъана Дагъистаналда.
Умумул хисизе гьезул наслудул
Васал гIун рачIана мугIрул росабалъ.
Амма хисичIого буго кидаго
Хвел гьечIев Ленинил хирияб сурат. –
Хасалил моцIазги тIугьдузулъ босун,
ТIолабго музейги чIухIизе гьабун.

*1948*

## СУРАТ

Щибаб рогьалида Кубачиб росулъ,
КочIохъаби гIадин, ахIтIола хIелкал.
Гьоркьоб мех иналде, устарзабаца
Гьезул ахIиялъе гьабула жаваб.

РагIула гIисинал куртIбузул кIутIи,
Гордада кIетIолеб цIадалда релълъун.
РагIула бухулеб гIарцул зварзвари,

Зир-зирун белъулеб лъимада релълъун.

Гьел устарзабазул меседил квераз,
Нус-нус накъищ гьабун, кенчIезарула
Хвалчадул тIагъиги, балухъ, нус, гIучIги
Яги гIадатияб танхьил гъутухъги.

МахщелчагIазда гъорлъ вукIана устар,
Устаралълъги устар абун цIар щварав.
Гьесул гьунаразул букIана хабар,
Хириял мугIрул тун, доба рикIкIадги.

Месед-гIарацалда тIад хIалтIулаго,
ГIарацлъун хъахIлъана гьесул щибаб рас.
БегIерал рукIкIбуца викIардилаго,
РукIкIалабаз цIуна цIодораб гьумер.

Гьас квер кIутIараб бакI Кубачиязда,
Киб бихьинаниги, лъалеб букIана.
Сунда накъищ, ишан гьес гьабуниги,
Гьелъие камураб рецц-бакъ букIинчIо.

Ва амма халкъалъул рецц-бакъалдехун
Херас гIинкъал гIундуз гIин тIамулаан.
ГIемерал сонаца ургьиб жаниб лъун
Цо анищ букIана гьес цадахъ босун.

КIудияб мурадлъун букIана гьесул
КIудияв Ленинил сурат гьабизе.
Гьелъул пикрабигун вегулаан гьев,
Гьелъул пикрабигун вахъунаан гьев.

Анкьаца макьу тун гьабулеб хIалтIи
Гьес, разилъичIого, реххун толаан:
«ГIумруялъул соназ рас хисаниги,
Гьаб сурат гьабизе жив гIун гьечIилан».

Ва амма цо нухалъ рогьалида гьес
Рагьана балъголъи захIматаб хIалтIул.
Гьанже заман щванин, тIаде вахъана
Цебего ургъараб анищ тIубазе.

Гьесул столалда сунаро чирахъ,
Сурат бахъулесул цIар жинда лъураб.
Рогьалилъ ахIтIолеб хIелкил гьаракьги,

ХIалтIуда вукIаго, рагIула гьасда.

Щибаб сагIаталде херасул кверзукь
ЧIаголъулеб буго гIагараб сурат.
ГIарацалъ, меседалъ, пилалъул рукьбуз
Гьале цебе бачIун чIезе гьабуна:

Борхатаб нодоги, борхараб берги,
Эхеде битIараб кваранаб кверги.
Ленинил балагьи, Ленинил вуссин,
Сурат гурин, живго гьевилан ккола.

Ва тIолабго росу гьелъухъ балагьун,
ГьакIан кIалгун буго, кIалъалел гьечIо.
Кколаан, кIалъалев вугин Ильичин,
Кубачиял гьесухъ ругин гIенеккун.

Балагьана росу, бихьана гьезда
Жидерго устарас гьеб суратalъе
Кинабго жиндирго гьунаргин цадахъ
Жив-живасул рекIел рокьи кьун букIин.

## ГЬАДИНАБ БУКIАНА ГЬАСУЛ ХАСИЯТ

Радал къватIив арав Къайсарил Загьид
Къоялъ гьале рокъой вачIунев гьечIо.
Къварилъула эбел, зигардула гьай, –
«Загьид» ва «Загьид» – ан ахIдола эмен.

БитIухъе квачаялъ гIунун ватилин,
ЦIакъ гIадлу гьечIого виччан тун вугин,
Кьварараб тарбия къваригIун бугин, –
КъотIула гьаз хIукму гьасдеги къулун.

Загьидин абуни, ургъел гьечIого,
АхIулаго кечIгун вачIуна тIаде,
Балагьея, дада, дир макказухъин,
Дицаго ккунилан рихьизарула.

Эбел балагьула инсул бадие,
Эмен балагьула гьалъул бадиве;
КIиялго релъула: щибилеб гьасда, –
Гьадинаб бугелъул гьасул хасият.

* * *

ЧIегIераб гIорулъан гIемер лъим уна,
ГIурабазда цIиял тIугьдул раккула.
ЦIадул ахIи бараб гьалдолеб июнь,
ГьикъичIого кIалтIа бачIун рещтIуна.

Михъида хIур чIвачIев гIолихъан Загьид
ГIасияб чуялде тIаде вахуна.
Эбелги эменги ургъалилъ руго...
Унев вуго рагъде цохIо вугев вас.

Загьидин абуни, щибго гьечIеблъун,
Гьагаб айгъиралда тIад васандула,
Жиндирго гьайбатаб кечI ахIулаго,
Квералги росун гьас, гьайда, нух тола...

Эбел балагьула инсул бадие,
Эмен балагьула гьалъул бадиве;
КIорокIула бутIрул, щибилеб гъасда, –
Гьадинаб бугелъул гьасул хасият.

* * *

ЦIаялъ сордо къалъун, кIкIуялъ къо бецIлъун,
Къо-сордо бигъараб согIаб рагъ буго.
Разведкаялъ арав рагъухъан Загьид,
Гьале ункъабго къо, вачIунев гьечIо.

Гьалмагъзаби гьасул пашманго руго,
Гьудуласул берал къанщун ратилин.
Командир чIегIерал хIисабалъ вуго,
Гьав хIакъав багьадур щай кватIулеван.

Гьале цойидасан ургъел гьечIого,
Жиндир кечIгун Загьид тIаде вачIуна,
Балагье, командир, ккураб хIанчIихъан
Немцазул офицер цеве къотIула.

Командир вуссуна солдатаздехун,
Солдатал руссуна командирасде;
КIорокIула бутIрул, щибилеб гьасда, –
Гьадинаб бугелъул гьасул хасият.

* * *

Рагъул цIа къотIула, къоял гвангъула,
Щибаб рукъ-рукъалъуй рекъел буссуна.
РикIкIада росулъа эбел-инсухъе
ЦIар бугев рагъухъан нахъе вуссуна.

Ва цебего гIадин Къайсарил Загьид
Къоялъ рукъой нахъе вачIунев гьечIо.
Амма гьанже эбел зигардуларо,
Загьидилан эмен ахIдолев гьечIо.

Гьанже нилъер Загьид гурун гъуждулгун,
Колхозалъул гвавул ботIрода вуго.
Гьав росу бахилав хурухъан вуго,
Районго чIухIарав хIалтIухъан вуго.

Гьасдаса роххиялъ херлъизе гьечIел,
Гьасул эбел-эмен разиго руго.
Гьаз роххун цоцада абулеб буго:
«ЦIакъ лъикIаб хасият буго васасул».

*1949*

## МАША

Бищунго рохараб ихдалил моцIалъ
Дир мадугьалалъе гьаюн йиго яс.
Вохарав инсуца цIвабзахъеги ккун,
ЦIар кьуна гьелъие «Маша» – ян абун.

Гьей милъиршо гIадай гьитIинай йиго,
Гьелъул гозо гIадай бегIерай йиго.
ЦIункIарабго дуе гьимун елъула,
ПиштIарабго духъе хъурщун ячIуна.

Дуца гъажалда лъе – катIари цIала,
Дуца каранде къай – гьумер-кIал цIала,
Дуца цIар ахIигун гьай чIухIдарула,
Дур ботIроде яхун гьай ясандула.

Нагагь ххвалие мун квеш балагьани,
Конфетал россегIан гьай барщун чIола.
Дир мадугьалалъул ясалъул лъикIлъи! –
Васал ругел улбул, гIедегIил гьабе!

Машал берал руго лъел гарал гIадал,
Машал гаргар буго цIурмил гIадинаб.

Гьей гIаммаб рокьиялъ сверун ккун йиго,
Киназго цоцахъе яхъулей йиго.

Корохъ бищун цIакъаб хIанкъва – Машае,
Рокъоб бищун лъикIаб гурга – Машае.
Дадаца гьелъие кьегIер босана,
Адаца гьелъие бурутI босана.

Гьалда тIад, кечI ахIун, гвермендо чIвана,
БахIаралда гIадин маржанал рана,
«Хеккого чIухIизе, кIудияй гIезе»
КIодоца гIундузда кIилкIал рахана.

Машенька, Машаян гьелъул гIурус цIар
ЦIункIун кинацаго буго ахIулеб;
Гьеб росдалго кIалдиб буго ругьунлъун,
Жегиги кIодое буго гьуинлъун.

Амма гьулакалда гьей кьижарайго,
Гьелъие бачунеб ахх сасарабго,
Гьелъул гьумералде тIадеги гьетIун,
Пашманлъун лъугьуна мех-мехалъ эмен.

Гьелъул цIаралъ гьесда ракIалде щола:
РикIкIадисеб гъугъай, сардилал щобал,
Шинель тIад ретIарай Москваялъул яс –
ГIурус авалахъалда тана долъул хоб.

Полкалда киналго рагъухъабазул
Рагъулай гьудулгин, яц йикIана дой,
Чанги гьев хвалдаса хвасар гьаюрай –
Хвана гIолохъанго, гIумру бакьулъ гьей.

РакIалде рачIуна меседил гъалал,
Комсомолкаялъул беразул расен,
Гьелъул цIар, хасият, яс гьаюнани,
Гьелъие кьелилан жив гьедараб куц.

Дир мадугьалалъул гьайбатай Маша,
Гьеле гIолей йиго ихдал тIегь гIадин.
Гьелъ лъабгоял хъурщун къезе гьаруна,
Щугоял рекерун нахъехун тана.

Халеб буго ясалъ чIегIераб лепек,
РукIина, рукIина меседил гъалал.

ГӀенеккулей йиго гьай кӀодол харбихъ,
КӀоченаро гьалда Москвалъул яс.

МагӀарул росабалъ гьел гӀурус цӀарал
ГӀемерал дандчӀвала рагъдаса хадуб.
Гьел рагъухъабаца росун рачӀана
Жидерго тӀанчӀазе сайигъаталлъун.

## КIОДОЛ ХАБАРАЛ

Щиб дида гьабсагӀат ракӀалда бугеб:
РукӀкӀалабаз цӀураб гӀазизаб гьумер,
ГӀодизе къачӀарал къваридал берал,
Даим тӀуртӀудулел тӀеренал кверал.

Гьел ракъварал квераз дунги кӀивикӀун,
КӀодоца бицунеб букӀана дие:
Бергьарав ханасул лъабго васасул
Лъабихъе рикьарал кьогӀал нухазул;

Нухда данде ккарав бецав херасул,
Гьес малъараб лъикӀаб лъабго гӀакълудал;
Цоцада кьабулел хвалчада рарал
Хъулбузде кӀанцӀарав чол рекӀарасул;

КӀикъого рахараб кавуги рагьун,
Ункъого хъаравул квердеги восун,
Каранда бакъ бугей, бадиб цӀва бугей
Яс хвасар гьаюрав бахӀарчиясул.

ЦӀадал хӀубиялда хӀетӀе, кверги бан,
Зодихъе харарав Дингирдангарчол;
Зодиб накӀкӀул чода гӀарцул цӀалги бан,
ЦӀвабзахъе воржарав ГӀужил васасул;

ГӀатӀидаб ралъдалъе рехараб курхьин
Квер бегьун босарав багьадурасул;
Ракьул мугъалда гъоркь хъулби гьарурал
Хъартазул, нартазул, сихӀручагӀазул...

Къисаби гӀемерал рукӀана кӀодол, –
ГӀенеккарав дида абулаан гьелъ:
Гьеб маргъу бугилан, гьереси бугин,
Гьединан ракьалда букӀунарилан.

Дир йокьулей кIодо, хирияй кIодо,
Хвелалъ мун нахъасан къан кквечIейани,
Росулъе вуссарав ясалъул васас
Дуе бицинаан хIасратаб ракIалъ –

Маргьабалъ рицарал дол дур хIикматал
Гьел хIакъикъаталда ракьалда рукIин,
Гьел беразда рихьи, гIундузда рагIи,
ГIумру маргьуялда релълъараб лъугьин.

Хабарал гIемерал руго васасул, –
Огь, хирияй кIодо йикIарайани...
Амма кIодо гьечIо, кIодо хун йиго,
Гьей хIикмат гьайизе дун кватIун ккана.

Нуж хIикмалъиларо дир хабаразда –
Харбазул бахIарзал нужго ругелъул.
*1949*

## РИИДАХЪ БАЛАГЬУН ЙИГО МУН, ЭБЕЛ

Рагьдухъ гIазу буго гIисин ккун балеб,
Лъукъараб хIинчIалъул хIули кинигин.
КъватIахъ гьури буго кибго сверулеб,
Квелъ рехун биччараб юргъа чу гIадин.

Гьоролъан, цIоролъан бищун панаял
Дир пикраби духъе руго роржунел.
РекIел рахIат дагьай, макьил ригь къокъай,
О, магIаруласул гIазизай эбел.

Бицуна, мун гьорол къоялги рикIкIун,
Рии бачIиналъухъ ялагьун йигин. –
Риидал рачIуна хириял васал
Росабалъе щвезе шагьараздаса.

Ва лъала, дир хирад, хасел бакьулъго
Дуда сардил макьилъ цебе тIамулеб:
ТIугьдузул квацIиги, бакъул кунчIиги,
РикIкIада-рикIкIада гIарцулаб нухги,
«ГIагарлъи лъаларев, росу кIочарав»,
Москвалда вугев студент – васги.

Дун вуго, эбел, гьев, дур вас – студент,
Ургъел гьабугеян гьарун щибилеб. –

Роржун тIанчIиги ун кIолищ хIанчIида
ХIеренаб бусада паракъат чIезе?

Гьеб тIанчIазда цадахъ боржуна кибго,
Жиндирго камилал куркьбалги хьвагIун.
Гьелъ рихьизарула роржунел нухал,
Гьелъ рихьизарула рештIунел тIохал.

Ва лъала васазда кире щваниги,
Куркьбал гьечIониги, улбузул ракIал;
ТIинчIгун боржун унеб хIанчIида релълъун,
Лъималазда аскIор рукIин кидаго.

Гьелъин лъималаца жидерго ургъел
Улбуздаса даим балъго гьабулеб,
Гьелъин лъималаца жидерго рохел
Улбузда хеккого лъазе гьабулеб.
Гьелъин лъималазда улбузул бадиб
Бихьулеб кинабго жидерго гIумру.

Гьеб лъанин, дур лъимер гьабсагIат, сардилъ
Мунгун рикIкIадасан кIалъалев вугев.
ЧIарбида наку чIван, кинида къвал бан,
Дие керен кьурай, магIарул чIужу!

Гьале ракI, гьале кIал ва кIиябго квер –
Гьаб кинабго дуца кьун буго дие.
Дида гьеб бичIчIула кив вукIаниги, –
 Кидаго мун даим цохIо йиго дир.

Дица дир ракIалъул кинабго хинлъи,
Каранлъ жаниб бугеб бухIараб рокьи,
Пикраби, саринал, сардил макьаби
Дуе кьола, эбел, налъулас гIадин.

ГьечIо дунялалда дие гьабсагIат,
Дудаса хирияй, дудаса лъикIай;
Ва даим ракIалъул буго цо мурад,
Дуе мустахIикъав васлъун вукIине.

Баркала, дир эбел, дир бадий къулун,
Гьулакалда къвал бан рогьарал сардахъ;
Баркала, дир эбел, ихдалил къояз
Ахх дий бачунаго тIерхьараб бакъухъ.

Баркала кинабго дир гIумруялъулъ
Гъабураб кIудияб гIахьаллъиялъухъ;
Баркала, гьоролал къоялги рикIкIун,
Риидахъ балагьун гьедин мун чIедал.

БачIина, эбел, их, бачIина рии,
Риидал вуссина дур вас росулъе.
Васас дуй босила сайигъаталъе
ТалихIги, рахIатги, чIухIараб бакъги.

Щибаб соналъ цIияб бачIина рии,
Щибаб къойил цIикIкIун къалъила бакъги,
Дуе бакъ къалъизе хIалтIула дур вас,
Дир хIасратай эбел, сабурай эбел.

*1950*

## ДУН ДУР ПИКРАБАЛЪ

Рагьдухъ гIазу буго – дун дур пикрабалъ,
ГIурдада тIегь буго – дун дур пикрабалъ.

Бакъ баккулеб буго – дун дур пикрабалъ,
Бакъ тIерхьунеб буго – дун дур пикрабалъ.

ХIанчIи чIичIидула – дун дур пикрабалъ,
Мокъокъ къвакъвадула – дун дур пикрабалъ.

Кьиндалги, ихдалги, къадги, къасиги, –
Кисанго, кидаго – дун дур пикрабалъ.

Мун кигIан цIакъай яс йикIине кколей? –
Киналго кIочон тун – дун дур пикрабалъ.

*1948*

* * *

РакIалде бачIуна гIазизаб росу,
Дир гIисинал санал кепалда араб.

РакIалде бачIуна тIогьолаб гIуру,
ТIоцебе хъахIаб чу дица кьолораб.

РакIалде бачIуна мугIрул росдал ицц,
Дур гIертIиниса лълъим дица гьекъараб.

РакӀалде бачӀуна рагъараб шагъра,
Рогьалилъ дуца дун нухда регӀараб.

Амма мун ракӀалде ячӀунаро, яс,
РакӀалде щвезе мун кӀочоней гьечӀо.

*1948*

* * *

Рорхатал мугӀрузда вехьасул щвантӀих
Дир гӀищкъул хӀакъалъулъ буго къвакъвалеб.
ГӀатӀидаб кӀкӀалахъан чвахун цӀадал ихх
Чапулев дир бицун буго хъудулеб.
Керчаб рохьоб гъутӀби, цуцазде гьетӀун,
Дир шавкъалъул бицун, руго щур-щулел.
Кьурул рагӀалда чӀун рогьалилъ хӀанчӀи,
ХӀасратав дир бицун, руго ахӀдолел.

Дидаян абуни кколеб букӀана
ЦохӀо дида лъалин дир рекӀел бухӀи.

*1949*

* * *

Рогьалил макьугӀан гьуинаб лахӀзат
Гьеб заманаялъул дие букӀинчӀо;
Амма гьелдасаги махӀрумлъана дун
Мунгун данде чӀвараб доб къоялдаса.

Дир чорхол бухӀиги, рекӀел хӀасратги
ХӀакъикъияб куцалъ дуда бичӀчӀизе
Бокьилаан дие, йокьулей гьудул,
Дир гьинал ракӀ босун дур каранлъ лъезе.

Амма хӀинкъун вуго, гьанже дун гӀадин,
Мун макьуялдаса махӀрум гьайизе.

*1949*

* * *

Дун росулъ вукӀаго, гьитӀинаб мехалъ,
Дир гьинаца ккуна гьайбатаб микки:
КигӀан гьеб угьдараб, кигӀан твархараб
Вохарав дица гьеб нахъе биччачӀо.

Гьанже ракІги бухІун, рахІат хун вуго,
ТалихІ къараб микки ракІалдеги щун.
Гьеб букІун батила, гьанже дун гІадин,
Гьудулалъухъ урхъун угьдулеб гъарин.

Дур гьинаца гьедин микки ккун хадуб,
Гьарула, рекІелай, нахъе биччай гьеб!

*1948*

* * *

БотІрол рас хъахІлъарав херав чиясда
ГІишкъуялъ гьалдолес буго гьикъулеб:
«КІудияв чи, бице, дур рокьи кканищ?
Кинаб ригьда унеб гьобол гьеб?» – илан.

Гьас жаваб кьун буго, лъаларин абун,
Лъабкъого сон бугин дир исанаян,
Ва амма анцІила анкьнда ккараб
Рокьиялъ гьанжеги вежулев вугин.

Гьеб жаваб букІина дирги, рекІелай,
Гьаб ракьалда нусто сон бананиги.

*1949*

* * *

Дие бокьулеб куц, йокьулей гьалмагъ,
Дунго гІадаб макьу гьечІеб гьаб шагьар.
Дун гьабсагІаталда гьалъул къватІазда
Гьаб хасалил сардилъ сверулев вуго.

ХІатІикь гІазу буго, зодихъ цІва буго,
Дир черхалда гьури багъулеб буго,
Дие бокьилаан гьорол бакІалда
ГьабсагІаталда мун йикІарай ани.

Амма мун, цІва гІадин, йиго рикІкІада,
ЦІакъ гІемер нух буго дие духъе, яс, –
ЦІвалъун мун ятани, зодой вахунги,
Дица дирго рохел батизе буго.

* * *

Чу хъахIаб, чухъа хъахIаб
Гьобол щвана Москваялде.
МугIрузул тIогьиб гIадаб
Гьогьен буго гьаб ракьалда.
Йокьулей, дирни рекIелъ
РикIкIад тараб дур бакъ буго.
Дуде бугеб гIищкъуялъ дун
Квачалдаса гьукъун вуго.

*1948*

## ДИР ИНСУДЕ

ТалихIги рахIатги цоги щиб, дада,
Дица гьаб къоялда гьарилеб дуе.
Вохун хисилаан, рес бугеб ани,
Жакъа дур гIумрудухъ дир гIолохъанлъи.
Росилаан дица дур хъахIал расал,
Ва кьелаан дуе бахIарал сонал.
Росилаан дица дур рукIкIалаби,
Ва дарамалдаса бохилаан ракI.
Гьедин мун васасул сонахъ балагьун,
Анщинаб ихалда хадув угьдуге.
Васасул абуни, анищ цо буго, –
Дуралде гIагараб гIумру гьабизе.
ГIумрудул байбихьулъ, хIасратав дада,
ХIанчIаца, роржине тIанчIи кинигин,
Дуца дун куцана квер ккун вилълъине,
Квешабги лъикIабги батIа гьабизе.
Дун воржана, гIуна, гIолохъанлъана.
ГIолохъанав эмен, мун дир хъахIлъана.
Амма гьинал ракIалъ гьарулеб буго
Гьанжеги кверал ккун куце василан.
Дуца куце, дада, дун, гьал кучIдузул
Карачалабалъе лъугьарав лъимер:
КвачIги бан тIадагьго гьенив лъедезе,
Гьагал чвахиязде данде вагъизе.
Дуца рагье дие кочIол балъголъи,
Гьал магIарулазул рагIул пасихIлъи,
Кинаб хIилла гьабун, щиб макруялъ гьалъ,
Гьиналъ микки гIадин, кколеб ургьиб ракI.
Дида дур кучIдузулъ рихьула, дада:
Рахьдал мугIрул тIогьал, тIогьол лабалал,
Милъиршабазул их, рохалилаб бакъ,
Багьана гьечIого, гьунар бугеб халкъ.
Дида дур рагIабалъ рагIула, дада:

КIкIалабахъ чвахулел иххазул гаргар,
Ахазул гъутIбузукь тIамхазул шур-шур,
ТIохьидал кьураби кьзагьулеб гьаракь.
РагIула дур релъи рекIелъан унеб,
РагIула дур рекIел панаяб кIутIи.
Бихьула дур пикру, гьайбатал къасдал,
Бихьула рас хъахIаб хIасратаб гIумру.
О, гIазизав эмен, щибго кIваричIо,
Дие дур василан вукIин гIун буго.
ГIицIго кье дур кучIдул – каранзул тIанчIи,
ТIолго дур соназул хвел гьечIел нугIзал.
Гьезулъ буго, дада, дир тIолго рокьи,
Гьезулъ буго, дада, дир тIолго гIумру...
Ва гIумруялдасан щибго кIваричIо,
Азарго-азарго дур назмуялде
Дур гIадаб гIакъилаб, гIищкъуялъ цIураб
Цо назму ахIизе дида хIал кIвани.

*1950*

## ГIАГАРАБ МАЦI

КIкIалахъан хъуялда иххал чвахулел
Рорхатал мугIрузул росулъ гIуна дун;
Ва дир киниялде къулун эбелалъ
АхIулаан кучIдул авар мацIалда.

Долда гьабсагIатги рекIелъ батила
Дица тIоцебехъе абураб рагIи:
Бабаян, дадаян, дациян – гьеле
Гьел авар рагIаби абуна дица.

Дида рекIелъ руго гъасда инсуца
Рицунел рукIарал, мугIрул маргьаби,
МагIарул мацIалда цIалана дица
ТIоцебесеб къиса, тIоцебесеб кечI.

Рокьула дие гьел маргьаби, кучIдул,
Кинидахъго дида рагIун рукIарал;
Ва амма кIудияб дуниял, гIалам
Дий рагьана цойги батIияб мацIалъ.

Гьелъ лъазе гьабуна гьаб ракьалда тIад
Гьудуллъигун рокьи тIоцебе дида.
Гьеб мацIалъ кIалъалев вукIана Ильич –
Гьеб буго кIудияб гIурусазул мацI.

Гьебгун цадахъ ана дун мугIрул рахун,
Роххалил гIумрудул бакъуде данде.
«Рекъелги» «дунялги» гьеб гIурус мацIалъ
Цо къокъаб рагIиялъ буго абулеб.

## ВЕРА ВАСИЛЬЕВНА

Дида лъала эбел цо йикIунейлъи,
Цогияз кидаго гьей хисунгутIи;
Амма дир гIумрудул хIисаб гьабидал,
Йиго цоги чIужу цее ячIуней.

Анкьго сон букIана, ракIалда буго,
РикIкIадаб магIарухъ гIазизаб росулъ,
Жийго эбел гIадин, мацI чияр гIадан
Чияр васасухъ дихъ балагьарай куц.
Гьеб хинаб балаялъ нуха регIана
Киналго гIумрудул нухазулъан дун.
Кинго кIочонаро тIегь гъунеб гъветIги,
Дир гъажалда лъураб тамахаб кверги.
Вера Васильевна, гIазизай гьалмагъ,
ТIоцебе гIурус дарс дие цIаларай.
Къого хасел ана нижер росулъе
Москвалдаса мун ячIаралдаса.
ГIемераб мех бана, лъачIо дур къимат,
КигIан къо бихьараб, къварилъи лъараб.
Къисматалъ щибгIаги гьабичIо гурхIел,
Гьанжеги букIуна дир ракI гьелъ унтун.
Дир школ бухIана сардилъ кулаказ,
Дур гордал гъурана гьезул ганчIаца.
Дагьабги кIудияб ккезе бахъана, –
Комсомолаца мун гьаюна хвасар.
Хирияй, бищунго бахIарал сонал
БецIаб мугIрул росулъ тIамуна дуца.
БецIал руччабазул гьерсилал мацIаз
Гьабихъги корохъги какулаан мун:
БотIрол рас бахчизе чохтIо-кIаз гьечIей
Дуде аскIой ясал ритIиларилан.
Цогиги рукIана дозул бугьтанал,
БичIчIи щвечIел гьезда тIаса лъугьа мун.
Радал-бакъаниде севаралдехун
Дуца угьулаан панаяб хIухьел.
Пашманал лахIзатаз магIарул росулъ

ГIемераб щолаан дуда ракIалде:
РакI урхъараб Москва, Арбаталъул къватI,
ТIугьдузул тукада дандбитIараб рукъ,
ТIинчIги ун хутIараб хIинчIалда релълъун,
Мун рукъой ахIулей хIасратай эбел;
Ва гьелъул макьаби маргьабалъ гIадал. –
ГIасиял кьураби, чIахIиял борхьал,
Бидул цIурал хунжрул ва гьезда гьоркьой
Микьабго рахъалъан сверун ккурай мун...
Вера Васильевна, захIмат букIана,
Амма дуца кинго кверал рорхичIо.
Дур каранлъ букIана багьадураб ракI,
Дур рекIелъ букIана багьадураб къасд.
Мун релълъун йикIана, дир рекIел гьудул,
Бокьун кьалде арав рагъухъанасда;
Яги къоабилелъ мугIрузде щварал
БагIарал полказул коммунаразда.
Духъ букIана канлъи, цо кули гуреб,
Кинабго дуниял гвангъизабулеб.
Россиялъул канлъи, Москвалъул цIва,
Тушбаби риххулеб, гьудул воххулеб.
Ва хасалил сардаз квачараб рукъоб.
Мукъсанаб канлъухъе дуца цIалана:
МугIрул лъималаца тIоцере хъварал
Бищунго гIадатал гIурус рагIаби.
Гьеб щибаб рагIиялъ нижер бадиса
Борхана азарил соназул пардав.
Нижеда бихьана партабаздасан
Гьайбатаб гIумрудул гIор щвараб чвахи.

Ниж гIуна, гIемерал сонал роржана.
Нижеца гIасиял мугIрул рахана.
ГIазизай эбелалъ кинигин, дуца
Квер босун сапаралъ ниж тIоритIана.
Дуца куркьбал гъурал цIалдохъабаца
ЦIар бугеб лебалаб нух нахъа тана.
ЦIия-цIияб къукъа гIезабулаго,
Дир гIагараб росулъ дур рас хъахIлъана.
Дур цIалдохъабаца-магIарул васаз
Ротаби гьужумалъ цере рачана.
Рейхстагалъул къеда бегIераб хечалъ
«Жал Хунзахъа ругин» гъолбас гьабуна.
Дур цIалдохъабаца, цIумаллъун роржун,
ЦIвабзахъе щвезегIан тIавап гьабуна;
Ва океаналъул карачалаби,

Гучал китаз гIадин, рикьизаруна.
Дур цIалдохъабаца – мун чIухIуларищ,
ЧIегIер гIорда цебе сангар гьабуна,
Ва бецIал росабалъ колхозчагIазе
Коммунизмаялъул цIаял ракана.
Дора Москваялъул институтазда
Дарс цIалулел руго дур цIалдохъаби.
ЦIороберал рарал гIалимзабазулъ
ГIадамаз рикIкIуна дур цIалдохъаби.
ГIорхъаби тун къватIир рекъел цIунулел
Совет дипломаталълъ дур цIалдохъаби.
Вера Васильевна, кинаб дуниял
Дур дарсаз рагьараб нижер беразе!
Киб бакIалде щвечIел, унго, дур хIанчIи,
Улбузда мугIрул тун къватIиб бакI лъачIел!
Амма кир щваниги, щибасул рекIелъ
БукIуна росуги, хаслихъе мехги,
Керчал гъутIбуздаса гъунеб тIамахги,
Гъажалда тIад лъураб тамахаб кверги.
РакIалда букIуна нилъер школа,
Бищун нахъа росулъ сунеб дур чирахъ,
БагIараб щакъиялъ лъурал къиматал,
Щибасул классгин щибасул парта.
Дол партабазда нахъ гIодорги рукIун,
ГIисин лъимал гIадин, руго ниж урхъун,
Нахъойги цIидасан духъ гIенеккизе,
ЦIумур кьабгIизегIан духъ балагьизе;
Доскаялде рахъун дарсал рицине;
Ва масъалабазе жавабал кьезе;
Пушкин ракIалдасан дарран цIализе,
Ва Маяковский такрар гьавизе.
Вера Васильевна, кигIан гьуинго
Гьанже дур хIакъалъулъ васаз бицунеб, –
Цояца абула урхъарай яцин,
Цогияз абула эбел йигилан.

Дида лъала эбел цо йикIунейлъи,
Цогидаз кидаго гьей хисунгутIи,
Амма киназулго ракIалъ абула
КIиабилей эбел йигин мунилан.

*1950*

## КОЛОННЫЙ ЗАЛАЛДА

Къаси гьаб Залалде тIоцеве щварав

ТIад магIарул чияс абуна «вахIан», –
«Нилъер Югалъул бакъ свак чучиялъе
Сордо базе унеб батилин гьаниб.»

БитIараб батила: матIу киннигин
КенчI-кенчIелеб буго Союзазул рукъ.
Рокъоб нус-нус чирахъ буго къалъ-къалъун
Ва аза-азар бер буго балагьун.

Гьел беразда цере гьабсагIаталда
ГьунарчагIи щалдай ругел рахъине?
Кулисазда нахъа сси бугел лугбал
Сири барал гIадин лъилдай ратила?

Ятила бесдалай пулан – Золушка
Принцас хIатIазда тIад хьит ретIуней,
Ялъуни Отелло, чIухIарав маврав
ЧIегIерал мацIазул цIаялъ вухIулев.

Вахъина Образцов бищун гIисинал
Артистазул тIелгун – ясикIабигун,
Яги кьурдабазул бетIерав маршал
Моисеев жиндир боялгун цадахъ.

Гьединан ракIалде ккезе букIана
Колонный залалде балагьун къаси,
Амма Залалъ къаси Дагъистаналъул
Артистазе руго каваби рагьун.

Къаси москвичаз магIарулазул
Махщел-гьунаралъе буго хьат чIвалеб;
ТIадмагIарулазул росабазулъан
Ясаз руго гьанир бакънал рачунел.

Лезги, лъарагIазул гIолилаз буго
Хунжрул цоцалъ кьабун кьурди гьабулеб.
МагIарул пандурги пианиноги
Гьуинго цоцазда руго гаргалел.

Зурмаги къалиги...! РакIалде ккана,
Дун рикIкIада росулъ берталъ вугилан.
ГIазугIан хъахIаб шал гъуждузде рехун,
Халкъалде балагьун бетIерги къулун,
Роялалда нахъа гIодой йикIана
РикIкIад лъарагIазул авлахъалъул яс.

ГІедерал, гьайбатал гьелъул килщаца
Гьуинал бакъанал тІамураб мехалъ,

ТІад магІарул улка, Каспиялъул лълъим
Кинабго беразде цебе бачІана.
Гьелъ бакъан бачингун мугІрул щобада
ЩвантІих пулев вугев вехь цеве чІчІана.

Гъежда гІеретгІи лъун лълъадае уней
ГІолилалъул гьаракь гьаналълъ багъана.

АхІулеб гьечІо кечІ, чваххулеб буго,
Чабхил лъар кинигин ихдалил къоялъ.
Ва гІенеккаразул гІищкъу ккун буго
Каранлъан бачІунеб Исбатил гьаркьихъ.

Гьанже гьеб кинабго бицун щибилеб,
Босана гІемер кеп гІундул ругеца.
Ва москвичаца хинаб рокьиялъ
Хъат чІвана гІазизал гьалбадерие.

Концерт лъугІарабго тІадмагІарулас
Нахъеги абуна, хъатги чІван, «ватІан»,
Жиндида ракІалде кканила къаси
Кинабго Дагъистан гьаниб бугилан.

Цогиги китаяс абуна дида
Колонный Залалда гьадаб сордоялъ:
«Кидадай рачІинел доб Пекиналде
Тибеталъул лъимал, гьанже нуж гІадин».

### ТАЛИХІАЛЪУЛ КЕЧІ

Колонный Залалъул чІухІараб рокъоб
ЧІезе бакІ букІинчІо бачІараб халкъалъ.
Гьел рачІун рукІана дир улкаялъул
БухІулеб каранзул кучІдул рагІизе.

Цин цебесеб кьерда тІамуна бакъан,
ТІад рекъезабуна хутІарал кьераз.
Ва Дагъистаналъул хІайранаб гьаракь,
ХІинчІ гІадин боржана Москвалда тІад.

Цин гІарцул лъар гІадин гІодобе биччан,
Цин щвараб гІор гІадин эхеде борхун,

Чваххулеб буго кечI, нус-нус рекIелъе
Рокьиги, чIухIиги, хIикматги босун.

Гьеб хIасратаб кочIолъ рихьулел руго
РикIкIад ругел мугIрул, гIазизал кIкIалал.
Панаял рагIабалъ рагIулеб буго
ГьитIинал халкъазул халатаб къиса.

Нус-нус мегIер бахун, нус-нус гIор бахун,
Нус-нус гIунсул рорлъун бачIун буго гьаб,
ТIадмагIарулазул некIсияб сарин
РикIкIад росабалъан гьаб Москвалде.

АнцI-анцI гIасрабазул гIумру нахъа тун,
ГIаздалъан, гьоролъан, гьагаб цIадулъан,
Чанго наслабазул гьинал рекIелъан
Босун бачIун буго гьаб кочIол гьаракь.

Чан каранлъ угьараб, гьаналълъ щапараб,
Щокъроб къварилъараб гьаб мугIрул бакъан,
Чан унтараб ракIалъ, лъукъараб ракIалъ
Ва бухIараб ракIалъ ахIун бугеб гьаб.

Гьаб кечIгун гIалхазда гIищкъуялъ чIвалев
ГIащикъасул чагур даим гIодана.
Гьеб Надир-шагьасул меседил чадрахъ
Чара хварал ясаз балъго ахIана.

Жеги рикIкIад бугеб талихIалъул кечI,
Киналго росабалъ ахIулаан гьаб,
Улбуз лъималазул киниде къулун,
Лъималаз цIа свараб гъасде данделъун.

Гьаб гьури кинигин нуцIилъ кIетIана,
Гьелъ бецIаб сардида гордал рухана,
Хваразул молода хадуб билълъана,
БестIалахъе бачIун бутIрул лъухьана.

Гьеб кечIалъе гIоло согIав Шамхалас
РикIкIад Сибиралде витIана Гъазахъ.
Амма Сибир къотIун, тIадеги цIилъун,
ТIад буссана сарин Дагъистаналде.

Гьеб кечI ахIунилан кIалалги гьикъун
КIал букъана рукIкIбуз ГIанхил Маринил.

Амма лебалаб кечI, кварги тIутIун бан,
Бидул цIураб кIалалъ гьабуна такрар.

Доба Бакуялъул нартил магIдакахъ
Жеги гIолохъанав Сулейманица
Жиндирго мискинал гьудулзабазе
Гьеб сарин ахIана бухIараб ракIалъ.

Цояца цояхъе мадиро гьабун,
Гьеб букIана нижер мугIрул росабалъ
МахIмудил бищунго ахираб кечIлъун,
Дир инсул бищунго цебесеб кечIлъун.

Туркаца рухIарал росабалъе ун,
Ингилисаз чIварал васазул зонохъ,
РекIел унти гIадин, рекIел ццин гIадин,
Гьаб цадахъ букIана партизаназда.

Гьеб ахIана нижер большевикаца
Бадире ритIарал хучдузда цебе,
Нахъе хутIулезе ваСият гIадин,
Хвезе цохIо гали хутIараб мехалъ.

АхIана гьеб назму туснахъ рукъзабахъ,
Тушбабазул гIаштIичагIазда цебе,
Доб Грециялда, Испаниялда
Жакъа коммунистаз ахIулеб гIадин.

Ва сценаялде бищунго цере
Гьаб сарингун арал кочIохъабазе
Кулаказул тIанчIаз тIугьдул рехичIо, –
ТIугьдузул бакIалда ганчIал рехана.

Амма кочIол гьаракь, боркьараб бакъан,
Бадире речIчIулел ганчIазда гъорлъан,
Гулбузда, хучдузда белъанхъилаго,
Багьадур кинигин, билълъана цебе,

Нус-нус ханзабазул бутIрузда тIасан,
ТIолго низамазул законал мерхьун,
Ва хулиганазул гьаркьал къинарун,
ЦIар бугеб цIум гIадин гьеб кечI боржана.

Гьелъ лъимазул рохел, херазул рахIат,
БахIарзазул рокьи гьуин гьабула,

Ва праздниказда бокал кинигин,
Бегьула тамадас гьеб щивасухъе.

ЧчугІалъун лъедола хъахІил ралъдахъан,
ХІинчІ гІадин боржуна хъахІил зобазде.
МугІрул тІалъиялъул камилаб бакъан,
Гьаб, кир рукІаниги, букІуна цадахъ.

## МУГІРУЛ

РагІана Персиялъ цере шагьазул
РагьтІа тарал шигІручагІи рукІанин.
Гьез къулчІараб хІацІу, гьез чІамураб квен
Кинабго, кинабго, кочІой ахІулел.
Гьаб тІабигІаталъул пачазабазул.
Гьаваялда бутІрул цурал мугІрузул,
Кидаго чІечІого, чІи-чІи бачунел
ХІанчІчІаздаса гІемер руго шагІирал.
МугІрузул гьайбатлъи, гьезул берцинлъи
Бицун хъвараб щакъи данде гьабуни,
Гьелъул лъугьинаан кІудияб ралъад,
МугІрузул бутІрузде тІаде бахараб.
Цо Казбекалдегин Эльбрусалде
АхІанщинаб шигІру данде гьабуни,
Ва гьезул тІахьазул сиял гьаруни, –
Эльбрусгин Казбек хутІилаан гъоркь.
Киналго мацІазда, хиси гьечІого,
Инсул тІаргъал лъурал лъимал кинигин,
Руго назмучагІи, гьабсагІаталъги
Гьеб чІалгІараб сакъис даим чІамулел.
Нухдасан тохлъукье мугІрул рихьарал,
Яги киданиги гьел рихьичІелги
АхІдола, басриял тІахьалги цІалун,
«Дир тІогьол мугІрулин, гІазул мугІрулин,
Нуж бихьинал гІадал гучал ругилан,
Нуж руччаби гІадал беричал ругин»....
Гьерсихъаби! Гьерсал рукІаниги щиб,
Гьел шагІирзабазул тІахьал рахъула.
ТІахьазул жилдазда художникаца
Халатал кистаца суратал хъвала.
Сураталда: мугІрул, мугІрузда – накІкІал,
Гьел накІкІазулъ цІумал, доба зодихъ цІва,
Гъоба аххада кІкІал, кІкІалахъ жаниб лъар,
Лъарахъ лълъим гьекъолеб бурутІ, я ритІучІ;
Цояб рахъалда йехь, вехьасул швантІих,

Сверухъ кваналеб гIи, гIодор чIун гьаби
Ва гь. ц. Ва гь. ц. Гьеб гуреб цойги
Пикрабаца цебе тIамурабщинаб.
РикIкIад шагьаразда къотIносан унел
Ясазда рихьула гордохъ гьел тIахьал.
Гьезул цо-цояца ахирал кепкал
Кассаялде кьола гьелъие гIоло...
Ва тIинчIал мусудуз,тьеб тIехьги цIалун,
Тамахаб бусада хIухьел угьула:
«Аман цо мугIрузде тIаде яхине,
Огь, тIогьол мугIрулин, гIазул мугIрулин».
Амма дир мугIрузул колхозчагIахъе
Гьел кучIдузул тIахьал рачIараб мехалъ,
Гьез бутIрул хьвагIула пайда щибилан,
Гьев художник анищ жодохъейилан;
Гьав художник лъикIан поэтгун цадахъ
Лъелго мугIрул тIогьив вахинавизе,
Хадуб балагьизе, кинаб куцалда
КучIдул гьаз гьарулел, сураталъ хъвалел...
Гуро, дагIба гьечIо дир поэтазда,
Гьаб тIабигIаталъул шагIирзабазда...
Берцинал жал руго рорхатал мугIрул
КучIдузулъ ахIизе, гьадин рихьизе,
Яги рихьичIого, рикIкIадги рукIун,
Сурат, сипат цебе чIезе гьабизе.
Ва амма мугIрузда гIумру гьабизе
ГIемерго, дир вацал, захIматаб буго;
Гьаб гIалхулаб тIалъи цIилъизабизе
ЦIадулъан, цIоролъан ана гIадамал.
КигIан гIетI чвахханаб, чамав гIунарав,
МугIрузда бакараб канлъуе гIоло!
Чамас хвел босараб, чамас би тIураб
МагIарухъ жиб-жибаб тIегьалъе гIоло!
Чам къокъид нухалъан тIадеги кIанцIун,
ТIабигIат гьаб халкъалъ мукIур гьабураб!
КигIан захIматги кьун большевиказул
Гьал кьурабалъ хечгин газа рекIараб!
ГIазизав художник, гьарула дуда,
Гьаб дир тIехь суратаз къачIазе ккани,
Гьел цIекIал накъищал гьаругейилан,
ЦIвабиги, накIкIалги рикIкIад тейилан.
Гьарула, кьер-кьерал тIугьудул жалго тун»
Кьураби рорлъулел, мугIрул гIанлъулел,
ГIасиял гъугъдулъан нухал рахъулел
Васазул суратал рахъеян абун.

Дуца бахъе сурат доб Койсуялда
Канлъи кьезабурал хIалтIухъабазул.
Дуца бахъе сурат согIаб ракьалда
Кверда пинкь тIагIинчIел гьалмагъзабазул.
Дуца бахъе сурат гIалхул кIкIалабахъ
ГIеч бижизабурав агрономасул.
Дуца бахъе сурат Кьили магIарда
БагIар байрахъ чIварал комсомолазул.
Дуца бахъе сурат Каспиялдаса
Нарт бахъулев вугев мугIрул васасул.
Дуца бахъе сурат кьохъдерил гIорухъ
Пихъил завод барал багъадуразул.
Дуца бахъе сурат, Москвалдаса
Дир гIазизаб мугIрул росулъе ячIун,
Гьенир лъималазе дарсал цIалулей
Жеги гIолохъанай гIурус яс Ленал.
Рохелги талихIги магIарулаца
БухIараб гIетIги тIун босулеб буго.
Гьел намус бергьарал большевиказул
Бахъе дуца сурат, гьалмагъ, художник.
Гьедин лъикI букIина гIадамазеги,
ГIадамазда цадахъ дир мугIрузеги.
Дуе бокьичIони, даим къо-мех лъикI,
КIиязулго нухал рикьулел руго:
Дун ина эххеде, – борхалъиялде.
Мун ина эххеве, – бигьаяб нухалъ.

*1955*

## КАВКАЗ

I

Дие Кавказалъул кечI ахIулелъул
Квер эхеде борхун кквезе бокьула,
Гьелъул магIна ккола Кавказалъул бакI
Борхалъуда букIин, дир рекIел гьудул.

Дица Кавказалъул кечI ахIулелъул
Каранлъан бухIараб хIухьел угьула,
Гьелъул магIна ккола Кавказалде дун
РекIел бидурихьаз вухьарав вукIин.

Дие бокьилаан дир кечIалдаги,
Кавказ, дур бакIалъул пархен букIине.
Дие бокьилаан дир рагIабазда
МагIарул тIегьалъул махIал рукIине.

МугIрул тун къокъунеб хъергъу кинигин,
Хъалаялъул тIохда маххул хIинчI гIадин,
Мех-мехалъ пикрудул куркьбалги хьвагIун
Дун дове воржана, ракIалъул гьудул.

II

Ва дир инсул тIалъи, тIаса лъугьа мун,
Дур вас поэтасда хIалкIолеб гьечIо
Дур тIанса гIадинаб тIабигIаталъул
ТIолго гIаламатал загьир гьаризе.

Беричай ясалда аскIове ккедал
Дун рагIи гьечIого гьакIкIан хутIула;
Гьединаб хIал буго гьанжеги дида
Гьал дур хIикматазде балагьаравго.

Жеги мугIрул тIогьиб гIазу букIаго,
ГIинтIи тIегъан буго аххалъабазда,
Ахазул кочIохъан кьижун букIаго,
Кьурда чIун ахIдолеб буго кеторуз.

Росдадаса рикIкIад бецIаб сардида
БацIазул ragIула хъантIараб руруй.
ХъахIлъи лъанин, хIалтIул тIагIел къачIаян,
ТIеметI багIарица гьабула гIегIей.

Рогьуна, рагьула ясаца гордал,
Гвангъула матIулъун мугIрузул тIалъи.
Рачуна хIанчIаца хIасратал бакънал,
ХIанчIазул гьаркьихъе кьурдула лъарал.

Лълъар ккун колхозчияс бачун унелъул
Бубудун гIегIдула гIорцIараб бугъа.
МагIарул кьерилаз кьили чIвалелъул
ЧIухIун квачIид чIола кар меседил чу.

Макьилъ щиб бихьараб, йокьулей ясан,
Росдал гIиявехьас ахIула сарин.
МегIер гIазул цIейги мун вуссинеян,
Росулъан гьалъ кьола гьуинаб жаваб.

Каспи ралъадалъул рагIаллъабазда
МугIрул ччугIихъабаз гьарула мухъал.
Ралъдал карачелалъ парус паркъола

Гьедин Кавказалда къо байбихьула.

III

Ва алжанул дунял, дир рекIел айгъир
НакIкIал къотIун буго духъе боржунеб;
Ва дида бертабалъ бахIарай гIадин
ГIуцIараб дур тIалъи буго бихьулеб.

Дие бокьилаан дир кечIалдаги
Кавказ, дур цIумазул куркьбал рукIине.
Дие бокьилаан дир рагIабиги
МагIарул ицц гIадин бурун чваххизе.

КенчIола багIар бакъ мугIрул бутIрузда
БагIарал нуралги тIиритIизарун.
Ва гьалдола хIалтIи ах-хур-хералда
Халкъалъ абухъего – «корохъ хьаг гIадин».

ХьвагIула харицел, кьабула квартIа,
Кьуругун багъула бал рекIараб хIос.
ТIола меседил гIетI, кьола гIарцул гуч
МегIер-гIалахазде, гIурул мухъазде.

МугIрузда бащалъун лъугьуна гIарал.
ГIаразда бохх бала харил гIарахъаз.
ГъутIби гIадин гIола цIиял фабрикал,
ГIор гIадин чваххула чIегIераб месед.

«БетIер гьаличIони хьаг гьалуларин»
Гьаб гьалулеб бакъукь хьихьула боцIи.
«Чухъа биччичIони кIал-мацI бакъвалин»
Чваххун балеб цIадакь бакIарула пихъ.

БетIула багIар гIеч, чакарул гени,
Черх гургинаб микьир, махI берцин – лимон.
Гъенола цIулакьу, къотIула цIибил,
Бахъула гьелдасан гьуинаб чагъир.

Шиб жо гьаниб гьечIеб гьуинаб, цIекIаб
Гьалбал рачIа абе руго къачIарал,
Гьале нахъа рукъоб гьакълил цIун рагIал,
Гьале магIида бан гIиял къулагIи.

КъотIила, бежила гьаб магIарул куй,
Ва кахетиязул чагъир гьекъела,

Ва тIансаялда тIад гьайбатал ясаз
Гьалбал хIайранлъулел кучIдул ахIила.

Бакъалъул, тIегьалъул, тIокIкIараб лълъадал,
ТIагIамал пихъазул гIазизаб ватIан,
Мун гIицIго гьез гуро бечедаб бугеб
Бечедаб буго мун дурго гIадамаз:

ГIадатаз, миллатаз, мацIаз, кучIдуца,
Рокьул биценаца, кьалул харбаца,
Хабалазул заназ, хунжрузул ругъназ,
Хасго миллатазул лъикIаб вацлъиялъ.

Гьаниб щибаб росулъ, росабийищ гьал,
Хассаб гIадат буго, хассаб мацI буго.
Хунзахъги, ГIандибги, ГIахьвахъги, ЧIохъги,
ГIаламат жидерго бакъан, кечI буго.

Амма кив щваниги намусги яхIги,
РухIалдаса цебе гьабулеб буго.
Гьалмагъасе гIоло маян рухI кьезе,
МагIарул гIадамал хIадурал руго.

Балагье хабазде мугIрул васазул,
ГIураб росулъ гурин гьел регун ругел,
Хал гьабе заназде кавказиязул
Кроваталда тIад къаншичIин берал!

Гьале Волгаялда гуржиясул хоб,
ГIурус тIугьдул руго гьелда тIад рижун.
Гьале Днепралда дагъистанияв,
Тарасил ракьалда вуго гьав кьижун.

РикIкIад Бакъбаккуда – Порт-Артуралда
Осетияв хвана мех щвелалдего,
Доба Карелиялъ абхазиясул
ТIуна гIумрудул лент цIакъ гIолохъанго.

Гьаб Кавказалъул би кибго батула,
Гьаб Кавказалъул лъакI кибго дандчIвала.
ЦIиркъил тIом ретIарав нартасул наслу
Инсул ватIан цIунун цIадай кIанцIула.

ГIагараб, бокьулеб, Кавказалъул ракь,
КочIохъан чIухIула дур цIаралдасан,

ЦIвабзахъе рахарал рорхатал мугIрул
Дун вохxарав вуго дур вас вугелъул.

Дие бокьилаан дир кечIалдаги,
Кавказ, дур бакъалъул хинлъи букIине.
Дие бокьилаан дир рагIабазда
МагIарул гьавадул гьугьен букIине.

*1945*

## ЛЕНИН

Дихъ балагьун буго Ленинил сурат, –
Сабураб, гIагараб Ильичил гьумер,
ХIет гIадаб тамахаб мегежалъул рас,
Россия хIайранаб берзул балагьи.

Дида гьаб бихьана гьитIинго росулъ,
Москваялъул къватIахъ праздниказда.
Гьав кидаго цадахъ вукIарав гIадин,
Гьасул кверзул хинлъи лъалилан ккола.

Лъимадул гIадатлъи, гIамал, недегьлъи
Гьас рекIелъ цIунана тIолго гIумруялъ.
КIудияб халкъалъул хирияв инсул
ГьитIинав васасул букIана релъи.

Гьелъ батизе буго, кире щваниги,
Киналго росабалъ ва шагьаразда,
Халкъалъ эменилан абула гьасда.
Улкаялъ василан абула гьасда.

* * *

БухIулеб, бухIулеб, бухIулеб буго
Къояца, сардаца, саназ гьинал ракI.
БухIун бахъунареб, цIаги сунареб
Сундулдай мун гьабун бугеб, гьинал ракI?

ГьитIинго магIарухъ дида рагIана
ГIел цояв пионер кулаказ чIванин.
Гьев вукъизе унеб къб ракIалде щун,
Къварилъун бухIула ургьиб гьинал ракI.

ХIалица умумаз росасе кьолей
Цо ясалъул магIу бихьана дида.

Цинги каранлъ жаниб бакI гIоларого,
Кутакаб ццидаца бухIана дир ракI.

Испаниязул би, Мадридалъул цIа
Дир ЦIада росулъан бихьана дида.
Испаниязул би гьалдана чорхолъ,
Мадридалъул цIаялъ бухIана дир ракI.

РуссинчIо рагъдаса гIемерал васал:
ГIолохъаби, вацал, дир гьудулзаби...
Гьезул хиялаца, гьезул пикрабаз,
Пашманал ургъелаз бухIана дир ракI.

Мавзолеялдехун гьумерги буссун,
Москва, дур байдан чIван унел къояца,
Къо бакьулъ риидал багIар бакъ гIадин,
БукIана чIухIиялъ гьалдолеб дир ракI.

Гьанжеги воххула: цо нухалъ дида
Цеего йокьулей ясалъ къвал бана;
Дица, гьеб мехалда, гьелъие тана
ТалихIалъул цIаялъ бухIулеб дир ракI.

Къаси сардидаги сапараздаги
Сарин гьабулелъул, бухIула дир ракI.
Сариназда цадахъ, дир хирияб халкъ,
Дица дуе кьола каранзуниб ракI.

БухIулеб, бухIулеб, бухIулеб буго
Къояца, сардаца, саназ гьинал ракI.
БухIун бахъунареб, цIаги сунареб
Сундулдай мун гьабун бугеб, гьинал ракI?

* * *

Дир чорхол гьалиги, гьелъул бухIиги, –
Гьелда цIар лъун буго гIолохъанлъиян.
ГIумруялъул санал сверараб мехалъ,
Дир гIодой виччарав чи лъугьинилан.

Дун гIунгутIабазде гIин рехичIого,
Ва бергьенлъабазул рохел гьечIого,
Гьимарасе гьимун, цIар гьикъичIого,
Рукъалдеги вуссун хьвадизе вугин.

Гьудулищ, тушманищ, – щал рукIаниги,
Дир ракIалъ батIалъи гьабизе гьечIин.
Лъица квер кьуниги, киназулгIаги
Цого къагIидаялъ къан кквезе бугин.

Дун гьедулев вуго гьеб къо щвезегIан,
Жакъаго къоно чIван къаникь бокьилин,
Ялъуни кьурдасан гIурулъе кIанцIун,
ГIумругун ватIалъи тIаса бищилин.

## ТАЛИХIАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛ КУЧIДУЛ

I

Дун кибе, дун кибе, дун кибейилан
ХIинчI гIадин, йохъ, талихI тирулеб гьечIо.
Гьедин тира-сверун бачIараб талихI
ТалихI абун дица рикIкIине гьечIо.

ТалихI буго рагъун щвараб бергьенлъи,
Биги тIун гIурдада гIезабураб тIегь,
Кверазда пинкь бахъун гьабураб хIалтIи,
ХIалхьи, макьу гьечIеб гьалдолеб рокьи.

ТалихI буго сарин, цо рагIуй гIоло
Нус-нус рагIи хъвагIан лъугьинабураб.

Чияца цIибил къан гьабураб чагъир –
Дица гьекъола гьеб тIагIам гьечIого.
Дицаго цIибил цIцIун гьабураб чагъир –
Гьелъ гIадин кидаго дун мехтуларо.

Гьудулас гIезабун, тIад чIван кьилигун,
Ма рекIаян дихъе чу кьеялдаса,
Дицаго гIезабун гьудуласухъе
Гьеб бачун унелъул рохел цIикIкIуна.

Нилъ тIад хIалтIичIого, балагьичIого,
РакIалда гьечIого бачIараб талихI –
Гьеб – маймалакалда батараб месед,
Расги багьа гьелъул гьелда лъаларо.

Дун талихIав вуго, хIасратай гьалмагъ,
ХIеренаб гьудуллъи, гьуинаб рокьи,
Ракьалда щибниги иш гьабичIого,
Гьадинго бигьаго босун гьечIелъул.

Цоги дун воххула, дир хирияв вац,
Дица дир халкъалъе хъварал асарал,
РакIалдаги унтун, карандаги ччун,
Черхалъулъги рессун гъарурал рукIун.

II

Абула халкъалъул магIица ругин
Волгаги, Кураги, Койсуги гъарун, –
Гьелъ батизе буго талихIгин рохел
Гъаб нилъер халкъалъе гъадин хирияб.

Абула мугIрузда багIарал тIугьдул
БагIараб биги тIун раккарал ругин, –
Гьелъ батизе буго ракьалда рекъел
Нилъее бокьулеб лъидасаго цIакъ.

Азарил векаца квачай бихьунин, –
Канлъи, хинлъи нилъей хиралъун бугеб.
Нус-нус соназ чанги ракъи бихьунин, –
Чадил тIагIам бищун нилъеда лъалеб.

Нилъее бокьула рокьи, гьудуллъи, –
Гьалагал кьалазда замана индал.
Нилъ роххизарула рогьалил бакъалъ, –
БецIаб кIкIалал тIинда векал тIамидал.

ГIемер туснахъ бихьун ругьунлъана нилълъ,
Гьаб эркенлъи цIунун, цIадаре инзе.
ГьечIо дунялалда нилъгIан талихIал,
ТалихI гурхIел гьечIеб рагъулъ босарал.

III

Дун чIухIарав вуго гьаб улкаялда
Эбелалъ гьавидал ва гьанив гIедал;
ГIурда тIегь бетIизе къулараб гуреб
Лъийниги къулизе бетIер ккечIелъул.

Амма унтула ракI, рикIкIада ругел
ТалихI къарал вацал цереги тIамун.
Къварилъула керен мех-мехалда дир,
Рохел лъачIей цо-цо тIулил яц йихьун.

Исана цо росулъ дандчIвана дида

ЧIегIерал гIадатаз гIазаб кьурай яс. –
Дие рохел гьечIо гьелъул гьурмада
МагIу бакъвачIого, бакъ кунчIичIого.

МугIрузда терелев вукIараб мехалъ,
ТалихI къарав гIащикъ вихьана дида. –
Дир рекIей кеп гьечIо, кодой ясги щун,
ГIищкъул мурад тIубан гьев вихьичIони.

Дие бокьун буго гьаб дир эркенлъи
Аргентинаялъул туснахъазеги,
ТалихI бокьун буго гIахьал гьабизе
ГIазабалда ругел алжиразулгун.

Дие макьу киса, рагIула угьди
Унтарал негразул сардилъ кидаго.
Кванил тIагIам гьечIо, цебе кверги ккун,
Калькутталъул лъимал тIамула цере.

АнцIила анкьго сон... унтун буго ракI,
Испания, Мадрид, духъ балагьун дир.
Дие хIалхьи гьечIо гьеб дур ракьалде
Гьалмагъ Ибаррури нахъ юссиучIого.

Кидадай лъугIила гьаб дунялалда
Гьардухъанлъи, лагълъи, гьереси, туснахъ?
Электрикалъул бакIидаги лъун,
ГIадамазул бутIрул къотIулеб заман?

Кида Турциялда, хIамбаллъиги тун,
ТалихI лъималазда лъалеб, бихьилеб?
Кида дунялалъул тIолго халкъазе
Роххалил багIар бакъ даим къалъилеб?

Дие бокьилаан гьаб дир эркенлъи
Океан, зоб гIадин гIатIид гьабизе;
Ракьалда киналго къварид ругезе
Къо-сордо кинигин гIахьал гьабизе.

Дир роххалил бакъул багIарал чIораз
Берлинги, Парижги хинлъизабизе.
Дир гьурмада чIвалеб тамахаб гьури
ТалихI босун кибго свердизабизе.

Дун гьеб талихIалда къойил божула, –

Къеркьолел гIадамал гIадада гьечIо.
БагIар бакъ бачIина, гьелда ракI чIола, –
ТалихI гIаламалъе гIураб буго гьаб.

*1963*

## ТIОЦЕБЕСЕБ КЕЧI

Рачел борчилалде, чу кьололалде,
Чирахъул канлъухъе къаси сардида,
РикIкIад кIкIалал росулъ, дир инсул рокъоб,
Дица хъвана анкьго гьижа бугеб мухъ.

Хадуб классалда масъала хIалел
ХIисабалъул дарсда рукIараб мехалъ,
Дица, учительги тохлъизе гьавун,
Дове-гьанив вуссун хъвана цоги мухъ.

Киноялде вачIун, билет гьечIого,
ГIодов чIчIун соролев васасда релълъун,
ВукIунаан даим щибаб дарсида,
Дир пиша цосина бихьизе гурин.

Дарсал лъугIаралго, цIумур кьабигун,
ЦIалул къо арабго, дун классалда
Киналго рокъой ун цо вукIунаан,
БакIица нахъасан нуцIаги рахан.

Ва сторожасул сас рагIарабго,
Дир рекIел букIараб гIанкIилаб хIинкъи;
Дун хIел-хIедулаан щибго гьабилин,
Гьаниса дун къватIив гъогеян абун.

ЦIакъ лъикIав сторож вукIана нижер, –
ВукIаян толаан гъос дун паракъат.
Ва амма инсуда абун батана
Дур васасул бетIер сверулеб бугин.

Вегараб ххвел гьабун эбелги гуккун,
Кету гIадин балъго тIадеги вахъун, –
Дир тIоцебесеб кечI, тIоцебесеб кечI,
Дуе гIоло дица сордо рогьана.

Хадуб рогьалида букIараб рохел, –
Къадал газеталъул редакциялде Дица,
ТIоцебесеб Маялъ бахъизе,

Дирго тIоцебесеб кечI кьураб мехалъ.

КунчIун къалъараб бакъ,
байрахъазул къо,
КъачIан чIухIун буго нижер школа.
Клубалда жаниб «Правдалдаса»
ГьитIинаб букIинчIо бараб газета.

Газеталда сверухъ лъималазул гор, –
Дир рагIаби руго рагIун цIалулел.
Дунилан абуни, лъимал инегIан,
Эзухъ рикIкIадасан вуго валагьун.

Хадуб газеталъухъ балагьарав дун,
Бадиб цIа рекIараб гIадин, тIуркIана, –
Бихьула дир кочIол бищун рекъараб
Ункъо куплет буго гьоркьоб биччан тун.

Ва ле, авторасул изну гьечIого,
Дир асар къокъ гьабун бугилан абун,
Дица гIарза хъвана директорасде
Дов редакторасе тамихI гьабеян.

Цинги директорас, кабинеталда
КочIол жугьабазе гIоло гIодулев,
Дун вуссинавуна инсуца гIадин,
Ва рекъезавуна къадал газетгун.

Амма букIаниги нахъияб къоялъ
Къаси школалда вечер гьабигун,
Редакторзабазе квешезе дица
КинабгIаги назму тIубан цIалана.

Гьедин хъвана дица тIоцебесеб кечI,
Куплетал гьабсагIат ракIалда гьечIо.
Дир асар хис-хисун къокъго бахъараб
Къадал газет битIун букIун батила.

Амма букIаниги щибаб кечIалъулъ
Кидаго цIунизе анищ буго дир:
ТIоцебе кечI хъвалеб мехалъ букIараб
РекIел бацIцIалъиги цIилъи-рокьиги,

Шибаб мухъий гIоло чорхол хIинкъиги,
ХIалхьи бихьичIого, рахIат лъачIого,

БорчIараб сордоги, тIамулеб мехги,
ТIоцебе букIараб бидул хехлъиги.

*1952*

## ДИР ЛЪЛЪАР

Дица гьекъола лълъар бакъалъул рахъалъ,
Бакъалъул киналго чIоразул рахъалъ, –
Йохъ, дун хIинкъуларо бакъин абизе
Дир йокьулелдаги, дир лъимадаги.

Дица гьекъола лълъар хIанчIазул рахъалъ,
Наял тIад рештIунел тIугьдузул рахъалъ, –
Найилги тIогьолги гIадинаб гурищ
ГIищкъу бергьаразул хурхен букIунеб!

Хаслихъе Югалде даим къокъунел
Къункърабазул рахъалъ гьекъола дица, –
Биччай цонигияб камунгутIизе,
Киналго ихдаде нахъе руссине.

Кьурда эхетараб, лълъурдул гьетIараб
РитIучIалъул рахъалъ гьекъола дица –
Биччай чанахъанас кьвагьараб гулла
Кьурулъ къан хутIизе, гьелда щвечIого.

Дица гьекъола лълъар хъазалъул рахъалъ,
Хъазил кечI ахIизе чIаголъи гьечIо.
Ва амма хъазалъул хIулиялъ гурищ
Пушкиница кучIдул нилъее хъварал!

ГIисинал гъутIбузул рахъалъ гьекъола, –
Гьел ракъвангутIизе, къулунгутIизе,
ГьитIинаб лъимадул рахъалъ гьекъола, –
Гьев дагьав гIодизе, гIемер велъизе.

Дица гьекъола лълъар гьудулзабазул
Киназулго рахъалъ, щивасул рахъалъ,
РикIкIаде аразул, аскIо ругезул,
Адрес лъаларезул, лъалезул рахъалъ.

ГьитIинго йихьарай, тIокIай йихьичIей,
Йихьизе хьул бугей ясалъул рахъалъ.
Рагъда хабар лъачIев, нахъе вачIинчIев,
ВачIинин божулев вацасул рахъалъ.

Дица гьекъола лълъар, магӀарул чӀужу,
БагӀараб бакъ дуе даим гвангъизе.
Дур ургъел, дур захӀмат жеги бихьиназ
Бащад босун гьечӀо, гьеб дида лъала.

Дица гьекъола лълъар, рагъалъ гьарурал
Киналниги ругънал данде рачӀине,
Хабалъ рукъаралги, къоно чӀваралги
ЧӀаго хутӀаразда кӀочонгутӀизе.

Риччанте ракьалде цӀиял рагъазул
ЦӀаял тӀокӀал берда рихьунгутӀизе.
ЛъикӀал гьудулзаби гьалагал гулбуз
Нилъер мухъазулъа рахъунгутӀизе.

Дица гӀадамазул рахъалъ гьекъола, –
ГӀагарал, божарал – батӀалъи гьечӀо.
Биччай гӀадамазе гьаб ракьалда тӀад
Макьу гьуинлъизе, хӀинкъи лъугӀизе.

Биччанте гьабураб кӀудияб хӀалтӀухъ
ХӀанчӀазул эркенлъи гьезий букӀине, –
ХӀанчӀаца кечӀ ахӀун босулеб буго,
Биччай инсанасе ургъалихъ кьезе.

КӀудиял, гьитӀинал улкаби рукӀа,
КӀудиял, гьитӀинал миллатал рукӀа,
Биччанте, гьитӀинаб миллаталъул чи
ГьитӀинлъун кидаго вихьунгутӀизе.

Биччай фамилия хисичӀого гьел
Гьаб дуниялалда даим хьвадизе.
Биччай шивас жиндир миллаталъул цӀар
Анкетазда чӀухӀун ракӀ-ракӀалъ хъвазе.

Нилъер ракь кӀудияб, гӀатӀидаб буго,
ГӀела киназего гьениб чӀезе бакӀ,
ЧӀухӀарал цӀвабзазе зоб кинигинан,
Карачалабазе ралъад гӀадинан.

Риччанте, зобазда цӀваби кинигин,
КенчӀезе гӀадамал дуниялалда!
Риччанте, ихдаде тӀугьдул кинигин,
ТӀегьазе гӀадамал дуниялалда!

Биччанте, цоцазе канлъи, хинлъи кьун
Цо хъизам букIине тIолго халкъалъул!
Дица гIадамазул рахъалъ гьекъола, –
ЧIахъаги гIадамал дунIялалда!

*1953*

## ЗАМАН

I

Жеги чи рекIинчIеб, бетIергьан гьечIеб
Гьагаб бекерухъан буго замана.
ХIатIирохьенги бан гьеб кIутIуларо,
КIалдиб чIолорхъо бан чIезабуларо.

Азарил соназул гIорхъаби рахун,
Нуха лъалхъичIого бекерула гьеб;
Гьелда гьоркь ракьалъул кьерал хисула,
Хинлъи, цIорой гьелъий батIалъи гьечIо.

Щибаб рогьалида гьелде нилъеца,
Гьоболасде гIадин, салам гьабула.
Нилъго заманалъул гьалбаллъун рукIин
Гьалагал ракIазда кIочон батула.

Нилъ гьанир ахIдола, дора кьурдула,
Кьер-кьерал соназул къимат гьечIого.
Амма хъахIаб полоп чоде рехигун,
Ригь арал нилъеца кверал хIанчIула.

Киб тараб гьалдолеб гIолохъанлъийин,
ГIащикъаб ракIалъул гвангъараб цIайин,
Даим инагьдула арал соназухъ, –
Уна бекерухъан нахъа нилъги тун.

Уна гьеб боржунеб жо гIадин хехго,
Шагьарал, улкаби, векал нахъа тун.
БачIунаго кквезе лълъар гьечIо гьелъул,
Лъутулаго кквезе рачI гьечIо гьелъул.

Дир гьудул, гIадада тIамуге заман,
ГIумру цо нухалда кьун бугин нилъей. –
Кьолода кверги чIван чIухIараб чода
ЧIолорхъо базе мун хIалтIе гьитIинго.

II

Дир гIисинал сонал, лъимадул ихал,
Унго дица нужер гьабичIеб къимат!
Нужер къоял-сардал хехго агиян,
Гьезул халалъиян вукIунаан дун.

ГьитIинаб мех тана тIогьол гIурдада,
ГIолохъанлъи щвана дие гьалдолеб.
Гьанже сардал-къоял къокълъун ругеб куц,
Кире гIедегIулел ругел гьал гьадин?

КигIан заман бараб дица ракьалда?
Лъеберго сагIатищ, лъеберго сонищ?
Я лъабго минутищ? – лъазе кIоларо. –
Замана, чIа дагьалъ дида аскIоб мун.

ЧIа, хисизе тоге дир ботIрол расал!
ЧIа мун рогьалиде хъахIлъи рехигун,
Яги зодихъ цIваби кунчIулеб мехалъ,
Дун камилай ясгун дандчIвараб мехалъ.

Дун гIедегIаравго, хIинцго билълъунеб,
Дий хIинцго бокьани, гIедегIун унеб, –
ГIамал кинаб нилъер данде кколареб?
Кин дур къимат лъачIеб дида гьитIинго?

Кверзукьа борчIараб хIинчIалда хадуб
Лъимер гIадин вуго дун духъ валагьун.
Гьанже бокьилаан ракьалда даим,
Замана, дур гьабил гьеб хIос бекизе.

Амма хIос чIечIого сверулеб буго,
ЦохIониги лахIзат гьоркьоб течIого.
Гьеб дихъги балагьун гьимулеб буго,
Мун гIадал гIемерал рихьанин абун.

Нилъее гьитIинго, къимат лъачIого,
Къоялги сардалги хехал рокьула.
Херлъараб мехалда нилъ инагьдула
Араб заманалъухъ «пайда щибхаян».

III

Нилъ заманаялъул ясикIабийищ? –
Нилъ махсараде ккунтьаб хIалтIулеб куц!
Цин гьалъ нилъ ракьалда гогьлъизарула,

Берзуй канлъи кьола, кверзуй жан кьола.

Нилъер пикрабазда кваркьаби гъола,
Каранзул ракIалъе анищал кьола.
Ихдал зодихъ нилъей цIваби ракула,
Рогьалилъ рукъой бакъ кIанцIизабула.

ГIолохъанаб мехалъ, ихдалил моцIалъ
БацIцIадаб цIа гIадаб гIищкъу гьелъ кьола.
Нилъеда абула: «ургъе, хIалтIеян,
ХIасратал куркьбалгун кирго роржаян».

Гьединан рукIуна хиялазулъ нилъ,
Амма хиянатав гьудулас гIадин,
БачIун заманаялъ нахъе босула,
Жиндир налъи кьеян кьурабщинаб жо.

Босула нилъехъа беразул канлъи,
Кверазухъа къуват, черхалъул сахлъи.
Ссвинарула зодихъ нилъее цIваби,
БецIлъизе гьабула гьайбатаб дунял.

Дир хирияй гьудул, сонаца дихъа
Бахъила кинабго гурхIел гьечIого.
Амма дуде бугеб гьалдолеб рокьи
Гьелъухъе кьеларо дунго хвечIого.

## САГIАТ

Дун къаси сардида цо вуго рокъов,
ГIодой биччан буго кинабго тIагIел:
ТIехь, къалам, стол, бакI, чирахъ, радио,
Ригь-мина, сверухълъи буго сас къотIун.

ГIицIго къеда бараб хIикматаб тIагIел
ТIинкI-тIинкI-тIинкI-тIинкIилан кIетIола даим.
Ва щибаб кIутIиялъ гIумрудул бутIа
Борцун цояб рахъалъ лъола гьалъ нилъер.

КIетIола хIалтIуда нилъ ругеб мехалъ,
КIетIола хIалхьуда нилъ ругеб мехалъ.
Цоцин рекIел кIутIи, беразул къапи
Биччаларо гьоркьоб гьалъ гIумруялъул.

ТIинкI-тIинкI-тIинкI, – бегана тIехьалъул тIамач,

Гьеб тIехьалда тIанчал гIемерал гьечIо.
ТIеренлъулеб буго гьеб щибаб къойил,
Къокъаб гIумру буго гIадамазе кьун.

ГIасияб бухгалтер заманаялъул –
Нилъ кьижананиги гьеб кьижуларо.
Гьелъ хIинцго рорцуна минутал, сагIтал, –
Сонал ун ратула бер рагьилалде.

Щибаб бакъанида гьикъула дица
Жакъа дица щиб жо гьабурабилан,
Цо нухалъ дий кьураб хирияб гIумру
ГIадада сагIтица рикIкIунгутIизе.

*1952*

## ЦIУМАДА ГIОРУХЪ

Эхеде балагье – гIазулал мугIрул.
ГIодоре балагье – гIурччинал хурдул.
Зодил цIваби руго ЦIумада гIурухъ
Полпил карачелалъулъ чвердезе рачIун.

Чарамул сиязе макьу течIого,
Тобот кьурабалъан буго чвахулеб.
Кьижараб росдада бецIаб сардица
Бан буго жиндирго чIегIераб юргъан.

Ниж мугIрул ахада, гIурул рагIалда,
Чуял гIурде риччан, гIодор рукIана.
ГIолохъанай ясалъ тIубан сордоялъ
ТIамур кIутIун нижей кучIдул ахIана.

Огь, кинаб недегьлъи, кинаб гьуинлъи,
Кинаб пасахIалъи гьезулъ букIараб!
Кинаб рекIел гIищкъу, кинаб пашманлъи
КочIол бакъаналъулъ дида рагIараб!

МагIарулаз балъго гьабулеб рокьи
Панаял сариназ рагьун бицана.
Хераз квер хIанчIана «гIолохъанлъиян».
ГIолилал ахIдана «воре, босеян!»

ГГантаб моцI букIана, гьеб бичIчIичIого,
ГанчIазда тIад кунчIун зодихъ лъеделеб.
Ва ургъел гьечIеб гIор гIодоб чIечIого,

Чвахулеб букIана рикIкIаде эхей.

Ригь арав лълъарахъан хъабаги босун,
Нижер стакаби цIолев вукIана.
ЦIвабзазул сардилгун кьер цояб чагъир
«Босе, гьекъейилан!» – тIолев вукIана'.

Ниж, гьекъечIоници ясалъул кучIдуз,
Киналго церего мехтун рукIана.
Ва дида кколаан, дун кьурабалъан
Йокьулелда хадув харулев вугин.

Хиялал рукIана гьале гьабсагIат
Ясгун данде чIвалин, гьей данде къалин.
Ва дуниялалда гьел лахIзатазда
Дидаса талихIав щивго вукIинчIо.

КучIдузулъ ахIана гъотIол ахада
Гъал чIегIерай ясгун рогьараб сардил.
МугIрузул чан гIадин, чода цее лъун,
Йокьулей гIолилас хъамун иналъул.

КучIдузулъ ахIана кIиго тIегьалъул,
Цоцаде щапулеб, данде щолареб.
КучIдузулъ ахIана кIиго гIищкъудал,
Цоцазухъ гьалдолеб, данде кколареб.

...КIочонареб сордо, сурмиял накIкIал,
Сверухъ гIенеккун чIун гIазизал мугIрул;
Нахъасан балагьун ЦIумада росу,
ГIоралъ росун унел ясалъул кучIдул.

ЛъачIо нижеда цIад щенолеб букIин,
ЛъачIо хъахIлъи кигIан рехарабали.
Рогьиндал кьолона кьариял чуял,
Кьурул нухаздасан руссана нахъе...

Гьанже шагьаралда гьерсаца, къецаз
Къварид гьавуравго, ракI сукIарабго,
РакIалде бачIуна ЦIумада гIорухъ
ГIолохъанай ясалъ ахIарал кучIдул.

Гьелъ керен чучула, черх цIилъун уна,
ЦIвабзахъе воржунев гIадин лъугьуна.
Ва борхалъудасан велъанхъула дун

Мурадал гІисинал гьерсихъабазда.

Дунялалъул лъикІлъи,гьайбатлъи, гьудул,
Гьениб бугебщинаб берцинлъи, гьудул,
Гьеб бихьулареэда, бичІчІулареэда,
Валагьги, билагьги барахщула ракІ.

## АВАР ГЪОЙСУ

Мун бекерулеб киб, хирияб Гъойсу,
Лъида хадуб гъезе гІедегІун бугеб?
Я дур рукъ бикъарал цІогьалищ ругел?
Я рокъоб къайи тун гьалбалищ арал?

ГІазизал мугІрузул лъаралги рачун,
Лъицаниги хъамун унебищ бугеб?
КьегІер кІалдиб ккураб бацІил тІинчІ гІадин,
ТІад магІарухъан мун лъутулеб щайзе?

Дун мугІрул тІогьисан балагьун вуго
Дур бижиялъухъги, пишаялъухъги.
Борхатаб кьурдасан мун кІанцІулеб куц,
Кьурулъ ганчІазда мун речІчІарулеб куц.

Дида рагІула дур дагІбаги, къецги,
Цоги лъилго гьечІеб гьаб дур бакъанги.
КІкІалабахъ къваридаб, къватІиб гІатІидаб,
ГІурдада биххараб гьаб дур чвахиги.

Духъ балагьун дица гьабула хІисаб,
ХІасратал мугІрузул гІазизаб халкъалъ
Жидерго хасият дуе кьун бугин,
Яги дур хасият гьелъ босун бугин.

*1952*

## КАСПИЯЛЪУЛ КАРАЧАЛАБИ

Ва дир Каспиялъул карачалаби,
Кинаб мацІ нужеца бугеб бицунеб?
Цин гІодоре риччан руго щурщулел,
ГІисинаб гьороде ихдал хер гІадин.

Цин рахъун хъудула, гьатІан къоязда
Гьаб Дагъистаналъул базарал гІадин,
ЦохІого лахІзаталъ мугІрул халкъазул

КIикъоябго мацIалъ кIалъалел гIадин.

Цин хварав васасухъ керен гъалдолев,
Гъесухъ инагъдулев эменин ккола,
Яги бецIаб къавмалъ къварид гъавурав
Унтарав гIалимчи ватилин тола.

Щиб нужер къварилъи, щиб нужер рохел,
Щиб нужер бахчараб кечIги рагIиги,
МагIна бичIчIулареб асар гъабулел
Меседил Каспидал карачалаби?

Нуж гIадин букIуна дирги гъинал ракI
Гъелчелаб, ахIделеб дагIба-къецалда.
Цого къварилъидай гъаб нилъер бугеб?
ЦохIого рохелдай гъаб нилъер бугеб?

Гъедин ккун батила дирго ургъелал
Нужеде рикьизе бокьулеб дие.
Гъедин ккун батила кив вукIаниги
Нужер гъекъолареб лъехъ къечолеб ракI.

*1952*

## ЧIЕГIЕРАБ ГIОР

АнцIго мегIералъул лъаралги цолъун,
Лъеберго кIкIалазул иццалги цолъун,
Аваристаналда борчараб рачел –
Чваххун унеб бугеб Гъара-Гъойсу гIор.

ГIалхулаб, биххараб, мехтун тарталеб
Рахас бан чIолареб гъведа релълъараб, –
Гъалда магIарулаз, дида рагIана,
ЧIегIераб гIорилан буго абулеб.

Чан мугIрул ясалъул бахIараб гIумру
Гъалъ цадахъ босараб Каспи ралъдалъе!
Чан гIолохъанасул дагIбаги къецги
КъотIизе гъабураб гьагаб чваххиялъ!

Чан мискинзабазул росабалъе ун
Гъачагълъи гъабураб карачелабаз!
Чамав чара къосун чармил кьурулъан
Гъелъул чваххиялде гъорлъе кIанцIарав!

Чан магIу хутIараб хвечIого жеги
Гьалъ васал тун арал улбуз ахIулеб!
Харбал кигIан ругел магIарулазул
Ццидалаб гIоралъул гIасилъи бицун!

Амма букIаниги, гьаб дир ракIалъе
ГьитIинго бокьана Гъара-Гъойсу гIор.
МугIрузда букIунеб гьалъул хъудиги,
Авлахъазда гьалъул гьайбатаб сасги.

Росулъа сапаралъ унеб мехалда
Гьалъ нухарегIана дун чанги верстаз.
Ва МаххукьотIа чIун гIащикъаб ракIалъ
ГIенеккана гьалъул кочIол гьаркьазухъ.

МугIруздаса рикIкIад вукIараб мехалъ,
Доба Сибиралда, Енисеялда
Дида нусго нухалъ ракIалде щвана
КIичI-кIичIун чваххулеб дир хирияб гIор.

Ва щибаб нухалда инсул росулъан
Дун вачIунеб мехалъ данде чIвала гьеб.
Цин цо-цо ццидал цIун цидул тIинчI гIадин,
Нахъеги разилъун рохалил кечIгун.

Дида дандечIвана чIухIун авлахъал,
Эркенаб чваххиялъ ахал гьарурал.
Рихьула росаби сверухъ кисанго,
ГIорул карачелаз чирахъ бакарал.

Бокьула дие мун, Гъара-Гьойсу гIор,
ЧIегIераб гIорилан цIар букIаниги,
Дур карачалабалъ хабар лъачIого
Чанги лъикIал васал тIагIананиги,

Дур лъадалъ некIсиял дир умумузул
МагIугин би жубан букIананиги...
Бокьула дие мун, дур гIайиб гьечIо,
ГIумру доб мехалда букIана додин.

Доб гIумру хисизе гьабурал чагIаз
Хисизе гьабуна гьеб дур гIамалги. –
ЧIегIераб гIоруца гIурччинаб ахги
Ва хъахIаб канлъиги кьуна халкъалъе.

*1952*

## КВАТІАРАЛ МИЛЪИРШАБИ

Кинида рущарал лъимал кинигин,
Бищунго цересел лъарал рорчIана.
Щай нуж рачIунарел, щай нуж кватIарал,
Куркьбал меседилал гIисинал гьалбал?

Щиб календаралъухъ балагьаниги,
Киназго апрель моцI бихьизабула.
Даим зодил нухалъ хал ккун вугин дун,
Хехлъи гьабулареб щай, милъиршаби?

Нуж рачIараб мехалъ, боххула тIалъи,
ТIегь бала гьутIбузда, гIурччинлъула ракь.
ГIурда хер баккула нужер гьаркьаца,
Рокьи гьуинлъула нужер бакънаца.

Бакъ бачIуна хехго хинлъиги босун,
Росаби, шагьарал тирун буссине,
Меседил матIудахъ гIанчIай яс гIадин,
Каспи ралъадалъул лъехъ балагьизе.

Нуж рачIараб мехалъ, роххула лъимал,
Херал пашманлъула ригь унеб бугин;
Ахикь васазе мех цIала ясаца,
РачIа, милъиршаби, щун бугин заман.

Нуж щвейгун мугIрузде гIиял руссуна,
Росаби гIухьбузде данде рачIуна.
Нужер кваркьабазул сукIиги гьабун,
Солдатаз ритIула рокъоре кагътал.

Роххалил чапарал, ихдалил гьалбал,
Исана кватIанин, кир хутIарал нуж?
Рагъабазул мокърокь тIикъва-магIги чIван,
Нуж тIаде щвеялъухъ халккун ругин ниж.

Хириял, хIасратал, русса нахъ хехго,
Хинлъиги, рохелги босе нижее.
Нус-нус сонал рарал херал мугIрузцин
ХъахIал тIагърал нужей гIоло рахъулин.

**ТIАНСА**

РекIараб кIукьмаххалъ, гьитIинаб мехалъ,
Эбелалъ гьайбатаб тIанса къотIигун,
Гьеб букIана дие кIудияб рохел,
РакIалде щола гьеб щибаб сагIаталъ.

Дица рикIкIунаан киналго кьерал,
Кьералъ рорцунаан тIолго накъищал,
Къали бухичIого, хъат кьабичIого,
Кьурдулаан гьелда гьитIинав вас, дун.

Дир гIазизаб ВатIан – ихдалил моцIаз
Гьаб дур тIалъиялда тирулеб мехалъ,
Дида гьитIинаб мех, ракIалъул рохел
Ва гьайбатаб тIанса цебе бачIуна.

Ккола тIабигIаталъ гьеб тIансаялъул
ТIолалго накъищал рикъун ругилан.
Яги бакъалъ, цIадалъ, цIияб канлъиялъ
Кисанго тIансаби уIамун ругилан.

Ва гьитIинаб мехалъ гIадин роххалилъ,
Къали бухичIого, хъат кьабичIого,
Дий бокьун букIуна кьурдизе гьанив –
ГIарцул тIансаялда, инсул ракьалда.

## КУБАЧИБ

*Расул ГIалихановасе*

Дир берда бихьана Кубачи росулъ
Кинан устарзаби хIалтIулелали.
ЦIороберазда тIад цIороберал ран,
ЦIодорго, бегIерго рикIарулеб куц.

Щибаб накъищ-ишан гьез къачIалеб куц,
Щибаб кьер-гIаламат гьез гьабулеб куц.
Кинаб кIудияб яхI, бергьараб сабру,
Огь, букIине кколеб гьал гIадамазул!

Цо гьитIинаб накъищ мекъи ккванани,
Гьаз жидер канлъи кьун гьабураб хIалтIи –
БетIер унтизегIан, квер цIунизегIан
Гьабула цIидасан, свак-кIвахI гьечIого.

Бокьилаан сабру кубачиязул
КучIдул хъвалеб мехалъ дилъго букIине,

Щибаб накъищ гIадин рагIи къачIазе,
КъваригIани нусцIул цIидасан хъвазе.

*1952*

## КУЧIДУЗДЕ

ХIалтIудаса хадуб букIуна хIалхьи,
ХIохь бахъизе рагъда рукIуна сагIтал.
Солдат гьужумалде вахъун унелъул,
Лъалхъула мех-мехалъ гуч бакIаризе.

Дир рекIел асарал, нуж ругел дие
Жигараб хIалтIиги, хIалхьул сагIталги.
ХIайранал назмаби, нужелъ букIуна
Дир рекIел рокьиги, дир рекIел ццинги.

Эбелалъ кинидахъ гьуин гьарурал
Киналго сонаца рукIуна цадахъ.
Нуж макьил бакIалда кьун руго дие,
Нуж рокьигун цадахъ рачIана дихъе.

Дир назму, эбеллъи гьабуна дуца,
Гьанже мун божарай гьудулин ккола.
Дун херлъараб мехалъ, лъала дида, мун
Лъимерлъун букIина бищун урхъараб.

Нахъе хутIаразда дун хвараб мехалъ,
Дир хабар бицеха дуца мех-мехалъ.
Берал къанщулелъул къасдал, анищал
Ва ургьиб гьинал ракI дица духъ тела.

Цин ккола дида мун вахине кIвечIеб
КIудияб, борхатаб мегIер бугилан.
Цо-цо мехалъ ккола кверда ругьунаб
Куркьбал меседилаб милъиршо бугин.

Воржине дир куркьбал, кьалда дир ярагъ,
Ругъунги, дарманги дир черхалъул мун.
Кида рагъ къотIулеб хIохь бахъиялъе?
Кида хIалтIи лъугIун бачIунеб хIалхьи?

Дир рекIел асарал, нуж руго дие
Жигараб хIалтIиги, хIалхьул сагIталги;
ХIайранал назмаби, нужелъ букIуна
Дир рекIел рокьиги, боркьараб ццинги.

**ГIОЛОХЪАНАВ ПОЭТАСДЕ**

Дуда малъльаризе лъугьунев гуро,
Амма гьари буго, гьудул, дир дуде,
Гьинал ракI бухIичIеб кечI гьабугеян,
Лугбал сородичIеб сарин хъвагеян.

Мун гьалмагъзабаз тун, гIагараз реххун,
Рохел хун пашманго хутIараб мехалъ,
Дуе хисичIого ургъел бикьизе
Рокьулел асарал аскIор рукIуна.

Гьел мунгун гIодула цодагьал сагIтаз,
Цинги кьварун чIаян кьола духъе квер.
Дуца хIурмат гьабе хIал ккараб мехалъ,
ХIалае рукIунел рекIел тIанчIазул.

Хъвай роххалиде кечI, амма гьарула
Гьоркьоб речIчIизабе цо-цо пашманлъи.–
Бертадул парталги, хвалил мусруги
Цого рукIкIацайин букъулеб, гьудул.

Хъвай-къаварилъиялъул, хъвай ургъелазул,
Амма цо-цо рохел реххе кочIолъе. –
Чвахулеб гIорул лълъин, гIолихъан поэт,
ГIаздалги, цIцIадалги лъугьараб бугин.

Рокьул бицунелъул кьал кIочон тоге,
Кьалул бицунелъул рокьи кIочонге, –
Рагъде вахъунелъул рагъухъанасул
РекIелъ рокьигун ццин цадахъ букIунин.

Воре гIедегIуге, гIагарав гьудул,
ГIедегIараб хIелкил гьаракь къун бугин.
КучIдуз цо-цо мехалъ мехтула гIадан,
ГIемер мех барабин беццулеб чагъир.

ЛъикIав чанахъанас чIороло гуреб,
ЧIегIераб цер кквезе бахъула жигар.
Доваги, гьанивги пударичIого,
Гьединабго цер ккве дуца кучIдузулъ.

**ГIОРАЛГИ ЛЪАРАЛГИ**

Рорхатал мугIрузда гIазу биингун,
ГIедегIун кIкIалахъе кIанцIула лъарал.
Ралъад, ралъадилан ахIдолаго гьел
Уна авлахъазде нахъ руссинчIого.

Ва амма багIарал бакъул чIораца
Ракъвазе гьарула гьезул чваххиял.
ХъахIил ралъад жеги рикIкIад букIаго,
РекIел къуватги хун къуна ракьулъе.

Халатаб сапар тун, авлахъал къотIун
Ралъдахъе унеб гIор лъарин угьдула.
Лъимер батIалъараб эбел кинигин,
Ургъалилъ чваххун гьеб ралъдахъе щола.

Ралъдалъ карачелалълъ кидаго дида
Койсуялъул лълъадал зигар рагIула.
БагIарун бакъвараб лъаралъул бицун,
МоцIги, цIваги, бакъги даим кIалъала.

Дир кочIол рагIаби, мугIрул лъар гIадин,
ГIурулъе щвечIого кигIан кIочарал!
Дир каранзуниб ракI, рагIи гьечIого,
Лъар камураб гIорлъун кигIан угьдараб!

## МУГIРУЛ ЦIУМАЛ

Харинир мокъокъал руго къвакъвалел,
Магъилъ чIоролаби руго чIерелел.
Ахикь, мустахIикъаб артист кинигин,
Даим булбул буго бакънал рачунеб.

ХIули меседилал, цоцахъ гIащикъал.
ГIедерал куркьбазул кIиго милъиршо,
Дица мокърокь чIвараб тIикъва-магIалда
ТIад босен гьабизе руго хIалтIулел.

Дир тIохил рагIалда тIавап гьабулел
ХъахIал макказул тIел релълъун бихьула
ЦIали лъугIарабго гIурччинаб харда
Данделъун кьурдулел кьерил ясазда.

Мун бечедаб буго, бергьараб улка,
КучIдул аваданал гIазизал хIанчIаз.
Ва тIолго хIанчIазул аллагьал гIадин,

Руго дур зобазда роржунел цIумал.

Биценалълъ цIар бугел гьел багьадураз
Рорхатал кьурабалъ гьарула рукъзал,
МугIрузул бутIрузул бетIергьаби – гьел
Гьоролъги, цIоролъги роржуна чIухIун.

НакIкIал гучал куркьбаз рикьизе гьарун,
Цин цо цIум бахуна борхалъиялде;
Хадуб, ахIуд рахъун унел кинигин,
Уна къукъа гьабун гьел гьаваялде.

Цин доре роржуна, цир гьанир уна,
Зобалъул гIатIилъи гIолареб гIадин.
ЦIодорал бераца балагьахъдула,
Жидеца цIунулеб ракь бугеб гIадин.

Гьезул гьаркьазухъе чIегIерал гъудул,
ЧIезе бакI лъачIого, хIинкъун лъутула...
Гучал цIумазулгун гIагарлъи бугеб
МугIрул росулъ ана дир гIемер сонал.

Ва бокьула дие, хъахIилаб зодихъ
Гьел свердулеб мехалъ, хал ккун вукIине.
Цин гьел хъаравуллъун мугIрузда чIола,
Цинги авлахъазде уна рикIкIаде...

Эбелаб ватIаналъ мугIрул цIумилан
ЦIар кьола бищунго бахIарчиясе.

*1952*

## ХIАНЧIИ

*Мустай Каримие*

Щибаб рогьалида ахикье щвейгун,
Роххалил гьаркьалгун данде чIвала гьал.
ЧIи-чIи-чIи, чIи-чIи-чIи, хириял хIанчIи,
Сундул хIакъалъулъ нуж чIирчIилел ругел?

Цоцазе бачунеб гIищкъул бакъанищ?
ГIагарал тIанчIазе ахIулеб кечIищ?
Яги нуж хIанчIазул чIараб назмуйищ,
Киназго ахIулеб цохIо сарин гьаб?

ЧIи-чIи-чIи – зодихъ бакъ буго къалъ-къалъун.
ГъутIби тIугьдулъ росун ясалин ккола...
МагIна бичIчIулареб нужер чIичIиялъ
Каранзул ракIалъе гьабулеб асар!

Дун чанги какана критикаца,
Дир кучIдузулъ хIанчIи гIемер ругилан.
ГIагарал, кучIдулъа кир нуж хъамилел,
КинабгIаги Кавказ нужер цIун бугин.

ЧIи-чIи-чIи – гьал нужер панаял бакъназ
Гьаб тIабигIат чIаго гьабулеб бугин.
Биччай дир улкадул киналго бокIналъ
Кидаго букIине гьаб нужер чIи-чIи.

Биччай дир югалъул цIар бугел хIанчIаз
Москва, Уралалда ахIизе сарин.
Биччай ахаз цIезе гIазизаб ВатIан,
ГIемерлъаги нужер бокьулеб чIи-чIи.

*1952*

## ГЪАСДА ЦIАДУХЪ

Дун цIадухъ гIодов чIун вуго, гIагарай,
БухIулеб буго хьоп къваридаб гъасда.
КъватIисан сас гьечIо, сверухъ хъуй гьечIо,
КунчIун, сун буго цIа зодихъ цIва гIадин.

Дун цIадухъ балагьун вуго хIайранго,
ХIикматаб, тамахаб, хинаб асаргун.
Гьелъ дий, инсул сарин ахIулеб гIадин,
Эбелалъул хабар бицунеб гIадин.

ЦIа свана, дун ана. Гьанжеги буго
Гьеб цIаялъул хинлъи дир чорхолъ хутIун;
Херав инсул сарин, эбелалъул кечI,
Кинабго цIидасан рагIулеб гIадин.

Росдал гъасда гIадин дуниялалда
Дун жеги хинлъичIо, я хинлъиларо.

*1953*

## СТУДЕНТАЛ

Дун институталъухъ, дир классалъухъ

Гьал киналго соназ чIалгIун вугев куц.
Киналго васазухъ ва жив-живасухъ
Дир каранзуниб ракI урхъун бугеб куц.

Дие бокьилаан цIидасан гьанже
ЦIурмица нилъ данде ахIулел ани;
Экзамен гьечIого, дарсал гьечIого,
Гьадинго киналго дандчIвалел ани.

КучIдул цIаличIого, къацандичIого,
Гьадинго цоцазде цо балагьизе;
Басрияб гьудуллъи, лъикIаб божилъи
Киназулго рекIелъ бугищан лъазе.

Гьаб дуниялалда, дида гьеб лъала,
Нилъер гIадинаб курс кибго букIинчIо:
РакIалги, кучIдулги, посылкабиги,
Стипендияги гIахьал букIана.

Общежитиялда чемоданалда
Чи вукIинчIо нилъер кIулал рахалев.
ВукIана гIицIго цо гьерсихъан нилъер,
Гьевги зарал бугев гIадан вукIинчIо.

ВукIана гIицIго цо барахщарав вас,
Гьесги нилъер къадру хвезе гьабичIо.
ВукIана цо цIукIа, вукIана гIарзчи,
Амма гIаммаб куцалъ курс босанани –

Меседил рукIана киналго васал,
Меседил рукIана киналго ясал.
Гьелъ дир анищ буго цIидасан гьанже
ЦIурмица нилъ данде ахIизе, вацал.

Экзамен гьечIого, дарсал гьечIого,
Гьадинго цоцазухъ цо балагьизе.

*1953*

## ЯСГУН ДАНДЧIВАЗЕ

Общежитиялда, ракIалда буго,
Гьека-гьунщиялда щвана гьав жанив.
КечI цIалулеб гIадаб гIищкъу-шавкъалда
Щивасухъе вачIун бицун тана гьас:

Жакъа, гьабсагIаталъ, гьаб дунялалда
Бищун лъикIай ясгун лъай-хъвай кканилан,
Къаси, сагIат микьго тIубараб мехалъ,
Метроялъул кIалтIа дандчIвазе кколин.

Гьелъул берцинлъийин, гьелъул къачIайин...
Заман хутIун гьечIин, хадуб бицинин.
Гьоркьоб мех иналде, полпица цIураб,
Гьурмада нусоца цохIо рас течIо.

Гьуинаб махIалъул одеколон гьас
Босун бащдаб шиша тIаде пунхъана.
Киналго васаца цадахъ лъугьун гьав
Ясгун дандечIвазе вуго къачIалев:

Цояс костюмалда иту тIамуна,
Цогияс бортараб маргъал букъана;
КIиго гверде гьасда щуцIул-анлъцIуса
Иргаялда хисун ретIинабуна;

Узбекас жиндирго квер гIанаб тIагъур
Гьаб лъикIан, йолдашан, кьуна гьасухъе;
Амма гIемерисез, рекъон букIинин,
Гьасул ботIрода тIад лъуна шляпа;

Цо лъидаялиго горбода бараб
Галстук далдализе гьабуна беццун;
Цингиги ясазул рокъове вачун,
Рекъон гьечIищилан тиризавуна.

Щибниги жоялда рекъоларел гьез
Гьал, дол гIунгутIаби рихьизаруна.
Гьел гIадахъ росана, живго инсуда
Лъалареб хIалалъ вас чIухIун къачIана.

Иргаялда гьасда гьалмагъзабаца
ГьитIинав чиясда гIадин малъдъана,
Ясалда цебе дур хIурмат букIине,
ХIалтIуда вукIанин дагьав кватIеян.

АнцIго чванта хъирщун, щугогIан тумен
Щиб ккантгийилан босизабуна.
МатIуялда цеве, росасе кьолей
БахIарай яс гIадин,свердизавуна.

Унеб сагIат щвана, къачIан вахъана,
Цо къайи цадахъас гъасда абуна:
Кинабго лъикIилан, пайда щибила
Гъел къалал хисизе рес бугебани.

Щай дица къалазул гъаниб бицараб, –
Дунго къватIив чIвазе, цIорояб кIал-мацI.

## ГЪАЛБАЛ УН ХАДУБ

Гъале дун хутIана гъаб дирго рокъов,
Гъудулзаби ана ва гъудул ана.
Гъезда цадахъ ана тIадагъаб рохел,
Ихтилатги, кепги, кочIол бакъналги.

Дун хIисабалъ вуго гъабсагIаталда,
Ва гъайбатаб сордо буго рогъунеб;
РакIалде бачIунеб, бачIунеб буго
БукIарабщинабги, рукIанщиналги:

Щив кватIун вачIарав, щив хехго арав,
Щив, кин лъида аскIов гIодов вукIарав;
Кинан щив кьурдарав, сарин ахIараб,
Лъил сахлъиялдасан лълъарал рорхарал;

Лъица гIаракъидал бакIалда даим
Цадахъ гIумру арал, гIалам сверарал,
Щив, лъица тамадал изну гьечIого,
Ирга цIехечIого цIолеб букIараб;

Щив рази вукIарав, щив гIунун чIарав, –
ГIажаибал чагIи, ана нуж хекко.
Биччанте, нуж цадахъ цо школалда
Дунгун ЦIада росулъ цIалун рукIинчIо;

Биччанте, кIвар гьечIо, цого полкалда
КIикъоялда цойилъ цадахъ рукIинчIо;
Биччай, нужеда гъорлъ, къаси гурони,
Дица квер босичIел васал рукIине.

Амма дир магIарул ракI боххун буго,
Нуж рукIарал лъикIал гъудулзаби цо.
Цадахъ гIумру арал, гIалам сверарал,
ГIазизал вацаллъун руго нуж рекIелъ.

Дун пашманго вуго, щайзе нуж арал,
Щай дир рукъ гьабсагIат чIобого бугеб?
Щай дунгун гьечIев мун, дир лъикIав гьудул,
РакIалъе бищунго хирияв гьалмагъ?

*1952*

## ДИР ГЪУДУЛЗАБАЗУЛ ВАС

*Е. Николаевскаялье*
*Б. Орджоникидзее.*

Дица Дир урхъараб салам битIула
Ункъо килограмм бугев васасде.
Биччай, инсул ригьде вахараб мехалъ.
Ункъго кило гьесул кверда букIине.

Дица дир урхъараб салам битIула,
Щибго гIакълу гьечIев, гIантав васасде,
Биччай, эмен гIадав гIураб мехалда,
ГIумрудул кинабго балъголъи лъазе.

Дица дир урхъараб салам битIула
Щибго гIадлу гьечIев гIодероясде,
Биччай гьесда тIолго гIумрудул соназ
ГIодизе ккараб къо бачIунгутIизе.

Биччанте босизе гьес даим цадахъ
ГьабсагIаталъ бугеб рекIел бацIцIалъи.
Биччанте вукIине лъикIав бихьинчи,
Би тIуниги магIу гIодой тIоларев.

Биччанте, гIазизав, гьитIинав лъимер,
ЛъангутIизе дуда къварилъи, гIазаб.
ПештIогеян абе ботIрода гулби,
Гвангъизе биччан те дуе ракълил бакъ.

*1952*

## ХIАБИБ

*(Эфенди Капиев ракIалдещун)*

Надалде чвахулел каралъул расал,
Жаниб цIа кунчIулел камилал берал –
КигIан хех арав мун, хирияв ХIабиб, –
Дир Дагъистаналъул хIасратаб сарин.

МугӀрул бетӀералда базе рекъараб
Бан гьечӀо жегиги дуе памятник.
Меседил хӀарпаца хъвазе рекъараб
Хъван гьечӀо дуде кечӀ гьудулзабаца.

ГӀазизал халкъазул къисабй хъварав,
Къисалъун хутӀана мун наслабазе.
ТӀадмагӀарулазул кочӀол хазина,
КечӀ гӀадин вукӀина нижер ракӀазда.

## СЕМЁН ГУДЗЕНКОДЕ

РацӀцӀадал ракӀазул, лъикӀал гӀадамал
ГӀумруялъ тӀахьазда цӀалана дица.
Къойил данде чӀварав чӀагояв гьудул
Даим ватӀалъидал гурони лъачӀо.

Гьесул гӀумруялъул, гьесул къасдазул
Къаникь гьев лъуравго гьабуна хӀисаб.
Ва кочӀол асарал гьесул хӀакъалъулъ
Гьесда рагӀулареб мехалда хъвана.

Дир хирияв гьудул, мунги хабалъ лъун,
ХутӀун вуго гьале дур пикрабалъ дун.
Унго гьаб балагьиш бачӀине кколеб
Багьаги къиматги чиясул лъазе!

Кида кӀочон телеб дур кверзул хинлъи,
Каламалъул лъикӀлъи, лъимадул релъи?
Дур рагъулъ рижарал лебалал кучӀдул,
КучӀдузулъ хутӀараб хвел гьечӀеб рокьи?

Москваялъул къватӀахъ кигӀан свердарав,
Цебеса унаро кинго дур гьумер,
Дуца абулаан, исанагӀаги
Дир Дагъистаналде вачӀине вугин.

Дуца кьураб рагӀи тӀубазабичӀо,
Арбаталда дунго вуго свердулев.
Цо-цо ккола дида мун цадахъ вугин,
Дуца дий цӀияб кечӀ цӀалулеб бугин.

*1952*

## ГЬИТӀИНАБ МЕХ

Жеги ботIрол расалда
Саву ккун гьечIониги,
Жеги гьениб хIанчIаца
Босен гьабичIониги,

Дида гIумрудул рогьел –
Дирго гьитIинаб заман,
Гьуинаб макьу гIадин,
Цебе тIамулеб буго:

Кьурул ракьанда росу,
Росда цебе тIогьол мегъ,
Цин хIорихъ вукъардилев,
Цин къватIахъ васандилев.

ГIурдада накуги чIван,
ЧIинхал рикьи гьабулев;
Гьабихъа хIатIги бахъун,
ХIамагун чу къачIалев.

Сентябралда цIумур,
Дир цIар абун, кьабула.
ЦIалдезе классалде
«ВачIа мунин» ахIдола.

Гьениб ясалда аскIов
ВукIине бокьиларин,
ВукIуна дун бищунго
Ахираб партаялда.

Гьудуласдаса балъго
Дарсалги лъазе гьарун,
Гьев свердизе гьавула,
Дунго цеве ккезеян.

Цо-цо вихьула дунго,
МагIардаса эхеве,
Рехрараб гамачI гIадин,
Гирун унев чангъазда.

Хадуб щола ракIалде,
Борхатаб чармил кьурде,
Чан кинигин харулев,
Хасало цIа бакизе.

ЦIадуда сверухъ лъимал,
Ниж гIодор рукIунаан.
БукIараб кеп, цIакъаб мех –
ЦIали, хIалтIи, дагIба, кечI.

Бицинаро кинан дун
Каспи ралъад бихьизе
Росулъа лъутун арав,
Лъидаго гьикъичIого.

Гьайбатаб эбел-ВатIан,
Гогьго хьихьана дуца,
Галстук бараб къоялда
Гьа бана дуе дица...

Кида гьеб кIочон телеб? –
КIодолъун гьечIониги,
ГьитIинаб заман дида
Цебе тIамулеб буго.

КIодолъараб мехалда,
Бокьилаан, гIадамал,
ГIолохъанаб замана
Гьадин цебе тIамизе.

Амма цо ургъел буго
Унтулеб гьинал ракIелъ:
Гьадин ракIалде щвечIо
Жидерго гьитIинаб мех

Дир хирияв инсуда,
Херлъарай эбелалда,
Аза-азар цогидал
Ца бортараб гIелалда.

Дир гьитIинаб замана
РикIкIада хутIаниги,
Хириял лъималазе
Такрарлъизе биччай гьеб.

*1952*

## ГЪУНИБ МАГIАРДА ПИОНЕРАЗУЛ ЛАГЕРЬ

Аваристаналъул тIабигIат босун
Инсанасул гIадаб сурат гьабуни,

Гьеб борхатаб мегІер художникаца
ТІаса бищилаан бетІер гьабизе.

МугІрул бетІералда цІорол минаби
ЦІоралде рихьулел ратизе руго.
Къаси гьел ригьзабахъ цІаял ракигун,
ЦІвабзазда гьоркьор гьел рилулел руго.

Риидал ахикье хІанчІи кинигин,
Гьаб борхалъиялде рачІуна лъимал.
Бакъуца рухІизе, цІадаз чуризе,
Ччорбалги щукІдулги щула гьаризе.

Гьазул кочІол гьаракь, – нуж чІа, булбулал,
Зобазда рагІулеб батизе буго.
Кьурдабазул лазат, гІенеккун рихье,
ГІандаракал гІадин хенелел руго.

Чар-чарал кьагІразул кьерилан ккола
Кьурул кІкІалабахъан гьал унеб мехалъ.
Кьер-кьерал буртІузул рахасин ккола
Гьал борхалъабазде рахулеб мехалъ.

ГІисинал рекІараз ишан гьабигун
Данде рекерула ругьунал чуял.
Кьолонив тІерхьунев рокьо гІанав чи
Чапаев живилан хІазе лъугьуна.

Гьал ахикье щвейгун рохула гьутІби,
Гьваридал кьалбазул къеч буссанилан.
Гьал магьилъе щвейгун гІодула гІунхрул,
Жидер гІумруялъул къоял лъугІанин.

МагІарда гІухьбузул гІазизал гьалбал
Щибаб гьведа лъала гьал гьаркьидасан.
Нилъер рокьи, божи, букІинесеб мех,
Нилъер речІай гьечІел гьайбатал тІугьдул.

МугІрузул тІогьисан балагьун гьезул
ГІисинал беразда буго бихьулеб:
ГІатІидаб дуниял, халатал нухал,
Хал ккун сабруялда эбелаб ВатІан.

Ва тІинчІаб гІелалъул гІащикъал къасдал,
МугІрул гІорал рахун уна рикІкІаде.

Роржуна моцIрохъе, щола цIвабзахъе,
Лъедола пикрабалъ океаназда.

Дун щвана гьезухъе, ракIалде ккана,
Кинабго гьунаралъ балагьарабго,
Гьал роржунел жаллъун рукIаралани
РукIинаанилан гIицIго цIумаллъун.

*1952*

**РИИДАЛИЛ СОРДО**

Гьуинал макьил сагIтал
Сардил заман бачIана.
Лъимал бищунго цере
Бусабалъе лъугьана.

Инсуца къеда бараб
СагIат битIизабуна,
ХъахIаб гIурдахIан гIадаб
Чирахъ свине гьабуна.

ГьечIо рокъоб щибго сас
Къан руго гордал, нуцIби,
Къандалъоялда къвал бан
Вегун вуго цIалдохъан.

Жиндирго ясикIоги
Каранда цвизе гьабун,
Йиго кьижун исана
Анкьго сон тIубарай яс.

ТIехь буго бегахъего
Балагьун столалда,
Вас гьелъул героялгун
Ватила гьанже макьилъ.

Буго хал ккун лъималахъ
ГIенеккун умывальник,
Гьезул макьу лъицаго
Хвезе гьабизе гурин,

Хъаравулзаби гIадин
Ралагьун руго цIваби,
ЦIвабзазе гIадлуялъе
Зодихъ тараб кинигин,

Добе-гьаниб тирулеб
Буго торгIо гIадаб моцI.
КъватIахъ, тIохахъ кивниги
ГIадан дандчIваларого.

ГIабдал гIадин чIалгIаде
Женжелеб буго гьури.
Росу макьида буго,
МугIрул гIенеккун руго.

Школ балагьун буго.
Классал рахан руго.
Сторожасда аскIоб
СагIатгин цIумур буго.

ЦIали, хIалтIи, багIар бакъ
Бальго балагьун буго,
Лъимал рорчIараб мехалъ
Гьезие хъулухьалъе.

*1952*

## РАДАЛ МЕХ

Зодихъ хъахIлъи реххана,
Ракьалъул кьер хисана,
Роол гьитIинаб сордо
МугIрул росулъ рогьана.

ВорчIана, цIавуцIана,
ЦIорол гордал рагьана,
БагIар бакъалъул чIорал
Рукъ-рукъалъуй рачIана.

Щвана гьел колхозалъул
Канцеляразде жанир
РещтIана школалъул
Киналго партабазде.

Гьел ботIрода гвангъана
ГьитIинал лъималазда,
Гьел гьурмада кунчIана
Канлъи сварал херазда.

Гьез сапаралъ цадахъ ун

Нуха регIана гьалбал,
Гьуинго данде чIвана
Лъадай унел ясазда.

БуртIал руго кьурабахъ,
КьагIи руго гIурабахъ,
ГIанкIу тIанчIиги рачун,
ЧIухIдай буго свердилеб.

Ах-хуралъул ургъалилъ
Рекьарухъаби гIадин,
Телалъул хIубада чIун
ХIанчIи руго харбида.

Москваялъул сагIтица
ЦIумур буго кьабулеб,
ЦIигьулдерил мугIруз гьеб
Такрар гьабулеб буго.

Почалдаса росулъе
ЦIиял газетал щвана,
ЦIалдохъан-дежурныяс
Доска бацIцIад гьабуна.

Гьелъ асар гьабурав дун
Гьаб кечI хъвазе лъугьана...
Гьедин мугIрул росулъе
Риидалил къо щвана.

*1952*

## МАХIАЧХЪАЛА

РикIкIадаб росулъан, инсул рокъосан
Дун лъелго вачIана гьитIинго гьанив.
Ва гьелдаса нахъе гIумрудул моцIал
Дур цIаргун рухьарал руго, дир шагьар.

Рокьула дие дур хъахIал минаби
ХъахIилаб ралъдаде гордал руссараб.
Рокьула дур къватIал къокъал лахIзатаз
Къого миллатазул васал дандчIвалел.

Бокьула, бахIараб МахIачил шагьар,
Дур фабрикалъул кIкIуй, дур гумузул кIкIуй,
Дур институтазул общежитиял

Ва нефтяниказул паркалъур тIугьдул.

Бокьула риидал Дагъистаналъул
Ясазул мажлисал дур театрахъ,
Ва борхатаб гохIда гургинаб мина
Дунги дур вацалги жанир куцараб.

Дун воххизавула гьудулзабаца,
Гьезул къан бачунеб кверзул хинлъиялъ.
Хъвашгелди, тумазул сагIтил устарал,
Ва эрмениязул парикмахерал.

Рокьула рогьалилъ ралъдал рагIалда
Дур ччугIихъабаца рицунел харбал.
Бокьула хириял дур шагIиразул
Занахъ гIодов вукIун гIенеккун чIезе.

Шагьарги ралъадги бикьизе гьабун
Поездал хьвадула къасиги къадги
Ва хъахIал хIанчIаца нухда регIула
Карачалабалъан бергьарал гуми.

Бокьула дур вокзал яги порталда
МугIрузул васазда урхъун дандчIвазе,
Гьел Москвалдасан рачIунеб мехалъ,
Гьел Бакуялдаса руссунеб мехалъ.

Бокьула кидаго кив вукIаниги
КватIичIого духъе нахъе вачIине,

ВачIине нагагьлъун рес рекъечIони,
Дир каранзул рекIелъ жаниб букIуна,
Сардилъ ралъдалъ жаниб букIунеб гIадин,
Дур чIухIараб гугьар, гьайбатаб шагьар.

*1953*

## МАХIАЧХЪАЛАЯЛЪУЛ ПЕДИНСТИТУТАЛЪУЛ ЯСАЗУЛ КЕЧI

МагIарухъа рии араб мехалда,
Гьелда хадуб уна хириял хIанчIи.
Нижги, бакъ гIадинаб гIелму босизе,
МахIачхъалаялде рачIуна даим.

Рорхатал гъутIбузул бутIрулги къулун,

Нижеда дандчIвала чIухIараб шагьар.
Ихдал хер гIадинал карачелалгун
Каспи балагьула нижер беразухъ.

Нижер кучIдул рагIун магIу бацIцIуна
Араб мех цебе чIун херай чIужуялъ.
Ниж рихьун кьурула михъал кьерилаз
Ва анцIихъе бекун лъола бухари.

Хасел уна къокъал къоялги рачун,
Къалъ-къалъула керен их бачIарабго.
Гьеб мехалъ нижеда ракIалде щола
РикIкIалъараб росу, гIагарал рукъзал.

Ниж нахъе руссина цIалиги лъугIун,
ЦIумал парпадулел гIазул мугIрузде.
Нижеда дандчIвала цIиял хIалтIаби,
ЦIалдезе тIоцере лъугьунел лъимал.

Институт абуни, даим сордойил
РакIалде бачIина гIагараб росулъ, –
Гьудулзаби, яцал, конспектал цIали,
ЦIороберал рарал профессорал.

*1953*

## ХАСЛИХЪЛЪИ

Гьанже нилъ ралъдахъе рортулел гьечIо,
Ва нилъеца гордал рагьулел гьечIо.

Ахириял тIугьдул ракъвана харилъ.
ТIоцебесеб гIазу бана гIурдаде.

ТIинчIал милъиршаби их бачIинегIан
Ана бусаби тун пашманго нахъе.

ХIоринир кенчIолел гъутIбузул тIанхал,
ТIасан балагьидал, цIвабиян ккола.

Базарал цIун руго цIиял пихъазул,
ЦIалдохъабаз тIахьал росана кодор.

Ва дида рагIула, мугIрул рехун тун
Авлахъазде унел рехъабазул хъуй.

Зобалъги ракьалъги кьер буго хисун,
Кьуругун багъулеб буго гучаб гІор.

Гьелъул чваххиялде тІаде щенола,
ТІоцебесеб гІазу, ахирисеб цІад.

Ана роол гьава, гьечІо бакъул кеп,
Гьоболлъухъ нилъехъе щвана хаслихълъи.

Рохел, талихІ бугел ратаги моцІал,
Кье, хаслихълъи, дуца дие рагІаби,

Ахихъанасе пихъ кьолеб кинигин,
Папиросалъе цІа кьолеб кинигин.

ЦІолбол гъабуялъул гъалалъа бахъун
ГІолохъанаб чагъир кьолеб кинигин,

Кье, хаслихълъи, дуца дие рагІаби
Хирияб ракьалъе кучІдул ахІизе;

Камилаб бакъалъул, гьайбатаб тІогьол,
ТІокІкІарал иццазул хабар бицине.

*1953*

## ХАСЕЛ

Жакъа Москваялда квачалъул къуват,
КъватІахъ машинаби руго хъештІолел.
БачІун буго хасел тахшагьаралде
Тамашаго ургьиб жаниб лъугьунеб.

Гьал гІазу гІемерал хасалил къояз
Къвал бан буго, гьудул, дида ургъелаз.
РикІкІад мугІрул росулъ, гІурус учитель,
Мун квачаладаян вуго дун хІинкъун.

Дида гьабсагІаталъ цебе тІамула,
ТІилиде къулараб, къваридаб гьумер.
ЦІер чІварал михъалги гІодоре далун,
ГІаздал авлахъалда вехьасул сурат.

Унго, исанаги гІиял рехъаби
ГІазу чІикІулелдай ругел кІутІбуца?

Ва чанахъанасул хIинкъи гьечIого,
Чундул квине жоян ругел женжелел?

НакIкIал тIад тирулел кьурабаздасан
Кьур-кьулаго чваххун унеб хехаб лъар,
Хвараб жо кинигин гIенеккунги чIун,
ГIазул цIералъ бахчун бихьула дида.

Дун вукIана артист... Авар театр,
Мун кинаб росулъдай бугеб гьабсагIат?
Риидалил ратIлилъ квачараб ригьниб
Кин италиязул пьеса хIай араб?

Кин, квераздеги пун, магIарулазда
Нужеца Гольдони вихьизавурав?
Дие ургъел буго; студентазул
Щивасул бугодай хасалил пальто?

Доб Къасумкенталъул больницаялда
КиналгIаги печал ругодай ракун?
Дида гьаб гьоролъан Абхазияги
Элъул тIабигIатги буго бихьулеб.

Унго севералъул цIороялдаса
ЦIуничIодай доба недегьаб лимон?
Дида цере чIола нилъер гIорхъаби,

ГIагараб улкадул хъаравулзаби.
Бокьилаан дие дозие кьезе
Дир ракIалъул хинлъи хасалил сардилъ.

Бокьун буго дие гьудулзабазе
Гьаб дир чорхол бухIи гIахьал гьабизе.
Гьелъин гьаб хасало хинаб рокьигун,
Халкъалъул ургъел ккун, ахIараб гьаб кечI.

*1953*

## ПАНДУР

(Дагъистаналъул халкъияв поэт
Казияв ГIалица жиндир пандур
дие битIун бачIараб мехалъ
хъварал рагIаби).

Дица хIурматалда босана кодой

КочIохъанас дие бачIараб пандур.

Дир магIарулаца гIасрабаз цебе
ГIадатаб цIулалъул ургъараб тIагIел.

Кодобе босизе тIадагьаб буго,
Амма тIолго лугбал пана гьаруна.

Гьелда тIинкъарабго, мугIрул тIабигIат
ТIаде бахъун дунгун кIалъанин ккана.

РагIи абичIого, чIвабзаца дие
Дир Дагъистаналъул къиса бицана.

РикIкIад Карпаталда Анасил МахIмуд
Марямихъ угьдулев дида вихьана.

Сибиралъул гIаздакь Казакил кверзукь
ГIодулел чIвабзазул зигар рагIана.

ГIумарил Батирай – гьардухъ хутIарав,
Пандурги къвалакь ккун цеве вачIана.

ЧIвабзазда квер хъвайгун, хабалъа вахъун
Дир хирияв эмен кIалъанин ккана...

МугIрул тIалъиялъул халкъазухъ даим
Ханжаралда аскIоб букIараб тIагIел.

ТIадмагIарулазул анцIалго килщаз
Азарил сонаца кIутIарал чIваби, –

Йокьулей ясалде бикьичIеб ургъел
Бикьана дудехун гIолохъабаца.

ГГагарав вацасда бицине кIвечIеб
Бицана дудехун гьудулзабаца.

Ва гIагарал гьаркьал, уяб батила,
Нужер бакънал рагIун, унеб гIор чIолеб,

Хасало бакъ щолеб, сордо къокълъулеб,
Кьураби кьвагьулеб, мугIрул гIодулеб...

Дица мун кодобе босула, пандур,

Инсул ВатIаналъул сурат кинигин,

Дур чIвабзалъан дида рагIулеб буго
МагIарул халкъалъул хирияб гьаракь.

Дица мун цIунила, бесдал теларо,
ТалихIги рокьиги дуде бикьила.

Дица цIиял кучIдул ахIила мун хъван,
Дуца цадахъ росе гьел наслабахъе...

Халкъалъул кочIохъан Казияв ГIали,
ГIемераб баркала дуе гьаб пандрихъ.

*1952*

## ГЬУДУЛЛЪИ

Биччанте ракълилаб, гIодой биччараб
ГIумроялда чияс нус-нус сон базе.
Божилъи, гьудуллъи гьесда лъачIони,
Гьединасда даим урхъиларо дун.
Ва рарал саназул гьес бицун хадуб,
«Мун жеги гьавичIин» абила дица.

*1958*

* * *

Жакъа анцIго сон ана кIудияв вац
рагъда хун,
КIикъоялда лъабилъ гьев вукъана Россиялда.
Мискинай эбел жеги къварилъиялда йиго,
Къойил васасул сурат цебе тIамулеб буго.
Дир ракI кIвекIулеб буго захIматал
пикрабаца,
Гьанже дун кIудав гIуна кIудияв вацасдаса.

*1953*

* * *

МагIарул росулъе унеб мехалда
Цо эбелги ясги дандчIвана дида.
Халатаб чIинчIугин чIегIераб чохтIо, –
Бахчун буго хералъ хъахIлъараб бетIер.

Надалда бакьулъан рикьун кьурарал
Рачлихъе щун руго ясалъул гьалал.

Эбел рагIад бихьун йиго йилълъуней,
Яс бакъуде данде йиго ячIуней.

Гьале маххул кьода нухал рикьула,
Эбелалъ ясалда нусцIул баула:
«Мун хехго гIурай куц, хисун йигей куц,
Унго, дир ясиш мун, къосуней йиго».

Гьалъ магIу бацIцIана: «мун щай
гIодулей»,
«Дун гIодулей йиго араб гIумрудухъ»...
Яс ана цIализе институталде,
Эбел нахъ юссана жиндирго гъастIе.

Улбулги ясалги рихьун балагье,
Бихьизе бокьани дуе, дир гьудул,
Гьаб нилъер Дагъистан, борхатаб тIалъи, –
Рохел кьураб ВатIан хисун бугеб куц.

*1952*

**ВЕХЬАСУЛ КЕЧI**

Рорхатал мугIрул руго
Роол моцIаз дир рукъзал,
ГIатIидал зобал руго
Дир рукъзабазул тIохал.

Гьаб чIегIераб буртина
ТIад ретIун букIаниги,
РекIелъ жеги букIинчIо
ЧIегIераб тIанкI цониги.

БацIцIадаб гьава цIула,
БацIцIадаб лъим гьекъола,
БацIцIадаб гьаркьидалъун
Бокьулеб кечI ахIула:

Кий йигей мун, дир месед,
Росулъ тарай дир гьудул?
Гьалдолеб бугин дир ракI,
Рагье йихьизе гордо.

Дудаса гьайбатаб тIегь
ТIезе магIарда гьечIо,
Дудаса берцинай яс

Росабалъ данде чIвачIо.

Балагье дир тIилида
ТIад рахъарал гIужазде,
Аза-азар гIи буго
ГIенеккун дихъ балагьун.

Амма цо ракI каранда
Кинго гIенеккуларо,
Гьеб гIодула, рекIелай,
Мунилан къасигин къад.

Ва кIиябго бер буго
Дие мутIигIлъулареб,
Гьаб мугIрузул тIогьисан
Росулъ мун ялагьулеб.

Зобалазде гIагарав
ГIадатав гIиял вехь дун,
ГIенекке, яс, гьарула
Дир рекIел гьаракьалъухъ. .

ГIиял рехъабаца дун
Духъе виччалев гьечIо,
ЯчIа инсул росулъа
Гьаб борхатаб магIарде.

МугIрул гIемерал руго,
Зобал гIатIидал руго,
Буртина кIудаб буго,
КIиязего бакI гIела.

*1952*

## ШОФЕРАСУЛ КЕЧI

Цоцахъе хьвадула мугIрузда хьухьал,
Цоцахъе кIанцIула кIкIалабахъ лъарал,
КIичIарал нухазул сверабаздасан
Цебехун бачуна дица машина.

Дица нахъа тола хъахIилал накIкIал,
КIичI-кичIун чвахулел гIоразул мухъал.
Дир сас рагIарабго, магIарулаца
Риччан унел чуял гьарула чIезе.

Каранзул чвантиниб буго путевка
Каранзул ракI буго гIагараб Хунзахъ.
Халкъул гIалам маян дие кьуниги,
Кьеларей яс йиго хундерил росулъ.

Щиб хехаб ишалъе ине кканиги,
КигIан роцIараб мех букIананиги,
БукIунаро сапар цониги нухалъ,
«Нух къосун хутIанин», Хунзахъ чIечIеб дир.

Пайда щиб, дун хадув хапдонин абун,
Хайир гьечIо щибго ракI унти гуреб.
Бахъизе кIолареб хъалаялъ гIадин,
Къазе виччаларо йокьулелъ аскIой!

РекIунаро дунгун машинаялда,
ЙикIуна елъулей дир хиялазда.
Ясал гуккизеги, гьел рокьизеги
Гьукъун букIин дуда лъаларищилан».

ЧIобого вуссуна сапаралдаса...
Сверухъ бецIал накIкIал, рекIелъ пашманлъи.
Гьанже мун гвангъилеб кидал, щобилбакъ? –
ЩвечIого чIеларо дун дир йокьулей.

Азарабго нухалъ Хунзахъе щвела,
Гьеб щула гьабураб хъала бахъила.
ХъахIал мугIрул герун машинаялда
Дица дир йокьулей цадахъ ячина.

Цоцахъе хьвадула мугIрузда хьухьал,
Цоцахъе кIанцIола кIкIалабахъ лъарал,
КIичIарал нухазул сверабаздасан
Дир берталъе рачIа, гьудулзаби, нуж!

*1952*

## ЛЪАБГО ШИША

Щив къиматав гьобол вачIананиги,
Щиб праздник тIаде гIунтIананиги,
Дица гьекъечIого, нахъе лъун тараб,
Чагъиралъул лъабго шиша букIана.

Цояб гьеб гьекъана, къотIи букIана,
КIиязулго бертин гьабулеб къоялъ,

Дурги дирги чорхол сахлъиялдасан. –
Цо къатIра лълъараниб жаниб течIого.

КIиабилеб шиша рагьизе буго,
Дуца дие ГIали гьавураб мехалъ.
Виччанте вукIине гьаб нилъер къавулъ
Къадада кьабгIараб магI гIадинав вас.

Виччай кIудав гIезе гьитIинав хъачагъ,
Виччай школалде ине гьев хехго.
Нилъеца гьекъела васасул рахъалъ,
Цо къатIра лълъараниб жаниб течIого.

Лъабабилеб шиша – ахираб шиша
АнцI-анцI хаселаца хутIизе буго.
Нилъеда батIиял расал раккила,
Васас гIолохъанлъун михъал кьурила,

Нилъер ГIалидаса гIумру цIикIараб
Гьекъела нилъеца бахIараб чагъир,
ГIалица бахIарай ячунеб къоялъ, –
Цо къатIра лълъараниб жаниб течIого.

*1952*

## БАХIАРЧИЯСУЛ ХВЕЛ

Рихьана, рихьана къанщарал берал,
Амма къолъикIилан дуда абичIо.

Дур берзул балагьи, нижер багьадур,
Босила вацаца кидаго цадахъ.

Бихьана тIохьиялъ борлъараб дур ракI,
Амма мун хун вугин халкъалъ рикIкIинчIо.

Дур чарамулаб ракI, хIасратав гьалмагъ,
ХIалтIила жегиги гIемераб каранлъ.

Бихьана хабатIа хъахIаб къоно чIван,
Амма чIваразулъ мун рехсолев гьечIо.

Дур бахIарчияб цIар, цIи гIолез босун,
Гьез гьеб жеги цIикIун машгьур гьабила.

*1952*

## «МАХIМУД» АБУРАБ ПЬЕСАЯЛДАСА УНКЪО КЕЧI МУН АРАБ МЕХАЛЪ

Щайзе мун йихьарай, щайзе мун лъарай?
Щайзе гьудулилан дуда абураб? –
Гьудулалъ гьаб къаси бачIараб ургъел
БачIинчIо тушманас гIумроялъ дие.

Мун дандчIван чIухIиялъ къанщана берал.
Берал ралагьана – гьечIо мун аскIой.
Мун йихьун воххиялъ вукIана мехтун.
Вигьун балагьигун – гьечIо мун аскIой.

Дур пикрабалъ макьид вукIана кьижун.
ВорчIун хал гьабуна – гьечIо мун аскIой.
Борохьиш нилъеда гьоркьосан араб, –
Йокьулей, кий йигей? – гьечIо мун аскIой.

Рокъоб ункъо бокIон, къватIазда гIумру,
ГIурда бечIалеб тIегь – гьечIо мун аскIой.
МугIрузда тIад гIазу, гIодулел берал,
Дир бихъулеб керен – гьечIо мун аскIой.

Щайзе мун йихьарай, щайзе мун лъарай?
Щайзе гьудулилан дуда абураб? –
Гьудулалъ гьаб къаси бачIараб ургъел
БачIинчIо тушманас гIумруялъ дие.

## МАГIАРУЛАЛЪУЛ КЕЧI

Инсуда релълъарав вукIинчIо эмен, –
Гьес ясан кидаго дун кодой кквечIо, –
Дун гьаюнин абун эбел юхана,
Ахир гьей рукъоса къватIие гъуна.

Вацасда релълъарав вукIинчIо дир вац,
Яцалъул зигарди гьесда рагIичIо;
Цо берцинаб рагIи магIу тIолей дий
ТIубараб гIумроялъ гьесда батичIо.

Росасда релълъарав вукIинчIо дир рос,
Инсанилан абун гьес дун рикIкIинчIо.
РетIунеб ретIелги, кваналеб чедги –
КинабгIаги дида гьес бадиб чIвана.

Чедалда релълъараб букIинчIо чедги –
ЧагIи гIорцIун хадуб нахъе хутIараб.
РатIлида релълъараб букIинчIо ретIел –
Цо гурони гьечIеб, гьебги тIутIураб.

КечI рагIизе гуро гIундул кьурал дий,
НагIана рагIизе кьуна аллагьас,
Балагьизе гуро берал кьурал дий,
БухIун магIу тIезе кьуна аллагьас.

МугIрул чIужугIадан, ясал гьаруге, –
Гьел дуй унтиялъе ратизе ругин!
Гьаруни хваги гьел хехго босада, –
Мискинлъи, инжилъи жидер лъалалде.

## ХЕРАСУЛ ТIОЦЕБЕСЕБ КЕЧI

ХIинцго щвана дихъе гIолохъанаб мех,
ГIедегIун ана гьеб дида аскIоса.
Гьанже бачахъунин нахъе унареб,
НахъегIанаб херлъи бачIана дихъе.

Чу хисун гьаб гIанса кьуна гьелъ дихъе
Гьанже дуй рекIине жо хутIун гьечIин.
Ханжар нахъе босун бачIана пандур,
БахIараб мехалде кечI ахIейилан.

Щибилеб, ахIила, чIчIваби гIодила –
ГIолохъанаб заман нахъ буссинаро.
Амма букIаниги, гьинал рекIелъе
Гьеб цо-цо лахIзаталъ цебе бачIуна.

Тату хварав дихъе кечI ахIулаго
БачIуна чода тIад бахIараб заман.
РухI гьечIеб къаркъала къварилъахъдула,
Къанщараб бадисан магIу чваххула.

Дица дирго херлъи хъамулеб буго,
Херлъи унеб гьечIо, инкар ккун чIола.
Дун бахIарлъиялде ахIдолев вуго,
Элъ гIин балеб гьечIо, цIакъ рикIкIад буго.

Анищал, ургъелал къвакIулел руго,
Щибаб къойил лугбал чучулел руго.

Хиялал, пикраби гIемерлъун руго,
Гьунаргин лебаллъи дагьлъулеб буго.

ЩамгIалаб лълъел буго гIумрудул гIамал
ГIемер гьекъанагIан тIаде къечолеб.
Дир рекIелъ ццин буго ва рокьи буго,
Бокьараб гьабизе къуват хун буго.

Цояб бохх хобалда жаниб буго дир,
Ва хадуб бачIине буго цоябги;
ХIинцго щвана дихъе гIолохъанаб мех,
ГIедегIун ана гьеб дида аскIоса.

## ХЕРАСУЛ КIИАБИЛЕБ КЕЧI

Канлъи босун унеб буго беразул,
Ва амма бихьула баянго дида
РикIкIада хутIараб гIолохъанаб мех –
ГIумроялъул бищун бахIарал сонал.

Рогьалида ясал иццухъе уна, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.
Къаси васаз гIищкъул сарин ахIула, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

Чваххулеб иххалъул хъуди рагIула, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.
Гъуждузда чанги лъун щола чанахъан,
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

Щивниги бахIарлъун бертин рагIула, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.
ГIолилас чIагIдал рагI босун гьекъола, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

Лъийниги гьавун вас гIодараб мехалъ,
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.
ГIорул карачелалъ чи чвердолелъул, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

Цадахъ гIумру арав гьудул дандечIвай,
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.
Хабзалабахъ ругел занахъ балагьун, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

МугIруздаса рикIкIад буго кьвагьи-хъуй
Кьалда вас чIван вугин гIодула эбел.
Хвалчахъ балагьула, чу цебе чIола, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

Дун тIаде вахъуна рагъде вахъине,
Мун щай белъанхъулеб, бахIараб заман?
БухIун магIу тIола рухI гьечIев дица, –
Дида гIолохъанлъи ракIалде щола.

*1953*

## ХУНДЕРИЛ МАЙДАНАЛДА

Хундерил хъаладул гучал каваби
ГIурччинаб ракьалде рагьарал руго.

Ракьул бутIаялъул тIогьол гIурдада
ГIемерав свердана цеве чанги дун.

Гьениб майданалда дида бицана, –
Дун гьитIинаб мехалъ рагIун букIана,

Къобилеб соналъ партизанаца
Гьарзаго би тIунин Дагъистан цIунун.

Гьанже гьаниб буго пионер лагерь,
Гьанир лъимал руго магIарулазул.

Гьезул кучIдул руго кьурда рагъулел,
Гьезул кьурдабазул цIун буго майдан.

Гьел рихьидал дица хIисаб гьабуна,
Гьал васалгун ясал ратизе ккола

Халкъалъ би тIуралъур раккарал тIугьдул,
ГьадигIан берцинал рихьичIо тIугьдул.

*1953*

* * *

Дун духъе вачIунев вуго, хирияй,
Поездалъул хехлъи дагь буго дие.

Щай гьаб боржунареб гьури кинигин,
Дир пикраби гIадин, дир гIищкъу гIадин?

Вагоналъул гордухъ, нилъалзукь квер лъун,
Кинабго сордоялъ вуго гIодов чIун.

Пикраби духъ руго, ракIги духъ буго,
Дунго вуго хутIун бетIерги далун.

Баккулеб бакъуде данде чIвала дун,
ТIерхьунеб бакъалъухъ къварилъула дун,

Дуда аскIоб дида кIочон букIуна
Бакъ баккулеб мехги бакъ унеб мехги.

Нуха шагьаразул миллион цIаяз,
РацIцIадал зобазул миллион цIвабзаз,

Дир горда багъулеб хинаб гьороца,
Хирияй, дун нухда регIулев вуго.

Духъе рогьалида бакъул чIораца,
Духъе бакъанида сурмиял накIкIаз

Салам кьолеб бугин, кинан йигей мун?
Дун вачIинев вугин, къачIан йигиш мун?!

* * *

Жакъа мун гьаюраб къо буго, гьудул,
Рагьдухъ гIазу буго, дун рикIкIад вуго.
Дир рекIел тел буго, гьабсагIаталда,
Телалъул кварахъан духъе боржунеб.

Хехаб къваригIелалъ унеб мехалда,
Нухда машин хварав шофер кинигин,
Вуго аскIоб бокьун, ресги ккечIого.
ТIаса лъугьа, гьудул, къого сон барай.

*1952*

## ДУР ГОРДУХЪ

Гьанже дур рукъалъул гордо къан буго,
Горда гъоркь, хирияй, хер бижун буго.
БитIахъе квергIанаб халалъи бугеб,
Каспи ралъадалъул лъимгIан гIурччинаб.

Дун гьанив вачIана, дур цIар ахIана,
Амма лъицаниги гордо рагьичIо.
Харихъ балагьана, дун пашманлъана, –
Гьаб замана хекко унеб бугеб куц.

Мун гьаний йикIараб щуябго ихалъ
Гьаниб хер бижизе биччачIо дица:
Радалги, къасиги, къадги, сардилъги –
Къойил рукIунаан дир лъалкIал гьанир.

*1953*

* * *

Гьале дун вуссана сапаралдаса,
Ва балагьун вуго гьал дур беразухъ,
Гьал дида тIоцере рихьулел гIадин,
Гьал дида гIумруялъ дандчIвачIел гIадин.

Дица дур каралда тIад квер бахъана,
АнцIабго дур килищ нусцIуса ккуна;
Гьаб дие кинабго гIагараб буго –
Гьеб дур балагьиги, гьими, релъиги.

Дун балагьун вуго, огь, кинаб талихI,
Кидаго гьадинан цадахъ рукIине!...
КигIан лъикI мун соназ кватIун гьайичIей,
КигIан лъикI дун соназ цеве гьавичIев;

КигIан лъикI, кигIан лъикI, гьаб дунялалда
Нилъ кIиялго ригьда цоцада дандчIвай...
ЧIахъагй декабрь, хасалил сордо –
Хирияй эбелалъ мун гьаюраб къо!

*1953*

* * *

Гьал духъе рачIунел ясал лъикIан цо
Россабазе кьезе гIадан течIого.
Гьез къотIизабула гъуинаб гаргар,
Гьез росулел руго меседил сагIтал.

Гьез чанцIул тIамулев кавудал кIалтIа,
КIутIби рукъулаго, балагьун чIезе.
ГьелгIан гурхIел гьечIел, хабар чIамучIал
Ва чIалгIен лъаларел рихьичIо чагIи.

БитIун кечI гьабулев поэтасухъе
Пагьму гьечIев чIамучI вачIунев гIадин,
РачIуна гьел духъе, бала дуда къвал –
Дун вукIуна къварид хIацIу къулчIулев.

*1952*

* * *

Дица къаси нусцIул пикру гьабуна:
Гьанже дун инилан гьал мугIрулги тун,
Гьанже дун инилан дуниялалъул
Дуда бер чIвалареб цоги бакIалде.

Дур кагъталгин кучIдул рихъана дица,
Мун кIочон телилан чанги гьедана.
Гьедин гьедулаго унев вукIаго,
Дур рукъалъул кIалтIе щун ватана дун.

*1953*

* * *

Щиб жо нилъер дагIба, щиб жо нилъер къец –
Ихдал харде бараб дагьабго гIазу.
Щиб жо нилъер дагIба – мугIрузул гьури,
Гьава къотIун унеб гьитIинабго хьухь.

Ихдал харда гIемер гIазу чIоларо –
ЧIухIараб бакъ буго къоялъул парчахI.
Къецалда халат нилъ рукIине гьечIо –
РекIел рокьи буго черхалъул парчахI.

*1953*

* * *

Дур рахъалъ гьарурал гьал дир пикраби
Киналго кучIдузде руссунел ани,
Яс, дуниялалда дир рокьул гIадаб
КIудияб тIехь дуда бихьилароан.

Амма дир тIехь жеги гьитIинаб буго,
Гьелъие кIудиял гIиллаби руго,
Мунгун цадахъ бокьун, барахщула ракI
КучIдул хъвазе унеб заманаялда.

*1953*

* * *

Дун хIикмалъулеб куц, хIикмалъичIого
Щайзе балагьулел духъ гьал гIадамал?!
Рахъун дир beралищ гьазухъе кьелел,
ГьадигIанго беццал рукIине ккани.

*1953*

* * *

Исана дун щвана нилъер росулъе,
Щвана дур рокъове, щвана дир рокъой.
Жаниса тIанчIи ун чIобоголъарал
ХIанчIил босабазда релълъун руго гьел.

Дир хирияй гьудул, дурги дирги рукъ –
ГьитIинабго къватIалъ руго гьел рикьун,
Гьоркьоб бугеб манзил галабаз борце –
ЦохIо лахIзаталъул буго замана.

Амма духъе щолеб къватI бахине, яс,
Къоло анкьго соналъ вилълъун вуго дун;
Къоло анкьго хасел, къоло анкьго их –
Къварилъигун рохел лъан буго дида.

Къисматалъ гIолихъан, ясалде данде,
Нус-нус мегIер бахун, вачунев вуго;
Ва инсул росулъа мун щвезе дица
Москваги, улкаги тиризе ккана.

Маргьабалъ бицунеб лъабго нухалъул
Дица лъабабилеб бищана тIаса...
Бигьаго щвечIо мун, цIакъ къо бихьана,
Дур къимат гьабизе, огь, лъала дида.

* * *

Мун гьаюраб соналъ дун вукIана вас,
Росдал къватIал, тIохал – тIолалго лъалев.
Дур эбелалъ даим сайигъатги кьун,
Дур кини кIикIизе ахIулаан дун.

КигIан дун дидего вугев семулев,
Рес букIараб мехалъ хал гъабичIин духъ.

ЧанцIул угьдулев дун эбелалъ гьанже
АхIулев анищан духъ балагьизе...

Дица гьелъухъа мухь гьарилароан,
Дицаго гьелъие кьуни гурони.

*1953*

* * *

Нахъойги бахъичIо дуде хъвараб кечI, –
Гьеб нилъер халкъалъе къваригIун гьечIин.
Амма нахъе кьечIо редакторас гьеб –
Босилин рукъобе лъадуй цIализе.

* * *

Дур балагьи кинаб, кинабго дир иш
Дуда лъалеб гIадаб цо гIажаибаб;
Дир каранзуниб ракI, хъатинибги лъун,
Гьелъухъ хал гьабулей йигей кинигин;

Дица гьабсагIаталъ гьарурал кучIдул –
Гьел дуца церего цIаларал гIадин;
Гьаб дир гIумрудул нух, ихал, хаселал,
Хиялал, пикраби лъалел кинигин;

Гьанже дунялалда дуда абизе
Дие щибниги жо хутIичIеб гIадин...
Бокьуларо дие гьеб дур балагьи, –
Йокьулей, гIенекке дир цIияб кочIохъ!

*1952*

* * *

ЦIад балеб къоялда къацандана нилъ,
КIиялго гьедана гьаб ахир бугин.

Мун ана цо къватIалъ дурго рукъое,
Дун ана цогиялъ дирго рокъове.

Нилъеца цоцазул кверал росичIо,
КIиялго цоцазухъ нахъ балагьичIо.

Гьанже кинабго иш, ахир, лъугIанин,
Дица рукъоб кIулалъ нуцIа рагьана.

ЦIад балеб букIана, дир ракI хIинкъана,
Гьаб цIадалъ мун цIакъго йиччиладаян.

Хадуб дида лъана дир гьаялдаса
Гьинал рекIел рокьи къуватаб букIин,

Мун гьечIого дида чIезе кIунгутIи...
ЦIадакь вилълъана дун дуда аскIове.

*1953*

## ГЪАЛАЛ

Дида кIочонаро кьурарал расал,
Дур бер-кьенсералъул кьер цоял гъйлал;
Надалда бакьулъан рикьун арал гьел,
Гьинкатнида гъорлъан рукIана раккун.

БакIида йикIани гIодор хъвалел гьел,
ГIодой йикIунелъул ракIарулел гьел, –
Щибаб рас букIана жиндир бакIалда,
Гьединан гьел руго дир гьаб ракIалда.

Амма рекIел къасдги махсараде ккун,
Сонаца расазде реххула хъахIлъи...
Яс, кинандай дие захIмат букIина,
Гьел гъалал гьечIого, мун данде чIвазе!..

Щиб дарман батилеб гьезул чIегIерлъи
Ва чIухIараб кьури даим цIунизе?

*1953*

## БЕРАЛ

Дида рихьана дур разиял берал,
РоцIцIараб къо гIадин гьимулел берал.
Дида рихьана дур бахьинал берал,
БецIаб сордо гIадин чIегIерал берал.

Дида рихьана дур чIахIиял тIелхакь,
ТIаде нуцIбиги къан, рахчарал берал.
Дида рихьана дур чIегIерал кьунсрукь,
Кьурдулел чIахIиял хIорилал берал.

Рихьана кIвекIарал свакарал берал,

Рихьана макьу щун кьижарал берал,
Гьез каранлъ цIаги лъун ана бахъун ракI –
«ЦIогьазде» кечI хъвалев кинав ахIмакъ дун.

*1953*

* * *

Дунго вуго рокъов... къаси сордоялъ
Радиоялъ буго музыка кьолеб:
Цин пандрид бачана панаяб бакъан,
Гьелъ вачун росулъе щвезе гьавуна.

ЩвантIихалъ лъабцIуса бакъан хисана, –
Дуда хадув унев дунго вихьана.
Чагъана гIодана дир ракI кинигин
Аргъан къиркъидана – къец буго нилъер.

Гьале къали чIвана ва зурма пуна –
Гьаб батизе ккола, яс, нилъер бертин...
Къаси радиоялъ Дагъистаналъе
Дир рокьул хIакъалъулъ музыка хъвана.

Гьел бакъназе гьечIо, гьудул, рагIаби
Дир гьалдолеб рокьуй гьечIел кинигин.
Дица кагъат хъвана комитеталде
Гьаб музыка такрар гьабеян абун.

Гьедин такрарлъизе лъикIан, йокьулей,
Нилъер тIолго рокьи, дагIба гьоркьоб тун.

* * *

Дир рокьи буссани бакъул чIоралде –
Бищунго гвангъараб чIор букIинаан.
Гьадинаб гвангъараб буго дир рокьи,
Гьединаб бухIараб буго дир гIищкъу.

Дир рокьи буссани сардил макьиде –
Бищунго гьуинаб букIина макьу.
Гьединаб гьуинаб буго дир рокьи, .
Гьединаб гьайбатаб буго дир гIищкъу.

Дир рокьи буссани хъахIил ралъдаде –
Бищунго гъваридаб букIина ралъад...
Щайгурелъул дие дой гьайбатай яс

Гъваридаб рокьиялъ цIакъ йокьулелъул.

Дир рокьи буссани мугIрул иццалде –
Бищунго тIокIкIараб букIинаан инц.
Гьединаб бацIцIадаб буго дир рокьи,
Гьединаб беролеб буго дир гIищкъу.

Дир рокьи буссани ихдал тIогьоде –
Бищун недегьаб тIегь букIинаан гьеб.
Гьединаб недегьаб буго дир рокьи,
Гьединаб берцинаб буго дир гIищкъу.

Иццул бацIцIалъиги, тIогьол цIилъиги,
Макьил гьуинлъиги, бакъул хинлъиги –
Кинабго дулъ буго, дир рокьи, гIищкъу,
Дир гIазизай гьудул, дир лъикIай гьалмагъ.

* * *

Дуца елъулаго гьикъулеб буго,
Гьадаб кьаллъараб мех рекIелъ гьечIишан.
Дица жаваб кьола, рекIелъ гьечIилан,
Гьеб къо гIумруялъулъ букIинчIин толин.

*1953*

* * *

Ва рокьиялъул тIехь, цо дица гуро
Мун данде гьабураб ва гьадин хъвараб.
Мун хъвана бацIцIадаб рекIел рокьиялъ,
Рокьи дие кьуна цо магIарулалъ.

Дица анцIго соналъ цадахъ босулеб
Гьелъул сурат буго щибаб дур тIанчилъ.
Гьалъул гьумералъул бахьинаб гьими
Бихьизе гьабуна дица дур гьурмалъ.

Гвангъарал беразул гьайбатаб кунчIи,
Гьез кумек гьабуна кучIдул гьаризе.
РекIел гьудулалъул кIалдиса росун,
Гьелъ малъарал руго дида рагIаби.

Дой йикIинчIейани гьабсагIаталда
Дур гьумерал дица рикIкIунароан.
РакIалда букIана диралда аскIоб

Долъулги цIар хъвазе гьал дур жилдазда.

Гьеб хъвачIого тана щибаб тIанчилъан
Дой ялагьун йикIин бичIчIилин, лъалин.
Мужалатаца мун цIунулеб гIадин,
Дица дой цIунула, гьелъ хъвана дир цIар.

*1953*

* * *

Жакъа роцIараб къо, бацIцIадаб гьава,
РачIа бецIлъизегIан цадахъ тиризе.
ТалихIаб маялъ нилъ данде ахIараб
МахIачхъалаялъул къватIахъ сверизе.

Гьале нилъер шагьар бакъукь кенчIолеб,
Балагье паркалда раккарал тIугьдухъ;
Гьадинал тIугьдулгин гурищ тIоцеве
Дуда данде чIварав дун вокзалалда.

Рилълъа, шагьаралъул ахикье щвелин,
Борхалъуде араб нилъер гъотIохъе.
Гьелъул тIамхал жакъа нилъехъ хал гьабун
Хиялазда руго цоцалъ щурщулел.

Гьале Каспиялъул карачалаби,
Гьазул каламалъухъ гIенеккилкн цо...
Гьез гьикъулеб буго гьагъал ганчIазда
ГIодор чIун рукIараб мех кIочонищан.

Гьагъале институт, общежитие,
АскIоб байданалда початлъул мина...
Дир панаяй гьудул, лъалхъизин гьанир,
Лълъухьилин чанго сон цо лахIзаталде.

Гьанир нилъ хьвадарал киналго къватIаз,
Гьанир нилъ рихьарал киналго къадаз
Нилъеда гьарулеб буго гIумруялъ
ГIолохъанго цIуне даим рокьиян.

Гьале щвана бецIлъи, бокьулеб бецIлъи,
Бихье цо, тIоцеве къочарав гIадин,
Къочизе нечараб дур гьумералда
Гьадабго некIсияб кавудал кIалтIа.

*1955*

## ДИР РОКЬИ ККУН БУГО НУСГО ЯСАЛЪУХЪ

Дир рокьи ккун буго гьабсагIаталда
Гьаб дуниялалда нусго ясалъухъ.
Дир рекIел къасдазул, дир пикрабазул
Гьудулзаби руго киса-кирего.

Жеги васандулев вас вугеб мехалъ,
Росдал иццухъ дида дандчIвана цо яс.
Гьелъ гьежда баччараб гIеретIалдаса
ГьитIинай йикIанин ккола дида дой.
Гьелъухъа цIорораб лъим гьекъаниги,
ЦIадуца гIадин дун хинлъизавуна.
ГIемер сонал ана – гьадай ясалде
Гьанжеги буго дир хисичIеб рокьи.
Гьедин хисичIого букIуна месед,
Нусго сон баниги, кьаву чIвачIого.

Каспи ралъадалъул рагIаллъиялда
МагIарул ясалъухъ ккана дир рокьи,
Квачараб хасало ва хинаб ихдал
Гьелда хадуб ана дир гIолохъанлъи.
Гьей кий яхъаниги хъаравул гIадин,
ВукIунаан щибаб бокIнилъ эхетун.
Гордухъ гьей йихьизе вахунаан дун
Борхатаб гъотIоде, кету кинигин.
Общежитиялда гьей егулеб бакI,
Гьелъул бокIон буго дида ракIалда.

Дир рокьи ккун буго цо гIолилалъухъ,
Дунгун Москваялде цадахъ йикIарай.
Дир рекIел баркала кондукторасе,
Гьелъул мадугьалихъ дие бакI кьедал.
Дир талихI, дир рохел, дида нух лъачIо –
ЛъагIелаз инаан дун гьейгун гьедин.
Гьейгун цо гордухъан балагьулаан,
Цоцада данд битIун гIодовчIолаан;
ГIицIго гьей кьижигун кьижулароан,
Гьелъул макьу цIунун, рокьи ккарав дун.

Дий йокьун йиго яс, квачараб кьиндал
Диргун кьал ахIарай, дир кечI бухIарай.
Дий йокьун йиго яс, ихдалил къояз

Дида къвал жемарай, дир кечI беццарай.
Дир рокьи ккун буго цидул тIинчI гIадай,
Ццидалаб ракIалъул цо гIолилалъухъ.
Дир рокьи ккун буго ихдал хIинчI гIадай,
Аваданаб рекIел цо гIолилалъухъ.
ЧIухIарай ясалъухъ ккун буго рокьи,
ГIадатай ясалъухъ ккун буго рокьи,
Пашманай ясалъухъ ккун буго рокьи,
Йоххарай ясалъухъ ккун буго рокьи;
Щибаб шагьаралда ккана дир рокьи,
Киналго росабалъ ккана дир рокьи.

Мун дихъ балагьулей йиго пашманго,
Ва гьабулеб буго дуца бадибчIвай:
«Жий нусгояздасан цояй рагIулин.
Жинда лъан букIинчIин, баркалайилан».
Дица жаваб кьола гурилан абун –
Мун нусгояздасан цояй кколаро.
Мун цо йиго дида дандчIван нусцIуса.
Мун цо йиго – нусго дир йокьарай яс.
Дуда рекIелъ бугищ, мун йикIана дой
Дида росдал иццухъ ихдал дандечIван,
Хадуб шагьаралда, щибаб дур лъалкIда
Дун хадув вукIарав лъаларищ дуда?

КIиялго гурищ нилъ цадахъ рукIарал
ЦохIо вагоналда доб Москваялде?
МахIачхъалаялъул институталъул
ТIолалго курсазул студентка мун.
Мун цидул тIинчI гIадин ццидалайги дир,
Мун ихдал хIинчI гIадин аваданай дир;
Мун дир чIухIарайги, дир гIадатайги,
Мун дир йохарайги, дир пашманайги;
Мун дир ихгун хасел, мун дир сордо-къо,
Мун хинлъигин канлъи – кинабго гIумру.
Кий мун лъеданиги, хадув лъедана.
Кий мун йоржаниги, хадув воржана.
Киналго росабалъ мунгун вукIана.
ТIолго шагьаразде нилъ цадахъ щвана.

Дир рокьи ккун буго гьабсагIаталда
Гьаб дуниялалда нусго ясалъухъ.
Нусайго мун йиго, нусцIул йокьарай,
АзарцIул жегиги йокьизе йигей.

* * *

Дуца макьуги щун къанщана берал,
Макьу щвечIого дун вахъана къватIив.
Зодор цIваби руго... ракIалдеккана:
Киналго гьайбатал ясазул берал
Макьил заманаялъ зобазде унин,
Радал рахъаралго нахъе руссунин.

*1954*

* * *

ГIищкъуялъул шагIир, къаси цIидасан
ЦIалана дур кучIдул киналго дица.
Дун хIикмалъарав куц, – кин дуда лъараб
Дун гьавилалдего гьаб дир рокьул хIал?

* * *

Нужеца рогьанин кида абулеб? –
Канлъи реххигунищ, бакъ баккигунищ?
Диени рогьуна магIарухъ сордо,
Берал рагьун гьудул йорчIараб мехалъ.

* * *

Лъабго цIва ботIрода лъун,
Байбихьула дуде кечI;
Лъабго цIва аххада лъун,
ЛъугIизе гьабула кечI.

Гьедин хъвана нусго кечI,
Хъвана анцIабго соналъ;
Гьезие цIарал гьечIо,
ЦIар кьуни цого буго.

Дица лъолеб лъабго цIва
Лъабго рагIи буго гьеб,
Гьел рагIаби абула
ГIищкъу ккарас цо нухалъ.

Гьел рагIабазулъ буго
Дир гIумруялъул хIасил,
Дир асаразул магIна,
Ургъел, роххалий гIилла.

ГъотIол хIободе тIолго
ГIаркьалаби кинигин,
Киналго дир пикраби
Гьезде руссарал руго.

Лъабго цIва ботIрода лъун,
Байбихьана цIияб кечI...
ЦIвабзазул магIна буго
Дие мун йокьулилан.

*1954*

* * *

Щибизе къацандун, – цоцахъ балагьун,
Берал релъанхъулел ругеб мехалда.
Щибизе кьал ахIун, – кьалги кIочон тун,
Кьижун рорчIилалде рекъолеб мехалъ.

КIудияб рокьиялъ гьитIинаб сукIи
Пун кIодо гьабулеб гIадат батила.
Гьелда, горда чIвараб тамахаб гьури,
Пулеб цIер, гIазуян кколеб батила.

Гьалдолел ракIазда, дагIба гьечIого,
Даим гьадин чIезе чIалгIун батила.
Данде щивниги чIван квер босаниги,
Гьалъ каранде къанин толеб батила.

*1953*

* * *

ВачIуна гIазизаб гIорул рагIалде,
Балагьула гьелъул чваххиялъухъ дун.
Карачелабалъе квералги риччан,
Кодобе босула дица гьелъул лълъим.
Щиб лъалеб, хеккого хирияб Койсу
Каспи ралъадалде гъорлъе чваххила.
Мун ралъдал рагIалде яккараб мехалъ,
Гьаб карачел дуде цебе кIанцIила.
Мун гьелде къулила, гьанже дун гIадин,
Дур гIагараб гьумер гьелъулъ гвангъила,
Дир хъатида жаниб басандараб лълъим
Босун мун гьимила, дун ракIалде щун...
Хабар босун унел чапарахъ гIадин,

ГIорул карачелахъ хал гьабун вуго.
Хирияй, бате, лъай, гIатIидаб ралъдалъ
ГIагараб мугIрул лъим, босе гьаб
кодой...

* * *

Дица лъиде гьанже ургъел бикьилеб?
Унтараб ракI лъида дица бихьилеб? –
Щибаб санайил их гьайбатлъун буго,
Гьелде хъвалел кучIдул дагьлъулел руго.
Дица лъиде гьанже ургъел бикьилеб?
Унтараб ракI лъида дица бихьилеб? –
Щибаб соналъ ясал берцинлъун руго,
Бицунеб гIолилаз гьезул дагь буго.
Дица лъиде гьанже ургъел бикьилеб?
Унтараб ракI лъида дица бихьилеб? –
Бищун йокьулелде хъварал асарал
Бищун ахирияб тIанчида руго.

* * *

Абула гIадамаз МахIмудил рахъалъ, –
ТалихI къараб рокьи кканин чиясул;
ГIумру хадуб арай, макьу биччачIей
Йокьулей щвечIого, щущан анин ракI.

Дийни рокьуларо рокьул къиссаби;
Рокьи гIазабилан абун бицунел.
Гьуинал гьечIо дий гIищкъул асарал,
ГIищкъу унти, балагь бугин ахIулел.

Рокьуца ракьалде чIван реханиги, –
Рокьи талихI бугин тола дир ракIалъ.
Рокьулъ лебаллъиги гьунарги буго,
Рокьулъ бацIцIалъиги чилъиги буго.

Рокьи – гIолихъанлъи ва гIолохъанлъи
ГIумрудул бищунго щулиял сонал.
Рокьиялъе гьечIо ракьалда манзил,
Гьелда сапаралда лъаларо свакай.

Гьудул, дида чанги къоял рихьана,
Къварилъаби лъана мун кодой щвезе.
Ва гьабсагIаталда дудаса рикIкIад

Дир ракIалъе гьечIо рахIатгин макьу.

Амма рахIаталда кьижараздаса
Дун талихIав вуго азарго нухалъ. –
Кидаго гурхIичIо рокьи ккаразда,
ГурхIана кидаго рокьи ккечIезда.

*1953*

* * *

Дир рукъалъул къеда гьимулеб буго
Дур гьайбатаб сурат къасиги къадги.
РекIелъ мун йосарав, сабру гьечIев дун
Гьелде вуссун даим вуго кIалъалев,

Дуда чIалгIунарищ гьедин кидаго
Гьимулей йикIине цо кIалъайилан;
Дуе къварид гьечIищ гьаб рамкайилан,
КъватIий яхъайилан, цадахъ йилълъайин;

Киноялде щвелин, шагьар тирилин,
Театразухъ нилъ балагьилилан;
Музеялде щвелин, ахакь тирилин,
Дица дуда Москва бихьизабилин.

Амма сурат кигIан дун гьарданиги,
Дир пикру гьечIого буго гьимулеб,
Гьаб сураталда мун релълъарай гьечIо, –
Гьеб буго дир талихI дуниялалда.

Гьаб сентябралда дида рихьана
ГъутIби тIогьиллъулел, тIугьдул речIалел.
Ва гьелдаса нахъе гьедана тIул-ракI
ТIогьода релълъине мун гьайиларин.

## ГIАЗДАДА ЛЪАЛКIАЛ

ХъахIлъи лъаралдаса къо бакъинегIан
Мун гIаздалаб рохьой свердана дунгун;
Амма, гIажаиблъи, гьаб гIазда дида
Дур лъалкIал ратичIо дирго гурони.

Мун дунгун йикIана, дунгун кIалъана,
Дур панаял кучIдул дида рагIана.
Дица дур гьитIинал, квачарал кверал

Дирго каранда лъун хинлъизаруна.

ГъутIбузда гьоркьосан гьумерги баккун,
Гьимулей йикIинчIищ багIарлъарай мун?
Босун гIазул гIерекъ дидаги речIчIун,
«ВачIа, хадув гъаян» екеричIиш мун?

Дуй гурищ цIаларaб дица гьабсагIат
ЦIи гьабураб сарин гьалдолеб рекIел?
КIиязулго релъи букIинчIищ рохьоб?
КIиязулго дагIба рагIичIищ гьаниб?

Мун дунгун йикIана, кир ругел лъалкIал,
ЛъалкIал гьечIо гIазда гIицIго дир гурел. –
ЛъалкIал рукIунаро рекIел къасдазул
РикIкIаде роржине куркьбал гурони.

## УНТАРАЛ ГIУСАЛ

Лъаларо щиб ккараб, цо нухалъ сардилъ
Ссудизе, цIунизе лъугьана дир гIус.
Носоца ссуссураб гьан унтиларо
Гьедин кутакалда, хвана дир сабру.

Макьу тIурун ана, босен рихана,
Вуссине, чIезе бакI тIагIун хутIана.
Гьекъел, квен кIочана, кеп-тату хвана,
Гьурмал кьер, тIабигIат тIолго хисана.

Щиб гIазабалде гьеб данде ккуниги,
Киналго гьелдаса гьитIин рихьана.
Гьабизе жо лъачIо, тохтир ахIана,
Унтараб гIусалъул къиса бицана.

Гьелъий лъикIаб дару – бахъи бугилан,
Бегьана гьес кIалдиб хъахIаб маххул гьецI.
Хъорщода чIвараб магI бахъулеб гIадин,
Бахъун реххана гьелъ рохел хвараб гIус.

Ва гьелдаса нахъе унти-гIузру ун,
ГIодореги риччан руго дир цаби...
Дица улкаялда унтараб гIусин
Намус реххаразда цIар лъолеб буго.

Гьел «гIусал» ракьалда тирулел руго,

Дие макьу-рахIат гьез толеб гьечIо.
ЦIогьал, гьерсихъаби, гьекъолдухъаби,
Кваналеб гъадринир жанир лъедолел.

БацIил хъантIи бугел, хъурмил ццин бугел,
Борхьилаб мацI бугёл руго ягъзинал.
ХIел-хIелчагIи руго, – гьезул кIал чIвани,
КIал чIвараб хъатги ккун гьелда къочулел.

Чвантиниб зар букъун, тIасан кIал гьимун,
КIиго гьумер бугел руго сверулел...
ХъахIаб халгIаталъул дов тохтирасул
ГъоцIол махщел анищ дир асаразе.

*1954*

* * *

Поэт лъадиялде кечI хъвалев вуго,
Мун гьечIого дида чIезе кIоларин;
Мун йихьичIеб сагIат дир гIумруялъул
ГIадада араблъун жинца рикIкIунин.

Поэтас гьединан кечI хъвалеб мехалъ,
Йоххун лъади гьасде аскIой ячIуна.
Поэт ццидаххуна, нахъе тIагIаян,
Дий квалквал гьабуге кечI хъвазейилан.

**ЦЕВЕ ВУКIАРАВ ГЬУДУЛАСДЕ**

I

Дида рихун руго сихIирал чагIи,
Сверухъ бугеб гьими, гьересияб рецц.
Цониги ракI гьечIел гьудулзабазул
Гьумер буго нусго, – киса гьал, унго?

Дир вукIана гьудул, ракI рагьун дица
Гьесда бицинчIеб жо букIинчIо толеб.
БакIаб къварилъигун, тIадагьаб рохел,
ТIолабго гьесухъе щвезабулаан.

Дица гьесий кьуна божигун рокьи,
Макьие биччараб мехалъул сагIтал.
Гьанже макьу гьечIо гьесда ццин бахъун,
Ва гьесда божарав дида ццин бахъун.

Щиб тамихI гьабилеб гьагаб дир рекIей
Ва божуда рекIкIав дир гьудуласе?
Щив диванчиясде аскIой бачинеб
Ургъелал киналго бикьараб дир мацI?

Дица гьудуллъидул бицун батана,
Дир гьудулзабазул тушманасдехун.
Дица дир тушбаби рицун ратана,
Дир тушманзабазул гьудуласдехун.

Дица дир пашманлъи бицана гьесда,
Пашманлъи гьас кьураб букIин лъачIого.
РекIел рохелалъул бицана гьесда,
Рохел хвезабулев гьав вихьичIого,

«Макьилъ мун вихьанин» вачIунаан гьев,
Гьимулаго радал дида бицине.
Дида щибха лъалеб макьил мехалъ гьев
Макьу тун дидасан гIарз хъвалев вукIин.

Цараца гIантаб ци бачунеб гIадин,
Вачун ватана дун кьурул рагIалде.
Гьес дунго реххулеб кIкIал бихьичIого,
Бихьизе хIал кIвечIо гьесул сихIирлъи.

Йохъ, царал сихIирлъи бицинароан,
БацI сихIирлъун хадуб щиб жо гьабулеб?
Дие гьудул хвана чIаго вукIаго,
ЧIегIераб гьереси бицаралдаса.

II

ГIадамал хирияб, хекко божулеб
Дир гIадатияб ракI, огь, дур ахIмакълъи!
Духъе бегьулеб квер кидаго дуца
КIобокIун босана балагьичIого.

Унго анцIабго сон цадахъ бачIого,
Бегьуларищ лъазе гьудул щивали.
Гьесул хIалихьалъи, хъахIаб кун гIадин,
Кидаго бихьизе рес букIанин дур.

Щайзе махсараде кквезе чIараб мун
Катилаб тамахаб лъухьариялъе?
Щайзе гьоцIойилан гьекъараб загьру?
Щайзе балаб рахъалъ хъатикь ккураб нус?

Щай гуккизе чIараб гъосул реццазе,
Дур бицун гьекъолел гъосул лълъаразе?
Щай дуда бихьичIеб, гIаракъи абун,
Гъос гьекъолеб букIин гъоб мехалда лъим?

Дун ццин бахъарабго вахъун семула,
Разияб мехалда воххун вукIуна.
Гъов кинав артистлъун вукIине кколев, –
РекIелъ ццин букIаго велъизе лъалев?

Нуха гудурги гъун гъоркьан балагьун,
Ракьандаса цаби рихьизе лъалев?
Бищун дун гъанкъизе къваригIаравго,
Къвал бан гьудулилан абизе кIолев?

Гъов кинав артистлъун вукIине кколев, –
РакI бохун букIаго гIодизе лъалев?
Кинан гъов нечечIев Гейнел бицине,
Блок ракIалдасан дие цIализе?

Дир рекIел бищунго тIеренал бакIал
РукIун руго гъосда рихьулел даим.
ГIемерал рокьана, гьевгIан вокьичIо,
ГIемерал рихана, гьевгIан рихинчIо.

III

Дие захIмалъана дур хIалихьалъи,
Дие хIалхьи гьечIо мун ракIалде щун.
Цо дун гукки гуреб, кинаб кIудияб
Ругъун дуца лъураб дир гьаб рекIеда!

Дуца чIвачIониги дагьлъизабуна
Дир букIараб божи гIадамаздехун,
Дун щаклъизавуна щибав чиясда, –
Щиб лъалеб гьезда гъорлъ мун ватилилан.

Дуца дир ракIалъул эркенаб асар
Гьанже рахасги бан чIезе гьабуна.
ХIасратаб рокьиги, боркьараб шавкъги
Маян кьолел чагIи рилизаруна.

Радал бакъ баккигун хIинкъула цо-цо,
Цосина хIилла-рекIкI батиладаян.
ГIурда тIегь бихьани щакдарула ракI,

Щиб лъалеб загъруяб батизе гурин.

Макьаби рихьула сордойил кьогIал,
Цин-цияб рахъалъан хIанчIула гьвеца.
ХIинкъун ворчIула дун, щоларо макьу,
Щола мун ракIалде, кIоларо чIезе.

Бахараб малъ къотIун реххулеб гIадин,
Дица реххун тела хиянатав мун.
ТIутIун гIодой рала гьерсилал кагътал
Ва праздниказде рачIунел телал. –

Амма альбомалда кидаго, даим
Дур сурат цIунила цIодорлъиялъе.
ЦIунила квешезе дирго рекIее, –
ЛъикIаб дарс малъана дуца исана.

Гьеб нусго соналъе гIезе буго дий,
ГIемераб баркала дур гIелмуялъухъ.

ГьитIинго инсуца кигIан малъараб,
Кидаго даим мун цIодор вукIаян;
Эбелалъ дун киве ине кканиги,
Абулеб букIана гьелъул хIакъалъулъ.

Маргьабаз, кучIдуца кигIан бицараб,
Борхьил мацIал ругин мацIихъабазул.
АнцIила щуго сон цIалуда ана,
Аза-азар тIехьалъ рехсана гьалъул.

БагIараб галстукги горбода бухьун,
Дун пионеразул цIадухъ вукIаго,
Гьенив вожатыяс цIалун букIинчIищ
ЦIодорлъиялъул дарс нусго нухалда?!

Райкомалъул рокъоб кабинеталда,
Дий билет кьолелъул секретарзабаз,
Сабруяб куцалда гIодоре риччан,
ГIемераб малъичIиш, щай дун тохлъарав?

Дие гьаб дарс кьуна тIрлго гIумруялъ
ГIагарал киналго учительзабаз.
Амма нахъегIанав дуца кинигин
Дида гьаб кидаго бичIчIизабичIо.

**ЦО ПОЭТАСДЕ ЦО ЦӀОГЬОРАСУЛ КАГЪАТ**

ЦӀалана, кочӀохъан, кепалда дица
Дир рахъалъан дуца хъварал назмаби.
Щибго бугьтан гьечӀо, пасихӀго руго,
Гьижаби, жугьаби цӀакъ рекъон руго.

Руго чанги чехь ккун релъилел бакӀал,
Руго ракӀ разиго цӀалилел мухъал.
ЦӀакъго цӀакъ лъикӀ руго, цӀакъ рази руго,
ЦӀогьорас гьор гьабун рукъ тей бицунел.

Амма тӀаса лъугьа, тӀолго гьеб назму
Нилъ гьарилалдего гьабураб буго.
Гьеб, инсуца гӀорцӀен бикъараб мехалъ,
Цогиги гӀакъилас хъвараб букӀана.

Бокьани дица гьеб пандрид ахӀила, –
Дуца гьоркьор тарал бакӀалги руго.
Микьабилеб мухъилъ, битӀун бицани,
Дуца хисизабун цо рагӀи буго.

Гьединан дицаги лъангутӀизеян
Бикъараб гӀакдада гӀужал гьарула.
Я гӀундул рорлъула, я лълъар бекула,
Кинаб букӀаниги хӀилла ургъула.

Щибго дагӀба гьечӀо прокурорас
Гьанже кӀиябго гӀин кьуриялда дир.
Амма нилъ кӀиялго цого пишадал
Гьалмагъзаби ругин, щай гъос мун толев?

КӀиясго бикъула халкъалъул боцӀи,
Дица хӀинкъун къаси, дуца къад рагьун.
Дида къо бихьула цӀогь гьабулаго,
Дуца цӀакъ бигьаго гьабула гьеб иш.

Цо-цо хиял ккола дудасан куцун,
КучӀдул рикъиялде вуссинин абун.
Амма, кигӀан цӀогьор дун вукӀаниги,
РакӀалъ гьукъана дий гьеб нахъегӀанлъи...

НекӀо тӀадмагӀарухъ цӀогь гьабурав чи
ЦӀухӀамида гӀакса рекӀине гьавун,
ГӀелас цеве къотӀун халкъалда цеве

Свердизавулаан базар къоязда.

Бокьилаан кучIдул рикъулев поэт
Кинабго кIудияб совет ракьалда
Свердизе гъавизе хIамида рекIун, –
ХIалихьатаб пиша гьес рехун тезе.

*1953*

## ИНСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КУЧIДУЛ

1

Дица кечI гьабичIо мун хвараб къоялъ, –
Гьеб рагIи абизе ургьиб ракI хIинкъун.
Дида бичIчIуларо, эмен гьечIого,
Гьаб дуниялалда дун гIолев вукIин.

Дун къватIив вугони, ракIалде ккола,
Дихъ балагьун рокъов вугин мунилан.
Дун рокъов вугони, хIисаб гьабула
ГьабсагIат мун къватIив, тирулев вугин.

Цо-цо ккола вугин кабинеталда, –
Дуй квалквал гьабизе ваккиларилан,
Вилълъунев ватула катил рилълъада,
Дуда сас рагIизе гурилан абун.

Дица гьанжелъагIан хIисаб гьабула,
Поч босулел ясаз нуцIа бухигун,
Хирияб росулъан,. Москвалдасан
Духъе кагътал, телал ратилин абун.

Дица кечI гьабичIо мун хвараб къоялъ, –
Гьеб рагIи абизе ургьиб ракI хIинкъун.
Дида бичIчIуларо, эмен гьечIого,
Гьаб дуниялалда дун гIолев вукIин.

2

Альбомалда гуро, хирияв дада,
Дур сураталъухъ дун хал гьабун вугев,
Ва художниказул кистаца гуро
Дур камилаб гьумер чIаго гьабулеб.

Дида бихьула дур хирияб сурат
Хвел гьечIеб халкъалъул гьинал рекIеда.
Дида бихьула дур хинаб балагьи

Хирията магIарул васазул бадиб.

Щибав дагъистанав восун балагье –
Дир инсуда дагьав релълъарав вуго,
Щай гурелъул инсулъ букIиндал даим
Дагъистан халкъалъул хасият-гIамал.

3

Гьале бачIана их, эмен, мун гьечIо,
Их ун рии щвана, эмен, мун гьечIо.
Буго дур кровать бесдал хутIараб,
Ва стол, бакI буго дуца товухъе.

Столалда руго сокIкIарал тIахьал,
Хъвалаго хутIараб дур гьитIинаб кечI.
Дие бокьун буго гьезда квализе,
Амма квер соролеб буго дир хIинкъун.

Дуца абулаан, дида гьеб лъала:
«ЛъугIичIеб кечIалда чи кваланани,
Чияр квер кисиниб бегьараб гIадаб
Асар гьабулила гьинал ракIалъе».

Дун гIенеккун вуго, коридоралъуб
Лъилалиго хIатIил гьаракь рагIула:
 Ккола мун гьаниве вугин вачIунев,
Дурго хутIараб кечI тIубан къачIазе.

*1952*

4

ГIажаибал чагIи руго гьал лъимал, –
Нилъер гьитIинай яс ПатIимат йиго,
Гьаниб дур хабатIе килищги битIун,
Дидехун кIалъалей кIудияй жолъун:

«Гьанив дахIадада кьижун вугилан,
Дуца гъов ворчIизе гьавугейилан».
Мун ворчIулев ани, хирияв дада,
Хобалда аскIоса инароан дун,

Гьанив вукIинаан тIолго гIумруялъ. –
ГIажаибал чагIи руго гьал лъимал.

5

Сабураб балагьи, загьираб гьумер,
Нилъалзукь лъураб квер, гьелъул тамахлъи...

Руго дур суратал сверулел берзукь,
Буго дур тIабигIат тIамулеб цебе.

Цин гьитIинав дунги тIингъилъе вачун,
ТIохил рагIалалде вахун вихьула,
Цин радиоялъул кочIохъабаца
РагIаби гъанкъунин ццидакь вихьула.

Цо кинаялиго лъаларей чIужу
Цо лъицаялиго юхунин абун,
Макьу щоларого къварид вихьула,
Къоялъул рахIат-кеп тIагIун вихьула.

Цин вихьула маялъ гIурччинаб харда
ГIолохъабазда гъорлъ свера-тирулев.
Рачлихъе квер биччан майданлъиялда,
Бакъ тIерхьунеб мехалъ хадув валагьун.

Вихьула хIалтIуда, хIалхьи босулев,
Воххарав, разияв, даим чIагояв.
Дида вихьуларо, бералги къанщун,
Къваридаб хобалъув хирияв эмен.

*1953*

6

IДиб жо ккананиги, цевего гIадин,
ГIакълу-лъай данд базе вачIуна духъе;
ГIадамал аралго, хабал рагIалда,
ГIисинаб бакъаналъ кIалъала мунгун.

Дун кIудияв гIуна гIемер гьаб соналъ
Ва лъана нилъалзукь квер лъун ургъизе.
Дуда аскIоб бараб щибаб сагIаталъ
Чам пикру гьабулеб гьаб гIумруялъул.

ГIатIидаб къватI бакьулъ буго тIогьолъ хоб...
Дир хирияв эмен, гьедула дуе,
Гьедула кIудияб гьаялдалъун вас—
Гьаб дуниялалда цIодор хьвадизе,
Дуй бокьарабщинаб дие бокьизе,
Дуй рихарабщинаб дие рихине,
Ва щакъитIелалъуб дица теларо
Дуца тIураб щакъи бакъвазе, дада!

*1952*

7

Кинан лъазе кIвелеб дуда гIадинан
ГIумруги, тIугьдулги, бакъги бокьизе?

Кинан дур ракIалда гIадин бичIчIилеб
ХIанчIазул чIичIийги, щобазул сасги?

Кинан дуца гIадин хинаб рокьиялъ
КьагIрил бетIералда тIад квер бахъилеб?

Кинан дуда гIадин воххизе лъалеб,
Ихдал цIерги бихъун лъарал чваххигун?

Кинан пашманлъилев мун гIадин, бице,
Милъиршо рагьдухъа боржун унилан?

ГIадалаб катица гIонкIкIол бакIалда
ГIайиб щибго гьечIеб хIанчIил тIинчI чIванин?

Мун гIадин гьимула гьитIинаб лъимер,
Гьайбатаб багIар бакъ гордухъ рештIингун.

Дур гIадин гьалдола гIолиласул ракI,
ГIумрудул роххалил хассал къоязда.

Лъимадул гIадатлъи, гIолиласул ракI
ГIумру херлъаниги хвечIо дур рекIелъ.

Гьелъ батизе буго дуе памятник
Бараб Дагъистаналъ Комсомол къотIноб.

8

Хех бакъ бихьарасе къо халатабин, –
Вахъунаан эмен, хъахIлъи барабго.

ТIадагьаб рилълъада, гIодове виччан,
ГIурччинал хурдулъан свердулаан гьав.

Росулъа Хунзахъе унеб мехалда,
Гьасул букIана нух жиндирго хассаб.

Къокъабго шагьра тун, щибаб къойил гьав
Унаан къваридаб сухъмахъги гьабун.

Инсул гIадаталда гIажаиблъарав

Дида дос бицана балъгояб нухлул:

«Дир вас, гъоб нухдасан унаго дица
Ургъулилан кучӀдул, хъвалин назмаби.

Гъоб дир асаразул сухъмахъ нух бугин,
Гъоба сариназул лъалкӀал ругилан.

Дирго героялгун хабар-кӀалалда
Халатаб нух дие къокълъун батулин».

Эмен гьечӀо гьанже, амма инсул нух
Росдал гӀадамаца бихьизабула.

Дун гьенисан ана, эмен кинигин,
КочӀое рагӀаби ралагьулаго.

Гьединан унаго, данде вачӀана
Дагьаб инсудехун пархен бугев чи,

Гьес дида абуна: «Унге гьанисан,
Инсул нух инсуе те, – илан абун. –

Мун поэт ватани, бате дурго нух.
БатӀияб, релълъинчӀеб, дуего хасаб».

Гъединги абун, гъов ана цевеса,
Дун балагьун чӀана... Батиладай нух?!

9

Берал къанщараб мехалъ,
Берал рагьараб мехалъ,
Рагьун цебе бачӀуна
Дида дур сурат, эмен.

ЛахӀзаталъ лъалхъун чӀани,
Дида цадахъ чӀола мун.
ЧӀечӀого унев вуго, –
Дида цадахъ вуго мун.

Дуца тӀолго рагьаби
Дида цадахъ рагьула,
Мун щибаб ригь-ригьалъуй
Дунгун цадахъ рещтӀуна.

Дуца дунгун их щвейгун
Ахикь тIугьдул ретIула.
ТIад магIарул иццазул
ЦIорораб лъим гьекъола.

ЦIад букIа, гьури букIа,
Гьайбатаб нур чIун букIа, –
Нилъ цохIого пикрабалъ
Цадахъ руго, дир эмен.

ЦохIо рокьи, цохIо ццин,
Цо пашманлъи, цо рохел,
Цо беразул балагьи –
Цадахъ руго, дир эмен.

Дун вегигун вегула,
Дун вахъингун вахъуна;
Мун дунгун столалда
Цадахъ гIодов вукIуна.

Дица хъварал саринал
Дуца цадахъ цIалула.
Цоял хъван, цоял хъвагIан
Гьел рекъезе гьарула.

Мун дунгун нилъер росулъ,
Мун дунгун Москваялда,
Мун дунгун Каспиялъул
РагIаллъиялда, эмен.

Дун хъахIилаб ралъдалъе
Гамида рекIун анищ, –
Мун – надалда кверал чIван,
Карачелахъ хал гьабун.

Дун хъахIилаб зодихъан
Самолеталда анищ, –
Цадахъ мун вуго, эмен,
НакIкIал гъоркь тун воржунев.

Берал къанщараб мехалъ,
Берал рагьараб мехалъ –
Кивго, кидаго, даим
Дида цадахъ мун, эмен.

*1952*

10

Дуда рагIиларин гуро, гIагарав, –
 Нечон цIалуларо дуе цIияб кечI.
Гьеб гIадат букIана гIумруялъ рокъоб, –
КъватIисан лъалаан цоцазул кучIдул.

11

Дий бокьун бугеб куц, рес бугеб ани,
Щибав инсанасе кумек гьабизе;
ГьечIо дунялалда дир цоги мурад
Инсуй мустахIикъав вас вукIин гуреб.

Гьеб цIакъ захIмат буго, хIатта рес гьечIо, –
ХIеренаб хасият букIана инсул.
КIудиялълъ – кIудияв, лъималалълъ – лъимер
Ва гIолохъабазулъ – гIолохъанав гьов.

Йохъ, дие батIияб ирс кIваричIоан,
Инсул гIамалалъул цо бутIа щвани.

*1952*

12

Жакъа ихдалил къо, – аза-азар кечI,
Аза-азар тIугьдул, тIубан щвараб бакъ.
Эмен, жакъацин дир къварилъана ракI, –
Жакъаги мун гьечIо гьаб дунялалда.

*1953*

13

Инсуца абуна, жив гьанжейила
МугIрул иццул лъимаз лъикIлъилаанин.
Гьеб хабар рагIидал, мугIрул гIухьбуца
Нус-нус иццул лъинал инсуй рачIана.

Инсуда гьеб мехалъ ракIалде щвана
Рорхатал мугIрулги гIолохъанлъиги.
Гьав гьимана, лъикIго лъугьун вукIана,
Лъабабилеб къоялъ захIмат унтана.

Инсуца абуна, жив гьанжейила
МагIарул тIугьдуца лъикIлъилаанин.
Гьеб хабар рагIидал, магIарул васаз

Нус-нус тIогьол квацIи инсуй бачIана.

Инсуда гьеб мехалъ ракIалде щвана
РикIкIадисеб гIищкъу, гIагарай гьудул.
Гьав гьимана, лъикIго лъугьун вукIана,
Лъабабилеб къоялъ унти хIаллъана.

Инсуца абуна, жив гьанжейила
МагIарул кучIдуца лъикIлъилаанин.
Гьеб хабар рагIидал, магIарул ясаз
Цоцалъ рекъон бакънал инсуй рачана.

Гьеб мехалъ инсуда ракIалде щвана
Жиндир тIолго кучIдул, кинабго гIумру.
Гьав гьимана, лъикIго лъугьун вукIана,
Лъабабилеб къоялъ къуват лъугIана.

Гьанже дунялалда дун свердулелъул,
Дагъистан мугIрузул иццахъ балагьун,
Берцинал ихдалил тIугьдухъ хал гьабун,
ПасихIал магIарул кучIдухъ гIенеккун,

ГIумруялъ кидаго дир гьинал рекIелъ
ЧIаголъула инсул гIагараб сурат.

*1952*

14

Гьаб цIакъ захIмат буго ракIалде щвезе...
БакIал унтабазул гIазабалъ эмен, –
ХIалакъав, вакъварав, лъимер кинигин,
Кроваталда гьав хвелгун вагъулев.

Сверухъ тохтирзаби, сверухъ дараби,
Сверухъ тIаде къулун къваридаб хъизан,
Рагьдухъ, бульваралда гьасий хириял
Гьайбатал тIугьдулгин, гьайбатал лъимал.

«Щиб босилеб, дада, мадарго гьечIищ?»..
Гьасул хIалуцараб тамахаб жаваб:
«АнцIго гьачагъ вугин чармил гьуцIдулгун
Жиндир чорхол лугби цоцахъе цIалел.

НекIсиял гьачагъал, хвалил чапарал –
Чанги дида цере дандчIван рукIана.

Жеги росулъ бесдал лъимер вукIаго,
Дир бусахъ гьез дие гIазаб гьикъана.

Хадув мутагIиллъун вукIараб мехалъ,
РакIалда гьечIого рачIун рукIана,
ЦIунтIадерил рохьалъ рихьун рукIана,
ЦIул къотIулев вугев диде тIаделъун.

ЧIегIераб нарталъул Грозныялда,
Гьелгун къеркьолаго, къоял тIамуна.

Гьелгун вагъана дун хасалил сардаз
Хунзахъ туснахъалъул бецIаб чIарбида;
Гендерил парсахъан дун вахунаго,
Нуха ккана дагIба гьезулги дирги.

Дир кочIохъанлъиялъ; гIолохъанлъиялъ
ГIумруялде бугеб рокьи-гIищкъуялъ,
ГIагараб халкъалъе кучIдул ахIизе
БухIулеб ракIалъул бугеб гьираялъ,
МугIрул тIабигIаталъ, цIорорал иццаз
ЦIадулал гъачагъал нахъе хъамуна.

Кир араялицин дида лъачIого
Унтабиги тIагIун, гIумру гьабуна.

Гьанже дун херлъигун, хал гьабе, унго,
Гьал къисас босизе рачIунел руго.
ГIолохъанаб мехалъ диргун букIараб
ДагIба-рагIи гьезда кIочон тун гьечIо.

Гьаз дир кверазухъа ругьунаб къалам –
Дир къиматаб ярагъ нахъе бахъана.
Боххдузда махх бана, бадиб квер чIвана,
ЧIегIерал килщаз дир мукъулукъ ккуна.

Гьаз дие гIемерал гIазабал кьуна...
Ва амма гIадада инаро хвалде, –
Наслабазе тела ургьиб гьинал ракI,
Гьелъ ахIарал кучIдул цо хутIичIого...»

Гьаб цIакъ захIмат буго ракIалде щвезе...
БакIал унтабазул гIазабалъ эмен...
РакIалдаса ине кIолелго гьечIо
РакIалъе бищунго захIматал къоял.

15

«Къандалъо битIизе гьабуге, лъимал,
Пайда гьечIин» абун, гьас квер борхана.

Инсул ахириял рагIаби гьале,
Инсул ахирияб ишанги гьале.

Июналъул сардил кватIараб сагIат!
Кида кIочон телеб, талихI къараб мун...
МахIачхъалаялда, жиндирго рокъов
Дун балагьун хвана хирияв эмен.

Хвана... Цо лахIзаталъ, тIолго унтаби
Инсудаса ана, къотIана хIухьел.

Ва амма хIухьел ккун балагьаразул
Угьун хIухьел биччан хIалуцана ракI.

Инсуда гIагарлъухъ тIолго гIумруялъ
ТIоцере гIодана гIадани берал. –
Гьанже гьесда гIоди рагIизе гьечIо.
Гьанже гьесда магIу бихьизе гьечIо.

Гьанже гьас, бихьинчи гIадин вукIаян,
Дун гIодунин абун абизе гьечIо.

ЛъугIана хеккого халатаб гIумру,
Хвана гIолохъанго хъахIлъарав поэт.

Шагьар рогьалида борчIизе буго;
ВорчIиларо думалъ дир эмен гьанже.

Рогьалилъ рахъингун магIарулазда
РагIила рокьукъаб къваридаб хабар.

Хванин поэтилан пашманлъила халкъ...
Поэтги, эменги камана дие.

Июналъул сардил кватIараб сагIат,
Кида кIочон телеб, унго, дида мун...

*11 июнь, 1951 с.*

16

Дие инсудасан ирсалъе щвана
Дуде бугеб рокьи, бокьулеб ВатIан.
Мун букIана досул соназул рохел,
РекIел асаразе аслияб сабаб.

МаркIачIул гIужалда гIенеккулаан
Дур гIораз бачунеб бакъаналъухъ дов.
Карачалабигун гаргадулаан
Дур ралъдал рагIалда рогьалида дов.

Досда лъалаан мацI зодихъ цIвабзазул,
ЦIалулаан харбал харилъ тIугъдузул.
Дудаса рикIкIада, накIкIихъ хал гьабун,
Мунги ракIалде щун угьдулаан дов.

Амма бищунго цIакъ дуниялалда
Досий бокьулаан дур ракь, дир ВатIан.
БагIар бакъалдаса дов чIухIулаан,
ЧIегIераб ракьалда гьеб гвангъунилан.

Дие инсудасан ирсалъе щвана
Дуде бугеб рокьи, бокьулеб ВатIан, –
Дун гьесул бераца балагьула духъ,
Дун гьесул гIундуца гIенеккула духъ.

*1954*

## ПОЭТАСДЕ

Дун балагьун вуго дур гIумруялъухъ,
ГIажаиблъи дур ригь лъазе кIоларо.
Мун гIолохъанчийищ, мун херав чийищ
Яги гьулак течIев гьитIинав васищ?
ЦохIого къоялда къоцIуса лъимер,
КъоцIуса бахIарав, къоцIуса херав –
Унго ригьищ гьечIеб хвел гьечIев дуе?
Бице, мун щиб гIужда вугев, дир поэт?

Дун хIисабалълъ вуго дур гIамалазда,
ГIажаиблъи, хадув гIунтIулев гьечIо –
Мун недегьав чийищ, мун согIав чийищ?
Сабру тIокIавищ мун, щцин гьарзаявищ?
Релъиги магIуги щиб дулъ гIемераб,
ХIинкъиги къвакIиги кинаб дулъ тIокIаб?
Къокъал кинигинан чIухIаравищ мун?
Халатал кинигин гIадатавищ мун? –

Киналго гIамалал гьаб гIаламалъул
Дуе кьунищ ругел, бице, дир поэт?

Дун хиялалълъ вуго дур махщелалъул,
Ва пештIелев вуго гьелда хIикмалъун, –
Цин ккола гIурччинаб щобдаги вегун,
ЩвантIихалъ накаби рачунев вугин;
Цин ккола кьер-кьерал релъаби росун
Дир ракIалъул сурат бахъулев вугин.
Киналго халкъазул устарлъи щварав
Артистищ мун вугев, бице, дир поэт?

Дун гIенеккун вуго дур гьаракьалъухъ,
ГIажаиблъи, кинго лъазе кIоларо:
Цин ккола гIарада кьвагьанин абун,
Цин ккола кьижараб лъимер борчIанин;
Цин ккола океан бугин гьелчелеб,
Гьелъул карачелал ругин квачIид чIун;
Цин ккола гIурдада гIисинал хурдул
Хабаралда ругин щобил рагIалда...
Тамахал, рорхатал – киналго гьаркьал
Дуе кьунищ ругел, бице, дир поэт?

Дун пикрабалъ вуго дур заманалъул...
ЗахIмат буго дие бичIчIизе, лъазе:
Киб дур сордо бугеб, киб дур къо бугеб?
Кида дуй къалъулеб, кида бецIлъулеб?
Киб дур хасел бугеб, киб рии бугеб?
Кида дуй хинлъулеб, кида квачалеб?
Кида мун вегулев, кида вахъунев?
КучIдулъ дур рахIатиш, яги захIматищ?
Заманаги мунги кинал къуватал,
Кинал нуж бергьунел, бице, дир поэт?

Дур ракIалъул тIанчIи – гьайбатал хIанчIи, –
КучIдузул сверабахъ балагьула дун:
Цин ккола халатал куркьбалги хьвагIун,
МугIрул рахун цIумал роржунел ругин:
Цин ккола гIисинал лъимал роххизе
ТIохабазда маккал пархелел ругин;
Цин ккола ихдалил хирияли гьалбал,
Гьале милъирщаби рачIунел ругин. –
Киналго хIанчIазул кваркьидал хIули
Дур кучIдулъищ бугеб, бице, дир поэт?

Дун дир улкаялда киве щваниги,
Киналго гIадамалълъ вихьула поэт,
Киналго гIамалалълъ вихьула поэт,
Киналго хIалтIабалъ вихьула поэт,
Киналго заманалълъ вихьула поэт,
Киналго гьаркьазулъ рагIула поэт. –
Гьаб халкъалъул лъимер, гьаб ракьалъул лагъ,
Гьаб дир ракIалъул хан – хирияв поэт.

*1955*

## ДИР МУРАД

Дир бищун анищаб, урхъараб мурад –
Сахал гIадамазе сахлъи, щулалъи,
Ясазе берцинлъи, васазе гьунар,
Гьабулеб ишалъулъ сабру, цIодорлъи.

ГIадан гIадамасда гьимун данде чIван,
Пашманго ратIалъи бокьула дие.
Ва амма сихIираб гьимиялдаса
Гьумер букIкIун кIалъай бокьила дие.

ГIумруялъ лъанщинаб тIолго къварилъи,
Рохел кIудияб щун кIочон бокьила.
ГIисинал къецазде, къватIул мацIазде
ГIетI бараб хIалтIиялъ хIур хъвай бокьила.

Къого сон сверарав гIолихъанасе
Лъеберго барасул гIакълу бокьила.
Лъеберго сон барай ясалъул гьурмалъ
Къого сон баралъул дангъва бокьила.

МугIрул кочIохъабаз хъвалел асарал
Дидаса лъикI хъвазе бокьила дие.
Гьезул пасихIлъиялъ асир гьабураб
Дагъистаналъ дир кечI цIалуге абе.

Гъоркьиса дудаса инкар ккурай яс,
Исана мунилан гIоди – дир мурад.
Цин ячарай йиччан цоги ячарав
Цеесельухъ даим угьди – дир мурад.

Унтарал лъилъаги, лъимал хех гIеги,
ГIолилазул гIищкъул анищ тIубаги.
ИяхI рехарахъе рохел щогеги,

ХІалихьатал чагІи чехь бихъун хваги.

ХІел-хІел чагІазда мацІ кІочей – дир мурад,
КІухІалазул рокъоб къед бихxи – мурад.
Къарумав чи цІехон, гьесул бакІалда
ВачІанщинав гьобол рещтІи – дир мурад.

Даим щулалъаги гІазизаб улка,
ГІумру гьуинлъаги нилъер халкъазул.
Хириял гІадамал, гьал дир мурадал
Нужер мурадазде данде цолъаги.

*1956*

**ИХДАЛИЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КУЧІДУЛ**

*(Вагоналъуб)*

Дун нуха регІана Севералдасан
Сурмиял хьухьаца, гІаздал авлахъаз;
ГІагараб Югалде дун вахъунелъул,
Нахъехун рагъулел рукІана гъудул.

ГъутІби рихьулаан дида гордухъан,
Цадахъ рачейилан гьардолел гІадин.
Гьел роххун рачІуна нижеде данде
Ва пашман хутІула хадур балагьун.

Гьуралги рукІана нуцІби рухулел
Цодагьалъ хинлъизе жанир риччаян,
Дидаги кколаан кинабго дунял
ХъахІаб буртинадулъ батилин абун.

Амма рогьалида, бер рагьарабго,
Бакъ батана тІаде къулун гьимулеб. –
Мун ворчІилалдего жиб бачІанилан, –
Буго ихдалил къо дида къвал балеб.

КъваригІарай гьудул йихьараб мехалъ,
Воххун, гІащикъ гІадин, тІаде вахъана,
ГІурччинал гІидрабахъ балагьун мугІрул
МагІу тІун гІодулел дида рихьана.

Жеги рокъов щвезе мех букІаниги,
РакІалде ккана дун вуссанин абун.
ХъахІаб авлахъ тана сонкъаси дица, –
Салам, салам дуде, гІурччинаб Кавказ.

Лъаралги гIоралги руго кIодолъун,
ГIи-боцIиялъ майдан буго чIегIерлъун.
Поездалъ реххулеб кIкIуй малъичIони,
ГьечIо цо бецIаб тIанкI бацIцIадаб зодихъ.

Кинабго вагонги гордухъе ахIун,
ЧIухIун ралъад буго данде гьелчелеб.
Йокьулелда аскIоб гьунаралъеян
Цо гьалмагъ гьанжего вуго чверделев.

МахIачхъалаялде вачIараб мехалъ,
Йоххун тIогьол квацIи бачIана дуца.
Гьебги каранде къан дица абуна
Ихалдегин дуде «хъвашкелдийилан».

## БУЛЬВАРАЛДА

Бульваралда гъутIби руго тIегьалел,
Бульваралда тIугьдул руго раккулел.
ТIанхазде чваххарал цIадал къатIраби,
ЦIадул гарал гIадин, руго кенчIелел.

ЦIияб тахбакIида гIодорги рукIун
ГIумру арал херал руго харбида.
Пашманабго гьими буго гъормада,
ГьитIинабго кунчIи буго беразда.

– Гьале ихан, – абун абуна цояс,
– Гьале ихан, – абун угьана цояс.

ДандбитIун гIодой чIун йиго кIиго яс –
Мединститутальул студенткаби.
Гьел экзаменазде руго къачIалел,
Амма щибниги жо бичIчIулеб гьечIо,

Пикраби тIахьазде руссунел гьечIо,
Ясал релъанхъилел, щурщулел руго:
Гьанисан хьвадулел гIолилаз гьазде
ГIанчIаб цо-цо рагIи рехулеб буго.

– Гьале ихан, – абун абуна цоялъ,
– Гьале ихан, – абун угьана цоялъ.

Бакъалде, гъутIбузде, тIугьдузде гьимун,

Рос-лъади бульвар чIван руго рачIунел;
Гъаз кодоб ккун буго гьитIинаб лъимер,
Гьесда их тIоцебе буго бихьулеб.

ТIегьалъул берцинлъи, бакъалъул хинлъи
Хасало гьавурав васасда лъачIо.
Ва гозо багIарал хIанчIчIазул кучIдул
Ахикь гьанжелъагIан гьеседа рагIичIо.

Инсуца абула «гьале ихилан»
Эбелалъ угьула «гьале ихилан».
Дун къоялъ свердана къватIахъ, байдабахъ,
Къаси нахъ вуссана бульваралдасан.

КватIараб сардил мех, амма эркенаб
Скамейка гьечIо хутIун цогIаги.
Цоялда васгин яс гIодорги рукIун,
ГIищкъуялъул щурун руго бицунел;

Цоялда васгин яс тIолго гIумруялъ
ТIоцебесеб нухалъ руго къочулел.

– Гьале ихан, – абун абуна дица,
– Гьале ихан, – абун угьана дица.

**КАНЦЕЛЯРАЗДА**

Канцеляразде къо хекко бачIуна,
Амма халкъ гьенибе хIинцго бачIуна,
ХIалтIул замана щун букIананиги,
КIалтIа эхетун чIун минутал рала.

ХIаким вачIиналде столалда тIад
ТIогьол квацIи лъола уборщицаялъ.
Гьав тIугьдухъ валагьун воххун вукIуна,
Хадув пашманлъула – щиб жо гьабилан:

Щуго гIарза буго хIалтIухъабазул
Гьаб моцIалъ жидее отпуска кьейин;
Ине бокьун бугин магIарухъейин,
Яги ЧIегIер ралъдал рагIаллъудейин.

Цадахъ киназего отпуска кьелищ,
КьечIони барщулел секретарьзаби.
Сундул пикру гьабун, машинисткабаз

Ошибкаби гІемер гьарун толел куц!

Их бачІингун ракІал хинлъула гьазул,
Халалъула гарбал къватІир балагьун.
Их – рокьул замана, бокьула гьазий
Гьелъухъа кинабго талихІ босизе.

Гьелда хадур уна Волга чІван гІодой,
Гьелда хадур уна ЧІегІер ралъдахъе...
Дунни их бачІингун уна росулъе
Араб дир гІумрудул санал рихьизе.

## РОСУЛЪ

Росулъ тІохазда хер бетІулеб буго,
Хурзал трактораз рекьулел руго,
Кьурабазда цІцІани свердулел руго,
ЦІадаца гІурччинлъи чурулеб буго.

Эбелалъул керен лъимаца гІадин,
МугІрул керен буго кваналеб хухаз.
ХІанчІазул гІемерлъи, цо-цо мехалъ гьел
Гьал нилъер гъуждузда руго рещтІунел,

Ва критиказе бокьичІониги,
Дир кучІдулъе рачІун руго чІичІилел.
Росулъа унелъул росулъ тараб их
Урхъараб сариналъ босила дица.

Бокьула дие их, рохелго гІадин,
Нилъер гІаламалъе даим гвангъизе.

*1955*

## ГІОДЕ, МУГІРУЛ

– Щибизе гІодулел, чІухІарал мугІрул,
МагІица чурулел щай дур гІанаби?
Дур цІорораб гІаздал хинал лъараца
Лъалъалел рихьулин дида гІадраби.

МугІруца, хъахІлъараб пардавги борхун,
Гьимулаго дие жаваб гьабуна:
– Гьаб буго ихдалил роххалил магІу,
БагІараб бакъ буго гьоболлъухъ бачІун.

Гьурмал кьер бегІукъал накІкІазул боял,

БукIараб чIухIи тун, руго тамахлъун.
Кир балагьаниги берал кунчIизе
Беричаб гIурччинлъи буго бихьулеб.

– Дида лъала, мугIрул, нужгIан чIахIиял
ЧIухIарал парччахIал кирго гьечIеллъи;
Лъиеха нужеца тIагърал рахъарал,
ТIадегIанал бутIрул дализарурал?

Дида миллион сон барал мугIруца
Сон тIубачIел хIанчIи рихьизаруна:
– Нижеца гIиссинал гьал чапаразе,
ГIумруялъ кидаго рахъула тIагърал.
Гьезул куркьбуцаги, гьезул кучIдузги
БачIуна нижехъе рохелгун хинлъи.
Гьез нухда регIула нижехъе гIухьби,
Ва кьагIи хахула нижер курмузда,
ГIагарай эбелалъ лъагIел базегIан,
Лъимал, дандеги къан, хахулел гIадин.

МугIрузда абуна дица гIодеян,
ГIагараб ракьалда лъарал кьурдизе,
Кьер-кьерал тIугьдуца, бутIрулги рорхун,
Рогьалилъ нилъее рорчIами кьезе.

ТIаргъал рахъе, мугIрул, гьалбал рачIанин! –
Риччай гIияз цIезе нужер гIадраби.
Риччанте гIухьбуца нужер гъуждузде
Гъаларал буртаби рехизе рахъун.

## МАКЪСАДЕРИЛ КЬОДУХЪ

*ГIумар-ХIажие*

Макъсадерил кьодухъ, гIурул рагIалда
ГIодор чIараб сордо ракIалда бугищ?
Дур росулъе щвезе верст хутIарабго,
Харде мугъги рехун нилъ регараб куц!

Цо хириял гьалбал рачIарал гIадин,
БецIаб зодихъ нилъей баканщинаб цIа!
ЦIиял чагIи рихьун чваххулеб гIоралъ,
ГIаламат, нилъее ахIанщинаб кечI!

Гъванщида нахъехун квералги регьун,
Регарал кIалъачIо кIиго сагIаталъ.

ГIакъил кIалъалелъул лъимал киниги,
Нилъ тIабигIаталъухъ гIенеккун чIана.

МугIруздасан пулеб тамахаб гьури,
Гьурмада речIулел лъадал къатIраби,
Лъимер гIадин кьодухъ зигардулеб гIор, –
ГIажаибаб асар гьабуна рекIей.

Борхатаб кьурда тIад тIупараб пардав,
Фермаялда аскIор кьижарал гьаби,
Гьуинаб тIогьол махI, харде биччан чу, –
Огь, хирияв гьудул, мугIрул тIабигIат!

Дида гьитIинаб мех ракIалде щвана,
Дица ватIаналъул пикру гьабуна.
Ва гьадаб сордоялъ дида кIочана
Дунялалъул тIолго пашманлъи, квешлъи.

Гьадаб сордоялда дида бичIчIана
Дунялалъул тIолго гьайбатлъи, лъикIлъи.
Доб сордоялъ цIикIкIун бокьана гIумру,
ГIадамал, гьудуллъи, гьуинаб рокьи.

*1955*

* * *

ВачIинилан абун вачIинчIо гьудул,
РичIун тараб каву рахазе вахъа.
Рахай кьурун кIулгун, свинабе чирахъ,
Сордо лъикIан абе рекIел хьулазда.

Кавудухъ женжелеб гьеб гьури бугин,
Паракъат вега мун вахъардичIого.
Рагьдухъ шуршудулел гьел гъутIби ругин,
Гъовин ккун гIадада валагьахъдуге.

Гьаб хасалил къоялъ гордул цIоролъан
ЦIияб къо бихьила гъов вихьилалде.
Гъов вачIина духъе батIияб къоялъ, –
БитIун мун рукъоса араб сагIаталъ.

Семуге, вагъуге, вай, пашманлъуге,
Гьеб гIадатлъун буго, поэтасул ракI –
Гьудулас лъукъулеб, гьудулас чIвалеб...
Гьеб бажаруларо тушманасухъа.

*1959*

* * *

Дида ккола гьадин: гьаб дунялалда
Дун тун батIияб жо бугин хисулеб.
Дунилан абуни анцIила микьил
Бокьулеб маялда вугин гIумруялъ.

ГIицIго мех-мехалда унтулеб бугин
Ургьиб гъинал ракIалъ кьола гIакъуба.
Кьералъул васалин дица рикIкIунез
Дацийилан абун гьавула къварид.

Гьанже мун, дир матIу, ругьунлъун буго
Рогьалилъго дие гьерсал рицине.
Кир дуда рихьарал дир бетIералда
Гьал батIиял расал, гьал цIиял гьалбал?

Чияца абураб уйиланги ккун,
Эб мухIкан гьабизе къасдищ дур ккараб?
Къварилъараб мехалъ поэтасухъан
БорчIараб рагIуде гIинищ тIамураб?

*1959*

**МАГIИЛ ГОРО**

Берзул магIил горо, магIаруласе
МунгIан къанагIатаб щибго жо гьечIо.
Щай дида гьабсагIат, тохлъукье бачIун,
Дун гьал гIадамакьа нечезавулев?

Дуда лъалагури жакъа къанщарал
Къварилъи гIемераб бихьарал берал,
ГIумруялъ цIа гIадин кенчIон гурони,
Кидаго риччичIо дир гьудуласул.

Дида магIил горо кIалъалеб буго,
КIвечIила жиб кквезе берзул тIелхазда;
Мун нечон ватани цIадилан абе,
Унтараб рекIелъан бачIун бугин дун.

*1959*

**МАШГЬУРЛЪИ**

БачIунге, машгьурлъи, чIагоязухъе –
ЧIван рехулин дуца хеккого инсан.
БачIани бегьила мун хун хадуса –
Хваразухъ лъилниги жахIда кколаро,
Хварал чIаголъизе гьарула дуца,
Гьезул гIумру даим цIунула дуца.

*1957*

* * *

*Х.* А.

Гьанжеги марталъул хирияб тIегьалъ
ТIоцебе баркила мун гьаюраб къо.
Гьайбатаб ракьалъул гIагараб рижи –
ГIурччинлъи кIалъала лъагIел сверанин.

Лъала азбаралде их бачIунелъул
Кинаб гьимигун мун гьелда данд чIвалей:
ЧIегIерал гъалалги гIодоре риччан,
ГIинтIидал ригь духъе буссараб гIадин;

ГIеретIги гъежда лъун, ургъел гьечIей яс,
Росдал иццухъе мун ячIарай гIадин;
Ихдалил хIанчIигун духъе гьоболлъухъ
Панаял дур сонал рещтIарал гIадин.

Амма букIаниги гьаюраб къоялъ
Цо пашманаб асар бачIина духъе.
Гьалдолеб ракIалъул нечараб магIу
Риччарал тIелхаца бахчила дуца.

Лъие гьеб бокьилеб – сордо рогьингун
Дур цоги сон анин лъазе гьабизе?
Ва календаралъул тIанчида цадахъ
ТIун гIумрудул кесек гIодоб рехизе?

ГIурда расандулел соназул къоял
Сайигъатал гIадин чидае тезе?
Печалъул цIадуде ургъелги бикьун,
Бокьулеб цIваги тун рикIкIаде ине?

Рагье дур альбомал иргадал росун,
Ва дагьаб лахIзаталъ данде къай берал.
Дуда дур ихазул кино бихьила, –
Кини таралдаса жакъалъизегIан.

Бакъулаб гъумергин гьимила талихI,
Гьури гIадин чода щвела бергьенлъи.
Къисматалъ рехила мун борхалъуде,
Ва дур рохалида речIчIила ганчIал.

Дир Асиятил яц, дур гIумрудул нух,
ГIарцулги тIогьолги шагьра гуро гьеб
Камиги хIинкъиги цадахъ гьечIого
ЦохIониги рохел бачIинчIо духъе.

Гьале бачIана март, бихьула дида
МугIрузул бутIрузда гIазу биунеб,
Дурни бетIералде бан буго гIазу,
Чам их бачIаниги гьеб биунаро.

Гьелда пашманлъуге, дир гIазизай яц,
ГIолохъанаб ракIгун йикIа кидаго.
ГIедегIуге чIумал кодой росизе,
Квас самун щватаби дуйго хьухьине.

Щогеги хаслихълъи гьеб дур рекIелъе –
Хаслихъе бечIала тIогьол чIаголъи.
БачIунгеги хасел дур хиялазде –
Хасало гIаздаца бахчула дунял.

Даимлъаги гIумру гIурччинлъиялъе
Ва гIурччинаб марталъ гьаюрай дуе.
*1957*

* * *

Дида ккун букIана, росдал къурабахъ
Басандилеб бугин дир гьитIинаб мех,
МугIрул рахарабго, нухал тарабго,
Танин дица нахъа лъимадул ихал.

Дида ккун букIана, чакма ретIингун,
Чода рекIаравго, дун кIудав гIунин;
ГIадамалги рихьун, шагьаралги лъан,
Щванин дихъе гьанже гIолохъанаб мех,

ЦIороде рехараб гIандарак гIадин,
ГIумруялъул ихал ана, тирана.
Тихтироялда тIад накъищал гIадин,

Къоялги сардалги хекко сверана.

Дица лъебералда щуго сон бана, –
ЛъимерлъиI рекIелъа лъугIулеб гьечIо:
Дун лъимер кинигин воххулев вуго,
Дун лъимер кинигин барщулев вуго.

Дун лъимер кинигин божулев вуго,
Дун лъимер кинигин гуккулев вуго...
Кидадай, бице, дун кIудияв гIелев? –
Яги дир гIумруго гьитIинаб мехищ?

*1957*

## ЭБЕЛАЛДЕ

ГьитIинав вукIана чанкIкIарав дур вас,
Духъ гIенеккуларев щиб абуниги.
Гьанже дукьа гIадин дуниялалда
Дун, кIудияв гIурав, хIинкъулев гьечIо.

Нилъ кIиялго аскIор хутIараб мехалъ,
Хабар-жо гьечIого мун чIараб мехалъ,
Гьел дур хIурматиял квераздe къулун,
Къварилъула дир ракI, херлъарай эбел.

Къварилъула дир ракI, гIумру анагIан
ГIайибал цIикIкIана дуда цере дир;
Къварилъула дир ракI, дунял лъанагIан
Замана дагьлъана дуе кьолеб дир.

Дун сапаралдаса вуссанщинахъе,
Духъ балагьун дица хIисаб гьабула:
«Дуда эбел кIочон толей гьечIищан
Гьел дур бераз дида гьикъулеб бугин».

Дица вуцIухIун чIун б гьабула:
ГьечIин, эбел, гьечIин, кидаго гьечIин....
БотIрол рас хъахIлъулеб гьаб дур лъимаца
Гьедин абулеблъи дуда лъаладай?

*1957*

## ГОРДУХЪ

ЦIадал къоялъ вуго гордухъ гIодов чIун,

ЦIад кIетIелеб буго гордал цIералда.
Гордухъан рихьула риччарал тIохал,
Чурулел кьураби, чвердолел занал.

ГъутIбузда кIусарал гIисинал хIанчIи
ГIенеккун чIун руго рагъидал мокърокь.
ЦIадал къоялъ вуго гордухъ гIодов чIун,
ЦIад мугIрул-гIалхазде чвахулеб буго.

ЦIоролъан балагьун бихьулеб буго
Дида дирго гIумру, дирго пикраби...
Киналго, киналго дир сардал, къоял
ГьабсагIат рихьула дида гьаб гордухъ.

*1959*

* * *

Дир рахъалъ абула: «дов гьадинавин»,
Дир рахъалъ абула: «дов додинавин».
«Гьадай цояйгин дун цадахъ вихьанин...»
«Цогиялъулгун дир рокьи бугилан...»

Мун гьелда божуге, гьабгущинаб мех –
Дидацин лъаларо дий щий йокьулей.
Дида лъала дие мун йокьулейлъи,
Мун щий кколеяли дида лъаларо.

**БЕРЦИНАЛ ЯСАЛ**

Дида гьикъанани гьал дир соназда
Сунца дун бищунго воххулевилан, –
Дица жаваб кьела, – ясазул гьими –
Гьелъ гIадин кидаго воххуларилан.

БукIуна гьадинан: гIагараб бакI тун,
РикIкIаде кивниги араб мехалда,
Дун гьалбадерица жидер халкъазе
Хириял бакIазда сверизавула.

НекIсиял хабзалгин херал музеял
Хал гьабеян абун рихьизарула.
Халат сонал рарал килисабазул
Киналго кIалгIабахъ тиризавула.

Дун адабги цIунун уна гьениве,

Амма лъазе ккола гъалбадерида:
Гьеб киналдасаго цо гIолилалъул
ГIанабазул дангъва дий бокьулеблъи.

Гьал Византиязул тарихалдаса
Тарих бицуней яс берцин йихьула.
Турказул михIмарал кIочона тIолго, –
Цо турчанкаялъул берал сабаблъун.

Терек басандулеб сверуда бараб
Тамара-парчахIил хъалаялдаса
Дий хирияб буго дир пачаялъул
ГьитIиналго гордал лъарал рагIалда.

Ва Ереваналъул раскопкабазда
Ракьулъ балагьулеб шагьаралдаса
Дир берал чIегIерай Марогун цадахъ
ЧIалгIун букIуна ракI дагьалъ сверизе.

ГIагараб магIарухъ, рогьалил гIужалъ
ГIеретI цIун ячIуней яс данде чIвани,
Дида гIелас гIакIа ахIананиги,
Эсул гьаракь кинго рагIизе гьечIо...

Нодо берцинлъула рорхатал кьунсруз, –
Росу берцинлъула нужеца, ясал!
Хириял, берцинал, ццидалал, кепал –
Кидаго, киналго рокьула нуж дий.

Маймалакалдасан чи вижиялда
Нужехъ балагьигун божуларо дун.
БукIуна гьадинан: лъикIав гьалмагъ хун,
Ялъуни цогиги пашманлъи бачIун,

Гьаб гIумру цо кепкил багьаяб гьечIин,
ЧIаголъи кIваричIин ракIалде ккараб.
Гьедин гIодой къулун къварид вукIаго
Цо ясалъул гьими дида данд чIвани,

ГьебсагIат дуниял дий гIагарлъула,
ГIумру хиралъула, хвел кIочон тола.
Гьедин гьечIин абун дида абуни,
Дун гьелда кидаго божизе гьечIо.

Ясал рокьуларел гIолохъабазе

ГIумру дунялалда бокьизе гьечIо.
Гьале гьабсагIатги гьаб кечI хъвалаго
Гордухъан йихьула къотIной цо гIадан...

ГIодоб бортун ана кодоса къалам
Огь, кинаб берцинлъи! ЧIахъаги ясал!

*1956*

**ГЬИТIИНАЙ ЗАРЕМА**

Мун гаргадулей куц,
Мун кIалъалей куц,
Гьел дур рагIабазул
Дие бегIерлъи.

Дица гьел рицуна
Кицаби гIадин,
Киналго нухазда,
Дир гьитIинай яс.

Гьал дуца гьарулел
Гьаркьал рицине
ГьечIо цониги хIарп
Алфавиталда.

ХIажи Заловасул
КучIдузул гIадаб
БичIчIизе захIматаб
Дур мацIго кинаб.

*1957*

* * *

Рортун унел руго тIогьилал тIанхал,
Рорхатал гъутIбузул бутIрул гIицI гьарун.
Ралел руго гьезде ахирал цIадал,
Амма гьечIо тIанхалъ тIокIаб чIаголъи.

Гьел хIорихъ пашманго руго лъедолел,
Гьураз тIад релъанхъун руго хъамулел,
Гьел азбараздаса, къваригIел гьечIел
Гьалбал кинигинан, руго лъухьулел.

Гьез риилъ, ихалъ гьабураб рохел,
Реханщинаб рагIад буго кIочон тун.

БачIунеб маялде гьазул бакIалда
БатIиял рачIина ва чIухIдарила.

РакI унтун, пашманго велъанхъула дун
Гьаб дуниялалъул чIаголъиялда... .

*1959*

## ЦЕЛИНАЯЛДАСА ВУССАРАВ ГЪУДУЛАСДЕ

Октябралъул цIад щенелеб буго,
Шагьар вокзалалде бакIарун буго.
Дун кватIана дуе тIугьдул росизе –
Ясаз ун батана тукенго, Юсуп.

Казахстаналъул авлахъаздасан,
Рагъдаса руссунел солдатал гIадин,
Руссана гIагарал мугIрузул лъимал,
Мун гьале ваккана вагоналъусан.

Дагьал гIеблъун руго гIазизал гъуждул,
Дагьаб хисун буго хирияб гьумер.
Берзул ишаналъулъ цебе букIинчIеб
Цо батIалъи буго, лъазе кIолареб.

Ясазул сверулъа мун ворчIизегIан,
Сабруялда вуго дун валагьун чIун.
Дида лъала, дуда гьанже гIадин лъикI
Гьезул убачалъул гьуинлъи лъачIо.

ГIелалъул васаца рачунел квераз
Виччалев гьечIо мун дида аскIове.
Биччай, лъала, дуда гьаб къаси гIадин
Гьудуласул кверзул хинлъи бичIчIичIо.

Гьале дур директор. Исана, Юсуп,
Мун институталде дагьав кватIана.
Гьоркьор тарал дарсал, цIаличIел тIахьал, –
ТIубараб хIачIчI буго духъ хал гьабун чIун.

Гьелда пашманлъуге, дуца цIалана
Бищун цIодораб тIехь дунялалда тIад.
Щибаб тIор букIана дур тIехьалъул хIарп,
ТIанчIаллъун регана дуца авлахъал.

Чуялги кьололел, хурги бекьулел

Халкъазухъ урхъула дир рекIел асар,
МегIер-гIалах лъалел, гIи-боцIи лъалел
ГIадамахъ бахиллъун букIуна дир кечI.

Дуда лъана, гьудул, гьеб буго талихI,
Таманал соназе гIумруялъул дарс,
ХIанчIил ханазулъе тIанчIи кинигин,
ТIороде жанибе мугь кин бачIунеб.

Дуда лъана чадил кинабго гIумру,
Гьаб гIалам улкаялъ кин хьихьулеблъи.
Свераца мугь-мугь ккун миллионазе
БакIарулеб буго гьаб меседил тIор.

Гьанже дуй эбелалъ гурга кьолелъул,
Гогьдариларо мун, – бичIчIана тIагIам...
ТIолго гIолохъаби къваригIун руго
ГIагараб ракьалда кверaз хIалтIизе.

Октябралъул цIад щенелеб буго,
Шагьар вокзалалде бакIарун буго.
Дун кватIана дуе тIугьдул росизе,
ТIугьдузул бакIалда босана гьаб кечI.

*1957*

* * *

АнцIила анкьго сон тIубан букIинчIо,
ТIоцебе цо гIансихъ гIищкъу ккарабго.
Дица хъвана гьелде азарго кагъат,
Амма цонигияб битIичIо гьелде.

Сардил макьуги тун хъвадарулаан,
ХъахIлъи рехарабго рихъун ралаан.
ГIищкъул рагIабиги, рекIел мухъалги
РекIараб цIадуца рахъун унаан.

Щибаб ишаралда щаклъулаан дун,
Щибаб хIуччалдаса хIинкъулаан дун;
Жегиги хIарпиял гъалатIал ратун,
Гьой елъиладаян букIунаан ракI.

БичIчIиладай гьолда дида бугеб хIал?
Лъаладай ясалда дир рекIел къасдал?
Кьойил адресги хъван къачIарал кагътал,

Къакъан, горо гьабун, рехана нахъе...

ГӀемер сонал ана гьелдаса нахъе,
Поэтасул намус семула диде:
Щай кучӀдул хъвалелъул кидаго рекӀелъ
Доб букӀараб бухӀи дулъ гьечӀебилан.

Щай мун хӀинкъуларев халкъалъе хъвалел
Харбазда бигьаго адрес хъвазеян,
Щай гьел рихъуларел, щай хъвагӀачӀелин,
ХъахӀлъи лъайгун цӀадай щай рехичӀелин.

*1957*

## ЦО ГЬУДУЛЗАБАЗДЕ ДИР КАГЪАТ

Гьаб ихдалил къоялъ гьаб ракълил къоялъ
Рогьалилъ бачӀараб «Дагъправдаялъ»
Кинабго мугӀрузул Дагъистаналда
Нуж ратӀалъулилан лъазабун буго.

ГӀолохъанай лъади, гӀолохъанав рос,
ГьитӀинав васасул эбелгин эмен
АнцӀабилеб маялъ сагӀат цоялда
Судиясда цере рачӀине руго.

Гьанже шагьаралъул шур-шурчагӀазе
Щвана цӀияб хабар ихалъ бицине.
Данде ккараб мехалъ, квер босулаго,
Кеп щун гьикъула гьез «гьа, рагӀанищан».

Огь, дида рагӀана, дица цӀалана,
Дун нужер харбица унтизавуна,
Цо унго-унгоял гьудулзабаца
Гьересиги бицун гуккарав гӀадин.

Дун судияв гуро, дида лъаларо
Щиб гьури нужода гьоркьосан араб?
Гьуинаб рокьиги кьогӀлъизе гьабун,
Кьалде нуж рахъине гӀилла щиб ккараб?

Амма дида лъала тӀогьол гӀужда нуж
ГӀурччинал ахазукь кинан дандчӀварал.
Каранлъ бугеб бухӀи бицине хӀинкъун,
ХӀайранго цоцазухъ кин балагьарал.

Дида лъала нужер панаял кагътал –
Гъединал кидаго росичIо почалъ,
Доб мехалда жеги гIишкъу ккечIев дун
Нужер гIумруялда вукIана урхъун.

Дун нужгун цIалана институталда...
Общежитиялда букIана бертин,
Нужор рахъалдасан гIемер гъекъеялъ,
Бащадаб курс инчIо дарсазде къоялъ.

КIочанищ, умумал разилъичIого,
Эзухъе чан нухалъ чагIи ритIарал?
Гъанже нуж ратIалъун гIодана улбул,
ГIадамакьа нечон руго умумал.

Нуж кинаб жигаргун, кинаб божигун,
Бергьараб гIишкъугун гIезе гьарурал!
ГIагараб улкаялъ кIиябго квер ккун
Кинан нуж гIумрудул нухде рачарал!

Гьагаб гIолохъанлъи, гогьаб бахIарлъи
Бигьаго гIумрудухъ балагьулеб куц!
ГIисинаб дагIба-къец, гIантаб чIухIиялъ,
ГIаламат, мун кIодо гьабун толеб куц!

Цо рекъечIеб рагIи, мекъаб балагьи –
«Жиндир рукъ тейилан» хичула михъал.
Цо къварилъи лъани, къайиги баччун,
КъотIной щун ятула «дун чIезе гьечIин».

ЧIа, дир гьудулзаби, нуж гIедегIуге,
ГIинтIаме, гьитIинаб кIодо гьабуге.
КIалъай даим ккечIеб, гьуинаб хъизан
Гьаб дуниялалда жеги букIинчIин.

ДагIбаги рагIиги рос-лъадиялъул
Коммунизмалдаги лъугIизе гьечIо.
Гъединал киналго ратIалъун хадуб,
Къоролзабаз цIела цIер гIадин дунял.

Нужеда гьаб гIумру гIурччинаб ихдал
Ахикь нуж къочараб сагIатин ккоге,
Нужеца гьаб къисмат, къалиги кьабун,
Нуж кьурдизаруре бертинин тоге.

Гьенир данде чIвала кIудиял гIорал,
КIияцаго цадахъ рахине кколел.
Нухда хIалбихьизе щола къварилъи,
Цабиги данде къан къулчIизе кколеб.

Нужерин абуни, цо заз къарабго,
Зигарди баккана унтулеб бугин.
Ургъел лъалалдего бахъана хабар
«Хасиятал кинго данде кколарин».

Гьанже цоцадасан кIалъай гьабизе
КIиялго судалде унел руго нуж.
Цо балагьун рихье, дир гьудулзаби,
Панаяб замана ракIалде щвезе.

Балагье нахъ тарал гIумрудул нухахъ.
Тире шагьаразда, гьезул къватIаца
Къваридго нужеда гьикъулеб буго
Доб гьуинаб рокьи киб тараяли.

Ялъуни гьеб рокьи гьадинго гьечIеб,
Гьереси ургъунищ букIарабали,
Амма лъай, араб мех гуккун батани,
БачIунеб нужеда божизе гьечIин...

Балагье лъимадухъ, гьесул беразухъ,
Гьесда щибниги жо бичIчIулеб гьечIо.
Амма саналги ун кIудияв гIейгун,
ГIажаибго нужехъ балагьила гьев.

«Жинда гIайиб щибан, гIечищ живилан
Нужеца цоцазе башад викьизе»...
Ва хутIила гьесул рекIеда ругъун
Регъезе нужеда даим кIолареб.

Вас гьавурав гIолищ, – гIезе гьаве гьев,
Гьесул гьими кIочон тоге судалда.
Нуж гьенир унелъул, нужехъ балагьун
Буго тIолго улка, нуж гIезарураб.

Дийги, поэтасе, гьаб дунялалда
Нуж ратIалъиялде кечI хъваялдаса
КигIан лъикI букIинеб тIолго ракI-ракIалъ
Нужер рокьиялъул хIакъалъулъ хъвазе.

ТIугьдул цоцадехун шапулел руго,
ХIанчIи цоцазухъе роржунел руго.
Лъарал цоцазухъе чвахулел руго,
Нухал цоцаздехун цолъулел руго.

Шагьаралъул ахикь маркIачIул гIужалъ
Цо гIолилайгун вас данд чIвалев вуго.
Дие рухIалдаса, гIумруялдаса
Мун гIагарай йигин гьедулев вуго..

Гьеб кинабго бихьун хадусалаги
«Хасиятал нижер батIиял ругин,
РатIалъун гурони бегьуларилан»
Нуж лъугьун хадуса дица абила:

«Хасиятал нужер батIиял гьечIин,
Хасиятал нужер цохIого ругин» –
Хварал, нахъегIанал, хъубал, инжитал,
АхIмакъал, гьерсилал, гьагал, чIухIарал.

Гьаб нилъер халкъалъе жал рекъоларел
Нилъер бакъалда гъоркь жал къанагIатал...
Цинги рехун тела къо лъикIилан нуж,
Нужгун цадахъ арал урхъарал сонал.

*1951*

## ЛЪУГIИЧIЕБ КЪЕЦ

Каспи ралъадалъул рагIаллъиялда
МагIарул яс йиго битIун гIужде щун.
Гьей гIураб бакIалда, рикIкIада росулъ
КIиго гъалмагъ вуго гьелъухъ гIищкъу ккун.

Цебе ахIулаан хIанчIазда хадуб,
Хабар кье дир рахъалъ йокьулелдейин.
НекIо гьардолаан гьури-накIкIалда,
РекIел хIал бицеян гьудулалдайин.

Гьанже, мугIрузда тIад сверигӣ бахъун,
Самолет боржуна бер къапилалде.
КIиявго гIолилав базар къоязда
КъачIа-кIатIан щола тахшагьаралде.

Гьенире унелъул рукIуна азул
Ургъарал гIиллаби батIи-батIиял.

ГIаламат гьабизе ккараб жо гьечIищ,
Гьоболлъи балеб бакI цого батула.

Нахъе унеб мехалъ, самолеталда
Цоцалъ дагIбадула кIиявго гIащикъ;
Нухги къокъаб батун, къец лъугIичIого,
Къваридго руссуна мугIрул росулъе.

Гьадин жахIдаялда цоцалъ гьалги тун,
Цогиясе ана гъал халатай яс.
ГIащикъал абуни, гьури, накIкIалда
Гьарделел хутIана некIо кинигин.

*1957*

## ЯСАЛЪЕ

Дир гьитIинаб бурутI, дир беразул чIор,
Бадиб бетун чIчIараб дир магIил горо,
Гьанжеги чIалгIингун, дун ватичIого,
«Дада кив вугевин» цIехола дуца.
Мунги каранде къан, дада анилан
Эбелалъ рукъалъул горду рагьила.
Цинги килщалги ккун рицина дуе
Дадаца росилел сайигъатазул:
Берал расандулел ясикIабазул,
КIул кьурун кьурдулеб чIегIераб цидул,
Цебе дуду бараб машинаялъул,
Бухидал ххенолеб гIандаракалъул.
Мун кьурдизайизе кьабулеб къолол,
КъачIазе горбода ралел жалазул...
Кинабго, кинабго – абила дуца
Дада вачIаравго, бачIине бугин.
Дада рикIкIад къоял рикIкIунев вуго,
Дир ракI Заремаян ахIдолеб буго.
Гьелъ бухулеб буго рахараб каву
Кида дун виччалев ясалъухъеяу.
Дун даим, дир месед, ургъалилъ вуго –
Унго мун йоххизе щибдай босилеб?
Киндай дица дуе талихI гIуцIилеб,
Киндай дица дуе гIумру къачIалеб?
Радал вачIина дун бакъул чIоразул
ЧIухIараб багIараб квацIи дуй босун.
Къаси вачIина дун зодил цIвабзазул
ЦIезабун керенгун, гьелги дуй росун.
Дун вачIина духъе къвалакь моцIги ккун,

Каспиялда полпил нухги нахъа тун.
Дун вачIина духъе чода щобал лъун,
Чвантинир зобазул кьер-кьераб нур лъун.
Кьела дица дуе гьаб дунялалда
Дида батанщинаб, бихьарабщинаб.
Ракьазул, мугIрузул, гIорал-лъаразул
ГIурччинлъи, бечелъи, беричлъи,чIухIи:
Щибаб къо букIина дуе сайигъат,
Щибаб сагIат буго дуе хазина.

## ДУН ГЬАВУРАБ КЪО

Нахъеги рогьана дун гьавураб къо,
Рагьарал гордазукь буго хаслихълъи.
Кавудахъ гъутIбузда иналде цебе
Ахираб кечI буго хIанчIаз ахIулеб.

Азбар-къоноялда херай эбелалъ
ТIогьиллъарал тIанхал руго лъухьулел.
ГъутIбуздаса тIурал тIанхазда цадахъ
Цоги сон лъухьана дир гIумруялъул.

Гьал тIанхалъ букIана, гьудул, гIурччинлъи,
Ва дилъги букIана гIанчIаб замана;
ГIемер мех бугодай жеги хаслихъе
Халатаб жулалъ дир лъухьизе хутIун.

Баркала баркияхъ, талихI гьарарал,
Амма гьереси щай, гьавураб къоялъ,
Гьанже лъебералда хадусел ингун,
Хиялал пашманал рештIунел руго.

*1959*

* * *

Дида лъаларо дун поэтиш кколев –
Гьелъул дие гьечIо щибниги ургъел.
Ва дица киналго кучIдул рухIила,
Квер босулев гьудул цо гуккизегIан.

Дие зодил цIваби – хваразул берал,
Бихьугеги дида гьезул бадибчIвай.
Гьеб мехалъ цIвабзалъ бакI гьел дур беразе
БукIинаро зодихъ кидаго, поэт.

*1958*

* * *

Жегиги дур берал тIелхалъ рукIадго,
ТIаде вахъуна дун хъахIлъи лъалаго.
Дица баккулаго балагьун тола
Дуца бетIилеб тIегь, дуе бакъул нур.

Дица хал гьабула дуй кечI ахIизе
ХIанчIи тIохде рачIун къачIан ругиоан;
Радал дур къиматаб гьумер чурулеб
Чабхил иццазул лъим тIокIкIун бугиоан.

Дун хIинкъун вукIуна мун яхъиналде
Нахъе инадаян харда чIвараб щуб;
Дуда бихьичIого берда цебеса
Боржун инадаян кьурда чIараб цIум.

Дир гIазизай гьудул, гIумрудул гьалмагъ,
Гьаб тIабигIаталъухъ дун балагьула,
Дуй щибдай гьалдасан бищилебилан,
Базаралда даран гьабулев гIадин.

...Дица дуй бищана борхатаб кьуру,
Жиндир ахалъуда иццал беролеб.
Дица дуй босана ихдалил рогьел,
Азарго релъеналъ белъараб гIадаб.

Дуца тIаде йорхун гордал рагьила,
Гвангъараб къоялде гьумер гьимила.
Дица дуй батараб берцинаб дунял
Дур бералълъ кенчIелеб дида бихьила.

Мун къватIий яхъингун, йорчIамийилан,
РачIун гор гьабила мун сверун гъутIбуз.
Щобазда нахъасан дихъе щвараб бакъ
Дур хъатикь букIина, торгIо кинигин.

Дунилан абуни, борхалъудасан
Балагьун вукIина гьеб киналъухъго...
КигIан лъикIаб щвараб дуе дуниял,
КигIан лъикIай щварай мун дунялалъе!

*1958*

* * *

– Щай мун гIолохъанго хъахIлъаравилан,
Дир чараб каралда тIад кверги бахъун,
Май моцIалъ гIазу бан батараб гIадин,
ГIажаиблъун дуца гьикъулеб буго.

Хирияй дир гьудул, дида лъаларо,
Дир изну гьечIого, гьеб цIехечIого,
Къаркъалаби хъахIал гIисинал хIанчIаз
Бусен лъун батана гьаб дир ботIрода.

Йохъ, гьаб херлъиялъул гIаламат гуро, –
Жеги гIемер ихаз дица теларо
Дирго цIа гIадинаб гьаб гIолохъанлъи,
ГIищкъу гъорлъ беролел бахIарал кучIдул.

Киналго нухазда, борхун бетIергун,
Гьороде, гIазуде бадивеги ун,
Дица гьел ахIила, кодо-кодой кьун,
Кидаго цебехун ахIарал гIадин.

Лъала, маялъ гьутIби тIегьалеб мехалъ,
Тохлъукьего цIорой бачIуна цо-цо.
Амма дур цIар дица, йокьулей гьудул,
Макьилъ щибаб сардилъ буго щурулеб.

Сунца дун хъахIлъарав? – хъахIлъун ватила
Гьадин кутакалда мун хиралъиялъ
Дий мун йокьулей куц, мун йокьулей куц, –
Рокьуца хисараб рас батила гьаб.

Рокъоб гъасда инчIо гIумрудул сонал, –
Сапаразда ана дир гIемер ихал.
Дудаса рикIкIада хутIараб мехалъ
Дур хиялаз бетIер батила чарлъун.

Мун мех-мехалъ дунгун рекъон йикIинчIо,
РакI бакъварал къоял чанги рукIана,
Сон дуца абураб хъачIаб рагIиялъ
ХъахIлъун ратила дир таманал расал.

Цо гьудулин абун дица рикIкIарас
РекIкI гьабуна дие тушманас гIадаб;
Дида щибаб соналъ лъана пашманлъи, –
Гьелъ батила саву дир ботIрода лъун.

Гъудуласул гьерсал, тушманасул ццин...
Цинги дирго ургъел – гьадингояб жо, –
Гьеб дур къварилъиялъ, дур магIил гараз
Дир ботIроде бана даимаб гIазу.

Гъудул, дуда цадахъ гьаб дунялалда
Дида лъана талихI лъидаго лъачIеб,
ТалихIалъ, рохелалъ чи хъахIлъанани,
ХъахIлъун ватила дун бищунго цеве.

Май моцIалъ тохлъукье гIазу барабго,
ГIадамаз гъветI сверун цIаял ракула;
Кидаго дун мунгун херлъизе гьечIо –
ХъахIаб бетIералъул лъимер вуго дун.

*1959*

* * *

Рокьуца гIадамал свакалел гьечIо,
Сонал чандай, гьудул, нилъеца рарал?
Дидани ккола мун тIоцее лъарай
ГьитIинай яс йигин, хиси гьечIого.

Цоцазул тIохазде тIадеги рахун,
РехтIолеб, ахIтIолеб мех рекIелъ гьечIищ?
Дида ккола кепаб росулъ хутIараб
ГьитIинаб мех нилъер жеги лъугIичIин.

Жегиги рагIула гьал дир гIундузда
Гьадабго дур релъи, гьадабго семи.
Гьанжеги бихьула бахьинаб гьурмалъ
ГьитIинаб лъимадул рохел, пашманлъи.

Мун йоххизаюла ясикIабаца,
Дица ретIун кьолел кьер-кьерал тIугьдуз.
Гьел дурго хъатазда тIад бетIерги лъун,
ГьитIинаб лъимадул буго дур регел.

Дуца кеп босула ралъдал рагIалда,
БухIараб салидал сиялги гьарун.
Роржун унел хIанчIахъ хIикматал бераз
Балагьула хадуй тIубан сагIтаз мун.

Хирияй, гьанжеги Дагъистаналде

Гьале их бачIана, дуе бокьулеб.
Дуца кьегIералъе кьела гIурччин хер,
ГIисинал буртIазе тIела иццул лъим.

Цоцазул кверал ккун, сухъмахъ нухалъан
Рахина мугIрузде, кьурабазде нилъ.
Кьур-кьурун чвахулеб лъаралда цадахъ
Лъугьина гIатIидал кIкIалабахъе нилъ.

Рокьуца гIадамал свакалел гьечIо,
Сонал чандай гьудул нилъеца рарал?
Дидани ккола мун тIоцее лъарай
ГьитIинай яс йигин, хиси гьечIого.

*1959*

## ХАСАЛО БАККАРАБ ТIЕГЬ

Дунял хъахIлъун буго, хъван балеб буго,
Гьаб декабралда нилъер гордазукь
МугIрузулгин ралъдал ццидалал гьурал
Цоцада кIал гьикъун руго рагъилел.

ГIаздалаб къоялъухъ балагьун дуца
«Дун жакъа гьаюнин» буго абулеб;
Дун хIикмалъун вуго, кин гьеб букIунеб –
Кидаго рагIичIо гьанжелъизегIан,

Гьадинаб къоялда бищун недегьаб,
Бищунго гьайбатаб мугIрул тIегь бакки;
Гьадинаб хасало бищун хирияб,
Бищунго хIайранаб хIанчIил тIинчI гьаби.

*1957*

## КАГЪТИЕ ЖАБАБ

Дица, ЦIигьулдерил гIурдаги вегун,
Дур гIагараб кагъат цIалулеб буго,
Цингиги хъатикь гьеб лъикI къакъа-шакъан,
Къанщун бералгун дур пикрабалъ вуго.

Баркала, дир гьудул, дур мурадалъухъ,
Машгьурлъиги цIарги дий бокьаралъухъ.
Дида лъала, цIудул кваркьабиги гъун,
Кивго дун воржине дур анищ букIин.

Дуе бокьилаан «Правдаялда»
Дир поэма жакъа бахъун бихьизе.
Ва театралъул игІланазда тІад
«Автор ХІамзатовин» къотІноб цІализе.

Ахирияб пардав къалелде цебе,
Дун сценаялде ахІун хадуса,
Дуца тІоцебе дий кьелаан изну
Цо убач гьабизе артисткаялда.

Дун бекьулеб хурухъ балагьун вуго,
Гьаб кагътица дида гьикъулеб буго:
Щай дун киноялъе хІалтІуларевин,
Композиторалгун хьвадуларевин?

Дуе бокьун буго дир рокьул харбал
Халкъалъул кучІдуллъун хъвазе кирего,
МугІрул росабалъги Москваялдаги
Дир хІакъалъулъ бицун рецц-бакъ гьабизе.

Хирияй дир гьудул, гьанибе кье квер,
Гьал дир кьер хисарал расазда лъе гьеб;
Гьари буго, дарман, балагье рекІехъ,
РекІел гъварилъуде гъое жанийгІан.

Гьединал рагІабаз, магІаз кинигин,
Керенги борлъун гьаб унтизабула.
Дир гІумрудул магІна, кІулалги рагьун,
КІалагъоркье гІодой дализабула.

Дун багІарал лентаз жал-рачІги бухьун,
Бихьизе биччараб хъахІаб чуйищ дуй?
Бекерун чІел босун ясаз горбода
Гвермендаби дида рай абунищ мун?

Щиб дир бадиб бугеб батІиялъ гьечІеб?
Гьинал ракІалъ дуда бихьанищ тІокІлъи? –
Кинаб рокьиха дур, рокьул хурдулъан
Хал гьабеян диде килищ битІизе.

Щай дий батІияб цІар гьабсагІаталда
Гьагъаб мегъ бекьулел гІадамаздаса?
Доб кьуру гІанлъулел гІолилаздаса?
ГІертІал цІун руссунел руччабаздаса?

Гъугъуб годекIанир, гIодорги рукIун,
ГIумрудул бицунел харабаздаса?
Хирияй эбелалъ киниги кIикIун,
КечI ахIулеб бугеб доб лъимадаса?

Щай дий батIияб цIар, гIагарай гьалмагъ,
Киналго гIадатал гIадамаздаса?
Дол гIарабиязул солдатаздаса?
Сириялда вугев гьудуласдаса?

Дица дир цIаралъул ургъел гьабуни,
Ургъел кин гьабилеб дир улкаялъул?
Щай машгьурлъи дие, машгьурлъизе те,
Нилъ гIезе гьарураб гьайбатаб тIалъи.

Дун – тIубан гьелъул вас, дунго кIочон тун,
Дие гьеб бокьулеб дуда лъикI лъала...
Лъималазул къасдал къолъикIанги тун,
Гьанже дун кIудияв гIурав чи гьечIищ?..

Щай дудаса тIураб тIокIаб цIар дие, –
Цо цIваялъ гурищ нилъ гвангъулел ругел,
Цо цIаялъ гурищ нилъ хинлъулел ругел,
Цо цIадалъ гурищ нилъ риччулел ругел?

Къварилъи гIахьалай, рохел гIахьалай,
Дургун гIахьаллъичIеб машгьурлъи дий щай?
Дир сурат бахъунан «Огонекалда»,
АскIой мун гьечIони, дие рохел щиб?

Гьаб, цIарул машгьурлъи, хехго тIун унеб
ТIеренаб квар бугин, кьоге дихъе гIер.
ТIадагьаб рецц-бакъалъ вахинавурав
Реххулин гIодове, те дун гьадинан.

Берталъ лъимал гIадин цеве кIанцIани,
Цо заманалдасан нахъе гъела дун.
Гьаб дуниялалъухъ дур гьажалдасан
Балагьараб гIолин, гIенеккун йикIа.

*1958*

**МУНГИ ТУН СЕВЕРАЛДЕ УНЕБ МЕХАЛЪ**

Къо-мех лъикI, хирияй, унев вуго дун,
НакIкIал тIад сверулеб доб Севералде.

Дица дуе тела гьаб бакъул хинлъи,
Хириял хIанчIазул рогьалил чIичIи.

Дица дуе тела гьаб Койсуялъул
Карачалабазул бухIараб чвахи,
Чармил кьурабалъан кьурдилаго гьеб
Гьалагаб кIкIалахъе кIанцIулеб гьаракь.

Дица дуе тела мугIрул гьурмада,
Эбелалъул гьурмалъ магIица гIадин,
ГIаздал иххаз лъурал гьал рукIкIалаби,
Пашманал саназул гъваридал лъалкIал.

Дица дуе тела гьал гIадрабазда
ГIебса бутIрул руссун ахIделел кьагIи,
Рогьалида иццухъ ирга гьабулел
Аваразул гIертIал, гьезда гьоркьоб дур;

Зобазул хъахIиллъи, ралъдал гIурччинлъи,
Бакъ щвейгун щобазе щолеб багIарлъи,
МагIарул ракьалъул нус азарго кьер,
МагIарул тIугьдузул тIолго берцинлъи.

Дица дуе тела, унев вуго дун...
Гъуждузде бахараб харил гьарзалъи,
Хурисан бачIунеб чIарал магьил махI,
МагIарде рехараб рачел гIадаб нух.

Гьал нилъер росаби, гьаб Каспи ралъад, –
Кинабго ракIалъе хириябщинаб...
Роржун унел руго доле къункъраби,
Къо-мех лъикI, хирияй, унев вуго дун.

РицIцIил гъутIбуздаса саву бацIцIунел
Севералъул гьурал пулел бакIазде.
Дица дуе тела кинабго рохел, –
Каранлъ бугеб рокьи босила цадахъ.

Дур рахъалъ кидаго хиял гьабизе
Гьал ракIалде щвеял рукIина дунгун.
Даим кIоченаро магIарул рии,
Жакъа рогьалида дур босараб квер.

*1957*

## МУН МАГIАРУХЪЕ УНЕБ МЕХАЛЪ

МагIарухъе щвезе мун унеб мехалъ,
Щай «нух битIагиян» абураб дица.
Гьанжейин абуни, гьарделев вуго
Гьенибе дуе нух биххагиййилан.

Баги дол мугIрузде гIазуги цIерги, –
ГIагарай йокьулей нахъе юссине.
Биххаги цIадаца Койсуялда кьо, –
Куркьбал гьечIеб микки нахъе бачIине.

ЧIалдаре рахунеб нух хун батаги,
Нухлул устарзаби мехтун ратаги.
Иххал мугIруздасан гIораллъун щваги,
ГIагараб дир ччугIа нахъе бачIине.

Дур машинаялъул мотор щущаги,
Шоферасул кIулал рилун ратаги,
Дунги рекIекъ гьавун гьаниса арай,
РакI бухIанин абун, нахъе ячIине.

Рокъор эбел-эмен семаги дуде,
Семи хIехьоларей мун нахъ юссине.
Рихьизе бокьарал мун ячIиналде
Гьанире рачIаги, мун нахъ юссине.

Мун ана, дир гьудул, гьанив дунги тун,
Ва дихъе бачIана рекIел пашманлъи,
Анкьабилеб векалъ дол китаязул
КучIдузулъ букIараб гIадаб гъваридаб.

МагIарухъе щвезе мун унеб мехалъ,
Щай нух битIагиййин дуда абураб?..
Нухал хун мун нахъе юссунеей ани,
Гьел дур ясберазухъ дун балагьизе.

*1957*

## МУН АРАБ МЕХАЛЪ

Мун араб мехалда, ана къватIахъе,
КъватIалги чIалгIана мун хьвадуларел.
Мун араб мехалда, ана рукъове,
Рукъзалги рихана мун жаний гьечIел.

Мун араб мехалда, ральдал рагIалда

Карачалабигун гара-чIварана.
Кинабго пашманлъи гьинал ракIалъул
Балъголъи цIунулел гьезда бицана.

Мун араб мехалда, пандурги босун,
Гьадинго ургъичIеб бакъан бачана:
Кьурабалъ хутIарав ГIалил лъаларо,
Я гьелде гIагараб цоги лъаларо.

Мун араб мехалда, дица цIидасан
ЦIазе байбихьана тараб хъалиян.
Ва рукъалъул кIалтIа гIодовги кIусун,
КIичIвалел нусаца бусс-буссана цIул.

СагIат кIигоялда бачIуна поезд,
Гьелде данде уна щибаб сардилъ дун.
«Дир гьудул гьечIого бачIунеб щаян»
Бадиб гьелдаги чIван вуссуна нахъе.

Росарал тIугьдузул тIутIула бутIрул,
ТIогьиллъарал тIанхал реххула гIодой.
Ццидалал къватIахъан къаси сардида
Къулун бетIергун дун вуссуна нахъе.

Мун араб мехалда щола почалде,
«ГьечIилан» абула дур ругьел ясаз.
Ва дицаго дие дур рахъалдасан
Дуца хъвачIел кагътал цIалула ургъун.

Мун араб мехалда, ана дир рохел,
Халалъана дие къоялгун сардал;
Ва дихъги балагьун, гогьай мадугьал
Гордухъ гьим-гьидула, квешезе гIадин.

Кида мун юссиней гьелъул кIалтIасан
КIиялго рилълъине релъанхъилаго?
ГIодоре риччарал карачалаби
КвачIид рорхун чIезе нилъеда цере?

*1957*

## КАГЪАТ

Берцинаб ракьалда, кепаб ракьалда
Керен унтун буго дур ургъелаз дир,
Щиб дуе битIилеб, тIад магIарулай,

Дун ракIалде щвезе, ракIалъул гъудул?

МугIрузул тIугьдулищ? – ТIугьдул речIала,
МугIрузул кучIдулищ? – Гьел ричIчIиларо,
ГьечIо дир сайигьат дуе битIизе
Гьаб дир пайда гьечIеб чIалгIен гурони.

ЧIалгIенги мугIрулги данде кколаро,
Щайха чIалгIун бугеб дида мугIрузда, –
Гьаб гIатIилъиялда, гIурччинлъиялда,
Гьаб бечелъиялда, беричлъиялда?

Гьал риччарал хурдулъ, гьал хехал лъаралъулъ,
Лъимадул мехалъго гIагарал бакIахъ?
Радал бакъ кунчIигун хIанчIазул тIанчIи –
«ВорчIами», «ворчIами» – чIичIидула дий.

Гьезул чIичIигун дир рогьалил чIалгIен
МугIрул рахун уна духъе, хирияй.

ХъахIаб палатенца гъеждеги рехун,
Воххун вачIуна дун лъарал рагIалде;
КIкIалабахъа гъоркье гьезул гъулигун,
Гъар-гъар черхалда бан, уна дир чIалгIен.

Бакъул чIорал ахIун гохIда нахъасан
БухIеян гьарула гьезда дир чIалгIен.
Гьел дунгун рукIуна тIубарал къояз –
КъватIирги рукъорги – киве щваниги.

ДугIнузул лълъурдузда тIад кенчIола гьел,
Гьаб тIалъи хъатиниб маян лъола гьез.
Ва амма ракIалъе кьоларо рахIат,
БухIизе кIоларо гьезда дир чIалгIен.

Дица цIад гьарула, – рачIуна накIкIал,
РакI унтун гIодула, – бала чвахунцIад.
Чурула кьураби, чурула мугIрул,
Гьез чурулеб гьечIо гIицIго дир чIалгIен.

Хадув дун пештIола гьурал дихъеян,
Гьезул боял щола буюр-буюран;
ГьутIби кIорокIула, накIкIал хъамула,
Амма хъамуларо дир рекIел чIалгIен.

ТIохазде вахани, нухда берги лъун,
Ватула кидаго дур пикрабазда.
Сордо бачIарабго зодил цIвабзазда
ЦIехолев ватула дур хIакъалъулъ дун.

Гьез дир гордухъ рещтIун гьабула жаваб,
Жодода йихьичIин, моцIрода цIехе.
МоцIалъги гьабула гьеб жаваб такрар;
Жиндаги лъаларин, кьижун ятилин.

ВачIуна гIурдаде, ретIула тIугьдул,
РечIала гьел кодор, чIалгIуна дида;
Вахуна мугIрузде цIумазде аскIой,
Эзул гьаркьал рагIун чIалгIуна дида.

Ралел цIадазулъан, тIолго цIаялъан
ЦIудул кваркьабазда уна дир чIалгIен.
Аман, макьу анищ мун кIочон тезе –
КIоларо, хирияй, ячIа мугIрузде;

Гьаб гIатIилъиялде, гIурччинлъиялде,
Гьаб беричлъиялде, бечелъиялде...
Гьал хурдул, гьал иццал, берцинал хIанчIчIи,
Гьаб хIасратаб тIалъи, – цIакъ захIмат буго,

Мун цадахъ гьечIого, гьаб киналъего
БетIергьанлъи гьабун, гьанив вукIине;
Гьал мугIрул, гIураби, гьаб гIатIидаб зоб,
ГIахьал гьаричIого, паракъат чIезе.

*1958*

## ГIАГАРАЛ БАКIАЗДА

Мун жаний гьаюраб гьитIинаб мина
Дие гьундуздаса хирияб буго;
Дур гордал рагьараб, гьулак кIикIараб
КIиго гъветIалъул ах паркилан ккола.

Гьал гьетIарал къватIахъ, гьал кьурабазухъ
Музеялъухъ гIадин балагьула дун.
Дир бахьинаб кьегIер, гьитIинаб мехалъ,
ХIатIил гIицIго дуца тирана гьаб ракь.

Гьаб мун тIад сверараб тIогьол гIурдада
ГIадан-чи вихьани, рахIат хола дир.

Мун хIинчIлъун чвердараб хIорил лъималъухъ
ХIурматалда даим балагьула дун.

Гьале мун цIалараб гьитIинаб класс,
Киб бугеб дур парта? – батулеб гьечIо.
ХIинкъадго кодобе босана гьаб мел,
Амма доскаялда щибго жо хъвачIо.

Цин бокьун букIана цIумур кьабгIизе,
ЦIидасан мун дарсде ячIунарищан.
Школа бихьигун гьабуна пикру,
Пионеразда гъорлъ мун йигин абун.

Мун гIодой чIараб бакI тахилан ккола,,
Мун яхарал гохIал мугIрулин тола;
Дур хIетIе чIарабги, дур квер хъварабги –
Кинабго чIаголъун буго хиралъун.

*1957*

* * *

Гьанже нилъер рокъоса
Бакъулал къоял ана,
Гьанже нилъер рокъоса
Рокьулел хIанчIи ана.

Нилъ кIиялго хутIана,
Хириял гьалбал ана,
Йокьулей, йокьулей,
Дир хIайранай йокьулей.

Роржун арал хIанчIазул
ХIулиялъул хъахIаб кьер
Дур кьурарал гъалазул
Цо-цо расалълъ хутIана.

Дирги каралде буго
Биунареб гIазу бан,
Йокьулей, йокьулей,
Дир бищунго йокьулей.

ХIанчIи нахъе рачIина
ЦIидасан ихги босун,
Амма гьелъ хисиларо
Нилъер расалъул хъахIлъи.

Пашманго гьимила нилъ
Гьанже багIар бакъуде,
Йокьулей, йокьулей,
Дир гьайбатай йокьулей.

*1959*

## МУН ЙИГО ДИР ГIУМРУ

ЦIакъ гIажаибаб жо буго гьаб гIумру,
ГIемер кьерал руго жиб-жиб къоялъул;
БачIуна къварилъи цо рогьалида,
Цинги рохел бачIун мехтула дир ракI.

Цин вахинавула борхатаб гохIде,
Цинги гамачI гIадин реххула гIодой.
Цин къвакIизавула къараб магI гIадин,
Цинги къакъа-шашан гьавула тамах.

Гьединан дуцаги, дир рекIел рокьи,
Дун цин чархъида ккун рекIинавула,
Цингиги, чарамул ганчIазда кьабун,
Мунан ахIдолеб ракI унтизабула.

Дуца берал речIчIун чIван гIодов лъола,
ГIемер мех унаро, чIухIизавула;
Гьаб дир чIаголъилъун гIицIго мун йиго,
Дир гIумруян дуда абула дица.

* * *

Дица дур рахъалъан чагъирги гьекъон,
Рукъ бакьулъ речIчIана чехазул бакал.
Гьеб мехалда ккана каранлъа бахъун,
Дирго ракI речIчIанин дуда цебеян.

Дир ццидалай гьудул, босе гьеб кодой –
Гьелъул бухIи дуда кидаго лъачIин.
Ккве гьеб гIинда цебе кIилкIалги рахъун,
Гьелъул кIутIи дуда жеги рагIичIин»

Дуца лъурал ругънал унтулел ругин,
Угьдилеб буго гьеб, гIинкъай йокьулей.
 Жиб бакал кинигин бекулеб бугин,
Балагьеян буго, бецай дир гьудул.

Бакал ричIчIи лъугьун буго чIарбида, –
Цогиялъ гьекъела, гьеб бигьаяб жо.
Амма рекIел ричIчIи гьабун хадуса, –
Гьеб бакIариларо, гьеб тIокIаб гьечIо.

*1957*

* * *

ЦIорол вазаялъуб дуца рачIарал
ТIугьдул речIалилан вуго дун хIинкъун.
Дур рекIел гьайбатаб бацIцIалъиялда
БецIлъи чIваладаян вуго дун хIинкъун.

Цосина тохлъукье гьагаб рагIиялъ
Мун пашман гьайилин вуго дун хIинкъун.
ХIалихьатав чияс дур рахъалдасан
РагIи абилилан вуго дун хIинкъун.

Гордо рагьарабго дур гьумералда
Гьури хъвалин абун вуго дун хIинкъун.
ГьадигIан кIудияб хирияб талихI
Халат батиларин вуго дун хIинкъун.

Гьал карачалабаз, гъорлъеги вачун,
Гъалмагъир гьабилин вуго дун хIинкъун.
Цинги гьал тIугьдузул багIарлъиялде
Дур магIу тIинкIилин вуго дун хIинкъун.

*1958*

* * *

Дида лъачIо, гьудул, мун лъаралдаса
ЦохIониги хасел гьаб дунялалда;
Февралалъги дида тIугьдул рихьула
ТIоцере кIиязго ретIарал гIадал;

Ва ракIалде ккола кинабго гIумру
ГIурччинал ахазул их букIинилан.
Гьаб ракьалда хасел букIун батани,
Гьеб букIун батила нилъ гьарилалде.

* * *

Дур яцIцIалъиялъул, берцинлъиялъул
Бицун кучIдул хъвазе хIинкъула цо-цо, –
Дир кучIдул цIаларал гIолохъабазул
ГIищкъу дирго гIадин духъ ккезе гурин.

Яги цохIо дуе хъварал жугьаби
Жидерго ясазе гьез цIалилилан;
Дур гIадатаб рекIел хинлъи лъараца
Хисун цоги адрес эзда хъвалилан.

* * *

Борхатаб кьодасан валагьун вуго
Кьур-кьурун чваххулеб Койсу гIоралъухъ.
ГIурул хIал бицуна карачалабаз –
Дир чорхол хIалалъул лъица бицинеб?

ГIурул карачелал гьелчелел руго,
Гьезда белъанхъула борхатаб кьуру;
Кьодухъ дир керен, ракI гьалделеб буго,
Гьелда йелъанхъула йокьулей гьудул.

*1958*

* * *

Дир санал анагIан щибаб маялде
Шагьаралъул ясал берцинлъун руго.
Цере гордалги къан рахчун рукIунищ –
Дида лъалареб гIел гIемерлъун буго.

Гьел бакъанил гIужалъ къватIахъ,
байдабахъ
БатIиял васалгин сверулел руго.
Ралъдал рагIалалда гьезул гъуждузда
Пинжак батIияца тIад балеб буго.

Рокъове щваравго, щаян лъаларо,
Лъадигун даим дун барщулев вуго.
Гьелъул гаргаралъухъ гIин тIамичIого,
Гордухъан къватIиве валагьун вуго.

**ДОБ ГОРДУХЪ**

– Дир ракI, киб бугеб мун?

– Доле доб гордухъ.
– Пикраби, кир ругел?
– Доле доб гордухъ.
– Анищал, кир ругел?
– Доле доб гордухъ.
– Берал, кир ругел нуж?
– Доле доб гордухъ.
– Кагътал, кире унел?
– Гъадаб гордухъе.
– КучӀдул, кире унел?
– Гъадаб гордухъе.
– Рохелгин пашманлъи?
– Гъадаб гордухъе.
– Доб гордухъ щал ругел?
– Лъадиги росги.
– Щайха дуца гьезул
Пикру гьабулеб?
– Дой лъади йикӀана
Дир лъалей гӀадан.

*1957*

* * *

Хасел февралалда гӀодилеб буго,
ГӀаздал лъим херасул магӀуян ккола.
Максим Горькил къотӀноб пальтабалъ ясаз
Дие фиалкаби руго ричулел.

Дица гьел росана, лъие лъаларо,
Дир лъадиги ясги руго рикӀкӀада.
Гьаб ихдалил махӀалъ, фиалкабаца
Гьезухъе ине дун ахӀулев вуго.

Поезд унеб буго эхей югалде,
КӀиго гордо буго дун балагьизе.
КвегӀаб рахъалдехун балагьула дун –
Буго гӀаздалъ дунял, гьечӀо гӀурччинлъи.

Кваранаб рахъалъан балагьула дун –
Бихьуларо рии, гьимуларо их.
Цониги рахъалда гьечӀо дир рокьи,
Цебехун балагьун буго дир рокьи.

* * *

ГІурччинаб ихдада борхатаб тІохда
Мун михир бачуней йихьана дида.
Ва гьелдаса нахъе ракІалде ккола
Дир каранда бугин михир бачунеб.

ЦІорораб хасало рогьалил гІужалъ
ГІеретІги гъежда бан данде чІвана мун.
Гьелда кІал чІварабго хІисаб гьабуна
Гьалдолеб цІаялъул цІун бугин гІеретІ.

* * *

Чанги хІадураб кечІ буго дир каранлъ,
Кагътил тІамачалде дица босичІеб.
Нус-нус асар буго ургьиб дир рекІелъ,
РекІел гьудулалъе дица чучичІеб.

Буго дир каранлъ тІегь тІезе хІинкъараб,
Берцинлъи нужеда жеги лъаларeб.
Буго дир гъансиниб месед бахчараб,
БатІияв чиясда къимат лъаларeб.

*1957*

## ДУР ЦІАР

Дида кІоларо, яс, дур цІар ахІизе,
ЦІакъго цІакъ къиматаб буго дие гьеб.
Дун нечола, гьудул, дур цІар бахъизе,
ЦІакъго цІакъ гьайбатаб буго дие гьеб.

Дур цІар гьоркьоб бугеб кечІ ахІулелъул,
АхІун тола дица далай-далаян.
Дир къуват гІоларо дур цІар абизе,
АскІов, сверухъ инсан гьечІонаниги.

Дида кІвезе гьечІо дур цІар щуризе,
Дунго цохІо сардилъ хвезе кканиги.
Дур цІар гьоркьоб бугеб иш ккун хадуса,
Абун тола дица далай-далаян.

*1958*

* * *

Дур цІар – цІудул гьаракь,
ЦІаялъул кунчІи,

Каранлъан угъулеб
Панаяб хIухьел.

Дур цIар – лъарал гъули,
Лъар речIчIарабго,
ГанчIица гьелъие
Гьабулеб жаваб.

Дур цIар – гьорол хъуди,
Гьури багъигун,
Бигьарудал гъотIол
БухIулеб зигар.

Дур цIар – мацI лъалареб
Лъимадул ахIи
ХIайранаб бадисан
Баккараб магIу.

Дур цIар – хIарп лъаларев
ГьитIинав васас
Кагътида бахъараб
ТIоцебесеб мухъ.

Дур цIар – дун рекIараб
Чодул щинкIилалъ
Чабхил нухаздасан
Бачунеб наку.

Дур цIар – цIурмил гьаракь,
Поезд иналде
Гьал станциязда
ЛъабцIул кьабулеб.

Дур цIар – сагIтил кIутIи,
КIулазул чвархъи,
Гьал дир рукъзабазул
НуцIбузул къири.

Дур цIар – кьижарасул
Макьил шуршуди,
Дур цIар унтарасул
Угьди, зигарди.

Дур цIар – дида лъалеб,
Дида лъалареб,

Дица дидасаго
Балъго цIунулеб;

Гьадинаб гIагараб,
Гьадин гIадатаб,
Гьадин магIарулаб,
Унго-унгояб.

* * *

Дилъ буго гьадинаб панаяб асар,
ГьитIинаб мехалъул цо ихалъ тараб...
Гьеб букIана росулъ пуланаб къоялъ, –
КъотIной данде чIвана дида цо гIадан.

Цеехун йихьичIей, дида лъаларей,
Амма лъалейлъун ккун гьабуна салам.
Гьей дагьалъ лъалхъана дихъги ялагьун,
Цинги нахъе ана елъанхъулаго.

Релъи щиб, релъи щиб – гьелъул кIариялъ
КIкIалахъан эхей лъар чваханин ккана.
Берзукьа тIурун гьей тIерхьунеб мехалъ,
Рохьобе лъутулеб чан цебе чIана.

Чанги сонал ана гьелдаса нахъе,
Гьурмалги паркъана гIемерал берзукь,
Амма лъай-хъвай ккечIей, цо бер чIварай яс
Цееса лъутулей дида кIоченчIо.

РачIуна пикраби – балагьула дун,
Ратула пикраби гьелъул хIакъалъулъ.
РагIаби кIочараб, амма бокьулеб
Рокьул кечI киниги йиго гьей каранлъ.

Амма кигIан дунял тирананиги,
Тамаша, тIокIай гьей кийго данд чIвачIо.
Аза-азар гьумер гьимананиги,
Гьелъул кIари-релъи кинго рагIичIо.

Кий йигей, гьитIинай тIад магIарулай?
РагIулеб гьечIебищ дуда дир гьаракь?
Щибизе гьимулей мун, дир йокьулей? –
Гьадай яс цосина мунцин гуродай?..

* * *

Сордо лъикIан абун свакараб рагIи
Дица абиларо къасиги дуда.
ГьитIинаб лъимадуй киниги дуе
КечI ахIила дица мун кьижизегIан.
Кьижа, къо бихьарай къиматай гъудул, –
Дун вукIинин къулун гьаб дур гьурмаде,
Сасараб ралъдаде кьурул гIус гIадин,
Кьижараб гIурдаде накIкIил гъветI гIадин.

* * *

Гьанжеги дун нахъе щвелалде цере
Щун руго маргъаби дир рахъалдасан.
Ва гIагараб рукъоб къваригIел гьечIев
Гьобол кинигин дун вуго дандчIвалев.

Дир сайигъатазухъ балагьичIого,
Цояб рокъой Бальзак цIалулей йиго.
Дицаго диего цIеда чай лъуна,
Чу бекерун биччан бергьаги дуран.

Гордухъ кето буго, кодойги босун,
Дица гьелъул бетIер буго лъухьулеб.
Лъугьараб жо щибан гьикъараб мехалъ,
Гьелъ жиндирго маргьа буго бицунеб.

Азбаралде гьведе аскIов вилълъана,
Гьелъул квачIалги ккун гара-чIварана,
Гьеб бадиб балагьун буго хIапулеб...
Огь, хIалихьатаб халкъ дир рукъоб бугеб.

Дун гъункун каву къан къватIиве ана,
Лъицаниги нахъе ахIулев гьечIо.
Гьаб дир чIалгIеналде, дир свакаялде,
Гьадин салам кьурай, баркала дуе!

* * *

Дунялалда бищун гьайбатал берал,
Нуж гIодизегийищ гIиллаби ругел?
ГIарцул каралъулъан баккараб гьумер,
Дуеги пашманлъи лъица гьабулеб?
Дир анищал щвечIел щобазда чIарай,

Дургийищ унтулеб ургьиб гьинал ракI?
Пикраби рахинчIел гIорхъабалъ йигей,
ГIаламат, дудаги лъалеб гьаб бухIи.
Ялъуни недегьаб поэтасул ракI –
Гьелъул хIал бихьулей ятичIони мун...
ХIеренаб каламалъ асир гьабулеб
Аб пуланалда тIад елъулейищ мун?
КIваричIо, хирияй, босуге ишан
АзарцIул борлъараб гьаб дир каранде.
Те дун дунялалда дунго ругьунаб
Гьаб дир эркенлъигун, урхъараб кечIгун.

*1959*

* * *

Щибизе бицунеб дуца маялъул?
Щибизе угьдулей ихалда хадуй? –
Хирияй дир гьудул, бихье дихъе квер,
Мун квачалей йигищ гьаб нилъер гьасда?
Дун булбул гуро, яс, их бачIинегIан
Дуе кечI ахIизе балагьун чIарав.
Дир гIищкъу бакъ гуро, рии щварабго,
Щобазда нахъасан духъе бачIунеб.
Дие мун йокьула тIолго гIумруялъ –
ГIурччинаб маялъги, гьаб январалъги,
Гвангъарал къоязги, накIкIул къоязги,
РукIкIараб сардилъги – кидаго даим.
Дуда гьеб лъаларищ, гьеб бичIчIуларищ? –
БичIчIулареб мехалъ хайир щиб бицун. –
Ина нуцIбиги къан къватIал сверизе,
Гьаб дирго къварилъи рохьазе кьезе.

*1959*

* * *

Гьагъай гIаданалда мун щакдаруге
Ва щибниги рагIи гьелда абуге;
Дида гьолъул гьумер ракIалде щола –
Дуца цо ракI унти гьабураб мехалъ.

Дуца рокъоб питна дие бухъуге,
НахъегIанаб бугьтан нижеда лъоге;
Гьолъ дир къанагIатго пикру гьабула –
Цогияз гьой къварид гьаюраб мехалъ.

## ДУЦА РАГІИ АБЕ

Дуца рагIи абе, цо ишан гьабе, –
Ина дун цIоролъе, ина цIадулъе;
Борхатаб кьурдасан бер къапичIого,
БетIер гIодой гьабун, ина гIурулъе.

Ина гьури гIадин мугIрул ботIроде,
Гьалагал кьурабалъ бикIила дур цIар.
Бокьараб гьабила, ина кивего, –
Ва амма иналде цо къочизе те.

* * *

Дун рикIкIад вукIунин, ракIалде ккоге,
Каспиялда дида мун йихьуларин;
Пикраби дур лъалкIда хадур руго дир,
Хиялаз квер босун жеги мун течIо.

Гьале Помпеялде рагIула дида
Гьел нилъер мугIрузул каранлъ кьабгIолел
Карачалабазул чвахигун хъуди,
Гьезие кьурабаз кьолеб жавабги.

Бихьула багIар бакъ, хъахIилаб ралъад,
Ралъдал рагIалалда гIодой чIарай мун.
Бихьула гIисинаб бухIараб сали,
СалтIа дур хIатIазул хIанчIилал лъалкIал.

МагIил гарал гIадал ралъдал къатIраби
Къочардулел руго дур гIанабазда.
ГIалам берцинлъарал бакъул чIораца
Къвал жемулеб буго дур габуралда.

Гьале мун гьабсагIат расаги бачун
Карачалабалъан йиго гочуней.
Кие мун! Нахъ юсса, свaказе гурин,
Цосина цIадги бан квачазе гурин.

РакIалдейищ кколеб дун рикIкIад вукIун,
Дида мун гьабсагIат йихьулей гьечIин,
Гьел дур пикрабиги, гьеб дур гьимиги,
Нилъалкь лъураб кверги дида лъаларин?..

**МАГIАРУЛАЗУЛ ВАТIАН**

Гуро, гьитIинаб гьечIо,
Гьудулзаби, Дагъистан, –
Гьелъул борхалъиялде
Ваха гьедин абулев:
Ахал тIогьода руго,
ТIогьал гIаздада руго,
ГIатIидаб Каспиялда
Гуми лъедолел руго.
ТIадегIанаб,
ТIадегIанаб,
ГIагараб
МагIарулазул улка,
Аваданаб Дагъистан!
Мун нижее
Жаниб ракIгIан
Хирияб,
Нижер анищгун хIасрат
Дуе буго, Дагъистан!
Йохъ, цо миллион гуро
Дагъистаниял ругел,
Дунялалда гIагарлъи
ГIунги тIокI буго нилъер, –
МугIрул иццазул лъарахъ
Океан зигардула,
МугIрул лебалал васахъ
Ясал чанги угьдула.
ТIадегIанаб,
ТIадегIанаб
ГIагараб
МагIарулазул ВатIан,
ТIегьалеб дир Дагъистан.
Цебе лъолеб
Щибаб гали хIайранаб
МагIарулазул улка,
Дир эркенаб Дагъистан.
Гуро гIамал кIудиял
ГIадамазул ВатIан гьаб,
Амма бетIер даличIо
Дагъистаналъ лъиего.
Гьелъул ччорбалъ беролеб
Буго цIакъ машгьураб би,
Гьелъул каранлъ кьабелеб
Буго цIакъ кьварараб ракI.

ТIадегIанаб,
Огь, тIабигIат кьварараб,
Кьурабаз сангар къараб,
Къуркьулареб Дагъистан;
Мун васазе гьинал ракIгIан
Бокьулеб
Берзул магIу, чорхол би,
Багьадураб Дагъистан.

*1958*

**ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ КЕЧI**

Дие тушманасул гъванща бокьула,
Дие гьудуласул гьумер бокьула, –
Гьудуллъидал рахъалъ ахIилин цо кечI.

Дун гIураб ракь буго кьурабаз цIураб.
Гьелъул лъимал руго лъабгго хъат цIурал,
ЦIар буго васазул нусго хъат цIураб.

Гьаниб гIолохъанлъи халат букIуна,
Херлъи, гьитIинаб мех къокъаб букIуна.
Къан рачелгун нусго соналъ хьвадула.

Цо нухалда херав магIаруласда,
Хвел аскIобе бачIун, гьикъардун буго,
Гьелъ пашманаб-хабар байбихьун буго:

Хвелалъ абун буго дур къоял щванин,
Къокъиналде цебе дуца бицеян
Гьаб дунялалда тIад дурго гIумрудул.

Херас жиндир гIумру, халатаб гIумру
ГIодовго чIечIого къокъго бицана...
Бицине жо гьесул дагьаб букIана:

Гьав радал вахъана, къаси вегана,
Къад лъабабго нухалъ ригьда кванана.
Я чагъир, гIаракъи – щибго гьекъечIо.

Гьас жеги лъийниги квешлъи гьабичIо,
Гьереси бицинчIо, бикъа-хъамичIо.
Рукъ тун къватIисеб бакI щибго цIехечIо.

Гьеб мехалда хвелалъ гьасда абуна:

Мун гIезегIан лъикIав чи вукIун вугин,
ЛъикIал гьудулзаби ратила дурин.

Дица, дур чан гьудул ватананиги,
ГьедигIанги соназ чIаго телин мун, –
Гьел тун мун вачине ракI гурхIилин дир.

Херав балагьана, гьав пашманлъана
ЦохIониги гьудул жиндир вукIинчIин,
Жеги хъизан-лъади – гьебцин букIинчIин.

Гьудуллъи гьечIого гIумру гьечIилан,
Дида гьанжелъагIан мун щай лъачIевин,
Ана херав вачун хвелалъ гьебсагIат...

Дир халкъалъ абуна битIун гьабунин –
Гьудуллъи гьечIев чи, чи гурин гьеван,
Чол малакь хутIизе кколин хвезе гьев.

НекIого хвелаан дур мугIрул халкъал,
Гьаб хирияб вацлъи букIинчIеб ани,
РекIелъа рекIелъе нух щвечIеб ани.

Амма буго гьаниб гIаммаб биги тIун
Босараб гьудуллъи халкъазда гьоркьоб,
Хвел гьечIеб гIагарлъи Россиялдехун.

Гьелъин гьанир чагIи хеккого гIолел,
ГIолохъанаб заман халат букIунеб,
Халкъазул гьунарал къватIир рагIулел.

Гьудуллъи бищунго гIагараб буго,
Гьудуллъиялде кечI гIемераб буго...
Гьезда гьоркьоб гьабги букIаян абе.

*1951*

## ГРУЗИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСА

* * *

*Нана Гвенипадзе*

Нана Гвенипадзе, гохIдеги яхун,
Дуца Тбилиси бихьизабуге.
Руставелил къотIной гьумерги буссун,
Гьелъул берцинлъидул дие бицунге.

Нана Гвенипадзе, хирияй гьудул,
Херлъарал гьундузул тарих дие щай?
Те дун балагьизе гьел дур беразухъ, –
Гьайбатал тIелхаца рахчарал цIвабзахъ.

ЦIалъун кенчIола гьел каранзул рекIелъ,
РекIине чу анищ, къан ккун чIолареб, –
ЧIегIераб буртина тIадеги рехун,
ТIаде магIарухъе цо мун хъамизе.

Жакъа дун урхъана азарго нухалъ
Недегьлъи лъаларев Ражбадинида, –
НекIо Гуржиялълъе гьужум гьабурав,
Гьалагал боязул цевехъанасда.

Кинаб гIайиб досул? ГIассияв рекъав, –
Паракъат тахида вегун чIелищ дов, –
Дур гIадаб берцинлъи бихьун хадуса,
Хваниги щиб досий гулбузул цIадакь;

Чол жалалъе къулун, къвалакь мунги ккун,
Къваридал кIичIарал сухъмахъ нухалъан
Цо пайда щиб, унго, бегьулеб ани,
НакIкIазда гьоркьосан, пирилъун ине.

Дир анкь умумаца кьалул соназда
Кьолода цере лъун хъамуна ясал.
Гьелъ батизе буго, Грузиялъул
Гвангъи данде чIвала мугIрул гIолилалълъ.

Нана Гвенипадзе, кIваричIо дие,
Дуца Тбилиси бихьизабуге.
Те дун балагьизе гьел дур беразухъ,
Тбилисиялъул зоб къотIун гьарурал.

*1955*

## ЛЕКIИ

*Ираклий Абашидзел ясалъе*

МугIрул гIоразулгун нухал рикьана,
Бокьулеб Дагъистан нахъа хутIана.
Гьале духъе ЛекIи гьоболлъухъ щванин, –
Щай мун гIодуларей, щай хIинкъуларей?

Эбелалъ кинидахъ бицинчIищ дуе
Дир хъачагълъиялъул, дир чабхъеналъул?

Инсуца кучIдузулъ ахIичIищ дуе
Кин ЦIоралде гьужум гьабураб дица?

КIалдисан цIа рехун бекерулеб чу,
Борхун хъатикь ккураб рекIараб ханжар, –
РукIана сардал, яс, цебе заманалъ
Дур ракьалъул макьу дица хъамураб.

Гьанир гIадамаца, дир цIарги ахIун,
ХIинкъизе гьарулел рукIана лъимал.
«Ахх, кьижа мунилан, кьижа мунилан,
КьижичIони ЛекIи вачIине вугин»...

Басриял хъулбузул тIалаяздасан
ТIелал гьарун руго роржунел маккал.
Роржунел руго гьел Дагъистаналде,
Гьанже мун хIинкъуге тIокIай ЛекIакьа.

Йохъ, дун хъачагъ гуро, дун гьудул вуго,
ЯчIа дида кодой каранде къазе.
Кверал ккун гъуждузде яхинайизе,
Борхатаб цIва гIадин чIухIизайизе.

Йилълъа дида цадахъ дое мугIрузде,
Дица дуй ретIила берцинал тIугьдул.
Цинги гIодорги чIун гIурул рагIалда
Дица дуй гьабила гьайбатаб квацIи.

Дир Дагъистаналъул бищун хIасратал
Саринал ахIила дур ракI гьеялъе.
МагIарул халкъалъул бищун хириял
РагIаби абила мун еэдизе...

Бакъгин къо хисизе сордо бачIана,
Сурмиял накIкIалъ моцI буго хьвадилеб.
Мун, гьелъул канлъуе гьумерги буссун,
Гьоболасда кодой йиго гьапуллъун.

КIкIалабахъан гIорал руго чвахулел,
ГIагарай ясалъе гIадин ЛекIияс,
Мунги каранде къан, ахIулеб буго:
«Ахх, кьижа, ахх, кьижа дир меседилан».

## АЛАЗАН

Дун ана Алазан къотIун...
Н. Тихонов

Гьале дунги ана Алазаналде,
Умумуз бицараб гIорул сверуде.
Кьурулъ бусаби тун, рогьалил гIужалъ,
Дида тIад пархана пахруял цIумал.

Гьел тIадмагIарухъан чабхъаде арал
ЧагIи нахъ ахIизе рачIарал гьечIо.
Ярагъ кодоб кквечIев кочIохъан вуго
Кепалда тирулевАлазаналда.

ЦIудул кваркьиялъул камилаб рагIад
Карачалабазда бихьула дида.
Би гуро гвангъараб лъеда тIад бугеб,
Рогьалил бакъалъул багIарлъи буго.

РорчIана гохIазда гъаларал рохьал,
ГъутIбуца гIорулъе къулана бутIрул.
Дица дангъурги цIун, лъаралълъ кенчIолеб
Канлъиялъ чурана дирго гьумер, бер.

Чвахулеб гIоралъул харбихъ гIенеккун,
Хер бецулев вуго цо Кахетияв,
Живго пачаясда, Ираклийида,
Унго, гьев щаяли релълъун вихьана.

Умумазул къецгин дагIба кIочарал,
КIалъана цоцада, вацал гIадин, ниж, –
Биччанте кIалдиса кIалдиб чваххизе
Чогърол цIурал лълъарал, барка гьудуллъи!

Гьединан ана дун Алазан къотIун,
Авар мугIрузул чан гIурдаде гIадин.
ГIоралде бикьана кинабго ургъел,
Карачалабазе кьуна дир рокьи.

*1955*

## ГУРЖИЯЗУЛ ТIЕГЬ

БагIараб, хIеренаб гуржиязул тIегь,
Дир тIехьалда гьоркьоб бечIан буго мун.
Амма дур гьайбатлъи, дур гьуинаб махI
Гьинал рекIелъ даим хутIун буго дир.

ГIурччинаб маялда Цинандалалда,
Цебего гьабураб хъаладул кIалтIа,
Нина Чавчавадзел ахикьа босун,
Цо кьерилай ясалъ кьун букIана мун.

РекIелъ буго, дица мун босулелъул,
Балагьун рукIана накIкIазулъ мугIрул...
Гьадал мугIруздасан чан бецIал сардаз
Чабхъенал гьарурал магIарулаца.

Биххараб хъаладул бицана дида,
Берцинал ясазе бараб букIанин;
НекIо лекIияца гьужум гьабигун
Гьел гьалъул кIалгIазде кIанцIулаанин.

Муридзабаз сардилъ кьвагьи гьабигун,
Кьерхаде бусаде хIанчIи кинигин,
ХIинкъун сородулел рукIанин ясал
Цоцада къвалги бан бокIназде тIепун.

Яхчараб гъотIокьа, чанил тIинчI гIадин,
Чода лъун хъамуна Чавчавадзел яс.
Ва мугIрухъ балагьун халатал моцIаз
Хиялалъ вукIана кIудияв поэт.

Гьанже гьесул рукъор хIасратал ясал
Мунги босун руго дида дандчIвалел.
Дие, лекIиясе, лекIури кьурди
Кьабун чIван накугун буго гьабулеб.

Ва Цинандалалъул гьуинаб чагъир
Гьудуллъидал рахъалъ буго борхулеб...

Дир умумаца рукъ бикъананиги,
Бищунго хIасратай яс хъамуниги,
Херав Чавчавадзе, рагъиде вахъун,
гIадин вуго дида дандчIвалев...

Бищунго чIухIараб тIогьол ахалда
«Гьудуллъи аллеян» абун буго цIар.
Гьениса тIун босун, тIегь гIадай ясалъ
ТIад вуссун унелъул, кьун букIана мун.

БагIараб, хIеренаб гуржиязул тIегь,
Дир тIехьалда гьоркьоб бечIан буго мун.

Амма дур гьайбатлъи, дур гьуинаб махI
Гьинал рекIелъ даим хутIун буго дир.
*1955*

## ГУРЖИЯЗУЛ ЯСАЗДЕ

Дир махсара гуро, гьереси гьечIо,
Востокалъул сихIру гьабулев гуро.
Гьуинал харбазул гьиналги гьарун,
Гьез нуж кквезе бокьун кIалъалев гуро.

Гуржиязул стол сверухъ гIодов чIун,
ЧIухIараб лълъаргин дун кIалъалев гьечIо, –
Лълъар щвани реццалъе нилъеда лъала,
Бицунеб рагIуда барахщунгутIи.

Амма дун, кочIохъан, гьединав гуро...
Гуржиязул ясал, гьедула нужей, –
Гьеб нужер недегьлъи, нужер гьайбатлъи,
Дир гьинал ракIалда кIочон толаро.

Дида бичIчIуларо, нужер гIадамаз
Гьадин гIемераб щай гьекъолеб чагъир?
Чагъир гьекъечIого, нужехъ балагьун,
Берзул канлъи босун, вуго дун мехтун.

Бокьараз бокьараб гIайиб, гъвел гьабе –
Огь, гъалал кьурарал цIоралъул ясал.
Дир рукIаралани, чохIто къачIого,
Дица нуж къватIире риччалароан.

Руставелил къотIноб къаси, гьабсагIат,
Щал талихIал васал тирулел нужгун? –
Гьел гIолохъабазулъ ккараб жахIдаялъ
Жаниб ракI бухIулеб буго дир даим.

НекIо дир магIарул буртабазда гъорлъ
Гъаргъар бан, хIинкъадго сорорал лугбал,
Гьалагал соназул дагIба-къецалъухъ
Дидасан босана нужеца къисас.

Цере дир умумаз кьурул нухалъан,
КьагIи гIадин хъамун, асир гьарурал,
ТуманкI речIчIичIого, гIанаби гьимун,
Гьанже дун нужеца гьавуна асир.

Дица щиб гъабилеб, аманаталъе
Ургъиса бахъун ракI нужее тарав...
МагIарул ясазул парталги ретIун,
Гъанже нуж кучIдулъе ахIила дица.

Рогьалида гьежда гIертIалги раччун,
Рачина нуж иццде дир назмабаца.
КIкIуйдулал росабалъ кьенсер-бер бахчун,
Кьела нуж росасе дир поэмабаз.

НакIкIал ахада тун, рорхалъабазде
Рахина миркалъго нуж дир кучIдузулъ.
Жергъада квер кьабун, кьурда эхетун
АхIила гуржиялъ магIарул сарин...

Гьеб «цIогь» гьабунилан нужер бихьинал
ЦIорон балагьуге дихъилан абе.
Гьезие гьадинги ракьалда талихI,
Макьилъгицин дие кьечIеб, щун бугин.

...ЦIвабзазул цIун руго рорхатал зобал,
Рохелалъ тараб ракI буго пашманго.
Гуржиязул ясал, дун нужер асир,
Каспи ралъадалъул рагIалда вугев.

Дида нужер сурат цебе бачIуна,
Цингиги гьуинаб калам рагIула...
Дие нуж рокьула, амма гьарула
Гьеб лъазе тогеян дир лъадиялда.

## ДИЕ БОКЬУН БУГО

Дие бокьун буго лъабго къо базе
Къаси вахъун ине Тбилисалде.

ТIоцебесеб къоялъ вачIинаан дун,
ВорчIами, гьудулан, Ираклийихъе.
Гьесул хъизаналъе ва лъималазе
Дир рукъалъул рокьи кьелаан дица.

КIиабилеб къоялъ гIодов чIелаан,
Ираклил киналго гьудулзабигун.
Гьезул улкаялъе, гьезул ракьалъе
Дир мугIрузул рокьи кьелаан дица.

Лъабабилеб къоялъ, билетги босун,
Вуссинаан нахъе дун магIарухъе;
Тбилисалдаса хIасратаб рокьи,
Дир Дагъистаналъе кьелаан дица.

Бокьун буго дие лъабго къо базе
Къаси вахъун ине Тбилисалде.

## ЭРМЕНИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСА

### Эрмениязул макънал

Эрмениялълъ гIадал рохарал кучIдул
Кидаго рагIичIо дида гIумруялъ.–
Дуца Севаналде унеб мехалда
Дий гьел ахIараб куц кида кIоченеб?

Квералги гъуждулги кьуркьузаруна,
Кьурдизе гIаданир берал тIамуна...
Дур магIна лъаларел рагIабаз дие
Доб рогьалил гIужалъ гьабураб асар!

ГIагарал гьаркьазе «пожалуйстаян»,
Нух кьолеб букIана кьурабаз, мугIруз.
Кьижарал гIураби гIинтIигун, тIегьгун
Данд чIвалел рукIана кочIол бакъназда.

Кколаан рагIаби, гIурдадеги ун,
ГIиссин лъимал гIадин кIанцIолел ругин.
Кколаан талихIаб гIагараб калам
ГIарцул Севаналда лъедолеб бугин,

Кколаан Зангаялъ, кьоял нахъа тун,
Кьурабалъ гьеб такрар гьабулеб бугин.
Дуда цадахъ рекIелъ урхъараб назму
ТIолго Эрмениялъ ахIулеб бугин.

Эрмениялъ гIадал пашманал кучIдул
Кидаго рагIичIо дида гIумруялъ, –
Дуца Севанги тун унеб мехалда
Дий гьел ахIарал куц кида кIоченеб?

Цебехун букIана накIкIалъ Арарат,
Угьдилеб букIана гIагараб Занга.
Доб мехалъ дур берзул къваридаб тIанкIалъ
Гьанжеги буго лъалкI дир рекIелъ тараб.

Кколаан рагIаби, рагIаби гурин,
МагIил гарал ругин гирун рачIунел.
Кколаан дур гьаркьилъ армениязул
Азарил соназул зигарди бугин.

Кколаан гьеб бакъан хабалаздаги
Хваразул занаца бачунеб бугин.
БукIараб замана ракIалдеги щун,
ТIолго Эрмениялъ ахIулеб бугин.

Армениязул кечI – рохел, къварилъи,
Къисматалъул тарих, талихI, рокьй, кьал.
Дур магIна лъаларел рагIабаца дун
ГIищкъуялъ вас гIадин асир гьавуна.

*1955*

## ДУН АРАРАТАЛЪУХЪ БАЛАГЬУН ВУГО

Дун Арараталъухъ балагьун вуго,
Эрменияв гIадин керенги бухIун.
Арараталъул накIкI ракIалда жаниб
Женжедилеб буго, свердилеб буго.

Дида ккола гьеб накIкI эрмениязул
БухIараб биялъул хIухьел бугилан.
НакIкIилъан унеб цIад эрмениязул
Унтарал ракIазул магIу бугилан.

Кида мун бахинеб, Севаналъул бакъ,
Дур халкъалъул анищ Арараталде?
Кида мун гвангъилеб, дир багIараб цIва,
МагIица чурулеб мугIрул ботIроде?

Кинаб гIазу бугеб Арараталда,
Унтарал ракIазул цIаялъ биинчIеб...
Дун Арараталъухъ балагьун вуго,
Эрменияв гIадИн керенги бухIун.

* * *

Вилълъа Севаналде маркIачIул гIужалъ,
ГIенеккилин гьелъухъ, щиб гьелъ бицунеб?
Гьелъ абизе буго: «балагьейилан
Берцинлъи ракьалъул, бокьа гьебилан».

Вилълъа Севаналде маркIачIул гIужалъ,
ГIенеккилин гьелъухъ, щиб гьелъ
бицунеб?
Гьелъ абизе буго: «балагьейилан
Берцинлъи ракьалъул, бокьа гьебилан».

Вилълъа Севаналде бокьараб гIужалъ,
ГIенеккилин гьелъухъ, щиб гьелъ
бицунеб?
Гьелъ ахIулеб буго эрмениязде:
«ВатIан бокьейилан, гьенир руссаян».

*1955*

## ИЦЦАЛ – ПАМЯТНИКАЛ

Ереваналда ВатIаналъул рагъда чIварал
Эрмениялъул васазул цIаралда иццал гьарун руго.

Зангалъул рагIалда гIарцул иццахъан
ГIагарал гьомерал гьимана диде.
Ракьулъан беролеб берцинаб лъиналъ
БахIарал холарин» абуна дида.

Мун Эрмениялде щун хадусала,
Щва бищунго цеве гьел иццазухъе.
Дуе гьениб, гьалмагъ, чIварал дур вацаз
ЧIаголъараб гIадаб гьабила асар.

Эрмения! Рокъор бусада гуро,
Дур васал кьижарал кьалул соназда.
ЦIадуца рухIарал гьалдолел ракIал,
Гьезул занал руго дудаса рикIкIад.

Гьел заназде тIаде бетIерги къулун,
Къварилъана дир ракI Украиналда.
Гьезул хабада тIад Болгаразул тIегь
Бихьана исана Пловдивалда.

Эрмения, кинаб ракьулъ рукъичIел
Дур рокьулел лъимал, – бугиш гьединаб?!

Кинаб гІурул лъелъе дур гІадамаца
ГІагараб би тІечІеб, – гьечІо гьединаб!

Гьезда чанги кьалда эрмениязул
Иццул лъим гьекъолел рихьана жалго.
Ва хвалил лахІзаталъ гьезул беразулъ
БукІана гІагараб улкадул сурат.

Зангалъул рагІалда дида рихьана
Дунялалда бищун къиматал иццал;
Мун Ереваналде щун хадусала,
Щва бищунго цеве гьениве, гьудул.

Гьез дуе бицина Эрмениялъул
Урхъарал васазул лебалал къасдал.
Ва къо ккараб мехалъ мун хІинкъиларо,
ХІасратаб ракьалъе маян ракІ кьезе.

*1954*

## УНЕБ МЕХАЛЪ

*Г. Эминие.*

Дица унеб мехалъ гьудуласул квер
Махсара-хочІалда гІадин босула.
Хадур верстал тейгун пашманлъула ракІ,
Гьудул тун мех ингун къварилъула дун.

Вагоналъул гордухъ, гІодойги виччан,
ГІадамаздаса тІун, чІола гІенеккун.
Ва гордал цІоролъан балагьун дида
Дунял бихьуларо, вихьула гьудул.

*1954*

## АЗЕРБАЙЖАНАЛЪУЛ КУЧІДУХДАСАН

### КигІан хех хварав мун, хирияв поэт

*Самед Вургуние.*

Баку, дур кІудияб къварилъи рагІун,
МагІарухъа духъе вачІун вуго дун.
Дур хІасратав васас мун танин бицун,
Берзул магІу щапун вуго духъе щун.

Бакъукь Азербайжан кенчIолеб мехалъ,
Каранзул ракI чIана дир гьудуласул.
Гьайбатал тIугьдузул квацIабазда гьорлъ
Вегун вуго думалъ дир ракIалъул вац.

ГIагараб лъимаде эбел кинигин,
Гьесде къулун буго къваридаб ВатIан.
Дир унтараб керен буго угьдулеб, –
КигIан хех хварав мун, хирияв поэт!

ГIодойбиччан буго пашманго Каспи,
Гьас кучIдулъ ахIарал карачалаби.
ГIатIидал, къваридал къватIахъа тIаде
Босун унеб буго Самедил мали.

ГIемерал сонаца Азербайжаналъ
Гъуждузда гьадинаб бакIлъи баччичIо;
Жеги Бакуялъул паркахъ, байдабахъ
Гьадинаб бухIараб магIу чвахичIо.

Лъолев вуго къаникь къиматав инсан,
«Къо лъикI, Азербайжан – эбелаб ВатIан».
Ургьиб ракI кан гIадин буго биунеб, –
КигIан хех хварав мун, хирияв поэт.

Бакуялде сардил бецIлъи рехана,
Рохел сварав къайис, къо-мех лъикI дуе.
Дун Дагъистаналде вуссунев вуго,
Данде чIваларо нилъ гIумруялъ тIокIал.

Гьале цойидасан дида рагIула
Дирго поэтасул гIагараб гьаракь:
«Пашманлъугейила, дун хун гьечIила,
Халкъалъе тун бугин дица ракIилан».

Дица росун гьесул кучIдул цIалана,
Киналго мухъазулъ вуго гьев чIаго.
РагIула ВатIаналъ гьесда абулеб:
«Дуе хвел гьечIилан, хирияв поэт».

## АЗЕРБАЙЖАНАЙ

– Азербайжанай, дур панаял бакъналъ

Пашманал свераби щай данде чIвалел?
– Дида гьел гьитIинго гьулакги кIикIун,
КIодоца рачунел рукIана рагIун.

– Азербайжанай, дур гьимулел бералъ
Пашманаб тIанкI бугин, бице гьеб киса?
– Гьеб даим гIодарай хварай эбелалъ
Ирсалъе дий тараб магIил лъалкI буго.

– Азербайжанай, щай гьал нилъер къояз
НекIсияб къварилъи кIочон толареб?
– Улбузул къварилъи лъачIел ясазе
Лъазе захIмалъула жидерго талихI.

## БАКУ

Дица мун баркула, Баку, кидаго
Ва кверал росула гьал дур васазул,
Биччай Каспиялъул карачалабаз
Кидаго бицине нилъер вацлъидал.

Дица дир ракьалда гьезде чучана,
Дир черхалъул адаб дудехун бугеб,
Ва магIарулазул ракIазул асар
Эз жаваб гьечIого течIо кидаго.

Дир мугIрул Дагъистан гIассиял соназ
Нус-нус тушбабигун багъулеб мехалъ,
Рохел-эркенлъидул кутакаб цIадулъ
Гьелъул цIудулаб ракI бухIулеб мехалъ,

Баку, Каспиялъул карачалабаз
Дур комиссаразул бицана нижей.
Дур рорժен берцинал хъахIал чайкабаз
Чуязде ахIана нижер бахIарзал.

Хадуб ралъада бакъ къалъараб мехалъ,
Къварилъаби нахъа хутIараб мехалъ,
Баку, Каспиялъул карачалабаз
Дур камилаб хIалтIул бицана нижей.

Нижер росабалъе хIанчIи кинигин,
Дур кучIдузул бакънал рачIана роржун.
Ва Дагъистаналда нарт батарабго,
Дур нартихъабаз квер босана нижер.

Гьанже моцI ралъдада лъедолеб буго,
Дий карачалабаз бицунеб буго:
Кидаго, рохалилъ вакъварилъабалъ
Къиматав, божарав вац вугин мунин.

Цоцазе бикьула нилъеца гIищкъу,
ГIахьалаб би буго нилъер халкъалъул...
Биччай Каспиялъул карачалабаз
Кидаго бицине нилъер вацлъидал.

*1956*

## БАКУЯЛЪУЛ ЦО ЯСАЛЪЕ махсара

МахIачхъалаялда дида дандчIварай,
Бакуялъул гIадан, дур рукъ киб бугеб?
Дица щуго къоялъ дур шагьаралда
ЩвечIеб бакI хутIичIо мун ялагьизе.

Гьанже, метерги мун данде чIвачIони,
Дица гьабизе жо цо хутIун буго:
Дун, Аршин-Маланил ретIелги букъун,
Жиб-жиб рокъой щвела мун ялагьизе.

*1956*

## АБХАЗИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСАН

* * *

МугIрузул гIунсбузда квеш бихьиладай,
Бахьинаб бакъалъул дица бицани?
Каспиялъ дидехун мугъ рехиладай,
Абхазиялъул ракь дица беццани?

Дун хIикмалъулаан газета цIалун...
Кинан гIадамаца нусго сон балеб?
Гьанже хIикмалъула, Абхазиялда
Азарго сон барал щай гьечIел чагIи?

Январалъул къоялъ балагьана дун,
Бакъ кинан къалъараб Сухумалда тIад.
ГьитIинаб улкадул тIабигIаталъе
ТIубараб ралъадалъ чIван буго наку.

Дун хIикмалъулаан абхазияца

АхIулел кучIдузул макънахъ гIенеккун.
Гьаниб гIадамазда гIораз, ралъадалъ
Ва ракьалъ малъулел ратила бакънал.

Жибго Китаязул чадир гIадинаб
ГIурччинаб зоб буго Абхазиялда –
Ахазул, тIугьдузул, тIокIкIараб лъадал,
ЛъикIал гIадамазул улкаялда тIад.

Ункъого сон барав поэтас руго
Гьаниб рокьул рахъалъ хъвалел назмаби.
Ункъого сон буго абхазиязе
Рокьул гIужда вугев гIолиласул ригь.

Ясазул кенчIолел гIанабазда тIад
ГIагараб бакъуца чIван буго дангъва.
Гьезухъ балагьун дун кигIан мехтарав, –
Кидаго дида гьел кIочон теларо.

Дица рохалида, ихтилаталда
Абхазиялълъ чанги къоял тIамуна.
Ва амма бачIана дихъе пашманлъи,
ГьитIинаб тIалъи тун унеб мехалда,

ЦIиял гьалмагъзабаз квералги росун,
Купеялде жанив гъураб мехалда,
Абхазиялдаса хирияв гьобол
Гьанже вихьичIого, моцI гьоркьоб байдал.

## АБХАЗИЯЛЪУЛ ХАЛКЪИЯВ ПОЭТ, ДИР ГЬОБОЛ ДМИТРИЙ ГУЛИА

Дир хIурматав гьобол, хIасратав поэт,
Те васас гIадинан дуда къвал базе, –
Дур гIадатаб, лъикIаб ракIалъе гIоло,
ГIадани гьимулел беразе гIоло;
Дур Абхазиялда тIегьлъун бетIизе
ТIоцебе хIарп хъварал кверазе гIоло,
Ункъоябго соналъ унго-унгояв
Инсанлъун вукIиндал, гьелъие гIоло.

Дица Абхазия дагьаб сверана,
Дун гьелъул нухазда дагьав хьвадана,
Амма киданиги пашманлъиларо
Гьайбатаб дур ватIан дида лъаларин.

Кивего щвечIого бихьана дида
Дур берaзда жаниб дур Абхазия,
Сухумалъул тIугьдул, Гаграялъул бакъ
Ва Гудавуталъул гургинал ригьзал.
Дун Дагъистаналде вуссунев вуго,
Щиб дуда абилеб иналде цебе:
Биччанте дур рокъой кидаго даим
Квешаб сагIаталда нух кIочон тезе!

Биччанте дур рукъоб гъадил гьаркьаца
Дур гьуинаб макьу хъамунгутIизе!
Биччанте дур гъасда, дур асаразулъ,
Ургьиб гьинал рекIелъ цIа сунгутIизе!

Риччанте кьурарал дур михъил расал
Кидаго гIодоре далунгутIизе!
Риччанте дур гьурмал рукIкIалабазде
Берзул магIил гарал гирунгутIизе.
Биччанте дуда тIад даим гвангъизе
Дурго бокьулеб цIва, вокьулев поэт!
ТIокIаб рагIи гьечIо, дун унев вуго,
Те васас гIадинан дуда къвал базе. –
Рокъове вуссингун, инсул суратальъ
Мун цеве вачIине бегьула дида.

## БОЛГАРИЯЛЪУЛ ТIУГЬДУЛ РАЧIИНГУН

*Лиляна Стефановалъе*

Хекко гIадамазухъ гIищкъу кколеб ракI,
Дир каранда жаниб мун лъураб лъица? –
Къасиги мун гIодой буссунеб гьечIо,
Цо болгаркаялъул берал сабаблъун.

Лиляна, мугIрузда гIазу биунеб,
ГIурччинлъи ракьалде щолеб мартелда,
Дунги дир тIалъиги цебе тIамунищ? –
КIиго тIегь бачIана дуца дий битIун.

Гьел Болгариялъул ракьалъул тIанчIи
ТIеренал кунаца рукIана рукъун.
Дир рокъор руго гьел – ракъварал гьалбал –
Пашманаб сайигъат дур рохелалъул.

Дун гьелдаса хадуб нижер хурдузулъ

Хал гьабулев вуго киналго тIугьдухъ...
МугIрул берцинлъидул гьитIинаб квацIи
БитIула дица дуй тIадмагIарухъан.

ТIугьдуца гIадамал гIагар гьарула,
ГIумруги ракIалги берцин гьарула, –
Гьелъин дун гIодое вуссунев гьечIев,
Цо болгаркаялъул берал сабаблъун.

*1955*

## ЯРКА ЯРОСЛАВНАЛДЕ

Москваялдаса гьей жиндирго ватIаналде
нахъ юссунеб къоялъ

Ярка Ярославна, ана цоги их...
Гьаб мун йохараб къо, дун къваридаб къо;
Дир рекIелъ тамахаб цIаялъул хинлъи
Дур цIералъ лъукъараб гIеч гIадин буго.

Братиславалде тохтир щварайго,
ТалихI бугев чехав данд чIвала хехго,
Дунаялъул лъадалъ рагIад кIилъила,
КIиго букIараб дир цохIо хутIила.

Щиб гьабилеб, дарман, дуй нух битIаги,
Дида кIоченаро гьел кверал, берал...
Дуца салам бице дур гьудуласда, –
Дир пашманлъи бицун, вохизаве гьев.

1957

* * *

РитIучI эхетараб борхалъудасан
Балагьун вуго дун Карлово Варахъ.
Гъадринир рехарал ханалин ккола,
Хал гьабураб мехалъ, хъахIал минаби.

Сверухъ рохьал руго, дида рихьула
Рорхатал гъутIбузул гъаларал кьерал.
Беричал тIанхазул тIансаби руго
ТIолго дун сверулел сухъмахъазда лъун.

Гьаниб гьаб маялда, эбел-ял гIадин,
Ихги хаслихълъиги руго харбида:

Эхеде балагье – гIурччинлъи буго,
ГIодоре балагье – тIогьиллъи буго.

Гьаниб щибаб тIанхилъ, тIун балагьани,
Би тIинкIулеб гIадаб багIарлъи буго.
Гьезда ракI урхъула, амма гьал рохьаз
Араб хаслихълъидул бицуна дие.

Дида инсул гьумер ракIалде щола,
Эбелалъул сурат цебе бачIуна;
Цинги гьаб гьарзаяб гIурччинлъиялъ дий
ГIагараб лъимадул бицуна даим.

Асарал хисула дир гьинал рекIелъ,
Пикраби кIилъула, гьез дун вачуна
Гьаб беричлъиги тун, гIурччинлъиги тун,
ГIицIал мугIрул ругел цоги бакIазде,

Хехал гIорал ругеб Дагъистаналде,
Гьаб дуниялалъул тIолго нухазде...
Гьедин щибаб къойил Карлово Варахъ
Керчаб рохьоб дица гIалам тирула.

*1957*

* * *

Анкь-анкь гIаркьел бугел кьурарал гъутIби,
Гъаларал тIаргъалгун руго балагьун.
ТIелхаца рахчулел беразда гIадин,
ГIисинал хIоразда тIад буго бецIлъи.

Дун щивго лъаларел, щагIил тIохазул
Минабазде руссун, руго гIадамал.
Жидерго гIадатгин, жидерго мацIгин,
Жидерго гIумрудул ургъел-тIалабгун.

Санаториялъул палатаялъул
ГьитIинаб рагъида, хъахIаб бакIида,
МагIарухъан хабар цIехолеб гIадин,
Хал гьабун вуго дун тIабигIаталъухъ.

Лъаларо, щиб хабар дида рагIараб –
Дие дир пашманлъи гьуинлъун буго;
ГьикъичIого бачIун дир бадиб чIараб
МагIил гаридаса дун воххун вуго.

* * *

ГIисинал росаби лъарал рагIалда –
Лъималазул заман щвана ракIалде.
Щуб ккараб ракьалъул гIурччинал ххурдул –
Хур бекьулев дунго тIамуна цеве.

Гъаларал бутIрулги тIохазда тIад лъун,
ТIогьод росун руго чIухIарал гъутIби.
ЧIегIер накIкIил рохьил рагIаллъиялда
ГIебса регун руго багIарал гIачи.

ТIоцере рекьулел мегъазул санал...
Ссун ана гьинал ракI щаян лъаларо.
Гьаказул къир-къири ЦIада кинигин,
Щул хъухъалеб буго Хунзахъго гIадин.

Хадуб Татраялъул мугIрухъ балагье, –
Дир магIарул гIазу киса гьазие?
ГIадамал батIиял ругин кканиги, –
Квер босун гьикъарди – цого халкъ буго.

Бакъназул свераби релълъинчIониги,
Сариназулъ бухIи цохIого буго.

* * *

Родопалъул накIкIахъ балагьун дида
РакIалде бачIана дир магIаруллъи;
Гъал дур Тырнавалъул сияхъе щвейгун,
СокIкIараб Кубачи тIамуна цебе.

Чаялъул полпида дица гьикъана,
Мун дир Койсу гурищ гьаниб бачIунин;
Дур байдаби рихьун, лъарагI авлахъал
Нахъеги тIамуна тIиритIун цере.

Цо-цо дур кучIдузул бакънал рагIигун,
МагIарул ругилан хIисаб гьабуна;
Гъал дур минабазул гъанситай рихьун
Инсул рукъой щванин ракIалде ккана.

Ва амма дур гьумер бихьанщинахъе,
Дида бихьанщинаб кIочонеб буго.

Гьединаб кидаго данд чIвачIо дида
Дунялалъул нухалъ... дун мехтун вуго.

**ГЬАНЖЕ АНКЕТАЛДА ДИДА ГЬИКЪАНИ**

Гьанже анкеталда дида гьикъани: –
Улка тун къватIиб дур гIагарлъи бугищ?
Дица жаваб кьела, улка тун къватIир
Аза-азар вацал ругин дирилан.

Бакъараб Турция бакъаникакде
ЧIухIарал михIмараз ахIулеб мехалъ,
Дир эмен гIадинав цо гьокочияс
Гьарана дур сурат дида, Кремль.

ГIарцул Киприялда, кида кIоченеб,
Нижер гамаялда хадуй балагьун,
Дир эбел гIадинай цо италиялъ
Угьараб хIухьелги тIураб магIуги.

Бер гьечIев Гомерил Грециялда
Цо гьайбатай ясалъ, аскIойги ячIун,
Дун Москваялдаса вугин абигун,
Абуна йокьулелъ гIадал рагIаби.

Парижалъул тIугьдул сентябралда
Сорбоналъул ясаз кьуна къвалги бан,
ТIугьдулъ кагъат буго фаранг мацIалъ хъван
Жидер саламилан Совет чагIазде.

Нижер гамаялда голландияца
Къаси дир улкадул кучIдул ахIана.
Гьезда гьоркьой цояй нижехъ балагьун,
Бадир квералги чIван, гIодулей тана.

Киналго нухазда нижеда хадур
Хал гьабун хьвагIулел рукIана кверал –
Тунисаз, алжираз, испанияца
Ла-Маншалде щвейгун ангилияца...

Гьанже анкеталда дида гьикъани,
Пленлъун кивниги вукIанищ дунан.
Дица жаваб кьела, дир гьудулзабаз
Дун плен гьавунин киса-кивеги.

Нилъер байрахъалде гьумерги буссун,
Гьимулел бераз дун асир гьавуна.
ГӀантал полициял пиштӀелелги тун,
Гьаб дир квер босараз асир гьавуна.

Доб Прагаялда Фучикил рокъоб
Гьесул суратаца асир гьавуна.
Нилъер бахӀаразул занахъ болгараз
ГӀезарурал тӀугьдуз асир гьавуна.

Дун асир гьавуна гьаб дунялалда
Мун бокьулелщиназ, бокьулеб ВатӀан.
Дудаса чӀухӀулеб гьеб Западалъе
ЧӀухӀичӀого дица къулана бетӀер.

Гьелъин, анкеталда дида гьикъани: –
Улка тун къватӀиб дур гӀагарлъи бугищ? –
Дица жаваб кьелеб ругилан абун, –
Аза-азар ругин, миллион ругин.

## ДИР ДАГЪИСТАН

Европаги сверун, гӀураб росулъе
Дун вуссанщинахъе, дихъги балагьун,
Дида, дир Дагъистан, дуца гьикъула,
Гьаб ракьалда бищун щиб бокьарабин?

Дун борхатаб мугӀрул тӀогьив вахуна,
Тамахаб гьороде керен чучула.
Дица жаваб кьола дуе, Дагъистан,
Гьаб ракьалда бищун мун бокьанилан.

Дир борхатаб тӀалъи, дудехун бугеб
Гьаб дир рокьул дица бицуна дагьаб,
Каранда гьалдолел гьал рагӀабазул
ГӀемер абун хадуб багьа хвелилан.

Хирияб мугӀрул ракь, духъ гӀищкъу ккарас
ГӀакӀа ахӀуларо гьелъул хӀакъалъулъ.
Гьал дур кьурабазул кьварараб гугьар,
Гьеб гӀемераб рагӀун, гӀорцӀун батилин.

Дида лъала, бищун дур хирияб мацӀ
Хунжрузул букӀана цоцалъ кьабулел;
Бищун дур гӀундузе тамахаб рагӀи

ТуманкӀул букӀана кӀалдисан унеб.

Дида рагӀула дур кьурул курмуца
Кинаб сарин жакъад такрар гьабулеб. –
БакӀаб квартӀица махх бухулеб гьаракь,
ГьетӀараб нилъалъ хур лъилъулеб бакъан.

РуцӀцӀухӀун чӀчӀун гьунар гьабеян абун,
Гьелъий куцун руго дуца дур лъимал,
РагӀиян абуни, чу кьунаниги,
Кьолареб букӀуна дур бахӀарзазул.

Гьедин букӀаниги, Европаялъул
Гьал хабар халатал шагьараздаса
Хирияб росулъе вуссингун, дида,
Дуда кӀалъачӀого, кӀоларо чӀезе.

Дица дур мугӀрузул тӀогьивги вахун,
Тамахаб гьороде керен чучана.
Гъункун цоцалъ къарал царгъал гӀадинал,
ГӀассиял гъулдузухъ дун балагьана.

БитӀахъе къвалакьан араб кинигин,
КъвекӀаб цӀум боржана дида цебесан.
Хунжрул гӀадал куркьби кьурдаги тункун,
Телалъул хӀобода гӀодоб чӀана гьеб.

Гъоле гъол нухал цӀун гӀиял рехъабаз
ГӀедегӀарав шофер виччалев гьечӀо.
ГӀухьбузул щвантӀихалъ цебе рагӀичӀеб
Цоги цӀияб бакъан бачунеб буго.

Кьили мегӀералда свериги бахъун,
Самолет рештӀана дир росдада тӀад.
Цо яс уней йиго гъежтӀа гӀеретӀгун,
РитӀучӀил тӀинчӀ гӀадин, тӀогъол авлахъ чӀван.

Бихьула гьелчелеб полпилаб Койсу,
Каспиялъул рагӀал, тӀолго Дагъистан,
Цо дангъур цӀураб халкъ, кӀикъогогӀан мацӀ,
РацӀцӀадал, цӀа гӀадал ракӀазул хъизан.

Цингиги бихьула Кремлиялъул
Дуй канлъи кьураб цӀва – цӀалкӀазул парчахӀ.
Цо миллион гуро мун бугеб, дир халкъ,

Нус-нус миллионал руго дур вацал.

Дуе хIажат гьечIо хIеренаб рагIи,
МагIил гарал дуй щай? – даим гIодичIеб;
Амма гьабсагIаталъ дур гьумер бихьун,
Гьеб дур къисматалъул хIисабал гьарун,

Дур васас, бухIараб хIухьелги угьун,
АхIулеб буго кечI мун бокьулилан.
Ва берзул тIелхалъе роххалил магIу,
Дир изну гъечIого, буго бачIунеб.

Дур мугIрузда гIадаб багIараб байрахъ
Буго ЦКялъул минаялда тIад.
Щулиял квераца борхун гьебги ккун,
Кидаго цебе а, урхъараб тIалъи!

## «НАРТИЛ ГАНЧIАХЪ»

*(Ральдалъ гьабураб шагьар)*

ХъахIилаб лъеда тIад хъахIаб шагьра нух, –
Щвана ральдалъ бугеб городалде ниж.
Карачалабиги рикьизе гьарун,
Гьуралльун гочана «Нартил ганчIахъе».

Гумузул хабада гIолихъан – шагьар
Автобусазда тIад тирана сагIтаз.
Сверун полпид босун гьалдолеб Каспи,
Гьелъул тIину бихъун уна бахъун нарт.

Ниж кочIохъабаца кверал хIанчIана,
Гьал хIалтIухъабазул устарлъи бихьун.
Нижерго асарал мискин рихьана
ГIагараб Каспидал карачалабалъ.

Хадуб клубалда кучIдул цIалеян
ЦIияб шагьар барал квераз гьаригун,
Поэтал цоцазухъ балагьун чIана, –
Цонигияз хъвачIо гьал гIадамазде.

Карачелал руго гордухъе рачIун,
КечI цIализе рагIи буго дие кьун.
ЧIвараб бацI кинигин буго кIалдиб мацI,
КIоларо цониги рагIи батизе.

Дунги дир кучIдулги гIумруялдаса
ГIемерго рикIкIада рукIун ругилан,
РакI пашманав дица гьеб сасинеян
Цодагьаб лахIзаталъ берал къанщана...

Гьале гьеб лахIзаталъ цо щаялиго
Щвана мун ракIалде, дир магIарулай. –
Мун хIинкъугейила, дир кочIохъанин,
БачIун чIана цебе чIурканаб лага.

ЧIухIун, воххун дица берал рагьана,
Балагьана, Каспи гьимулеб буго.
Гьеб мехалъ бокьараб бахъаян дица
Вахъун дуде хъварал кучIдул цIалана.

ЦIалана гьалдолеб дир рокьул рахъалъ,
Дун пана гьавурал беоазул рахъалъ.
Гьел релъанхъулел куц, гьел гIодулел куц
Кин нилъ данде чIварал, кин ратIалъарал

Бицана киналго нилъер къасдазул,
Нилъер къварилъидал, нилъер рохалил.
Ва хъахIилаб ралъдал карачалабаз
Дир панаяб гьаракь гьабуна такрар.

Дица цо цIалана, кIиго цIалана,
Дир цIаялъул хинлъи щвана залалде.
Нартил хIалтIухъаби цIакъ хIисабалда
Гьал дир асаразухъ руго гIинтIамун.

Гьел нилъгун рохана ва пашманлъана,
Гьаб нилъер гIищкъуялъ гьезда къвал бана.
Гьеб мехалъ дир тIолго рукьбазда лъана
Рокьи гIадамазул гIумрулъун букIин.

Гьеб, хIалтIиго гIадин, къеркьейго гIадин,
КъваригIараб букIин щибав чиясе.
Рокьи гьечIонани, хIалтIи чIолеблъи
Ва чIаголъи тIолго биххун унеблъи.

ТIокIаб лъицаниги гIумруялдаса
Дир асарал рикIкIад ругин абуни,
Дица гьев бицунев вукIаян тела –
Дир талихI, дир гIумру, мун гурищ йигей.

**ЩАКДАРИ**

Тамахаб гьороца гьутІбузул тІанхал
ТІун иргадал гІодой руго реххулел.
Вакъарав чи гІадин, къеда календарь,
Къо гьоркьоб арабгІан, буго тІеренлъун.

Чанги мегІер тана гІумрудал нахъа,
ГІемерал рихьана ракьал, ралъадал;
Лъана дир ракІалда пашманлъи, рохел,
Гьудуласул рокьи, тушманасул ццин.

Амма кигІан дица пикру гьабулеб, –
ГьанжелъагІан дида лъазе кІоларо
Гьаб дирго тІомода жаниб бугеб черх,
Гьаб дйрго тІаргъида гъоркь бугеб бетІер.

Дихъе даим щаклъи рештІунеб буго,
Щив чи дун кколеван бичІчІулеб гьечІо.
Бице, гІагараб ракь, бокьулеб ВатІан,
Бокьун бугин лъазе дирго хІакъалъулъ.

Дун дагьаб рагІадиш яги гІаданищ,
ГІумруялъулъ дица лъалкІго тарабищ?
Дун гІодой бортараб гьагъаб тІамахиш,
Я тІанхал хъудулеб гьагъаб гІаркьелищ?
Бакъ къваригІарабго бараб цІадиш дун,
ЦІад хІажалъарабго щвараб хинлъийищ?

Дун хехаб гІазуйищ, кватІараб ихищ,
Я зарал, я пайда гьечІеб гьурийищ?
ГьечІищ гІадамазе дир щибго рохел,
ГІададайищ ракьалъ дун ваччун вугев?

Дида инсуца цІар Расулин лъуна,
«Расул» гІараб мацІалъ вакил рагІула.
Дун киса бакІалъул, щив вакил кколев,
Щай гьаб дунялалде дун вачІун вугев?

ГьитІинго вукІана гьаб тІомода гъорлъ
ТІеренаб черхалъул ЦІада росдал вас,
ЦІцІадал къояз къватІахъ, хІатІида гІицІго,
Гурун махІабигун хІорал гьарулев;

Гьведул габуралда рачелги бухьун,

Гинчадерил магъилъ чIоролай кколев;
ЧIарал ричIчIиялъул хъалиянги цIан,
ЦIигьулдерил парсахъ маккал хъамулев;

Гьалбадерил чодул рачIчIалги къотIун,
Къаси сардилъ гьезул гьинал гьарулев;
БегIераб гIандарак цIердеги реххун,
ЩIал кьабун, гIайилан кьурдизабулев;

Хьагиде гIагарде гъасде къаравго,
ГъоцIоца эбелалъ хIатIал рацIулев;
ГIорцIмазда тIад къарал бархъалисезул
ЩагIил хъабаязда ганчIал речIчIулев...

ВукIана гьитIинав, ургъел лъаларев,
Рагъида вегулев, тIохахъ свердулев;
Къаси хабзалахъе щвезе гурони,
Щибго жоялдаса хIинкъи лъаларев;

Рукъоб такъсиралъе мукIурлъуларев,
ЧанкIкIарав, вукIкIарав, кIалъай гIемерав,
ГIалаби тIамулев, гIарац реххулев,
Ханал чIвай гьарулев, гьерсал хъурулев...

...ГIумру гьел къоялъан байбихьун гуро
Дица дунялалда дирго рикIIунеб.
Ва ракIалда гьечIо гьабсагIаталда,
Кинаб рогьалида гьеб байбихьараб.

Хадув щив вукIарав гьаб тIомода гъорлъ?
ТIингъил къвалинибе къазабун тIехьгун,
КъватI чIван сентябралъ цIурмил гьаркьихъе
ЦIалдезе кIвахIалго, хIинцго вачIунев.

Дир ракIалде щвеял, кIочене тоге
КIиго шагьиялде, гIабасиялде,
ГIебса кIичIизабун щурун тIагъургун,
ТIохда гIадамазе цIаларал кучIдул.

КучIдул, кучIдул, кучIдул, – нуж рукIана дир
РакIалъул рокьиги, тIолго гIумруги.
Оцол тIомода тIад тIохил рагIалда
ТIоцебе гьитIинго гьабуна сарин.

Цингиги тирана тихтиро гIадин,

Гьаб дуниялалъул мугъалда тIад дун, –
ТIогьилаб, багIараб, гIурччинаб, хъахIаб
ГIумрудул мехалъул бугебщинаб кьер.

ГIадамал рагъана, зобал гъугъана.
Сонал гьекъанагIан, гьезухъ къечана.
Черх щулалъанагIан, ракI пашманлъана,
Дун кIодолъанагIан, рохел дагьлъана.

Улкаялъул рекIелъ, халкъалъул каранлъ
Хвалил цIа бихьана, камиял лъана.
Гьалдолеб июналъ эмен вукъана,
Столалда гьесул къалам хутIана.

Хадуб цо марталда, тIолго гIумруялъ
Дун божарав инсан къанщана даим.
Гьев мавзолеялде восулеб мехалъ,
Чвахана дир магIу, лъимадул гIадин.

Цо бахчараб ругъун бич-бичун дида
Бихьараб гIадинаб асар гьабуна.
Ихдалил цIадалъухъ гьеб къоялдаса
Къваридаб ургъелгун дун балагьана.

Щакдарана дирго гIумруялда дун,
ГIемерал рагъана цоцалъ пикраби.
Цингиги сверана гIемерал ракьал
Нилъ рокьукъазулги рокьулезулги.

Дунял бихьанагIан, ургъел цIикIкIана,
Ургъел цIикIкIанагIан, кучIдул дагьлъана.
Дица бетIерги ккун, хIисабги гьабун,
Гьанже дир халкъалда гьикъулеб буго:

Дун щив чи ккoлеван, дун поэтишан,
Яги гьадингояв далайчийищ дун?
Дида бичIчIуларо гьал дир кучIдузулъ
Дир каранзул унти, дуда батанищ?

Бице, магIаруллъи, дур рагIабазулъ
МагIнаяб пахрулъи дица хъварабищ?
Нус-нус сонал рарал дур саринazде
Цониги мухъ дица тIаде жубанищ?

Яги дун бекьараб хур бекьулевищ,

БатIияз кьолораб чу рекIуневищ?
Я цIураб гIертIиниб лъим тIолевищ дун,
Я гIазда накъищал рахъулевищ дун?

КучIдул дунялалда цIакъ гIемер руго,
КочIохъаби килщаз рикIкIине гьечIо.
ГIагараб халкъ, бице, дун инсул васищ,
МустахIикъав вугищ дун дур цIаралъе?

Дица дуе битIун хъулухъ гьабунищ,
Яги гьерсихъанищ хисардулев дун? –
Гьородахъ хал гьабун замац тIамулев,
Зурмил макъаналда рекъон кьурдулев.

Дун дур хIалтIухъанищ – хIалхьи, кIвахI гьечIев,
Ялъуни кIухIалав хIалихьатиш дун?
Дун дур рагъухъанищ, я рохъохъиршищ,
Дун дур бахIарчийищ, хIинкъарав чийищ?

Бице, гIагараб халкъ, дида лъаларин,
Лъебералда ункъго сон свераниги,
Гьаб дирго тIомода жаниб бугеб черх,
Гьаб дирго тIаргъида гъоркь бугеб бетIер?

Дида гьеб лъаларо, ва амма лъала –
Лъалаго гьереси дуе бицинчIо.
Дуца бице дида ва малълъе дида
Гьаб дуниялалда битIун хьвадизе.

Дур васлъун вукIингIан кIудияб мурад
Гьаб дуниялалда дир цоги гьечIо.
Вачунеб бакIалде дун вачинегIан,
Борчун буго рачел дуй хъулухъалъе.

Дун гьанжеги вуго лъимер кинигин,
Квер кье дихъе, ВатIан, квер кье, партия!
Дун гьетIун вилълъани, цо-цо бетIер чIвай,
Дун чIухIун лъугьани цо-цо гIин кьуре!

Цевехун кIанцIани гьоркьоб бакIги тун,
Бихьизабе дида цIидасан гьеб бакI.
Нахъехун хутIани, хех гали босзе,
Дуца ругьун гьаве гьаб ракьалда дун.

БукIана гьитIинго Расул абигун,

«Расул горолъадин» дида абулеб, –
Бице гьанже, халкъ, дун дур вас Расулищ,
Яги расул горо лъугьадищ вугев?..

## РАГIИ КЬУНА МУГIРУЛ ДОЯРКАЯЛЪЕ

РагIи кьуна мугIрул дояркаялъе. –
Дида цебе чIана гIачи гъолеб мех.
Бидуца белъараб гIадаб багIарлъи,
Магъилъан баккараб гIадаб гIурччинлъи.

Цо чIагIдал гIадаб махI, мехтулеб гьава,
Дир гьитIинаб росдал сурат хIориниб.
БитIахъе къвалакьан унеб кинигин,
КъвекIаб цIум боржана дида цебесан.

Цин-циял къватIахъан росдал рагIалде,
Митингалде гIадин, рачIуна гIачи.
Кьер-кьерал, гьайбатал, гьанжего гьанже,
Гьуинаб макьу тун, тIаде рахъарал.

РагIи кьуна мугIрул дояркаялъе. –
Дида чIвалеб щарил чIвана гIинда сас.
Нисулъ къалел кверал дир эбелалъул,
Кодоб балухъги ккун, хьолбохъ чIарав дун.

Дун гурев уикъго кIал цо сsuркIа сверухъ,
СуркIиниб кIул-кIулун чвахун унеб щар,
Элдасан бахъунеб тамахаб хIохьел,
Элъул тату нижер кIутIбузда сверухъ.

Цо нухалда нижер гIака унтана,
Эбел-инсул ургъел ракIалда буго. –
Нижги карщида тун, канда цIаги гъун,
Гъаримаз тIокъода тIамуна сордо.

РагIи кьуна мугIрул дояркаялъе. –
Кьурул рагIалдасан яккарай гIадин,
Яккана гьале гьай трибуналде,
Гьаб театралъул сценаялде.

ЯчIана чIегIераб магIарул шалилъ,
БагIарал гIанаби, гIетI бараб нодо...
Дида гьалъул кверал руго рихьулел,
Я ккверзе, я лъезе бакI лъаларого.

Гьай кІалъала, амма гьалъул рагІаби
РагІизе кІоларо щиб гьабуниги.
Салам, баркалайин, гІака, рахьилан,
Цо-цо калам щола ккрезе хІалица.

Цо лъицаялиго щурана гьалда
Дагьай йорхун кІалъай, хирияй яцин.
Гьай хал гьабун чІана рагІи гьечІого,
МугІрул чІужуялъул парчахІаб ничгун.

«Нечогеян» абун гьардолеб гІадин,
Гьалдехун тІолго зал буссун букІана.
РакІалги рукІана каранда жанир
Гьалъий «кумек», «кумек» абун кІетІолел.

Амма цо кІиго яс, кин гьанир ккарал?..
(Концерт батилилан рачІун ратила)
Керен, мугъ рагьарал гогьал гурдазулъ,
Цо гура-сурарал ботІрол каразул.

Цого фабрикалда гьарурал гІадал
ГІонкІолал кІалалгун, катил бералгун,
БагІараб «лажбаралъ» къачІан кІутІбигун,
ЧІегІераб «лажбаралъ» релъун кьунсрулгун.

Гьанирехун руссун гьа-гьа-гьайилан,
Гьудурехун руссун гьи-гьи-гьийилан,
Гьалде бадир руссун гІа-гІа-гІайилан,
ГІодорехун руссун хьихьи-хьийилан.

ТІолго съездалъул ццин бахъинабун,
Гьай хІалтІухъаналда релъулел руго.
Гьеб релъи рагІана магІарулалда,
Гьел ясал рихьана дояркаялда.

Гьай дагьалъ ялагьун чІана гьездехун,
ЧІегІерал беразул тІелхалги рорхун.
Хадуй ялагьана сверухълъиялде,
ТІолго лозунгазухъ залалда ругел.

Ва гьелъул бадисан, йохъ, магІу гуро,
БагІараб цІа гьале кунчІун бачІана;
Цо гІачи речІчІизе къачІалей гІадин,
Гвердеялъул къвалал эхеде цІана.

БотIрода чIвараб шал нахъе гьабуна,
Гьай трибуналда кIудияй гIуна,
Цинги кIиго гогьма йигеб бакIалде
Жиндирго кIвекIарал кверални ритIун,

Жалго магIал гIадал рагIабаздалъун,
МугIрул дояркаялъ гьабуна кIалъай: –
Ва нуж гьоцIокIалал, гьоцIо кьоларел
Кьужнаял кинигин зузудулел щай?

ГIакдал моцIу кквечIел, нилъил гIоркь кквечIел,
ГIумруялъ бачие буцун гIатI кьечIел,
Гъежда гIеретI лъечIел, чIарал магь цIечIел,
Жеги колхозалъул захIматкъо лъачIел.

Улкаялъул лъимал гIезе гьаризе,
ГIадамазул яшав берцин гьабизе,
ГIачи хьихьулезда, гьел речIчIулезда
Гьедин релъанхъизе нечоларищ нуж?

...Хинаб гьури пуна, гьудул, залалде, –
ЗахIматалъ кIвахIалъул кIал бухараб куц!
КIиго ясалъ яхъун бухъизабуна, –
Берцинлъи, унелъул, гьезул мугъазул!

Цо херай кIодоца, къватIир арал, гьез
Къирун тараб нуцIа мухIканго къана.
Халатаб заманалъ кинабго залалъ
МагIарул ясалъе роххун хъат чIвана.

Дун дирго кверазухъ балагьун вуго, –
Кин гьал рагьичIого хутIарал хъат чIван!..
Дун гьениса ана. Съезд лъугIана...
Ва амма гьанжеги ракIалде ккола:

Кинабниги залалъ, тIолго улкаялъ
ТIад магIарулалъе хъат чIвалеб бугин.

**МАГIАРУЛ ЛЪЛЪАР**

ХъахIаб буртинадулъ цIияб сон щванин,
ЦIаял раке, васал, кьурул сиязда.
ЛъагIел сверанилан сагIат кIалъанин,

КIиявго гъудулас цо-цо гьекъезин.

Биччанте лълъаралда жаниб гвангъизе
Гьадаб тIатIул гурга – доб гургинаб моцI!
Биччанте мехтизе нилъ роххалица, –
Воре, сахлъи кьеги сахал чагIазе!

ЧIахъаги кьураб квер ва гьекъолеб кIал, –
КIиясулго рахъалъ гьекъола дица:
Биччанте ракьалда, вокьулев гъудул,
Нилъ нилъей бокьараб куцалъ хутIизе,

Хадубги тIе дие бакъ гIадаб чагъир,
Гьекъела дица гьеб эхеде борхун:
Нилъей рокьулелги, нилъ рокьулелги
Нилъее бокьараб куцалъ хутIизе!

Лъабабилеб нухалъ чагъиралъул лълъар
Чол кьолоде вахун борхила дица:
Нилъей рокьукъалги нилъ рокьукъалги
Нилъее бокьахъе хутIаги абун.

## МАРЯМ

*МахIмудил хоб къачIан*
*гьенир тIугьдул лъурай*
*учительница Мария Ивановналде*

ГIагарай Мария, кье дихъе дур квер,
ГIодовеги къулун къочилин гьелда.
Бекьилъ-ХъахIабросулъ хъахIлъи речигун,
МахIмудил хабаде мун ячIаралъухъ.

Гьес кочIолъ ахIарал тIаса мугIрузул
ТIугьдулги росун мун гьений щваралъухъ.
Гьесул сонал рараб зоноде къулун,
Къварилъун бадиса магIу тIуралъухъ.

ГIищкъул поэтасул гьалдолел сонал
Пашманал рукIана сариназдаса.
Рокьул рачел къарав магIарул чияс
Чундузде букIана бикьулеб ургъел.

Даим ракI гIодарай, гIищкъу бергьарай
ГIолилай щвелалде щапана берал.

ГӀумруялъ угьдараб, урхъун вукӀараб
Эркенлъи лъалелде лъуна ракьалда.

Мискинав инсуца росдал хабзалахъ
Вукъана рукъалъул тӀалаб гьечӀев вас.
ТӀад гӀицӀго цӀарги хъван цебе батараб
Цо къоно чӀван тана чӀвараб лъимадуй.

Хадуб къаси сардилъ гъасда рухӀана
Даим рахӀат течӀел МахӀмудил кучӀдул.
Киналго балагьал нуж сабаблъунин,
Лъун цӀадаргун гьезул гьабуна рохъо.

Панаяб рекӀеца ахӀарал кучӀдул
РухӀунилан кӀочон телищ халкъалда.
Харбазулъ машгьураб гӀащикъаб рокьи,
ГӀащикъ къанщунилан инищ къаникье.

Берцинал ясазда сири базабун
Сверана Дагъистан МахӀмудил кучӀдуз,
«Каранда кьвагьдолеб, рукьбалъ гьалдолеб»
Лъана гӀолилазда гӀащикъил рокьи.

Дунгоги гӀодана мугӀрул пандрида
Гьел ахӀараб мехалъ кочӀохъабаца.
Дирги ракӀ угьдана Карпаталда гьес
Гьудулалье хъвараб сарин рагӀигун.

Амма гьанжелъагӀан гьесул хабаде
Хиял лъунаниги ваккун вукӀинчӀо.
Хирияб магӀарул хъиргъу букъараб
ХъахӀабросу дида бихьун букӀинчӀо.

Мун – Москваялдаса ячӀарай гьобол –
ЯчӀана гьение поэтасухъе.
ЦӀияб, гӀун бачӀунеб гӀелалъе гӀоло
Рекьана хабазда хириял тӀугьдул.

Мария, Мариям, кье дихъе дур квер,
ГӀодовеги къулун къочилин гьелда,
Хабаде тӀинкӀараб дур магӀил гарил
МагӀна бичӀчӀулеб дир халкъалъул рахъалъ.

## «МУИЛ КУЧІДУЛ»

* * *

Дир бацІцІадаб рекІелъ накІкІ буго жакъа,
РекІкІав капитанас дун танин бицун.
Берзул тІелхал руго риччун магІица,
РагІи хварав гьудул дир вугин абун.

Дирго бицинаро, Дагъистаналда
Чанги ясал руго гьерсаз лъукъарал.
Амма нилъер Гъуниб эхетун ругел
Рорхатал гъутІбукьа кин мун нечечІев?

Дунни щиб, жергъада квералги кІутІун,
Дирго кечІ ахІулей йикІина гьадин.
Амма гьал ганчІазда чвалчвалиялда
Чвахулеб лъаракьа щай мун хІинкъичІев?

Щибилеб, капитан, бокьараб гьабе,
Макьу тун ругьунал берал дирлъидал.
Амма дир рукъалъул кІиябго гордо
Дуда кІочон тезе кІвелеб – хІикмалъи!

* * *

Дир гьитІинаб азбар дуе гІечІин, вас,
ГІатІидаб кавудахъ квегъе рокьул чу.
Дир чемоданалда дур черх рекъечІин,
Чияр гъамасалъуб сокІкІун лъе гІищкъу.

Дида данде ккана дур рокьи ккарай, –
Курхьабаз къачІарай, маржаназ цІурай.
Курхьаби, маржанал – гьел цІорорал жал,
ЦІа къваригІунарищ дуе, капитан?

Дица квер босана дур гьудулалъул, –
ГьетІ-гьетІи, кІичІарди, – йиго цо гур-гур.
Гьеб гозо бегІераб гьумерищ дуца
Гьанже шинель рагьун каранде къалеб?

Дица, гьунисезул гъугъдулъ рекъечІеб,
ГамачІ битІилаан, лъараб ани дуй.
Дарай, катан ретІун, курхьин, баргъич ххун,
Катил тІинчІ кьелаан мимидизе дуй.

* * *

Кодобе тӀехь босана,
Дур бицунеб гьечӀо гьалъ,
Дир бицунеб гьечӀо гьалъ.
Гьадингояб тӀехь буго, –
ТӀанчалги регун тана.

Кодобе тӀегь босана,
Мун лъалев гьечӀо гьалда,
Дун лъалей гьечӀо гьалда.
Гьадингояб тӀегь буго, –
ТӀанчалги тӀун реххана.

Кодобе ракӀ босана,
РикӀкӀад вугев дир гьудул,
Гьаб дирилан ахӀдола,
Гьаб дунилан угьдула.

Дурищ, дирищ лъаларо
Дир каранда бугеб ракӀ,
Кидаго гьебгун вуго.
Кивего гьебгун вуго.

* * *

ЦӀудуда жиндирго босен киниги,
Дун юссунеб свери лъалаан дуда.
Гьанже ругьунеб нух кӀочонищ тараб? –
КӀиябго их буго – дур хабар гьечӀо.

Бокьулеб кечӀ гӀадин, киве аниги,
Дир адрес рекӀехъе лъалаан дуда.
Гьанже къоял индал къосунищ ккараб? –
Кагътал росулев чи соназ ваккичӀин.

Дида ккун букӀана офицерасул
РагӀи хисуларин, живго хваниги.
Гьанже дида лъалеб сукнодал шинель
Щайха цоги ясалъ бахъулеб бугеб?

Дида ккун букӀана, офицерасул
Биланщинаб рагӀи, къелъ чӀвараб магӀин.
Гьанже дур гъуждузда кенчӀолел цӀвабзаз
Щайха чияр кверал рухӀулел ругел?

## ГIУРДА ТIЕГЬ БЕЧIАН БУГО

ГIурда тIегь бечIан буго,
ГIурда тIегь бечIан буго,
ГIурдада гьайбатаб тIегь, –
Дир гьудул бечIан буго.

Лъарада цIер чIван буго,
Лъарада цIер чIван буго,
ЧIухIараб иццул лъеда
Бицатаб цIер чIван буго.

РакI чIалгIарав дир гьудул,
ВачIунарищ дихъе мун? –
Баккуларищ тIокIаб тIегь?
Баккуларищ тIокIаб тIегь?

Рокьи ккарав дир гьалмагъ,
ГьечIищ дур рекIелъ бухIи? –
Биунарищ лъеда цIер?
Биунарищ лъеда цIер?

Гордухъ гIодой чIун йиго,
Берал гIодилел руго,
ГIазу хъван балеб буго,
Каву къиркъилеб буго.

Кида дур чакмабаца
ГIаздада нух рагьилеб?
Кида къиркъилеб каву
Къан мун дихъе вачIунеб?

БачIунарищ тIокIаб их?
БачIунарищ тIокIаб их?
Даимищ гIазу балеб? – ъ
БачIунарщш тIокIаб их?

## НУХ КЪОСАРАВ ЧАНАХЪАН

Сардил заман букIана,
ГIазу балеб букIана.
Дун гIодой чIун йикIана,
Дир гIордада кIутIана.
Дир гордада кIутIана.

Дица щиван гьикъана,
Гъос хIинкъуге абуна,
Нух къосарав чанахъан
Вугин живан абуна.
Абуна, абуна, абуна.
Дица гордо рагьана,
Унел нухал малълъана,
Гъос жив квачалев вугин
Виччай жанив абуна,
Абуна, абуна, абуна.
Дица жанив виччана, –
Беричлъи гьоболасул!
Печ бакичIониги гъов
Дихъ балагьун хинлъана.
Хинлъана, хинлъана, хинлъана.
Радал бакъ баккилалде
Гьоболас квер босана,
Кидаго гьанже гьесухъ
ЙикIуна дун балагьун,
Балагьун, балагьун, балагьун.
Кив унев, дир рекIелав,
КIутIулареб кин горда?
Дур нух къосунаребищ
Къасиниги, чанахъан?
Чанахъан, чанахъан, чанахъан.

**КЪО ЛЪИКІ, ГЪУНИБ**

Дур сухъмахъаз, дур гъутIбуз
Дие гъосул бицуна,
Дур берцинал иццазулъ
Гъосул сурат бихьула.

ЦIваби дида кIалъала
Гъов киве тIагIаравин.
ТIугьдуз дида гьикъула
Гьудул щай гьечIев дуран.

Дида чIезе кIоларо,
Дун цIакъ къваридго йиго,
Къо лъикI, Гъуниб,
Къо лъикI, Гъунйб,
ЛъикIго букIа, дир Гъуниб!

Дие мун бокьулеб куц

Нилъ кIияздаго лъала!
Дида дур кьурабазул
Киналго кьерал лъала.

Бигьаридул гъутIбузда
Гъалал жемун угьдула,
Дур къиматал сиязда
Къвалалги ран гIодула.

Дир чIухIараб, хIикматаб,
Дир хIайранаб, къадруяб,
Къо лъикI, Гъуниб,
Къо лъикI, Гъуниб,
ЛъикIго букIа, Дир Гъуниб.

Шамилил рагъул зани –
ЗахIмат буго мун тезе,
Дур кьодухъ лъеде къулун
КъулчIулеб буго магIу.

Дида мун кIоченаро
Дунял кIочон таниги,
Берзукьа тIерхьаниги,
Бихьула мун кисанго.

Дир лебалаб, гьайбатаб,
Дир гьардараб, гIагараб,
Къо лъикI, Гъуниб,
Къо лъикI, Гъуниб.
ЛъикIго букIа, дир Гъуниб!

## ДИР ЖЕРГЪЕН

БагIараб цIадуца боркьизе гьабун,
Рокьул кечI ахIеян кьола гIолилаз,
ГIолохъанаб заман ракIалде щвезе
Рагъул бицейилан абула хераз.
Дица квегIаб квералъ кодобе босун
Кваранаъ бухула хирияб жергъен;
АхIула рокьул кечI гьоркьоб кьал бугеб,
АхIула кьалул кечI гьорлъ рокьи бугеб.
Дир жергъен, дир жергъен,
ГIумрудул гьудул!

Чанги гьудулзаби дие хисана,

Мун хисичIо дие, хирияб жергъен.
Хвезеян гьедараз дун рехун тана,
Дуца рехун течIо киданиги дун.
Дирго эбелалде бикьичIеб ургъел
Бикьана дудехун ракI пашманлъиялъ,
Дирго гьудулалда бицинчIеб рохел,
Бицана дудехун цо хутIичIого.
Дир жергъен, дир жергъен,
ГIумрудул гьудул!

Мун дунIун букIана киса-кибего –
МугIрул росабалъги Москваялдаги.
Дир кверзукь миккйлъун мун басандана:
Фестивалаздаги сухIматаздаги.
Дица дун хвезегIан, мунги кодоб ккун,
КечI ахIизе буго дирго халкъалъе,
Дирго ВатIаналде, дирго мугIрузде,
Ва берал чIегIерав цо гьудуласде.
Дир жергъен, дир жергъен,
ГIумрудул гьудул.

## ЛЪАДУЕ ХИСАРДУЛЕВ РОСАСУЛ КЕЧI

КIиго гIаркьел буго дир рокьул гъотIол, –
Цояб тIегьанани, цояб бечIалеб.
КIиго кваркьи буго дир балаялъул, –
Цояб борханани, цояб биччалеб.

Ячурай лъадиги хирияй йиго,
ХутIаралги дие къваригIун руго.
Рукъалъулги дида къимат бичIчIула,
КъватIибги гIизагIан ракI гъун букIуна.

Дий бегьулареб жо – кив вукIаравин,
КватIаравщинахъе, хъизаналъ гьикъи.
Цоги бокьуларо, лъадукьа хIинкъун,
Лъай босун бугин дур, дида гаргади.

Дун къватIив хутIани киса кивего –
Киноялде гIунтIун цIехон ватула.
Ватулеб бакIалда вукIун хадуса,
БукIунеб жо дида лъалареб гIадин.

ЧIужу-гIадан диде рокъой кIалъани,
КIичI-кIичIун гьикъула гьагъай щий жоян.

БитIун гьебги бицун гьайбатаб хъизан
Пашман гьабизе дун ахIмакъищ вугев?

КIиго рукIкIен буго дир ракI бикIулеб,
КIиго гъецIалъ буго дир черх цIацIалеб,
КIиго цIаялъ буго керен бухIулеб,
ГурхIа нуж, гIадамал, дир гIумруялда

Цояб рокьи буго кочIод ахIулеб,
Киназдаго лъалеб, гьитIинго ккараб.
Цоги рокьи буго бикъун босараб,
Рукъалъул адресал даим хисулеб.

Цояб гIищкъу буго гIащикъаб хIанчIихъ,
Гьаб дирго мокъида бакънал рачунеб.
Цоги гIищкъу буго чияр хIанчIазухъ
ХIалалъ хадув лъугьун ратизе кколеб.

КIиго гIаркьел буго дир рокьул гъотIол, –
Цояб тIегьанани, цояб бечIала.
КIигокваркьи буго дир балаялъул, –
Цояб борханани, цояб биччала.

*1959*

## ХИСАРДУЛЕВ РОСАСДЕ ЛЪАДУЛ РАГIАБИ

Дир росасул гIадал секретарьзаби
Цоги-цогиязул дида рагIичIо,
ХIалтIул къо арабго, къаси рукIуна
КъваригIун вугилан, асда кIалъалел.

Цинги асул гIадал собранияби,
Сонал чан раниги, дида рихьичIо,
Сордо бащалъуде щвейгун рагьулел,
Рогьалиде хъахIлъи лъайгун лъугIулел.

Цадахъ сверулелъул цо асул гьумер –
ДандчIвалазде гьанкIун, дидехун гьинкIун.
Цинги кIигIаркьелаб кIиго асул бер –
Цогиязде къинкIун, дидехун къвакун.

КIутIби цIутIулеб куц, куц хIулаясул,
ХIеренаб жо кIалдиб босараб гIадин.
КIал бацIцIун толеб куц, вацIцIун тIагIаяс,
Нису квараб мехалъ катица гIадин.

Жинхъе бегъулеб квер, килщал къан гIелищ,
Каранде цIачIого ас бегъуларо.
ГIодор рукIанани, кIаркьен цвичIого,
КIаркьен тезе аскIоб асда кIоларо.

КIиязулго седон хутIагиййилан,
Хал гьабун йикIуна цо-цо гъоркьан дун.
Асилан абуни, дир дарманилан
Долдаги дидаги абула цадахъ.

МугIрул бихьинчи – ас, рагIи хисилищ,
«Дир месед» абула киназдагIаги.
КватIун рокъой щвейгун асул лълъухьарди
Ва лъамияб калам, – бицун пайда щиб.

ТIогьолъ гьоцIо цIулеб найил букIуна
Нунуди цинцияб рахъалде бачIун.
Цо хIилла гьабураб царал букIуна
ХIелун дий бицунеб берцинаб рагIи.

Дир гьабсагIат, къаси доклад бугилан,
Даптарги къвалакь ккун къачIа-кIатIала.
Асул докладалъухъ гIенеккарав чи,
ГIалам хъирщаниги, кодой щоларо.

АскIоб чан букIаго чияр рохьазде
Хьвадизе бокьула дир хъумуралъе.
БетIараб тIегь гIадин дунги гIодой тун,
ГIурабалъ сверула сихIираб хIара.

ЦохIо гьари буго: тIаде ихдаде
ТIеметIи хIулаги дир хIелекодал.
Цоги гьари буго: гьабсагIаталда
БицинчIого тела, хIинкъулей йиго.

*1959*

## ЛЪАБГО КЕЧI

1

Тушманасда гIадин, цо гьудуласда
Ццин бахъана жакъад, унго-унголъун.
Цебехун кидаго вокьун вукIарав,
РакI-ракIалъ рихана гьабсагIаталда.

Гьесда цадахъ ана цо гьайбатай яс,

ЦохIо гьимиялъухъ бахъун ракI кьолей.
Гьевгун гаргадана дида лъаларей,
Гьурмал дангъваялъухъ дун холей гIадан.

2

Дур гIолохъанлъидахъ, жигар-жаналъухъ
ЖахIда киданиги ккечIо, гьудул, дир.
Дур устарлъиялъухъ, дур гьунаралъухъ
ГьабичIо гIумруялъ жегиги хIусуд.

Амма къаси дихъе, лъай-хъвай гьабеян,
Гьагъай лъарагIайгун мун вачIаравго,
Хадуб рогьалида, гьелъул хIакъалъулъ,
Дуца бицарабго, ццидалав дица,

Ккара-ккараб гIайиб тIадги чIван дуе –
Дица гьей какана квешезейилан,
Мун лъади вугев чи; гьеб рекъон гьечIин,
ГIакълу дуе кьолел гьаруна ххвелал.

Дицаго абуни, тIубан сордоялъ
Цин-цияб рахъалде хьибил хисана,
Халатаб горбода дуца жемарал
Гурарал рукьабаз макьу течIого.

3

Цо дун балагьизе намуслъулелда,
АскIовеги вильлъун, мун кIалъалев куц!
Данде чIваравго дун багIарлъулелде
Бадивеги къулун, мун велъулев куц!

Квер кьун салам кьезе дун нечарай яс
Ячуней йихьана дуца рукьги ккун.
Гьеб дур хъачIлъиялъе кьураб хIеренлъи,
Кьижизе те абе жахIдаялда дун.

Дир ццин бугев гьудул, цадахъ ругони,
Цодагьав дун вецце дур гьудулалъе.
Чи гьечIеб бакIалда, лъикIав поэтин,
Гьабилан, добилан рекъезе гьабе.

*1958*

**ЦIИГЬУЛДЕРИЛ ХАБЗАЛ**

Цигъулдерил хабзал – гIадамал хисун, –

ГІурдалъан, харилъан занал раккараб.
ГІицІаб цо гъветІ буго тІанхал гъунареб,
ТІад хІанчІаз кидаго рештІен гьабичІеб.

ЦІигьулдерил хабзал – хваразул ригьзал,
ХъахІаб мусруялъулъ кьижарал чагІи...
Дун дунялги сверун щвана росулье, –
Росу рагІалдаса нуж руссунаро.

Чанги сон къватІиб бан вуссана рукъой,
Гьанже салам кьезе гІемерал гьечІо.
ГІагарай ПатІимат азбаралъуе
ИмгІаласде данде ячІуней гьечІо.

Дир инсул хирияй, вацасул лъимер,
Лъимал школ лъугІун рачДунел руго.
Мун гъоркьго хутІана тІолго гІумруялъ,
ГІайиб дур букІинчІо, дида гьеб лъала.

МухІумил МухІамад, хІасратав гьудул,
Гьаб нижер рукъалъул мокърокь мацІхъвалев, –
Лъаларищ, мадугьал, гьадал кьурабахъ
Нилъ кьагІи хьихьулел рукІараб заман...

Гьанже гІолохъанав гІунтІуларо мун
Гьал дуда тІад къарал къаназда хъвазе.
Доб кьагІи хьихьараб кьурулъа бахъун,
Буго дур къаданиб къокъаб зани чІван.

Ххер хьвагІелеб буго, МуртазагІали,
Мун жанив вукъараб рукъалъул тІохда.
Мун, гІолохъабаца гъалмагъар гьабун,
Гьезда хадув мичІчІгун вортулев гурищ?

Яги хъаладухъа «хъахІабги» босун,
МухІумида цадахъ гьекъолев гурищ?
ХьвагІелеб буго ххер хабалазда тІад –
Хварал кьурдулелдай ругел гьабсагІат?..

ГІемерал бертабалъ бакънал рачараб
Биясланил зурма киб бугеб гьанже?
Жергъенги кодоб ккун гъоркьа гІурдада
ГІабдухаликъил кечІ кин рагІулареб?

ЦІигьулдерил хабзал, дур хурул гІорхъи

ГIатIилъулеб буго щибаб соналда.
Дур заназул рохьоб гIодов чIун дида
ГIумру щиб жояли гьечIо бичIчIулеб.

Дир гьитIинаб росдал ахираб бусен –
Гьанире руссине руго киналго.
ЦIар, фамилияльухъ хал гьабичIого,
Гьанире рачIуна щибаб рокъосан.

Щай, МуртазагIали, дур гIагарав вас
Дуда аскIов гьечIев гьабсагIаталда?
Биясланил ИсхIакъ, Мусал МахIамад –
Дир гIелалъул лъимал кир ругел гьенир?

Щай вукъинчIев гьанив вацасда аскIов
ГIагарав мадугьал – МухIумил ХIажи?
Щибаб цIар абигун унтулин керен, –
Кив вугев ГIалибег, кив вугев ГIамир?

ГIодилеб бугин ракI, кин ратуларел
КигIан тираниги вацазул занал.
Мун Балашовалда щай хвезе чIарав,
Хоб гьечIин дур росулъ унго МахIамад,

ЦIигьулдерил хабзал, гьанже дур занал
Гьаб дунялалда тIад кисанго руго;
Дур гIемерал васал бусада хвечIо,
Инсул ВатIан цIунун цIадай кIанцIана,

КIиго вокьулев вац вуссинчIо нахъе,
Волгаялда аскIов хутIана цояв;
Хирияв Ахильчил ахираб сагIат
Севастополалъул ганчIазда лъала.

Бухаресталдасан херав инсухъе
Орденал рачIана ГIамирил ритIун.
ХъахIлъарай румыналъ рогьалил гIужалъ –
Гьесул хабада тIад рагIула тIегь лъун.

Дир гьитIинаб росдал васазул ватIан
ГьитIинаб гьечIольи лъай дунялалда;
Украинаялда, Белоруссиялъ
Би тIинкIана нижер мугIрул хIанчIазул.

Дида их бачIингун макьилъ рихьула

Гьал гъоркьа гӀурдаде руссун киналго.
Рогьараб мехалда гьенир рихьула
Цоги батӀияб гӀел гӀолохъабазул.

*1958*

## «МАГӀАРУЛАЙ» АБУРАБ ПЬЕСАЯЛДАСАН ЛЪАБГО КЕЧӀ

I

Вай, багӀараб рокьи, чӀегӀераб рокьи,
ЧӀоло хъахӀаб рокьи, хъахӀилаб рокьи!
Берцинай йикӀана, цӀакъай йикӀана,
ЦӀар щибан гьикъидал: гьм-гьм, гьм-гьм-гьм!

Вай бицатаб рокьи, тӀеренаб рокьи,
ТӀармил чӀва киниги тӀун унеб рокьи!
ТӀегь гӀадай йикӀана, бакъан кколаан,
Кисаян гьикъидал: гьм-гьм, гьм-гьм-гьм!

Вай бицатаб рокьи, тӀеренаб рокьи,
Мекъаб гӀорцӀен гӀадаб гӀамал квеш рокьи!
Квер босулеб мехалъ: гьм-гьм, гьм-гьм-гьм,
Бадив валагьигун: гьо-гьо, гьо-гьо-гьо!

II

Къо-мех лъикӀ, роххалил их!
Къо-мех лъикӀ, талихӀаб их!
ЦӀа свараб гъастӀе къулун,
Къварид йиго гьацже дун, –
Къварид йиго гьанже дун...

Зобазда накӀкӀал руго,
РекӀеда бухӀи буго!
БухӀараб магӀил горо
Гирун бачӀунеб буго...
Унтун буго дир керен,
Унтун буго гьинал ракӀ.
Ургъалил гъамас буго
Гъуждузда дица баччун,
Гъуждузда дица баччун...
Лъимал камураб мехалъ,
Улбул агьан гӀодула;
Дир гӀумру унеб мехалъ,
Щай, эбел, гӀодуларей?
Щай, дада, угьдуларев?

III

Нужер гIолохъанаб чагъир батани,
ГIолохъаби, хехго гьанибе тIе гьеб!
ТIе, тIе, тIе, тIе, тIе, тIе!..

Нужер тIинчIаб кьагIрил гьан-ман батани,
Хьагиниса бахъун хIарччиниб лъе гьеб!
Лъе, лъе, лъе, лъе, лъе, лъе!..

Нужер гIолохъанал ясал ратани,
ГIадамал-чагIи, хех гьанире кье гьел!
Кье, кье, кье, кье, кье, кье!..

Нужер гIумру арал кIудай ратани,
КIваричIо, кIваричIо, нужейго те гьел!
Те, те, те, те, те, те!..

Огь, жан дерхъа лъикIалъе!

* * *

Рорхатал цIвабзазде сухъмахъал гьарун,
Гьенире ракетал роржаян абе.
Бищун тIадегIанал гIагарал цIваби
ГIадамазухъе щвей буго дир мурад.

*1959*

**КЪЕЧ**

Дица хъантIун, гIедегIун
Цо бергьараб гIищкъуялъ,
Байбихьана гьекъезе
ГьитIинго, кинидаго.

Гьекъана щибаб къойил
Хъатал цIу-цIун багIарбакъ, –
Баккулаго данде ун,
ТIерхьунаго хадув ун.

Гьекъана хъуби цIу-цIун
ЦIваби дица сардида, –
МугIрул тIохазде вахун,
Аххаде гIорухъе ун.

Гьекъана мугIрул гьава,

Гьогьомараб, бацIцIадаб.
Гьал дир магIарзул къалал
Гьелъ рухIизе гьаруна.

Гьекъана хъвалеб гIазу
ГIодобе бачIунаго.
Дир кIутIби сверухъ полоп
Гьелъ бетизе гьабуна.

Гьекъана ралел цIадал,
Гьез цIилъана дир лугбал.
Гьекъана гьагал цIаял,
Гьез чIух лъуна беразда.

Гьуралги рикьизарун
Гьекъана гъугъай, пири,
Бекараб гьакил берлъун
Гьаб ракьалда чIараб нур.

НакIкIазде тIадеги пун
Гьекъана хъахIил зобал,
Полпида тIад кIалги чIван
ЧIагIа гьекъолеб гIадин.

Нуха унеб мехалда
Иццахъ, лъарахъ гIодов чIун,
Лъай босилеб куцалда
Гьезул бакънал гьекъана.

Их тIаде гIунтIарабго,
ГIидрабазда наку чIван,
ГIинтIи дица бетIана,
ТIогьол махIал гьекъана.

Гьекъана велъулаго,
Гьекъана гIодулаго,
ГIумруялъ кьурал лълъарал –
КьогIалги гьуиналги.

Дица Прагаялъул
Фестивалал гьекъана,
Цинги Хиросималъул
Къварилъаби гьекъана.

Гьекъана чагъир гIадин

Дагъистаналъул ихал,
ГІаркъил сурахІи гІадин
Севералъул хаселал.

Дица къоял гьекъана,
Гьимулаго кепалда.
Дица сонал гьекъана,
КъулчІулаго магІугун.

ГьитІинаб мех гьекъана,
ГІолихъанлъи гьекъана.
ГІолохъанлъиги гьанже
Гьекъон бахъунеб буго.

ЦІамгІалаб жо батила
Дуниялги гІумруги –
КигІан гІемер гьекъараб
Гьанжеги къеч буссинчІеб.

Гьекъезе бокьун буго,
Мехтизе бокьун буго
Рохелалъгин талихІалъ
Ва дагьаб пашманлъиялъ,

Гьаб бацІцІадаб гьаваялъ,
Гьал роцІарал зобаца,
Ракълилаб дунялалъул
Даимаб берцинлъиялъ.

Дица гьекъон лъугІулеб
Бакъ, моцІ, тІабигІат гуро.
Дица гьекъон лъугІулеб
Гьаб дирго гІумру буго.

Гьедин букІин лъикІ буго,
Дун хвей бигьаяб буго.
Дица гьекъарал берал
Даимго къанщизегІан.

Гьаб дуниял сверулеб
БугебгІан заманаялъ
Дунялалъул гьайбатлъи
Гьекъон къеч буссинаро.

*1959*

## ГIАХЬВАХЪ

*Муса МухIамадовасе*

Вилълъа дунгун цадахъ гIахьвалазухъе,
ГIолохъанго ругищ нилъгоян лъазе.
Рилълъа ТIад Магъилъе тIаргъал реххизе,
Рохелалъ гьоболлъухъ риччалищ нилъан.

...Дида рекIелъ буго рикIкIадисеб их,
МаркIачIуда росдахъ балагъараб моцI.
Гьелдаса балъго ниж, гIанчIал гIолилал
ГIахьвахъ цо ригьалъул рагьдухъе щвана.

Рагьун буго горду, гордухъ йиго яс,
Ясалъ кечI ахIулеб буго хIайранго.
Зобалъул цIвабзазде, харил тIегьалде,
Хурив данде ккарав цо гIолиласде...

Керен гIеккана дир гьелъухъ гIенеккун...
ГIахьвалаз жидерго цIахIилал тIаргъал
«ТIаса вище, ясай, бокьарав васин»
Иргадал рехана гордухъа жанир.

Дицаги, гьоболас, гьеб гIадат цIунун,
ГIолилай ясалде салам гьабуна.
Дирги шапка тIагъур щурун ккун, маян,
ГьитIинаб гордухъе хьуризабуна.

Гьоркьоб мех иналде цIахIилал тIаргъал
ЦIорол гордазухъан рехун рачIана.
Дир щурун бекараб шапка тIагъурги,
ХIорихъан къверкъ гIадин,
къватIиб кIанцIана.

Къварилъарав дида ясалъ абуна:
Вас, мун гьитIин вугин, цIакъ хекко кканин,
Хадуб михъ баккигун вакке гьаниван
Гьеб дурго тIагъургун, гьеб дурго ракIгун.

Дида рекIелъ буго, нижер васазул
ЦохIо бетIералъе тIагъур батичIо. –
ТалихIав гIолихъан, михъалги кьурун,
Кьинч гIадин харана къадахъа тIад.

Гьев жанив лъугьингун, халгьабе, ясалъ
ХантІан къана гордал бакъ баккизегІан...
Гьоркьор сонал ана: сапарал, рагъал,
Ралъадал, шагьарал... щвана ГІахьвахъе.

МоцІ балагьун буго гьадабго росдахъ,
Ясалъул кечІ буго гьадабго гордухъ.
Гордухъе гІолилаз рехула тІаргъал,
Дицаги рехана дирго ишляпа.

Цогидав харула къадахъа тІаде,
Къварилъарав дида абула ясалъ:
Мун квтІун кканилан, хъахІлъулев вугин,
Борхатаб магІарде гІазу бан бугин...

ХъахІилаб зодихъан бортун ана цІва. –
Кибе бортараб мун, дир гІолохъанлъи!
Я хекко ватула, я кватІун ккола, –
Кивего ккечІо дун цо цІараб гІужда.

*1959*

* * *

Рагъдаса солдатал руссаян абе,
Сукнодал шинелал дагь рукъе абе,
Амма дир мохъал, нуж гІорхъабазда чІа,
ЧІукІарал асараз окопал тоге.

Нильер улкаялда рагІи абуни,
АнцІго рагІи абе мацІихъабазде.
Абе цІакъ мухІканго, бухІилеб куцалъ,
Каранзул рекІеда хІунсилеб куцалъ.

Абе гІаламалда рагІилеб куцалъ
ГІужилго, бегІерго, багІаризабун.
Абе, ма босеян, гьерсихъабазда,
Гьез зодорго килщал хІанчІилеб куцалъ.

Кьураб квер хІанчІизе хІадур ратулел
ХІалихьатал гьезда бихье букъун зар...
Рагъдаса солдатал руссананиги,
Солдатасул шинель бахъуге, дир кечІ.

# АВАР МАЦI

Нолъ макьилъ вихьана, кьалда лъукъ-лъукъун,
Кьурда квер чIван унев, бида вецIцIун дун;
Кьуруги батIалъун цеве унаго,
Цо лъарал рагIалда гIодов кколев дун.

Лъар чваххулеб буго чабхил кIкIалахъан,
Лъим кIанцIулеб буго ганчIазда тIасан;
ТIарамагъадисеб къвал балеб буго,
Къо лъикIилан дица согIаб ракьалда.

Дида лъалеб гьечIо лъил ракь гьабали,
РагIуларо цо сас сверухълъиялда.
ГIицIго борхалъуда цIумал ахIдола,
ГIицIго ахалъуда чундул угьдула.

Гьедин холев вуго, хадур гIодизе
Я гIагарлъи гуро, я гьудул гуро.
Берал къанщулелъул тIаде къулизе
Я йокьулей гьечIо, я чIужу гьечIо.

Гьале, гьеб мехалда, борхалъудасан
Нухлулазул гьаракь рагIана дида.
Гьез бицунеб буго ах, хур, хералъул,
Исана букIинеб магIишаталъул.

Кьерхен-роцIцIеналъул, боцIи-панзалъул,
Пуланав ХIасанил сихIирлъиялъул...
Гьел кIалъалел руго нилъер гIадатаб,
ГIагараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъ.

Дир магIу бачIана бадиса къватIиб,
Къана данде цаби, вахъана тIаде.
Аваразул калам, гьелъул камиллъи!
Кинабго черхалда лъикIлъана ругънал.

Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго, жаниб ракI кьвагьун.

Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан, –
Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
Щай, дир магIаруллъи, магIарул чагIаз

Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?

Щай дие гьал мугIрул, гIурул рагIалда.
ГIагараб магIарул кечI рагIичIони?
Камилаб гьаракьалъ нилъер кьерилаз
Кьурул рагIалда чIун, гьеб ахIулеб куц!

Дун кIудияб пикру гьитIин гьабизе
ГьитIинаб рукIнисан кIалъалев гуро,
Ва пачалихъазул Ассамблеялда
Авар мацIалъе бакI гьарулев гуро.

Амма гьал кьурабалъ улкаялъ рарал
Мактабазда гьеб мацI малълъизе ккела.
Гьеб рекъараб буго нилъер халкъалда
Черхалда борчараб рачел киниги.

Гьеб мацIалъ панаяб кечI ахIулаго,
Киниги гьулакги кIикIана нилъер.
Гьаб мацIалъ рокъоса унеб мехалда
Нух битIагийилан абуна улбуз.

Гьанже, нухалги тун, рокъоре щвейгун,
Щиб, цоги мацIалъищ нилъ гаргадилел?
Дун магIарулазе, гьедин батани,
Бищун ахирияв поэтищ кколев?

МахIмудил пасихIлъй, гьасул хIасралъи,
Бидулъ къаламги ччун, гьарурал кучIдул.
Гьел, нилъер магIарул мацIалъ кинигин,
Киданиги дида ричIчIизе гьечIо.

Бокьула, МухIамад, дие гьаб дунял,
Дунялалда бищун гьаб нилъер улка!
Дица кIвараб куцалъ кинабго рахъалъ
КучIдулъ гьеб ахIана, жеги ахIила.

Ва амма батIаго цоги рокьиялъ
Бокьула гIураб ракь, магIарул тIалъи.
Лъаларо кивехун дун хвелевали,
Амма хоб бокьила гьаниб букIине.

Щиб лъалеб, хабада цересан унел
Цо-цо нухлулаца дир хIисаб гьабун,
Гьав нилъер ХIамзатил Расул вугилан,

ХӀасратаб магӀарул мацӀалъ абилеб.

*1959*

## ЦО-ЦО МЕХАЛЪ УРХЪУЛА

Цо-цо мехалъ урхъула
Цересал умумузухъ,
Йокьарай яс чан гӀадин,
Чода тӀад лъун хъамурал.

Гьанир чуялги гьечӀо,
БецӀал сардалги гьечӀо,
Йокьулей яс йикъизе
Законалъ гьукъун буго.

Цо-цо мехалъ урхъула
Цересал умумузухъ,
Гьезул кечӀ чваххулаан,
Чваххун унеб лъар гӀадин.

Гьаниб мегӀерги гьечӀо,
ГӀазуги биунаро;
Дие кечӀ гӀумрулъунги
Налъилъунги ккун буго.

*1960*

## БАЛЪХЪАДЕРИЛ АХАКЬ

*М. Сулимановасе*

Балъхъадерил ахазукь
Гени кунев гьечӀо дун.
Гугу, гугуян абун
АхӀдолей йиго цо яс.

Дун сверула гьутӀбузулъ,
Дида гьей ятуларо;
Гьадабго гугу буго
ГозобегӀерил даим.

Сордо тӀаде бачӀана,
ТӀанхал цӀадалъ чурана,
Рокъове гочунев дун
Гугуялъ чӀезавуна...

Радал хъахӀлъи лъалаго,

Гьеб магIарул гагуялъ,
Гугу-гугуги бачун,
Чурун кьуна дир гверде.

*1960*

## ГЪУНИВЕ ЩВАРАБ МЕХАЛЪ

Щибизе вахарав борхатаб Гъунив, –
ГъалбацI асирлъараб ссанда бер чIвазе,
ХъахIав пачаясул чукъа – фельдмаршал
ЧIухIун гIодов чIараб гамачI бихьизе.

Гьаниб борхалъуда магIарул цIумаз
МагIарул сиязда свери бахъула.
Гъоба ахалъуда магIарул хIанчIаз
МагIарул гъутIбузда бакънал рачуна.

Хучдузул тIогьазде тIадеги кIанцIун,
Гьал кIкIалабахъ хвана магIарул васал.
БагIараб цIадуца, гурхIел гьечIого,
РухIана магIарул ганчIил росаби.

Гъунисан чваххулеб лъарахъ гIенекке –
Лъала имамасул кIодолъи гьелда.
Лъар щиб жо, лъар щиб жо, гьечIо магIарухъ
Гьев вахинчIеб тIалъи, гьев тIерхьинчIеб кIкIал!

Чан мугIрул ганчIиде гуллид басараб
Гьасул черхалдаса чвахун араб би?!
Гьасул чу гьекъечIеб, гьав тIад лъедечIеб
ГьечIо цониги гIор Дагъистаналда.

Борхун ханжарги ккун, гьужумалъ унев
Гьав вихьичIел гъулдул рихьизе гьаре?!
Гьасул кьер босараб, гьав сородараб
Сонгрода кидаго лъилго бер чIванищ?!

ТIокIаб жо кIваричIо, АхIул гохIалда
Имам Шамил щиван цIехе цо нухалъ.
Цингиги бокьани хвалчада гьикъе
ХъахIаб чалма ккурав чиясул хабар.

Дуе гьез бицина маргьаги кечIги –
Кинабго хIакъикъат хIикматаз цIураб.

Дуе гьез бицина кьоло щуго сон –
Рагьарал, ригъарал ругъназул тарих.

ГIагараб Дагъистан, дур васасул цIар
ЦIалана Европалъ, лъала ракьалда!
Щайха дур ганчIазда, дур Гъуниб кьурда
Дур гъарачагIазул бикIун бугеб цIар?!

Дуй тIокIлъунищ ругел цIадулал васал –
Гьезул цIар лъалеб бакI бихьулеб гьечIо!
Доба Нухаялда – дур ХIажимурад,
Кибалиго рикIкIад – дур имам Шамил...

Хабал рилун руго дуниялалда
Дур эркенлъиялъул багьадуразул!

Дур борхатаб мугIрул хъахIаб сиялда
ХъахIав пачаясул чукъил цIар буго, –
МагIарул росаби цIа лъун рухIарав,
МагIарул эркенлъи мал чIун чIинтIарав.

Бице, дир Дагъистан, Барятинский –
Багьадур гьевищ дур, чIухIи гьевищ дур?
Огь, дида рихьула, рорхатал мугIрул,
Нуж багIарлъулел куц гьелдаса нечон.

Гьеб ганчIил сиялде кьурун мугъ рехун,
Кьураби пашманго гIенеккун руго.
Ва Дагъистаналъул ункъабго Койсу
Гьениса рикIкIаде чвахxулел руго.

Щибизе вахарав борхатаб Гъунив, –
ГъалбацI асирлъараб санда бер чIвазе.
ХъахIав пачаясул чукъа-фельдмаршал
ЧIухIун гIодов чIараб гамачI бихьизе...

Гьединал къваридал пикрабазулъ дун
Къаси дирго рукъов вуго сверулев.
Къеда тIансаялда сураталдасан
Дихъ хирияв Ленин валагьун вуго.

Дица гьесде вуссун гьикъулеб буго,
Гьалмагъ Ильич, битIун бугиш гьебилан?
Ильичица бетIер хьвагIулеб буго,
БитIун гьечIин гьебин, гьалмагъ ХIамзатов.

*1960*

## ХВАРАЗУЛ ЗИГАРА

*(МахIачхъалаялда ригьзал гъаризе цо-цояз хварал умумузул занал рахъулел руго. Гьеб бихьараб мехалъ хъвараб буго гьаб кечI).*

Ниж МахIачхъалаялда
Хваразул гьари буго, –
Хабалъ жаниргIаги ниж
Паракъат тейин абун.

Нижер лугбузда рекъон
Нижей кьурал минабахъ
Кьижун ругел нижее
ГIакъуба кьогейилан.

Ниж ккаралъур рагъана,
АхIаралъур хIалтIана,
Ахир гьанир рачIана,
БецIаб, цIорораб рокъой.

Ниж ччугIихъаби руго,
Ниж гамихъаби руго,
Городалъул къватIазда
Нижер гIемерал лъала.

Нижеца бицунаро
Нижерго гьунаразул;
Гьеб хваразда анкеталъ
Кидаго цIехоларо.

Амма ниж киналгIаги
ГIадамаллъун рукIана;
Ва щивасул букIана
Гьавурабго кьураб цIар.

Гьеб цIар нижер гIагараз,
Ниж хабалъ рукъаралго,
Нижер къаданир чIварал
Къаназда хъван букIана.

Ниж гIагарлъи тIагIунищ
ЧIагоязда гъорлъ ругел? –
Къандалъаби гьечIого

Рега абулеб бугин.

Нижер къаналгин занал,
Каранда тIад малги лъун,
Киналиго гIадамаз
Рахъун рехулел руго.

Хадуб машинабазул
РагIула хъуди-гьаракь...
Гьел гьегьал рукъзабазул
Къадазе унел руго.

Хваразул ригь бикъани,
ТамихIго букIунарищ? –
Нижер заманаялда
БукIараб жо гуро гьеб.

Бульвар рагIула гьабун,
Сверухъ нижео занал чIван. –
ЧIаго ругел наслаби,
Кин нуж гьенир сверулел?

Клуб гьабун рагIула
Нижер хабал ганчIазул. –
Хирияй гьудулзаби,
Кин нуж гьенир кьурдулел?

Нуж рукъзабахъ кепалда
КечI ахIулел рукIадго.
Нижер къаназул къдаз
БадибчIвай гьабуларищ?

Бице, гьалмагъ ХIусейнов,
Бице, гьалмагъ ХIажиев,
Гьаб нилъер улкаялда
Кирпич лъугIунищ бугеб?

Ниж МахIачхъалаялда
Хваразул зигар буго, –
Хабалъ жаниргIаги ниж
Паракъат тейин абун.

Ниж нужедаса къурал
ЧагIи рукIанин ккани,
Къо бачIина, киналго

Нилъ гьанир данде чIвала...

## ЭБЕЛАЛДЕ

Эбел, кIочонаро гьитIинаб мехалъ,
Дун къватIахъ кватIигун, кидаго дуца
ГортIа лъун толаан бакараб чирахъ
Ва къирун толаан къачIого каву.

ВачIунаан рукъой, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца гIодобе чирахъ.
Балагьулаан мун къан бугищ нуцIа,
Къулулаан тIаде сордо лъикI, васин.

Сонал ана... гортIа чирахъ кенчIана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
КвегIаб берзул магIу кваранаб квералъ
КигIан гIемер бальго дуца бацIцIараб.

МугIрузда сверана сурмиял накIкIал,
РакI бекун пирхана мех-мехалъ пири.
Цоял васал ана руссунарелъуй,
Цогиял кватIана духъе руссине.

Эбел, дир соназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго:
Дуца рогьинегIан гIагараб гортIа
ГIодой кьуруларин бакараб чирахъ;

Дуца гьанжелъагIан къирун тун ругин
КъачIого каваби васас рагьизе;
Мун балагьун йигин кватIарал лъимал
Кидадай руссина жидерго гъасде.

Дир хирияй эбел, ана дир ихал,
Нухаз, рахсаз гIадин, вухь-вухьана дун.
Ана гIолохъанлъи митингазда дир,
Хъуй-гьура гIемерал, пикраби дагьал.

Черхалдаса бетIер батIалъунищан, –
Гьебги квераца ккун ватула гьанже.
Дирго сураталде тIадеги къулун,
Къойил тушман гIадин вагъула гьебгун.

Дица бальго, эбел, кваранаб квералъ

КвегIаб берзул магIу бацIцIуна сардилъ.
Дун вачIина духъе, вачIина духъе,
Чирахъ гIодой кьурун кьижа, дир мискин.

Щвела дун росулъе, щвела рукъове,
Къирун тараб каву къай, дир хирияй;
Кида гьеб букIинеб, – кватIизе гьечIо,
Каранда ракI лъурай, сордо лъикI, эбел.

## НИЖЕР БУКIАНА ЧУ

Нижер букIана чу, хераб хъахIаб чу,
Нижер хъизан тIолго тIад бaччараб чу.

ВукIунаан эмен, гьебги хадуб цIан,
Хирияб рокъоса къватIиве унев,
Ялъуни къваридго, ялъуни воххун
Хирияб росулъе нахъе вуссунев.
Я кечI ургъулаго, я угъдулаго,
Унаан, щолаан гьев росабалъе.

Нижер букIана чу, хераб хъахIаб чу...
ХъахIлъарав инсуца, вилълъа, дир васин,
Дун жиндаго нахъа, жив щула кквейин,
Цо-цо вачунаан чода тиризе.

Чваххулел лъаразулъ, кьурул сверабалъ
Рачунаан бакънал чодул щинкIилалъ:
МугIрузул тIогьазде вахараб мехалъ,
Вохун вукIунаан гьелъул хIихIиялъ.

Нижер букIана чу, лъикIаб хъахIаб чу...
Цо нухалъ инсуца абуна дида:
Дун гьечIого мунго рекIа, дир васин,
Дун кквечIого баче дуцаго чуйин.

Ва бана гьелда цIал, гьагаб айгъиралъ
Дун гъоркье рехана кьурул сверуда.
КьватIана дир ракьа, махIалзул хIара,
Инсуца абуна: «гьедин букIунин».

Нахъеги цIалги бан вахана чоде, –
Рехана чоца дун чабхил иххилъе.
Чурана, цIорона, цIалтун виччана,
Инсуца абуна: «бигьаяб ишин».

ЦIидасан вахана дун чоде тIаде, –
ЧехьатIаде ккана гьелъул малакь дун.
Цо гурхIел бокьараб гьариялдалъун
Инсухъ валагьана тату хварав дун.

Инсуца малълъана, гьедин гурин, вас,
Гьале гьадин рекIа мун чодайилан.
Гьанисан къан баче, доба биччан те,
Цинги цIалги жемун жалалъе къуле!..
Гьедин ругьунлъана...
Кьурул нухалъан
Дун гIатIилъиялде
Вачана чоца.
Гьеб квачIида чIана, гьеб хIихIидана,
Ва хIайранав эмен рази вукIана.

Гьоркьор сонал ана, сапаралдаса
Цо нухалда эмен лъелго вачIана.
Гъежда кьилиги лъун, хъатикь цIалги ккун,
ХъахIаб чу хвеялъул хабар бицана.

Азбар бесдаллъана, руссун чIунтана,
Росда цебе гIидра гьелъухъ гIодана.

Дидаги кколаан хвалченги бекун
ХутIараб гIоркь вугин гьанже дунилан.
Ялъуни бегIераб перо бортараб
Гьадингояб, гIицIаб гIучI гIадин вугин.

Гьединаб гIочIода тIад пероги хун,
Хирияв инсуца хъвалаан кучIдул.
Кидаго, гIумруялъ гьев рекIараб чу
БукIана магIарул хIасратаб назму.

Жегиги гьитIинго гьебго чуялда
Дун рекIинавуна инсуца квер ккун.
Бакъ-къоялъул гIадаб кочIол балъголъи
Кодоб къаламги ккун малъана дида.

ХIинкъараб яргъида квалквадана дун,
Керчаб гъотIол рохьов женжедана дун.
Чанги хъвадарана, – лъаралъан ккунищ,
ЛъалкI жого батичIо дица нахъе тун.
Дица сагIтаз хъвана, сонаца хъвана,

РухIана, рихъана, рахъу гьабуна.

ЗахIмат буго дие гъамас рагьизе,
Инсуца абуна: «гьедин букIунин».

Хьвадана, ургъана, сардаз кьижичIо,
РагIи бачIунаро, магIу бачIуна.
Дун кочIол айгъиралъ гъоркье рехана,
Инсуца абуна: «бигьаяб ишин».

Лъадаца риччунищ дир гIучIал ругел? –
ХъинтIула, хъинтIула, рекIунаро цIа.

Цо гурхIел бокьараб божиялдалъун
Инсухъ балагьана тату хварав дун.

Инсуца малълъана: «гьедин гурин вас,
Гьале гьадин хъвайин, гьаниб хъвагIайин,
Гьанисан къан баче, доба биччан те,
Цинги цIалги жемун жалалъе къуле».

...Гьедин ругьунлъана. ХIасратаб кечIгун
Бащадаб дуниял дица тирана.

Хасалил сардида цIорораб кьурда
Дица цIа бакана, эмен вохана.

Амма цо июналъ, цохIо сагIаталъ
Дир кинабго гIумру хисизабуна.
Эмен ватIалъана... БетIерги къулун
Къваридаб ракьалда дунго хутIана.

Гьоркьор сонал ана, амма кидаго
Дица кечI ургъулеб заманаялда,
Эмен вачIун чIола дида аскIове,
Гьесул добго гьаракь рагIула дида.

Инсуца малъулъула: «гьедин гурин вас,
Гьале гьаниб хъвагIай, гьале гьадин хъвай.
Гьанисан къан баче, доба биччанте,
Цинги цIалги жемун, жалалъе къуле».

**ГЬУДУЛ ГЬАВУРАБ КЪОЯЛЪ**

*Ш. МикагIиловасе*

Шигьабудин, сардилъ цIвабзахъ валагье,
ЦIваби авлахъалде ротулел руго.
МугIрул ицц аздайищ цIер чIвалеб бугеб –
ЧIваби гIадин лъарал тIеренлъун ругин.

ГIедегIун сверула соназул гьоко.
Пикрабазул каву рагьула кватIун.
ЦIакъго цIакъ гьетIараб тIагIелалдасан
Гьабун букIун буго нилъер замана.

РекIелъ бакараб цIа щущазе ккана,
Кодобе майилан кьезе чи щвечIо.
Шураб гимназия, Гъунив диванчи,
Фольклор, адабият, аваразул мацI.

Дун дур гIумруялъул хьолбохъан ана,
ГIорул рагIалдасан сухъмахъ нух гIадин;
ГIорги тун сухъмахъалъ цо-цо вачана,
Амма мун мугIалим дида кIоченчIо.

Дир сонал рукIана гьеб дур цIаралъе
ЦIараб мухъалда тIад хъварал хIарпаллъун;
Мухъалги рукIана цо-цо гьетIарал
Дир хатIги букIана гъалатIаз цIураб.

БагIараб щакъиялъ гIумрудул диктант
БитIизе гьабизе гьанже кватIана.
БагIараб биги тIун битIизабуни,
БатIияб цогияб къо бихьиларо.

Дица къимат кьола дур гIумруялъе, –
ГIедегIун кIетIана дур рекIел сагIат.
ГIакълу къварилъараб, гIантлъи боххараб,
махсара ццидалаб мехалъул лъимер.

Унго, кинаб талихI квешаб гIоруца,
ГIассиял соназ мун восун инчIолъи!
Пикру бецун балеб харицелалда
Хириял мугIрузда мун ватичIолъи.

Сунел руго цIваби цIаял кинигин,
Камуна сапаралъ цадахъ рахъарал.
Сардилъ бецIлъиялъулъ тIагIана цоял»
Цогияз къулчIана чIегIераб гулла.

Къунел руго иццал, чIвалеб буго цIер,
ЦIороде тIинкIула бухIараб магIу;
АхIуге некIсиял дур гъудулзаби,
Гьел рикIкIада руго, цIакъ рикIкIад руго.

Жакъа лъимал ахIе дуца аскIоре,
Гьел рекIараб поезд батIияб буго.
Дица гьезда цадахъ гьаб декабралъ
Дуе чараб бетIер къулулеб буго.

Дир вац, кигIан гIемер гIазу баниги,
ГIурччинго вукIа мун накIкIил гъветI гIадин.
Зодихъ хIайранаб цIва, гъасда хинаб цIа
Дуе камугеги кидаго даим!

* * *

Бокьула магIарул ясазул гьурмалъ
Намусаб багIарлъи – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула росулел гьезул кверазулъ
Цо нечараб хIинкъи – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула симсазда гъоркьан баккараб
КIиго кьурараб гъал – гьел цIакъ рекъола.

Бокьула симсазда гъоркьан баккараб
ГьитIинабго гванда – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула лъар бахун унеб мехалда
Гьезул гIицIал хIатIал – гьел цIакъ рекъола.

Бокьула рогьалилъ лъел цIолел гьазий
Цо цIорораб гьава – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула цIекIлъиги тIокIлъиги гьечIеб
Цо рахараб партал – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула гьоболлъухъ, цебе квенги лъун,
Цееса уней гьей – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула нилъеца абураб рагIуй
Цо мутIигIаб сабру – гьеб цIакъ рекъола.

Бокьула магIарул ясазе даим

Даимаб талихIги цIияб гIумруги.

Амма бищунго цIакъ магIарул намус
Бокьула ясазе – гьеб цIакъ рекъола.

* * *

Дида жакъа дунго МахIмудин ккана:
Карпаталъул цIоролъ, бацIцIадаб гIаздалъ,
Ялъуни гIумругIан дие хирияй
Хиянатай Муил горда гъоркь, сардилъ.

Дунги гIодов тIамун, босе, гIащикъан,
ГIащтIичагIаз буго дир мугъ бухулеб.
ТIаде къулун вуго ХIоцоса имам,
Гьесул хъатикь буго хъаба цIун чIагIа.

Дида жакъа дунго МахIмудин ккана:
Кагъат хъвалев вуго дун Марямихъе.
МугIрузда женжелеб чанил тIанчIида
Чвахулеб дир магIу буго бихьулеб.

Цинги Игьалиса гьоболасул рукъ,
Болъодул хIокIида гIодов ккана дун.
ТIохьиялъ самараб каранзул биялъ
Кавуялъул ганчIал релъана дица.

Дида жакъа дунго МахIмудин ккана...
Кинаб гIантаб пикру дихъе бачIараб.

* * *

Дида бихьана чу, квачIид чIун гуро,
Каранде дализе бохдулги риччан.

Дида бихьана чу, хIихIилеб гуро,
ГьакIкIан кIалгун буго кIарун белъулеб.

Дун аскIой вилълъана щиб гьаб хIи
Живго чи кинигин чу белъанхъулеб.

Балагьана гъелъухъ, гьебан абуни,
Белъанхъилеб гьечIо, гIодилеб буго

ХIорал гIадал берал, беразда жанкб

Жага-жага гIадал магIил гараби...

Дуда ккола, гьудул, дунги дир кечIги
Кеп-ихтилаталда бугилан абун.

АскIоегIан ячIа, гIагардегIан къай,
Дун гIодулев вуго, велъулев гьечIо.
*1960*

* * *

Нахъеги хIанчIаца ворчIизавуна,
Бакъул чIорал руго росу рагIалда.
Гьез бахунеб буго эхей унеб гIор,
ГIурччинал гъутIбузул гъаларал бутIрул.

ГъотIол тIанхазда тIад лъадал къатIраби
Къочардулел руго, цоцазда хурхун.
ТIалаяз кьуркьурун рехулел кIкIуял
Кьурабазде тIаде руго харулел.

Кьурабаз, херлъидахъ хал гьабичIого,
Даим къачIадулей къоролалъ гIадин,
Жалго гIолохъанго рихьизаризе
ГIурччинлъиялъ руго чурхдул рахчулел.

Гьудул, гьал тIахьаца бокьараб абе,
Амма дида ккола кинавго инсан
ХIанчIазул чIичIиялъ, бакъул чIораца,
Хурхун къочардулел лъадал къатIрабаз,

МагIарда цIаяца, зодихъ цIвабзаца,
Хурдуца, тIугьдуца гьавун ватилин.
*1960*

* * *

Дица кечI, бидулас къисас босизе
Жанисеб къасд гIадин, рекIелъ цIунана.
Дица кечI, гьукъараб рокьи кинигин,
Макьил заманаялъ сардилъ гьабуна.
РагIаби цIунана цIороялдаса
ЦIа бакараб каранлъ гьалдолеб рекIелъ.

РагIаби рищана сагIтил устарас

СагIтие тIагIелал рищулел гIадин,
ТIад магIарул гIухьбуз гIиял кваназе
Камилал гIадраби рищулел гIадин,
ЛъикIав гьудуласе гьоболлъиялъе
Подвалалда чагъир бищулеб гIадин,
Черхалда квер бахъун, нахъасан сверун
Рехъабалъ хъвезе жо бищулеб гIадин.

РагIаби рищана тIугьдул кинигин,
ТIансабазе ясаз кунал кинигин,
Унтараб лъимадуй гьев щулалъизе
Бищунго щоларел дараби гIадин,
ГIазизаб рукъоса къватIиве арас,
ТIад вуссунеб мехалъ, сайигъат гIадин,
КвартIица рек-рекун рукъалъул цололъ
Рекъезарун лъолел гацчIал кинигин.
РагIаби рищана магIал кинигин,
МагIида хвалченги чуги бухьине;
Чодул ЩинкIилазе тIикъва-магI гIадин,
Рукъалъул нуцIбузе рахаял гIадин.
РагIаби рищана патронал гIадин,
Гьел чархида ккуна хунжрул кинигин,
РагIаби рищана нус-нус ясазулъ
Васас цо бахIарай йищулей гIадин.
Лъаларо щваравиш дун мурадалде...
ДагIба гьелъухъ гуро гьабсагIат бугеб.
Дие диван гьабе цIалдохъабаца,
ЩIадирабазда лъе дир гIунгутIаби.
Амма дир васазул гIундул кьуризе,
ГIайиб батанани, дицаго биччай.

* * *

Жакъа дида дунго хванилан ккана,
Каранда квер лъуна, ракI чIун батана.
Хварав дун гIаздалаб авлахъалдасан
Дихъго гIодилаго вуго вачIунев.

Сухъмахъ нухалдасан дирго гъуждузда
Дица дирго мали буго баччулеб.
Хабзалахъги сверун цо ракьанлъуда
Дицаго дие хоб буго бухъулеб.

Дица дунго вуго жакъа вукъулев,
Ва дидего тIаде буго ракь хъвалеб.

ГIазу балеб буго дир заниялде,
Зоноде къулун дун вуго къваридго.

Ва дида рагIула гьалмагъзабазул
Пашманаб зигарди дун хванин абун.
Жегиги цевехун дун какаразги
Камидал дие рецц буго гьабулеб.

Гьаб дирго бадисан дидаго хадуб
МагIил гарал руго гирун рачIунел;
Амма кIолеб гьечIо бичIчIизе, лъазе,
Щай гIодилев вугев дун гьабсагIаталъ.

Дие разе щвечIел, хехго лъугIарал
Хиялалълъ хутIарал дир соназухъищ?
Яги дица рарал, гIадада арал
ГIумрудул тIадагьал дир соназухъищ?

Дие хъвазе щвечIел, лъугIизе кIвечIел
МацIалда цIорорал дир кучIдузухъиш?
Яги дица хъварал, дида кIочарал
КIалдиса роргарал дир кучIдузухъищ?

Дун хванин абунищ дун пашман вугев,
Яги хвечIого дун чIаго хутIунищ...
Сундухъ дун пашманго гIодилев вугев?
ГIазу балеб буго дир заниялде...

* * *

МахIмуд хваралдаса
рокьийищ ккечIеб,
Рокьул кучIдул гьечIин
керен бухIулел...
Шамиль аралдаса кьалищ
букIинчIеб;
Кьалул харбал гьечIин
унго-унгоял.
Рокьияли ккана,
амма кучIдул щай? –
Муи хъамичIого
ячIуней йиго.
Кьалалги рукIана,
гьезул харбал щай? –
Хвалчабаца рекъел

гьарулеб буго.

*1960*

## ХАНЖАР

МагIида бан буго некIсияб ханжар,
Хиялазда вуго гьелъухъ валагьун:
Дица гьеб борчинчIо жеги черхалда,
Дун чабхъаде инчIо гьебги хъатикь ккун.

Дун батIияб ратIлилъ гIуна ракьалда,
ГIумруялъ дий кьуна цогияб ярагъ.
Дица гьелда тIаса хIур жо гурони,
Жеги хIинчI-чиналъул бицин бацIцIинчIо.

Щайха гьаб гьадинан, хазина гIадин,
Хъулухъ гьабун дица къачIалеб бугеб?
Щиб жо ракIалде щун гьалъул баладе
Балагьулев щибаб рогьалида дун?

Щай, гьалбал рачIингун, гьезда дица гьаб
Лъалиниса бахъун бихьизабулеб?
Щай, гьалъ вагъизеги къачIалев гьечIин,
Къойил балагьулев рекIун бугищан?

Гьалъул къо букIинин хIисаб гьабунищ,
Росулъ течIого гьаб цадахъ босараб?
Рагъдухъ ракълилаб цIад щенелеб бугин,
Щиб цIунизейилан цIунун бугеб гьаб?..

Гьедин гаргадана дун ханжаралда,
Ххамил цо кесекалъ гьаб бацIцIунаго.
Хонжроца абуна гучал рагIаби:
МагIарулав вукIун, гьелъ цIунун бугин.

*1960*

## НАГIАНА

ЧIобогояб рагIалъе – нагIана,
МагIна гьечIеб кочIое – нагIана,
ЧIваби гьечIеб тIармие – нагIана,
Кьаву чIвараб хонжрое – нагIана.

РекIунареб цIаялъе – нагIана,
Бежулареб гьанае – нагIана,

Мехтулареб чIагIдае – нагIана,
РагIи хварал бихьиназе – нагIана.

ЧIамулаго сакъисгун вачIунев,
ЧIалу гIадав гIолиласе – нагIана.
ЧIучIунаго семичкагун кIалъалев,
ГIер гIадинав бихьинасе – нагIана.

Жиндидаса кIудияв тIаде вачIараб мехалъ,
ТIаде хантIан вахъинчIесе – нагIана.
ТIаде гьобол щваравго, гьебсагIат,
Кьунсрул-нодо букIкIарасе – нагIана.

МугIрул гIадат кIочарасе – нагIана,
ГIагараб мацI къосарасе – нагIана,
Инсул къадру цIуничIесе – нагIана.

Живго вокьун гIураб ракь
БокьичIесе – нагIана.
Гьеб ракь цIунун цIадаве
КIанцIичIиш мун, – нагIана.

ХIелхIелалъе – нагIана,
ХIинкъиялъе – нагIана.
ХIакимзабазе бетIер
Къулулесе – нагIана.

ХIайранал гьал мугIрузе
КъуличIесе – нагIана.
Халкъал киналго лъикIал
Какулезе – нагIана.
Ккараб къоялъ ватичIев
Гьудуласе – нагIана!

*1960*

## ЗАМАНА

Мех уна ихх гIадин, чармил кьурабалъ
КьватIалаби гьарун, гьинал ракI лъукъун;
Ялъуни гIураби гIурччин гьаризе,
Гьел тIогьолъ росизе басандилаго.

Мёх уна нилъее камиял гьарун, –
Кваридасан руго гьелъ нилъ рачунел.
Цо-цоял рехула, цо-цоял хола,

Цогиял гIерги ккун рагIалде щола.

Мех бачIуна, уна – гьелъул гъотIода
Пихъаллъун, тIанхаллъун рижун руго нилъ.
ТIаде ралел цIадал руго лахIзатал, –
Пулеб гIазу, гьури, гьаб сагIтил кIутIи.

Амма гъотIодаса гъун араб тIамах,
Цогияз хисула, хасел арабго.
Хвел гьечIо гIумрудай, тIегьай нуж, ахал,
АхIе кечI кидаго заманаялде.

*1960*

* * *

Гьанже сардил къуват бергьунеб буго;
Къоял мех анагIан дагьлъулел руго.

КIияздаго бараб гьитIинаб юргъан,
Гьанже гьуригун квач цIикIкIараб мехалъ,

ЦIорорал сардаца, къоял гIицI гьарун,
БецIаб гьумералде бачунеб буго.

Дие – поэтасе гьединал сардал
Пикрабазе кьола, кьижизе гуро.

Пикраби руго дир гIумрудул рахъалъ;
ГIайиб-дагIба гьечIо къисматалде дир.

Пикраби гьарула хвалилги дица,
Хал гьабун батила гьеб кибниги дихъ.

Дун гьелде дандеги вачIунев вуго,
РичIун карандаса гвердил маргъалгун.

Пуй абе дир рекIел гьаб чирахъалде,
Чанги кенчIанин гьаб Дагъистаналда.

*1960*

## СОРДОГИ КЪОГИ

ГIурдада рижарал хурдул руго нилъ. –
Харицел-нилъ руго гьал сардал-къоял.
Магъилъ тIорщеллъун нилъ, – тIадеги къулух,

Къан гулал гьарулел гьал сардал-къоял.
Ахикь пихъалги нилъ, – гьеб пихъ майилан
Гьурщула иргадал гьал сардал-къояз.
Нилъ кирго хIанчIилъун руго ахIделел, –
ХIиллаяб гьин буго гьал сардал-къоял.
Нилъ рохьор чундуллъун руго хьвадулел, –
Чанахъаби руго гьал сардал-къоял.
Гулла алхунарев кIиго кьвагьдохъан
КьижичIого руго даим тирулел.
Цояс чIвачIонани, цогияс чIвала, –
Ва амма чIаголъи хутIула даим.

* * *

Берталъ бахIаразе,
Занахъ хваразе,
Хириял кучIдул, нуж
РукIа тIугьдуллъун.

ТIаде къо кканани,
Къварилъи лъани,
КъвакIе нуж, рагIаби,
Чармил хунжруллъун.

Цин хал гьабичIого
Бахъуге ханжар,
Бахъун хадуб кьабе,
КьабгIанищ, – къотIе.

Къалам щакъиялъулъ
ГIадада ччуге, –
ГIумру берцин гьабе,
Чи кIодо гьаве.

*1960*

## САМЕД ВУРГУНИЛ РОКЪОВЕ ВАЧIУНАГО

Огь, борхатаб магIарде
Вахине бигьа буго,
Мун тIокIав данчIвалареб
Дур рокъой вахинегIан.

Ункъабго Койсуялда
КвачI базе бигьа буго,
Дур рокъой нуцIа рагьун,

ГЬениве лъугьинегIан.

НуцIил кIалухъе щвана,
ЦIурмида килищ хъвана;
Михъал хъахIав, дир гьудул,
РагIуларо дур гьаракь.

Рукъой жанив лъугьана,
ТIахьал бесдалго руго;
ТIадегIанав дир гьобол,
ГьечIо дур махсараби.

1960

## ХЕРАЛ МАГIАРУЛАЛ

Рорхатал мугIрузда руго гIадамал
Жидерго гIадатаб чIаголъиялда;
Жидерго чIухIигун, жидерго яхIгун,
Жидедаго хасаб къасдгун, гIакълугун.

Институтал цIалун лъугIичIониги,
ЦIвабзазул мацI лъала гьезул щивасда.
МаркIачIул гIужалда чвахулел гIораз
Малълъулеб гIакълудахъ гIенеккула гьел.

Херал магIарулал, гьез абиларо,
Амма бер чIварабго, квер босилалде,
Гьезда, киназдаго камилго лъала
КигIан багьа бугеб щивав чиясда.

Гьезда, кIалъаялъухъ гIенеккилалде,
КIветI багъарулаго, лъала гьереси.
Щай гIемер гьедарун, – гьел божуларо,
Бадиве балагьун лъала гьезда мун.

Росулъе щвелалде гьезда бихьула
Гьоболасул мурад, щай вачIунев гьев.
Налъуда хадувиш, чода хадувищ,
Цониги чиясул яс гьаризейищ.

Херал магIарулал... Рагъде унев чи,
Чоде вахунаго, вичIчIула гьезда,
Гьев гьунар гьабунищ, рогьо босунищ
Вуссине вугев нахъ чабхъеналдаса.

Михъида хIур хъвачIев Генуса Шамил
Росдал лъималазулъ вихьараб мехалъ,
Херав магIарулас абун рагIула
Хадуб гьав чияс хъуй гьабизе бугин.

ТIоцебе МахIмудил кечI рагIарабго,
Херав магIарулав пашманлъун вуго, –
 Нахъасанги речIчIун чIвазе вугин гьев
ЧIужугIаданалъул берал сабаблъун.

Кинида вущунев Башир вихьигун,
БичIчIун буго ЧIохъа мадугьаласда, –
Гьедин гвангъараб нур хекко ссунеблъи,
Вас инсул квердаса камизе вукIин.

Херал магIарулал! Нужер цо рагIи
Цо гIалимчиясул тIехь буго дие.
Нужеда аскIоб кечI цIалулеб мехалъ,
Дир каранзул рекIелъ букIунеб хIинкъи.

Нужер цо каламалъ киритиказул
Киналго гIакълаби бецIлъизарула.
ТIингъилъеги къулун, рехараб рагIи
БегIераб кицилъун кибего уна.

Метер букIинесеб квачайгин хинлъи –
Кинабго нужеда жакъадго лъала.
Дие бокьилаан бюро погода
Нужедаги гьикъун, хIалтIизабизе.

Кисан гьеб кинабго нужеда лъараб,
Лъица гьеб нужеда тIолго малълъараб? –
Гьедин суал кьейдал, кьуна дий жаваб:
Бихьун лъанин, дир вас, бихьун лъанилан.

Лъаларо цо-цояз кIичIун бутIрулгун,
КIиго-лъабго рагIи цIияб лъаниги,
БецIал умумулин, гьагаб гIадатин,
ГIамал кIудияб мацI чIамеян абе.

Амма дие гIела тIолго гIумруялъ
Нужер гIакълуялъул, къуват, разилъи,
Нужер пикрабазул канлъи, мухIканлъи,
Нужер рагIабазул магIна-бегIерлъи.

Нуж унеб мехалда хадув вилълъина,
Нуж данде кколелъул бетІер къулила.

Нужер бахІарлъигун яхI-гьунаралъе
МустахІикъав васлъун вижун хадуса,
Хвалил бицинаро дуниялалда, –
ЧІахъаги нуж гІурал гІаздалал мугІрул!

*1960*

## БЛОКНОТАЛДАСАН
*(Руччабазул съездалде)*

ХъахІаб гьинкатнилъан гьумер^и баккун,
Гьай щий щуабилео кьерда йигей яс.
Киналго кьеразда свериги гьабун,
Гьелде буссун буго дир кІиябго бер.

Борхатаб зоб цІурал цІвабзазда гьоркьоб
Гьай гурони дида йихьулей гьечІо.
ТІогьол квацІиялъулъ, кинаб тамаша,
ЦохІо гьалде руго пикраби руссун:

Киса гьай ячІарай, кий гьай рештІарай,
КигІан мех гьайбатай гьалъ балеб бугеб?
Щай гьай пашманлъулей, щай багІарлъулей,
РагІи абулелъул гъорлъан гьимулей?

Щиб, мадугьалалъул гІиндеги гьетІун,
Гьалъул хІайранлъулел кІутІбуз щурулеб?
Гьел кІутІбузда жеги вас къочанадай,
Вокьулин лъидаго гьез абунадай.

«ГІумру гьуинлъаги гьаб ракьалдайин»,
Гьезда лъицаниги гьоцІо хъванадай;
Гьуинаб бугодай гьалъие гІумру,
ГІадамаца бугьтан лъунадай гьалда.

Гьалъул махщел щибдай, гьунар кинабдай,
КечІ ахІизе гьунар гьалъул бугодай.
Гьалъул кверда хураб хирияб курхьин
Жинцаго босундай, росас кьурабдай.

Гьалда дун лъаладай, дун рагІанадай,
Дир бищун ахираб тІехь цІаланадай.

Дир цониги кочIол мухъазде къулун,
Къваридал лахIзатаз гьай йохханадай?..

КIудияб кIваралъул гьаб съездалда
ГIадатал пикрабалъ вуго кочIохъан...
Ва делегатасул блокноталда
Бахъун буго дица цо гьурмал сурат.

*1960*

* * *

Бищун берцинаб щиб? Буго дир гIищкъу, –
Гьедин сурукъав духъ кинан гьаб ккараб?
Бищун гьуинаб щиб? Буго дир рокьи, –
Гьединав кьогIав духъ кинха гьаб ккараб?

Бищун лебалаб щиб? Буго дир гIищкъу, –
Гьедин хIинкъарав духъ кинха гьаб ккараб.
Бищун къвакIараб щиб? Буго дир рокьи, –
Гьедин тамахав духъ кинха гьаб ккараб.

Дир гьалдолеб гIищкъу, гIицIал ганчIазде
ГIадада балеб цIад букIун буго мун.
Дир ракIалъул рокьи, цIорораб ралъдалъ
ЦIа бакизейилан лъугьун буго мун.

*1960*

## РОКЬУЛ КЕЧI

Хиялалълъ буго гьаб, макьу гуро гьаб,
Йокьулей, ячIа цо сапар гьабизе,
МугIрул цIумги ахIун, гьелъул куркьбазда
Нилъер рокьиги лъун, улка свеaccording.

Гвангъун парпадила гьалагал накIкIалълъ,
РикIкIаде роржина релъанхъулаго.
Гьаб нилъер релъиги, нилъер каламги
Киналго лъараца гьабила такрар.

Гьороца дудаса шал бахъанани,
Нахъе кьеян абун вагъила гьебгун.
Гьава буччанани, цIадал ранани,
ЦIан бахъун тIад бала дуда буртина.

Нилъее нух кьела самолетаца,

Салам кьун роххила тIолго летчикал.
Нилъеца бокьани ццидалал гIорал,
ЦохIо гьаракь гьабун чIезе гьарила.

Нилъеца цо кIалъан чарамул сиял,
Честьги ккун, цересан хьвадизарила.
ЦохIо ишан гьабун аза-азар хIинчI
АхIила нилъеца концерт гьабизе.

Къаси бецIлъи щвейгун киналго цIваби
Кодор кквела дунял гвангъизабизе.
Нилъ цо кIалъаралго пирхила пири,
Гьаракь гьабурабго гъугъала дунял.

Нилъ тIасан сверила кьурул сверуда,
Ссиялда хьвадила гьелъул кьеразда.

Шагьарал, росаби, тIолго гIадамал,
ТIугьдул, хурдул, чундул, карачалаби,
«Рокьи букIанани гьадинаб лъикIан»
РукIина киналго нилъехъ балагьун.

РештIине бокьани цо пиштIарабго
«Пожалуйстайилан» щвела Эльбрус.
ГьитIинаб килщица цо ишан гьабе, –
Дуе тахбакIаллъун рукIина мугIрул.

Дуе тIансабилъун тIогьол авлахъал
ТIиритIила цере, доре-гьанир щун.
Дудаса рохиялъ рохьал хъудила,
Дур хъатирги гьабун поездал чIела.

ГIарцул чагъана хъван чундул кьурдила,
Кьурабалъ ритIучIаз бакънал рачина;
Меседил зурма пун палугьай гIадин,
Дуда цере рачIун циял кIанцIела.

Дур цIар гьикъарабго, бакъ белъанхъила,
Мун цо гьимарайго, гьаб ракь гвангъила.
Гьайбатаб ральдаде чвахулел цIадал,
ГIурда ясал гIадин, огь, расандила.

Ва Дагъистаналъул тIолго сиязда
Нусабго миллион дандерижияз
Дур цIар тIолго мацIаз, киналго соназ

Кинабниги ракьалъ такрар гьабила...

Хиялалъль буго гьаб, макьу гуро гьаб,
Йокьулей, рекIинзин цIудул куркьбазда.

* * *

Дур рукъалъул кIалтIа, хъатикь кIулалгун,
Хъаравуллъун чIезе буго дир мурад.
Унел-рачIунезда къваригIел гьикъун,
Пропуска цIехон хIалтIилаан дун.

ХъахIлъи лъалеб мехалъ бакъ бачIанани,
Дуй рорчIами кьезе биччала дица.
Дур гордул ахазукь далай бачине,
Документал цIехон, хIанчIи риччала.

Булбул бачIанани, гьале чIезе гъветI.
Гъеду бачIанани, яре цебеса!
ЦIадги гьукъиларо рекъараб куцалъ
Рукъалъул тIохазда тIад басандизе.

Гьурал рачIанани, гьезие ине
Адрес дица цоги бакIалде кьела.
НакIкIал рещтIанани, бакъул чIоразул
ЧIухIараб жул бахъун нахъе хъамила.

Дица дагьа-дагьаб гIазу биччала,
ГIазда дур хIатIазул къирщи рагIизе.
МагIил бералги цIун къварилъи щвани,
Къала дица нуцIа, биччаларо гьеб.
Каранда орденгун женжеданиги,
Унти бачIарабго нухалъ хъамила.
КIичI-кIичIун, гьетI-гьетIун щола
гьереси, –
Гьалъие бакI гьечIо дур свериялда.
ХIалихьатал къасдал, мугъ берцин гьабе!
Гьел версталъ рикIкIада рукIа дудаса.

ТIугьдузул квацIигун, кочIол бакъангун
Кавуялъул кIалтIе их бачIарабго,
Гьеб гьайбатаб гьобол биччала духъе,
Жеги нуцIби гурел гордалги рагьун.

Гъежде рехун хулжал, хъатикь корзинка,

Кодоб жо гьечIого гьеб бачIунаро.
Жиндир ахирияб хинлъигун щвараб
Хаслихълъи биччала пашманго духъе.

БагIарав чотIахъан бакъул чIоралгун,
ЧIегIерав чотIахъан хъат цIун цIвабигун –
КIиго гьобол вуго даим гIумруялъ
Дица иргаялда духъе риччалел.

РачIунеб мехалъги, унеб мехалъги
Гьезде кIияздего дир гьари буго:
Дур гьурмада мухъал рахъугейилан
Дур кар хъахIаб кьералъ белъунгейилан.

Дуе рохел, талихI, бахIарлъи, канлъи,
ХIайранлъулеб пикру, гьуинаб макьу, –
Гьеб кинабго кьейин, дур тахбакIида
Тамадалъун даим сахлъи бищеян.

Дица гьел риччала киналго духъе,
Депутатал гIадин, хIурматги гьабун.
Гьезда документал, йохъ, гьикъиларо,
Пропускаялъухъ балагьиларо.

РачIа гьел кидаго бокьараб мехалъ,
КIутIичIого рагье гьез духъе нуцIа.
Гьезде дагIба гьечIо дир рокьиялъул,
Дур, макьу лъаларев, кочIохъанасул.

Дур рукъалъул кIалтIа, хъатIикь кIулалгун,
Хъаравуллъун лъикIан тIолго гIумруялъ.

* * *

Гьаб дир хIухьелалъул квасквасги гьабун,
Гьелъул куназ букъе дуего ретIел.
Дир бадир ретарал магIил гаразул
Горбода жемизе гьаре маржанал.

Дир кочIол мухъазул курхьабиги хун,
Гьал хасалил сардал кенчIезе гьаре;
Килщида баргъич ххе дир гIищкъуялъул,
ГIундузда кIилкIал рай дир ургъелазул.

Цинги кIулги босун дир асаразул

Гъамас рагье дуца, хIасратай гъудул.
Килщида баргъич ххе дир гIищкъуялъул,
Гьабуна хвалченги, чуги, щвантIихги.

Букъана буртина, воре, хIинкъуге,
Дица мун гIуцIила, дица цIунила.

* * *

ГIурччинлъулел руго, балагье щобахъ...
КIвахI лъаларей ясалъ чурун ракъвазе
Бакъалда тIамурал тIансаби гIадин, –
Нилъилан абуни хъахIлъулел руго.

БагIарлъулел руго, балагье мугIрухъ...
Рогьалида канлъи рехулеб мехалъ,
Дозул каранда цIа лъица бакараб. –
Нилъилан абуни хъахIлъулел руго.

ХъахIиллъулеб буго, балагье ралъдахъ...
Дур берал эбелалъ гьаб карачелалълъ
Килищ хъван гьарурал ратизе руго. –
Нилъилан абуни хъахIлъулел руго.

Нус-нус кьераз дунял бахIарлъарабго,
ХъахIлъиялъул бицун пашманлъиларо;
Амма букIаниги гъотIода бараб
ТIегьалда релълъине гьеб гьабиларо.

*1960*

* * *

ГIазу балеб буго тIад магIарухъе. –
Дир тIинчIаб милъиршо, кинан йигей мунг?
ГIазу балеб буго тIад магIарухъе, –
Дир тIегь, квачачIбго, чIаго бугищ мун?

Балеб буго гIазу тIад магIарухъе, –
Дир мугIрул берцинаб ицц, кин бугеб мун?
Хъвалеб буго гIазу тIад магIарухъе, –
Дир бахьинаб кьегIер, щиб хIал бугеб дур?

ГIазу балеб буго тIад магIарухъе, –
Дир гIазизай гъудул, кинан йигей мун?
ЯчIа кьегIер гIадин дида кодое,

Квач-цIороялдаса мунго цIунизе;

ЦIадуца гьалдолеб гьинал рекIеда
Дур гьайбатаб бетIер цохIо тIад лъезе.
ГIазу балеб буго тIад магIарухъе, –
Дида тIад чIегIераб буртина буго.

* * *

ХIинкъула дун, хIинкъула
Дур хIисабал гьаризе;
Дир хIисаб дуда лъалин,
Дуда лъикI бихьиларин.

ХIинкъула мун йихьизе,
ЙихьичIого чIезеги,
ХIинкъула дур бицине,
БицинчIого тезеги.

ХIинкъула цIар абизе,
Гьеб ахIизе, щуризе;
ХIинкъула абичIого
Угьун керенгун чIезе.

ХIинкъула дун, хIинкъула
Мун къватIие яхъингун,
КъватIие яхъинчIого
Мун рукъойго чIанани.

ХIинкъула квер босизе,
БосичIого тезеги;
ХIинкъула мун кIалъазе,
КIалъачIого чIаниги.

ХIинкъула мунго цохIо
Мун йихьараб мехалда,
ХIинкъула цогиявгун
Мун йихьараб мехалда.

ХIинкъула, дун хIинкъула
Дур гьимулел беракьа,
Панаял рагIабакьа,
Дур кочIол гьаркьидаса.

ХIинкъула дун дудаса,
ХIинкъула дун дидаса,
ХIинкъуларо лъикьаго
ТIокIав дуниялалда.

ХIинкъула мун йокьизе,
ЙокьичIого чIезеги;
ХIинкъуларо лъикьаго
Дуде гьаб кечI хъвазеги.

* * *

Дир духъ рокьи ккун гьечIо,
КватIана чанго ихалъ,
Амма дун воххун вуго
Ракьалда мун йикIиналъ.

Амма дун пашман вуго
Ракьалда мун ятиялъ,
Гьуинаб макьу бихьун,
Гьеб тIубачIев вас гIадин.

Дир рукъ рикIкIада буго,
РекIел гьудул цо йиго.
Мун магIарухъ гьайичIо,
Гьеб буго дир къварилъи.

Мун магIарухъ гьайичIо,
Гьеб буго дир цо талихI.
Мун магIарухъ данд чIвани
Дица щиб жо гьабилеб?

ГIагараб Москваялда
Кинан данде чIвачIел нилъ?
ЧIегIер ралъдал лъиналъищ
Лъазарурал цоцазда?

Нилъ гьанире ахIарал
Полпил карачелазде
Дун щцин бахъун семула,
Салам кьун рецц гьабула.

Дур чIухIараб гIадатлъи,
Дур гIадатияб чIухIа –
Киб бугеб гьеб, лъилъ бугеб? –

Лъилго кибниги гьечIо.

ЧIегIерккарал бералъан
Гьими чвахxулеб буго,
Гьелъ хъахIал гIанабазда
БагIараб лъалкI тун буго.

...Дир духъ рокьи ккун гьечIо,
Йокьулей цойги йиго;
Амма гьей йокьулейгун
Дун анкьалъ барщун вуго.

*1961*

* * *

Жакъа гIаздалаб къо...
КъватIирги рахъун
Сверулел руго нилъ
Гьаб накIкIирохьор.

РакI боххун буго дир
Гьаваялдаса,
Гьал гучал гъутIбузул
БутIрухъ хал гьабун.

Дур ботIрол каралълъги,
Дида бихьула,
Бараб гIазу буго
Биине къачIан.

ЧIа, цодагьалъ лъалхъе,
ХIасратай гьудул,
Дица квер бахъилин
Гьеб дур каралда.

Биччанте гьеб гуреб
БатIияб хъахIлъи
Дур ботIрол расазда
БихьунгутIизе,

*1961*

**ДУЦА ТIОЛА, ЭБЕЛ, БУХIАРАБ МАГIУ**

Жегиги гьитIинго хвана дир эмен,
Хадуй гIодичIо дун, бичIчIи гьечIей яс.

Каранде данде къан, дихъги ялагьун,
Дуца тIуна, эбел, бухIараб магIу.

БахIарал соназги талихI кьечIо дий,
Тамахав ватана данде ккарав вас.
Дир ботIрол каралда тIад кверги бахъун,
Дуца тIуна, эбел, бухIараб магIу.

Дица гьаракь биччан Дагъистаналъе
ХIасратал саринал ахIулел руго.
Саринахъ гIенеккун, гIумру цебе чIун,
Дуца тIола, эбел, бухIараб магIу.

Гьанже дуда дир кечI рагIулеб гьечIо,
Камуна дие мун тIолго гIумруялъ.
Амма дида даим цебе тIамула
Дур бухIараб магIу, хIайранай эбел.

*1960*

* * *

ГIурччинал гъутIбузул тIанхазул чадир,
Чияр мацIалдаса цIуне дир гIумру.
ГIазизал хурдузулъ лъарал чилчили,
Дуца къине гьаре гьал къватIул харбал.

Дунги вокьулевги, кьурул свераби,
Рахче дур парсазда гьал маккал гIадин.
КIиго гIищкъу ккараб чан бихьанилан,
Чвахулеб гIор, дуца бицунге кибго.

Дир чияр бикъараб гIищкъуги гьечIин,
ГIадамал щай ругел гьадин ццидалал?
Цогиязе тараб ахикьги гьечIин,
Унго, магIарулал, щай щурщудулел?

Абизе, гьаризе чи вачIинегIан,
Чвантинибищ лъелеб ракIалъул рокьи?
Кинабго дир кьибил разилъизегIан,
Кьижунищ йикIиней ялагьичIого?

Расул ХIамзатов

## КЪО-МЕХ ЛЪИКI, ИСТАМБУЛ

Бакъ тIерхьунеб буго, къо унеб буго,
Босфоралъул лъеда цIияб кьер буго.

Бакъараб Турция бакъаникакде
ГIорцIарал минараз ахIулеб буго.

Щайзе чияр улка!.. амма ургъалилъ
Унеб буго гама, дида бихьула.
Гъазул байрахъалъул бахъараб гIадаб
Буго хъвалхьараб моцI зодихъ лъедолеб.

Къо-мех лъикI, Истамбул, султанил гъундул,
Сулейманил мажгит, мискинаб улка,
ГIарцул ригъзабазда аскIор гIодор чIун
Унел-рачIунезул гъардолел кверал.

Къо-мех лъикI, къватIазда къахIваги гьекъон,
Кагътал тIами гьарун мех тIамулеб гIел;
Лъаларо кагътазул лъий талихI бугеб –
Ва амма Турция къваридго буго.

Къо-мех лъикI, гьал гIицIал,
чамгIалал хIатIал,
Нуж, чияр чакмаби рацIунел лъимал.
Нуж гIадал гьабсагIат Гъуниб магIарда
ГъутIбукь кечI ахIулел ратизе руго.

Къо-мех лъикI, ракьалда чIварал накаби,
Зобазде рорхарал ракъварал кверал;
Аза-азар соназ какалги ранин –
Кинан нуж аллагьас гьединан тарал?

Дун нахъе вуссуна Дагъистаналде –
Дида лъалагури тIад магIаруллъи, –
ГIазул тIохал ругел дир рорхалъаби,
Лъарал гъулгъудулел дир гъварилъаби.

Дол нижер мугIрузде хьухьал рештIингун,
Дур угьараб хIухьел бихьана дида.
Дол нижер кьураби рецIцIулеб мехалъ,
РецIцIулел дур берал щвела ракIалде.

Турциялъул лъим чIван бакIаб ургъалилъ
Унеб бугеб гама Герециялде...
Дица пашманаб кечI ахIулеб буго,
Гьеб «ВатIан, ватIанин» угьдулеб буго.

*1959*

* * *

Дун лъабцIул гIодана дуниялалда,
Дида гьеб гIумроялъ кIочон теларо.
Дица тIоцебесеб бухIараб магIу
Дуе гIоло тIуна, гIазизаб тIалъи.
Гьеб мехалъ инсуца абуна дида:
«Гьанже лъикIаб аоар лъанилан дуда».

ЛъабцIул би чваххана дир черхалдаса,
Гьелъул лъалкIал руго дир рекIелъ хутIун.
Дица бищун цебе дир багIараб би
Дуе гIоло тIуна, дир мугIрул улка.
Гьеб мехалъ инсуца абуна дида:
«Гьанже вахъанин дур рагъухъанилан».

БатIиял хутIарал дида лъаларо, –
Лъабго кечI гьабуна дица ракьалда.
Бищунго щавкъалда, хIайранаб сарин,
Дир хIасратаб ВатIан, дуде ахIана.
Гьеб мехалъ инсуца абуна дида:
«Бегьулин гьанже дур поэт лъугьине».

Дун ккечIо ракьалда лъийго къулизе,
Къулана гIицIго дун лъабго нухалда.
Лъабабго нухалда къулана дуе,
Дир къадруяб улка, дир эбел-ВатIан.
Гьеб мехалъ инсуца абуна дида:
Дир васасдасан чи вукIине вугин».

* * *

– Зобазда роржунел, камилал цIумал,
Кисан нуж рачIарал мугIрузде бице?
– МугIрул тун рикIкIада, рагъда тIагIарал
МагIарул васазул ракIал руго ниж.

– Зобазда кенчIолел, камилал цIваби,
Киса нуж магIарул сордо гвангъарал?
– МугIрул тун рикIкIада рагъда тIагIарал
МагIарул васазул берал руго ниж.

*1961*

**ГЬАРУЛА**

Гьарула щобазе бакъгин цIад дица.
Гьарула мугIрузе гIазу-цIер дица.

Гьарула зобазе хъахIиллъи дица,
ХъахIилаб ралъдае хIайранлъи дица.

Гьарула хIанчIазул кечI рогьалида,
Гьарула гIурул ахх ихдалил сардий.

Дица гIадамасе гьарула канлъи,
Дица гIадамасе гьарула лъикIлъи.

Гьуинлъи гьарула, вацлъи гьарула,
Берцинлъи гьарула, сахлъи гьарула.

Биччанте саламалъ кунчIизабизе
Каранда орденлъун гьурмада гьими.

Гьаб дуниялалъул рукъоб щивасе
Рекъелги рахIатги гьарула дица.

Диеги гьабуге, гьарула дица,
Дуего гьабуни лъикI бихьулареб.

РикIкIада сапаралъ мун ватанани,
Сах-саламат вусса, гьарула дица,

Срапалъ вахъине къачIан ватани,
Дуе нух битIаги, гьарула дица.

Рукъги къоги цIураб канлъи гьарула,
Каранзул ракI цIураб рокьи гьарула.

Йокьулей яс щваги, лъимал гьареги,
Лъабго – вас, лъабго – яс гьарула дица.

Бекугеги гьоко, лъалхъуге поезд,
Гьалдолеб гIумру кье, – гьарула дица.
*1961*

## МАНДАЛИНА

*АхIмад ЦIурмиловасде.*

Дур мандалиналъул микьго чIваялда
Микьазарго бакъан кин лъараб,

АхІмад! МагІарул гІедерал гІоразул гъуди,
МагІарул хІайранал хІанчІазул угьди.

Гьез къиркъизарула къваридго гьакал,
Поездал рачуна чияр ракьалде.
МугІрул гьаргьадула, зобал гъугъала,
Гъугъдулъ зигардулел иццал берола.

Цин цее ячІуна киниги кІикІун,
КечІ ахІулей йиге, хирияй эбел!
Хадуб гьуразул сас, хурдузул щурщур,
Хунжрузда бетулеб биялъул чули.

Кинаб дандерижи дур бакънал кколел
Дир рекІел кинабго гьаб кІетІеялъе...
Ралъдада роржунел чайкаби руго,
Чвердолеб гьабсагІат гьениб моцІ буго.

Дир къалмил тІогьисан хъахІаб кагътиде
Каранзул рекІел би тІинкІулеб буго...
Дур мандалиналъул микьго чІваялда
Микьазарго бакъан кин лъараб, АхІмад!

*1961*

## ХАСЛИХЪЛЪИЯЛЪУЛ КУЧІДУЛ

* * *

Рортулел руго тІанхал,
ТІеренлъулеб буго лъар;
Пашманлъулеб буго кечІ, –
БачІун буго хаслихълъи.

Ахирал бакънал руго
Къо лъикІилан хІанчІазул;
РечІалел руго тІугьдул, –
БачІун буго хаслихълъи.

МугІрул хадур ралагьун
ХутІун руго гІиязда;
ГІидра тІогьиллъун буго, –
БачІун буго хаслихълъи.

БачІун буго гьарзаяб,
БачІун буго гьайбатаб,
БачІун буго пашманаб, –

БачIун буго хаслихълъи.

ГIодизе къачIан буго
Арал ихазда хадуб;
Йокьулей рикIкIад йиго, –
БачIун буго хаслихълъи.

Цебехун хасел буго,
Халатал сардал руго,
Ахирал цIадал руго, –
БачIун буго хаслихълъи.

Дур гордазда гьоркьосан
Гьури бачIине гурин,
Гьудул, баке гъасда цIа, –
БачIун буго хаслихълъи.

*1961*

* * *

Цин рорхун, цин риччан карачалаби
ГIахъушдерил кьурди гьабулел руго.
Гьезда тIад кенчIолел киналго цIаял
Кубачиял гIадин хIалтIулел руго.

МацI лъаларел чагIи гIадин цоцазда
Ишанаца гуми гаргалел руго;
ГIагараб портги тун цо тайпа уна,
Цогиял гьенире нахъе рачIуна.

РикIкIаде тIерхьунел рихьула гуми,
Гуми гIадин ана ихги рииги.
Гьезул лъалкI буго дир каранзул рекIелъ,
Камилай ясалъул гIищкъул кечI гIадин.

ГIодоре риччай нуж, карачалаби,
Кидадай бачIина кIиябго гама? –
Бихьиладай дида ихги рииги,
АхIиладай ясалъ дие гIищкъул кечI?

*1961*

## ОКЕАН

Рогьалида океан кенчIола, белъанхъула:
Ва-гьа-гьай; ва-гьа-гьай; ва-гъа-гьай!

Къадиялде океан ахIдола, хIихIидула:
Гьи-гьи-гьи; гьа-гьа-гьа; гьу-гьу-гьу!

Бакъанида океан хъудула, гъугъудула:
Гъу-гъу-гъу, хъу-хъу-хъу, гъу-гъу-гъу.
Къасиялде океан угьдула, зигардула:
Огь-огь-огь; агь-агь-агь, огь-огь-огь.

Сордо бакьулъ океан кьижардула,
кьвагьдола: Ах-кьвах, ах-кьвах, ах-кьвах.
Унго, гIадамал, нилъер гIумру гьадинаб гьечIиш?
У, у, у; у, у, у; у, у, у'

* * *

Лъалхъе, барти, лъалхъе,
Нахъ балагьизе;
Нахъехун хутIана
БагIараб рии.

Билълъа,барти, билълъа,
Нахъ балагьун щай,
Нахъеги батилин
БагIараб рии.

Лъалхъе, барти, лъалхъе,
Нахъ балагьизе;
Нахъехун хутIана
Хирияй гьудул.

Билълъа,барти, билълъа,
Нахъ балагьун щай,
Нахъеги ятила
Рокьи ккарай яс.

Лъалхъе, барти, лъалхъе,
Нахъ балагьизе;
Нахъехун хутIана
ГIурччинаб гIадра.

Лъар гьекъон мехтарал
ХIанчIазул гьаркьал,
Мокьрол гъотIол тIогьол
БилбагIараб кьер.

Билълъа,барти, билълъа,
Билълъа цебехун;
Цебехун буго дур
ХутIараб гIадра:

ХIанчIазул гьаркьалги,
Мокърол гъутIбиги,
Йокьулей гьудулги,
ТIубан гIумруги.

Лъалхъе, барти, лъалхъе,
Нахъ балагьизе;
Нахъехун хутIана
ГьитIинаб заман.

Билълъа, барти, билълъа,
ГьитIинаб заман
Гьанже батIиязул
Бихьила дуда.

## ДИР ЗИГАРА

*Художник МухIидин Джемалил хъизаналъе.*

Гьаб дир ракI къакъалеб къварилъи босун
Нужехъе ваккичIо квер босизе дун.
Каранда угьдулеб рагIи абизе
НуцIида кIутIизе, огь, кIвечIо дида.

Йохъ, нуж балагьуге бадибчIвай гьабун,
Божизе кIоларо Джемал хвеялда.
Гьев гьечIеб рукъин щиб, тIолго дуниял
Дие балагьизе захIмалъун буго.

Дун вукIана рикIкIад. Индонезиялъулъ,
Азарго чIинкIиллъи бугеб ракьалда.
Гьенир цо хIанчIазул хIикматал куркьби,
Кидаго рихьичIел, рагIичIел гъутIби.

ГъутIбузда рижарал маржаназул цIал,
Дида цIар лъаларел чIахIиял пихъал,
ЧIухIарал тIанхазул гучал чадирал,
Гвермендо гьурмаде бачарал хIорал.

ХIориниса къватIир раккарал тIугьдул,
Цо тIабигIаталъул бугебщинаб кьер...

Дица чан нухалда хиял гьабураб
Художник Джемал лъикI гьанив цойилан.

Дир кечIалда кIвечIеб кIвелаан досда,
Дир къалмид босичIеб босилаан дос.
Досие майилан кьезе рукIана
Ругелщинал кьерал Индонезиялъулъ.

Гьелчелеб океан кисталъги боеун
Вуссинаан нахъе, дов магIарухъе...
Дун вачIана рукъой. Дагъисганалда
Дида гьудулзабаз абулеб буго:

ГьечIила, хванила МухIидин Джемал,
Жидеца вукъанин къаникь художник...
Дица дир беразда тIад кверал чIвана,
Огь, кинго кIвеларо дида божизе.

Дица ваччичIо гьов гъуждузда дове,
Дида гьов кидаго чIаго вихьана.
ГIадамаца дида бокьараб абе,
Вокьулев гьудулгун вуго дун даим...

Ва дида кIоларо зигара базе,
БадибчIвай гьабуге, Джемалил хъизан.

## ГЬАРУЛА, ПОЭТ

Рагьдухъ гьурал руго цоцалъ рагъулел,
Цо мухъ кочIол рехе гьенибе, поэт.
Гьел гIодоре риччан, раччун хулжалгин,
Дир азбаралдаса ина къватIире.

Къаси гIаздал сордо. Сапаралъ вуго,
Свакварав магIарде вахунев вуго.
БачIа мун дихъе, кечI, – гIазу биина,
Доб борхалъиялде нух бигьалъила.

Ралъад ццидалъ буго, гьелчелеб буго,
Гьелда лъараб хабар дида лъаларо.
РагIи абе, поэт, – кенчIела ралъад,
Карачалабаца бала хурхун къвал.

Унтун буго лъимер кинида къаси,

Гьелде къулун йиго хIинкъарай эбел.
КочIохъан, мун кIалъай, – лъимер гьимила.
Пакъирай эбелалъ магIу бацIцIина.

Биччан унеб чода, гъалагаб рагъда,
Гьалагаб гуллица чIвана бахIарчи.
Дуца рагIи абе гьесул хIакъалъулъ, –
ХIайранав рагъухъан тIаде вахъина.

ГIицIал гьутIби руго, тIилал кинигин,
Гьел тIанхаз рахчизе баче цо бакъан.
ЦохIо дир ишаналъ их щвезе гьабе,
Панаяб назмуялъ йокьулей ахIе.

Гьей гьанже дидаса рикIкIада йиго,
РакI гIеккезе гьабе дир бахIаралъул,
Дуца рокьиялъе макьу биччаге,
Гьеб берцинаб гьабе, лебалаб гьабе.

Дуца Кубаялъул эркенлъи цIуне,
Дуца Испания васазухъе кье.
Алжирай Жамила къватIие яче,
Къваридаб Корея цолъизе гьабе.

Дуца дунялалъул киналго ругънал
Регъе, чваххулеб би къатIизе гьабе.
Акрополалда тIад байрахъ борхарав
Багьадур рехараб туснахъ-рукъ биххе.

РагIи абе, поэт, гьаб дунялалда
Гьудуллъи вацлъиялъ ханлъи гьабулеб;
Халкъалъе къачIалеб балагьалдаса
Къвал бараб рекъелалъ гIалам цIунулеб.

## ДИЕ РИГЬ ГЬЕЧIО

Дир кочIол хIайранаб их бикъарав щив,
Бакъназул бахIарлъи лъица хъамураб?

...Лъималазул ригьда гIагараб росулъ
ГIолохъабаз чуял рекIунеб мехалъ,
РикIкIаде мугIрузде гьел унеб мехалъ,
Гьел чабхъад рахъунеб рогьунеб гIужалъ,
Гьегьал гордазда гъоркь макьил заманалъ,
Рокьул саринал гьез ахIулел сардаз,

Гьезда хаду-хадув цадахъ вачёян,
Виччай нужгунилан вачIунаан дун.

ГьитIинаб хIинчIги тун цIум унеб гIадин
Унаан гIолилал гъоркьго дунги тун:
Дуе бегьуларин, мун гьитIин вугин,
Гьаб гIорулъ квачI бани, мун восун унин.

Дир соназул куркьбал рекарал лъица,
КучIдузул маржанал тIутIурал лъица? –
Михъал кьурилалде хъахIлъун ватана,
Бартидул жалалъе къулун ватичIо.

КIиго гьареаяб хур бекьулеб мехалъ,
Гьоркьоб бугеб ссанда хутIун ватана.
Гьанже цоги заман... цебего гIадин
ГIолохъабаз руго чуял кьололел.

Чабхъаде гьел уна, гьегьал гордазукь
Рокьулел ясазде гьез кечI ахIула.
Гьезда хаду-хадув цадахъ вачеян,
Виччай нужгунилан унев вуго дун...

ГIуруца рагIалде рехун хутIараб
Хайир гьечIеб цIуллъун рехун тола дун.
Дуе бегьуларин, дур ригь анилан,
АхIе гьанже кучIдул дуца гьасдаян.

Дида рогьел лъана, къаси мех лъана, –
Къалъараб бакъ дихъа бахъараб лъица?
Гьединал пикраби рачIуна цо-цо,
Цинги ццинги бахьун вахъуна тIаде...

Йохъ, нуж гIолохъаби, нуж гIедегIуге,
ГIуруца босулеб кьуру гуро дун.
Дун поэт ватани гьечIо дие ригь,
ГьечIо гьитIинаб их, кватIараб хасел.

Буго гьавураб мех, гьелда хадуб хвел,
ХутIараб мех буго бахIараб заман:
Зарукь къан къвакIараб тIухьи чIинтIулеб.
Къвалакь ккун бокьараб микки бежулеб,
Къалмил мухъазда гъоркь ракь сородулеб,
Гьаркьица чваххулеб гIор чIезабулеб.

Жегиги дица чу чанги рекIина,
Чабхъазде борхараб хвалченгун ина.
Жегиги ясазул гордухъе вачIун,
Гьезул макьу холел бакънал рачина.

Рекиларо куркьбал – кивго воржина,
ТIеларо маржанал – кивго кенчIела.

ЧIухIуге, поэтал, къого сон барал,
Къоло щуго барал, лъеберго барал.
Дун лъимерги гуро, херлъунги гьечIо,
Дун нужгун гIумруялъ гIел цояв вуго.

МугIрул иццул лъарал рачIунел гIадин,
РачIина дир кучIдул гIатIилъиялде.
Дир кочIол хIайранаб их бикъиларо,
Бакъназул бахIарлъи даим букIина.

## ДИР ГЬУДУЛ ХIАМИД ТЕМИРХАНОВ ВАТIАЛЪИГУН

Мунги ана, гьудул, иргайищ щвараб,
Ирга гьанжесала лъидедай бугеб?
Гьаб Дагъистаналъул васал цо-цо ккун
Росун унел руго гъежда лъун доре.

Доба квартира ирга гьечIого,
Ордер цIехечIого, майилан кьола.
Гьеб халатаб сапар, – гьениве ине,
Поездалде билет босзе кколаро.

Пропуска гуро, документ гуро,
Депутатал гIадин риччала доре.
Доба харжалъулги лъималазулги
Щибго ургъел гьечIо, эркенлъи буго.

Доба унти гьечIо, бюллетень гьечIо,
Бащадаб ихтияр щибасул буго.
Доба хIалхьиялъе путевка дуе
Думалъго кьун буго, моцIалъе гуро.

Космосалде арал нахъе руссуна,
Дораса кидаго нахъ руссунаро;
Амма мун, дир гьудул, щибаб сагIаталъ
ЩинкIиялда цеве вачIуна дихъе.

Дида рагIула дур разияб калам,
Кидаго букIуна дур сурат берзукь.
Мун дурго хобалъул нуцIаги рагьун
РогьалиДа ралъдахъ вихьула дида.
Гьал редакциязул киналго къадаз
Къойил дур хIакъалъулъ бицуна дида.

## БОЛГАРИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСАН

* * *

Болгария, бачIа мун дир кочIолъе,
МагIарул рукъове гьобол кинигин;
МагIарул чиясе вачIарав гьобол
Гьудуллъун вукIуна, вацлъун хутIула.

Болгария, бачIа мун дир кочIолъе,
Каранзул рекIелъе рокьи киниги;
МагIарул рекIелъе бачIараб рокьи,
Рукьби щущазегIан, даим букIуна.

Дие мун бокьана, гьеб рокьул сарин
Санаца цIунана дица дир каранлъ.
Дун чIана мугIрузда гIазу базегIан,
Дун чIана гIадрабахъ тIегь баккизегIан.

Цо батараб гьамас босун рагьизе,
Хьатикь ккурал кIулал соролел гIадин,
Дир кверазукь къалам соролеб буго, –
Болгария, бачIа мун дир кочIолъе!

Доб декабралда, Софиялдаса
Дун унеб мехалда, нух битIагиян,
Дур гьайбатал ясаз гьаб дунялалда
Кирго гьечIел тIугьдул кьун рукIана дий.

Январалда рокъов къварилъана дун, –
Къулана речIарал бутIрулгун тIугьдул.
Огь, гьедин речIаге, кочIол рагIаби, –
Болгария, бачIа мун дир кочIолъе!

Цинги Варнаялда, сардил заманалъ
Сариналъ рехсолел цIвабзахъ балагьун,
Дица, Гамзатовас, «Гамза» абураб,

Дур бакъ гIадаб чагъир букIана гьекъон.

Гьанже хIинкъун вуго, сакI рагьизе дун,
Рокъой щущан инин гьаб шампанский.
Биччанте щущазе Дагъистаналде –
Болгария, бачIа мун дир кочIолъе!

Ва мехтизе гьаре дир магIарулал,
Доб Казанлыкалда кидаялиго,
Дур гьайбатал тIугьдуз дир черх киниги,
Дур чогърол тIагIамалъ дир ракI киниги.

Болгария, бачIа мун дир кочIолъе
Ва кидаго унге гьаниса нахъе!

* * *

Гьединан кIудияб улкаги гуро.
Амма моцIалъ тире, лъагIелалъ свере,
Сверун бахъунаро гьаб Болгария.

Щибаб росулъ гьобол ва гьудул вуго;
Гьадинго кидаго рихьичIел чагIи,
Квер босун кIалъайдал, вацал ратула.

Гьоболлъи бачIого нахъе анани,
Азда квеш букIина, дида гьеб лъала, –
Диегоги гьалбал хириял руго.

Гьединан кIудияб улкаги гуро.
Амма моцIалъ тире, лъагIелалъ свере,
Сверун бахъинаро гьаб Болгария.

Щибаб шагьаралъул паркахъ, байдабахъ,
Гьадинго нухазда, борхалъабазда
Памятникал руго багьадуразул.

ЧIваразул заназухъ эхетичIого,
Ине рекъон гьечIо магIаруласе.
ЧIварал хвараздаса гIемерал гьанир.

Гьединан кIудияб улкаги гуро.
Амма моцIалъ тире, лъагIелалъ свере,
Сверун бахъинаро гьаб Болгария.

Декабралъ гьанир рихьана тIугьдул.
ТIугьдузул гьайбатлъи, гьезул недегьлъи,
Гьезий къуличIого кинан дун инев.

Рихьана гIаздал цIун гIазизал мугIрул.
МагIаруласул ракI кинан букIинеб,
Киналго мугIрузе бахъана тIагъур.

РагIулебщинаб кечI – гьезул камиллъи,
Цо лъалеб пашманлъи, цо лъалеб рохел, –
Гьелги ахIулев тун уневиш поэт.
КучIдул лъугIиларо Болгариялда,
Тирун бахъинаро гьаб Болгария, –
КIудияб, кIудияб улка буго гьаб.

* * *

ГIадатияб улка, гIадатал чагIи,
ГIажаибал ишал, хIикматаб къисмат. –
ГIодов чIола гьалгун, гара-чIварула,
Дунго гIадал чагIи ругилан тола.

Бицуна цониги цIияб анекдот,
АхIула ругьунал, гIадатал кучIдул.
Релъула цоцазе махсара гьабун,
ГьаричIого уна кьурдизеги гьал.

Хадуб цогиязда цIехараб мехалъ,
Ялъуни тIахьазда цIалараб мехалъ,
Ратула нилъеца мугIрул цIумалин
ЦIар кьолел кIудиял багьадурзаби:

ЦIадуца рухIарал, хучдуз рорлъарал,
Хвалил моцIродасан моцIаца арал,
БецIаб туснахъалъуб сонал тIамурал,
Гьениса тIурун ун даим рагъарал;

Борисил гIассияб заманаялда
Заралги данде къан гьевгун къеркьарал,
Фашистаца улка мерхьунеб мехалъ,
Эркенлъи босизе чорхол би тIурал...

Чан ругел гьединал Болгариялда, –
Жиб-жиб ригьнив вуго гьенив багьадур.
Гьезул къисмат буго къисса, поэма, –

Гьал жалго гІадатал руго гІадамал.

Гьединаб буго гьаб Болгарияги –
ЧІухІи гьечІеб улка, чІухІараб къисмат.
Гьединав вукІана гьалмагъ Димитров,
Дуниял чІухІарав поэт Вапцаров.

Дий багьадуразул гьунаразда гьорлъ
Гьаб гІадатлъи бищун гІагараб буго.

* * *

Балагьун уго дун карачалабахъ,
Каранде дализе бетІерги гьабун.
Ралъад къоялъ хІалтІун свакараб гІадин,
Сас-хабар гьечІого буго паракъат.

«Чирахъал свинаре, кьижизе теян»,
Варна шагьаралда буго гьарделеб.
Огь, зобал, дуцаги ракуге цІваби,
МоцІ те хъаравуллъун, хъахІлъи лъазегІан.

Гьадин паракъалъун лъикІан вукІуна
РакІалги ракьалги гІаламалъулго.
Гьале цойидасан чваххун цІад бана,
Дида ккана чуял риччалел ругин.

Карачалабазда полоп речІчІана,
БорчІана хІинкъадго кІудияб ралъад...
ГьечІо паракъалъи гьаб дунялалда,
ГьечІо паракъалъи чІаго ругезе.

**БОЛГАРИЯЛЪУЛ РОЗА-ТІЕГЬ**

Мун, Болгариялъул багІараб Роза,
Щай Болгариялъул гербалда гьечІеб?
Дир ихтияралда букІарабани,
БукІинаан гьениб бищун цебе мун.

Ва Болгариялъул багІараб Роза,
Щай берцинлъиялъул гьечІел орденал?
Гьединал орденал гІуцІизе ккани,
Дица гІуцІилаан гІицІго дудасан.

## ФРАНЦИЯЛЪУЛ КУЧІДУЗДАСАН

### Машинаби унел руго югалде

Машинаби унел руго югалде.
Югалда бакъ гIемер буго,
ГIурччинлъи цIикIкIун буго.
Югалда берцин буго.

Югалда, Ниццаялда
Монакол ханлъиялда
Хинаб цIад балеб буго,
Ралъад гьелчелеб буго.

Ралъдада гуми руго
Унелги руссунелги,
Рес бугел парижанал
Югалде унел руго.

Гьал щал унезда хадур
Урхъун балагьун чIарал? –
Гьазул беразда жаниб
Бугебщинаб пашманлъи!

Машинабазда жанир
Ругел гьабзахъ балагьун,
Гьанир нуха лъималаз
Боххдул хъасулел руго.

Гьанир улбуца агьан
БутIрул хьвагIулел руго.
Гьанир бихьиназ ццидакь
Цаби рукъулел руго.

Машинаби унел руго югалде
Бугеб гучалъ гьаракь биччан, гьурилъун.
Гьезда хадуб бекерулеб, пакъираб
Франция нуха буго угьдилеб.

Югалда гуми руго
Унелги руссунелги,
Алжиралда лъукъарал,
Лъукъизе гьоре унел.

Лъукъараб Франция,

Унтараб Франция
Ун-рачIунел гумузда
Релълъун бихьулеб буго.

Ралъадилан абуни,
Бакъукь кенчIелеб буго.
Ралъдада лъалеб гьечIо
Алжиралда чIваразул.

Гьелда лъала жиндирго
Карачелалълъ чвердолел, –
Бидулъ чвердолел ругел
Гьелда рихьулел гьечIо.

Машинаби унел руго югалде,
Ургъел гьечIеб гIумруялъул ралъдахъе.
Гьайбатаб Франциялъ зарал рукъулел руго,
Дицаги гьелда цадахъ гьебго гьабулеб буго.
*1960*

* * *

Дие Франциялда
Гьекъезе щибаб къойил,
КIиго бокал кьолаан,
Бургоналъул чогърол цIун.
Дица цояб гьекъана,
Щибаб къатIра-къатIра ккун,
Дир гIагараб ганчIилаб
ЦIада росдал рахъалъан.
КIиабилеб гьекъана
Щибаб къатIра-къатIра ккун,
Дир къиматаб, хIасратаб
Москваялъул рахъалъан.
Лъабабилеб бокал дий
Гьекъезе кьураб ани,
Дица гьеб гьекъелаан,
Парижалъул рахъалъан.

Дие Франциялда
Гьекъезе щибаб къойил,
КIиго бокал кьолаан,
Бургоналъул чогърол цIун.
Дица цояб гьекъана,
Щибаб къатIра-къатIра ккун,

Кидагосеб гвангъараб
Эркенлъиялъул рахъалъ.
КӀиабилеб гьекъана
Щибаб къатӀра-къатӀра ккун,
Кидаго биххулареб,
Искусствоялъул рахъалъ.
Лъабабилеб бокал дий
Гьекъезе кьурабани,
Дица гьеб гьекъелаан
Ихтилаталъул рахъалъ.

Дие Франциялда
Гьекъезе щибаб къойил,
КӀиго бокал кьолаан,
Бургоналъул чогърол цӀун.
Дица цояб гьекъана,
Щибаб къатӀра-къатӀра ккун,
Ригь арай магӀарулай,
Дир эбелалъул рахъалъ.
КӀиабилеб гьекъана,
Щибаб къатӀра-къатӀра ккун,
МагӀил къатӀра гӀанасей
Дирго ясалъул рахъалъ.
Лъабабилеб бокал дий
Гьекъезе кьураб ани,
Дица гьеб гьекъелаан
Дир гьудулалъул рахъалъ.

Рокъове вуссаравго,
Дагъистаналда дица
Дербенталъул чогърол цӀун,
Гьекъела лъабго бокал.
Дир ракӀалъе бокьараб,
Дий ракьалда хирияб,
Хиял ккарабщиналъул,
Киналъулго рахъалъан.
Ихтилаталъул рахъалъ,
Парижалъул рахъалъан,
Гьай-гьай кӀочон. теларо,
Гьудул, дур рахъалдасан.

*1960*

* * *

Парижалъул руччаби,

Жанна Дъаркил наслаби,
КIкIуйдулаб Алжиралда
Нужер чагIи ратани,
Гьел васаллъун рикIкIунге,
Гьел россабилъун тоге,
Гьел рачIунеб мехалда,
Нуж дандчIвазе рахъунге.
Гьез бачIунеб сайигъат,
НагIана кьун, нахъе кье;
Гьеб гьез босараб гуро,
Намус тун бикъун буго.
Баргъичал нуж гIадазул
Килшал рекун рахъана,
Курхьаби нуж гIадазул
Рукьалдаса хъамуна.
Маржанал цогиязул
Щекъер ккун рикъун руго,
Жакъа нужеда кIолищ
Гьел габуралда разе?
Гьезул кверда би буго,
Балагье лъикIаб куцалъ, –
Лъималазул, улбузул,
Алжиралъул ясазул.
Парижалъул руччаби,
Жанна Дъаркил наслаби,
КIкIуйдулаб Алжиралде
Унел васал риччаге.
Гьел гIурччинал гурдазул
Лагълъиялде хъамуге,
Гьел хъахIилал тIаргъазе
МукIурлъизе тIамуге.
Гуми портаздаго ккве,
Поездазда цере чIа.
ЧIухIараб Алжиралда
Инжилъи буго гьезий.
Доба гьезда дандчIвала
ЧIунтараб ракьалъул ццин,
РухIарал росабазул
Нусазарго нагIана.
Гьабураб къварилъидахъ
Къисас босулеб тIухьи,
ТIураб магIугун бидухъ
РецIел босулеб гулла.
Те мискинал гIарабал
ГIумру гьабизе жалго,

Жидерго гIамалалда,
Жидерго гIадаталда.
Парижалъул руччаби,
Жанна Дъаркил наслаби,
Гьалдолеб Алжиралда
Нужер васал чIван хадуб,
Гьезда хадур угьдуге,
МагIу гьабун гIодуге,
ГIайиб лъил ккарабали
Лъан гурони кIалъаге.
Гьеб буго инжитаб хвел.
Хал гьабе, Франция,
Дур чIухIарал байрахъал
Гьез хъуб гьарулел руго.
Гьезие дур машгьурал
МахщелчагIаз гIумруялъ
ГIагарал шагьаразда
Сиял рорхизе гьечIо.
Солдатазул хабада
Сунареб цIадул канлъул
Киданиги гьезие
БутIа букIине гьечIо.
Гьединаз фашистахъе
Париж кьуна бигьаго.
Гьединаз Вишиялда
Бичана Франция.
Парижалъул руччаби,
Жанна Дъаркил наслаби,
КIуйдулаб Алжиралда
Нужер чагIи ратани,
Гьезул рогьояб пиша
Гьунарилан абуге.
Лъимал нечезе руго,
Гьезул бицараб мехалъ.
Поэтазул кучIдуца
Какила гьел векаца.
Цебе Дагъистаналда
Гьединал бихьинахъе
Рахъун кIазал кьолаан
МагIарул руччабаца.

*1960*

## БИЦЕ, ДАГЪИСТАН

Бице, эбел ВатIан, бице, Дагъистан,

Мун разияб гьечIищ дур васасдаса?
МустахIикъав вугиш дун дур цIаралъе,
ЦIадулъ парпадулел дур байрахъазе? –
Дур къварилъиялъе, дур рохелалъе,
Черхалда гIасрабаз лъурал ругъназе;
Гьал дур кьурабазул кьватIалабахъан
Кидаго бецIцIулеб бацIцIадаб магIий;
Гьел дур кIкIалабазул аххалъиялда
Даим релъанхъулел хехал лъаразе;
Гьарзаго би тIурал дур тIалабазда
ТIоцебе баккараб марталъул тIогьой;
ЧIварал бахIарзазде улбуз кинидахъ
АхIулел киналго дур сариназе?
Бице, эбел ВатIан, бице, Дагъистан,
Дихъ бадибчIвай гьабун балагьулищ мун?
Дун вачIунеб мехалъ кьурул свераби
Кьурун руссинадай, диде мугъ рехxун?
Дунялалда цебе гIайибав вукIа,
Дуе гIайибияв вукIун кIваричIо!
Бице гьоболищ дун, бице васищ дун
Гьаб дур тIалъиялъе, дур гIадамазе,
РачIунел, унезе, арал, гIолезе,
ТIегьан рачIунезе, речIан холезе,
КунчIун гвангъаразе, хекко сваразе,
Халатал веказул дур тарихалъе;
ГIаздалал, цIадалал, цIвабзазул цIурал,
ЦIадулал, нур чIарал, нус-нус кьер бугел,
МугIрузде рахунел нухал гIадинал,
ГIемерал батIиял гьел дур саназе?
Гьаб магIу чваххараб рохел гьабурал,
Гьадин шакърахарал, къварилъи кьурал, –
Дица гьел данд къала дир лъимал гIадин,
Лъиего течIого дир кучIдул гIадин.
Бице, эбел ВатIан, бице, Дагъистан,
Дилъ эбелалъ лъураб ракI хутIун бугищ?
Хирияб магIарул гIамал, хасият
Нуха бортичIого дилъ батарабищ?
Каранда тIад бугеб гвердеги бихъун,
Вахъун чIун вуго дун борхатаб кьурда.
Кьураби риххулеб гьаракь къинедухъ,
Поэтас ахIула: «КIалъай, Дагъистан!»
Дур вас ватичIони: гьале унеб гIор,
Дун вачеян абе карачелазда,
Вачейилан абе гъове тIиналде
ТIад вуссун кидалго вачIинаредухъ!..

Гьадал мугIрузулги гьал гIоразулги
ГIумругун цолъичIел къоял дир гьечIо.
Гьадал къункърабазул рахсидаса тIун,
Нух батIияб зодихъ дица гьабичIо.
Гьаб дуниялалда магIарул гьава
МахIалъ дида лъала, дие бокьула.
Гьал дир орденалги, дир медалалги
Дица дир мугIрузул каранда рала.
Дий щибго кIваричIо, гIагараб тIалъи, –
Дуца лъураб тIагъур буго дида тIад.
Гьобол хисуларо тIадмагIарулас, –
ТIадегIанаб улка кинан хисулеб!

*1962*

## ЦО ВЕХЬАСУХЪ ГIИЩКЪУ ККАРАЙ ГIАДАНАЛЪ ГЬАРУН, ГЬЕЛЪИЕ ХЪВАРАБ КЕЧI

Дуца чахъабазе бачунеб щвантIих
Щай бачунареб дий, тIад магIарул вехь?
ГIидра кунеб кьегIер каранде къалев,
Щай каранде данде цо дун къаларей?

АвлахъгIан гIатIидаб буртинаялъуб
БакI гIелариланищ мунго вегарав?
Чахъабазе гIоло сардал рорчIулев,
Цо сордо дий гIоло щай борчIулареб?

Чугун васандулев, гьвегун тирулев,
Унго гьезда цадахъ дун бегьуларищ?
Лълъарги ккун буртIие бетIун тIегь кьолев,
Кьолареб щай дие гьитIинаб квацIи?

Бице, дур кверазда гьеб тIил гурони,
ТIокIаб батIияб жо ккверзе лъаларищ?
Цинги дур гIундузда гIиял гурони,
ГIищкъу духъ ккаралъул мацI бичIчIуларищ?

Щибизе, гIиял вехь, дуе кьун ругел
Кьурарал михъалги, борхатаб черхги;
Гьеб гIебаб керенги, гучаб гьаракьги,
Гьудул йихьуларел беццал бералги.?!

*1962*

## «МАГIАРУЛАЙ» АБУРАБ ПЬЕСАЯЛЪЕ ХЪВАРАБ, ГЬЕНИБ

## ГЬОРКЬОБ ЛЪЕЧІЕБ ЭБЕЛАЛЪУЛ КЕЧІ

ГIодуге, яс, гIодуге,
ГIадатин нилъер бугеб:
Дуда курхьин хурасул
Хурир хIалтIулел кверал.

ГIодуге, яс, гIодуге,
ГIадатин гьеб билълъараб:
Дуда кIилкIал рарасухъ
ГIенеккулел гьел кверал.

ГIодуге, яс, гIодуге,
ГIадаталда щибилеб:
Щелбетал ретIарасул
Мерхье хIарщ гIицIал хIатIаз.

ГIодуге, яс, гIодуге,
ГIадат дица ургъичIо:
Маржанал рарас бала
Къвалги цIалги горбода.

ГIодуге, яс, гIодуге,
ГIадат буго гьеб нилъер:
Дуда шал чIварас чIвала
Дур бетIерги гьумерги.

ГIодуге, яс, гIодуге,
Дун гIодилин дуй гIоло;
ЦIакъ цIамгIалаб лъим буго, –
ЦIуне беразул магIу.

*1960*

## ГЬАНИР МУГІРУЗДА

Нуж – аххада ругел, дагIбаялъ ругел,
Гьал мугIрул тIогьазул тIараде раха:
Бихьила борхалъи – мехтизарулеб,
Бихьила берцинлъи – беццлъизарулеб.

Гьаниб эркенлъиялъ дур карандаса
Киналго маргъалал ричIизе руго.
Гьаниб хIайранлъиялъ хIеренал квераз
Дур бетIер лъухьила, дуда къвал бала.

Къараб зарукь дуца чIинтIила чIалгIен,

ЧIвараб жо киниги тIагIина ургъел.
Ина кибалиго гьороца хъамун
БукIараб пашманлъи, некIсияб жахIда.

Киналго лъаразул бусаби гьанир –
Гьекъела ганчIазда наку чIван иццал,
БитIахъе ботIрода тIад цIваби гьанир –
ЦIавуцIун квер бегье, кквезецин щвела.

Гьаниб нодо бакьулъ гага речIчIунищ –
РитIучIазда гъутIби раккулел руго.
Гьанив магIарулав цида къвалги бан,
Цциналда малги бан сверулев вуго.

Гьанир дур гъуждузда цIумал рещтIуна,
Дуца чагъана хъван чундул кьурдула.
Кьурдула, раче гьал ансамблялде –
Артистал балагьун хутIизе руго.

Гьаниб щибаб гьаракь дандерижиялъ
Дургун жубан такрар гьабизе буго.
Гьанир хIел-хIедула гIицIго хIанчIазе,
ХIилла гьабуларо чундузегицин.

Гьанир ясал руго гьерсал лъаларел.
Гьанир васал руго хIинкъи лъаларел.
Гьезул борхалъуде рахине рачIа,
Нуж – аххада ругел, дунял бихьизе.

*1962*

**ДИДА БИХЬУЛА ЦIА**

Сапаразде руссун руго дир санал,
Сверулев вуго дун гьаб дунялалда.

Амма кив кканиги кидаго, даим
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

ЦIорорал мугIрузде вахунев вуго –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Ралъдал полопалъухъ балагьун вуго –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

НакIкIал, хьухьал хъвалхьун воржунев вуго

Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Жакъа къацандана, къварилъахъдана –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Жакъа дун воххана, балай данд ккана –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Варшавалда вуго, Шопенил бакъан –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Щвана Калькутталде, Тагорил мина –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Руго факелалгун фестивалазда –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Хъвалел руго кучIдул, сунде хъваниги –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Йокьулейгун вукIа, рокьукъав дандчIвай,
Дун Англиялъул къиралгун вукIа,

Гьелъ жиндирго гьундул рихьизе гьаре –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Щибаб магIил горо гиранщинахъе
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Ругъун щвараб керен кколебщинахъе
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

Гьаб цIа сун хадуса свине вуго дун,
Дир сапар лъугIила, кучIдул къотIила,

Дие гIумру гьечIо, рагIулищ, эбел, –
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

ГьитIинаб мехалъул роххалил канлъи,
Каранда гьалдолеб панаяб хинлъи

Гьанже лъималазе бакула дица...
Дида бихьула цIа дир инсул гъасда.

*1962*

* * *

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал,
МагIарул яхIги махIги
Гьарула, цадахъ босе.

МагIарул тIамур, тIагъур,
Гьарула, цадахъ босе,
МагIарул ханжар-рачел
Борчараб цадахъ босе.

Цадахъ босе, кIочонге
МагIарул мацIги цIарги.
Цадахъ босе, кIочонге
МагIарул гIадат, гIамал.

Цадахъ босе, кIочонге
КIикIараб кини, гьулак,
Цадахъ баче, кIочонге
Чода тIад кьили лъезе.

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал,
МегIер кванараб гIиял
Хасаб тIагIам букIуна.

МагIарухъ инсул гъасда
Хасаб хинлъи букIуна.
МагIарул гъасда кочIол
БатIияб кечI букIуна.

Кинабго цадахъ босе,
МагIаруллъи кIочонге,
МагIарухъа араб лъар
Ралъдалъ гIадин тIагIунге.

Нужго тIаде къулараб
ТIокIараб ицц кIочонге,
Умумузул хабазда
Хурдузул сас кIочонге.

МугIрул тун авлахъазде
Рахъунел магIарулал,
Мискинлъи квер босун те,

Кидаго кIочон тоге.

КIочон тани ракьалда
Дур букIараб мискинлъи, –
Бесдаллъизе вуго мун,
КигIан рес букIаниги.

Цадахъ росе магIарухъ
Магьал раччарал гIарщал,
ГIамал кIодолъарабго,
КIичI-кIичIун реххе цере...

Гьарула цадахъ босе,
Гьарула кIочон тоге
КIудияб бахIарчилъц
ГьитIинаб дур халкъалъул!

*1962*

## ИХДАЛИЛ КУЧIДУЛ

ХIинчIалъ босен гьабизе
Босун унеб сумалъиш,
БуртIил кIутIби релъараб
Харил гIурччинлъиялъищ,
Хуриб гьанжего гьанже
ЦIи бахъараб рахъалъиш,
Оцол лълъарада чIвараб
ЧIегIер ракьул махIалъищ,
Иццухъ черолел ясаз
Къан цIулеб ретIелалъищ,
Къадада рак чIвалел гьал
Руччабазул кверазищ,
Кииялде рагъида
Къулараб гьаб бакъалъищ,
Бакъде кенчIелеб бугеб
Херасул мегежалъищ,
Бусби квегъулел ругел
Гьал васазул гьаркьазищ, –
Дида абулеб буго
Их щванила росулъе.

Дун гьелъухъе вортула
Къваридал къватIазухъан,
Гьудулалда данд чIвазе
ЧIалгIарав гIащикъ гIадин.

Дица гордал рагьула
Рогьалида гьелъие,
Гьобол ячIунеб мехалъ,
Каву рагьулеб гIадин.

ГIодоб чIа, берцинаб их,
Бице киб букIараб мун,
Дица мун балагьана
Бащадаб дунялалда.

КигIан рикIкIаде щварав,
Щиб-щиб ракьал рихьарал,
Бахьинаб магIарул их
Кибго дида батичIо.

Алжиралда бихьана
Бидулъ ччураб гьумергун,
Парижалда данд чIвана
Гитлерил «Майнкампгун».

Океаналъ гьукъунищ, –
Гьикъана Лондоналда,
НакIкIулъ бугин жибилан
Жаваб кьуна, бихьичIин.

Вортана дуда хадув
Индонезиялде дун;
Ириана гьечIони,
ГьечIин ихан кIалъана.

Щвана дун Кореялде...
Бакьулъа хъвалхьун буго
Ракьалъе дуца кьолеб
Берцинлъиги чIухIиги.

Мун кулисалда нахъа
Буго Япониялда,
Окинава гьечIого
КечI ахIиларин абун.

Цогиял улкабазул
Бицинего ккеларо, –
Берцинаб магIарул их,
Мун кибго данде чIвачIо.

Цоялъуб цIорон буго,
Цоялъуб бухIун буго,
МахIги кьерги дур гуро,
БатIияб тIагIам буго.

Мун кидаго гIадинан
ГIолохъанаб, гьайбатаб...
Дун дагьав хисун вуго,
Балагьуге гьелъухъ мун –

Халатал нухал тана,
Таманаб ургъел лъана,
Дур хIанчIазда лъаларел
ХIалтIаби чанги ккана.

Чиясе кьураб гIумру
Булбулалъул гуро гьеб, –
Булбулалъ кечI ахIула
Мун бачIингун ахазукь.

Дицайилан абуни,
Дур гIурччинлъидал бицун,
ГIазу балеб мехалъги
АхIула дирго назму.

Огь, билуге, билуге,
Берцинаб магIарул их,
Оцол лълъаралда бачIа
Дир росулъе мун даим.

*1962*

## СОБРАНИЯБИ

Огь собраниязул гIадлуги хъуйги,
Нужодаса гIантаб щибго бугодай!
Нужой гIоло тIолго улкаялдаса
АхIула гIадамал, хутIула хIалтIи
Поездаз рачуна, самолет уна,
Цониги бакI гьечIо гостиницазда.
ЧIалгIарал докладаз рецулел хурдул,
Халатал кIалъаяз ралел минаби,
КIалдиб полоп барал прениябиp,
Гьезул хачIал, гIарал зодор цун руго.
Гьале магIарул вехь, гIиги жибго тун,

ВачIун вуго гьанив пулан, балагье,
Доклад халалъиялъ кьижарав гьасда
Кьурулъ цIани руго макьилъ рихьулел.
Гьале хирург вуго...
Дора унтарал
Операциялъухъ балагьун руго.
Гьасие абуни зам. министрас
Задачаби рикIкIун лъугIулел гьечIо.
Хъвалеб поэма тун писатель вуго,
Гьарулел рукъзал тун къадахъан вуго.
БухIана фабрика. Ле, пожарникал!..
Гьел руго кIвар бугеб собраниялда,
КIалъаяз лъинги тIун цIа свинабулел,
КIкIуйдулъ руго росун сигаретазул.
Кваназе вилълъана, официантал
АхIун ун ратана зам. директорас,
Хеккоги, берцинги, гьуингоги квен
Кинан кьолеяли бичIчIизабизе.
Гьале къваригIелалъ гIарзаги босун
ВачIун вуго мискин тIадмагIарухъа.
ТIад вусса, дир гьудул, министерзаби
Метер собрания къачIалел руго:
Доклад хъвалел руго секретарзаби,
ХIукмаби къачIалел заместителал,
Дуде регIарав чи ватизе гьечIо –
Почалъуй рехун те тиризе гIарза.
Нахъа зурма-къали букIине бугин
РакIарулел руго собраниязде.
Гьал гьакIкIарал кIалал, гьаб бацIцIунеб гIетI,
Гьаб гIадалаб дагIба, гьаб гьагаб гьурра.
Гьаб догматиказул, демагогазул,
Кверда пинкь гьечIезул бокьулеб пиша.
Гьазухъ киназухъго хуриб бахъараб
Цо рахъ кьелароан захIматчагIаца.
Гьал протоколазухъ, гьал хIукмабазухъ
Цо хIохьел кьеларо ахIулеб кочIол.
ГIадамал гIадамал гIадин рукIуна,
ГIадаллъизарула гьал митингаца.
Берцинго данд чIвала ноцазул рукъор,
Циязда релълъуна канцеляразда.
Огъ, собраниязул гIадлуги хъуйги,
Нужодаса гIантаб щибго бугодай.
Дие нуж кIваричIо, нужер бакIалда
РекIине чуги кьун кьалде витIе дун.
Кьуру г Iанлъ-гIанлъизе хIос бегье дихъе,

Берцинай ясалда къочизе виччай,
Къаламги кодой кьун кечI хъвазе виччай.
Нужор харбаздаса рагI цIун чIагIа лъикI,
Хадуб кIалги бацIцIун, моцIалъ хIалтIун лъикI.

*1962*

* * *

Баркала кьварараб дур тарбиялъухъ,
Кьурабазул тIалъи, хирияб улка.
Баркала кидаго дун гогьлъаравго,
Горбода имгIалас кьабгIараб цIалахъ.

Баркала гIодизе дун лъугьаравго,
СихI тун вуцIинегIан дун вацIаралъухъ.
Баркала дир бетIер гъоркьа тIараде
РекIунареб нусалъ босун кIкIваралъухъ.

Баркала тIоцере хъварал дир кучIдул
Хъалиян гьабизе рихъун раралъухъ.
Баркала, гьитIинаб дир гьересиги
ТIаса лъугьун дуца цониги течIо.

Баркала цIорораб гIорулъа къватIив
ЦIа гIадин вахъине дун куцаралъухъ. –
Дий гьеб хIажалъана, цIакъ хIажалъана
ХIалимлъиялъеги хъачIлъиялъеги.

**ЭБЕЛ**

Испанияз Мадре, гIурусаз Мама,
Ингилисаз Мазе, нилъеца Эбел, –
Азарго мацIалда гьаб къокъаб рагIи
РагIула ахIулеб цого бухIиялъ.

Абула унтулез, рортун унеца,
Эбелалъ рачIун жал кквелел киниги.
Абула чвахулеб гIоралъ росулез,
ТIаса лъугьайилан гьарулеб гIадин.

РорчIигун лъималаз ахIулеб буго,
ЗахIматчияс макьилъ щурулеб буго,
ЦIадулъан магIулъун беролеб буго,
МагIил гаралъ цIалъун кенчIелеб буго.

Кверазда рахарал рахсазул гьаркьаз
Гьеб цIар туснахъ рукъоб такрар гьабула.
Гуллица борлъараб кереналда тIад
Кверги лъун холелъул гьеб цIар ахIула.

ГъотIода рещтIараб тIинчIаб милъиршо,
Мун эбелин гурищ ахIделеб бугеб?
Рохьазда женжелеб, лъукъараб чан, мун
Дуй гIумру кьуралъухъ гурищ гIодулеб?

ГанчIазда гъоркь бугеб иццухъ гIенеккун,
Эбелан угьдилеб рагIулеб буго.
Зодосан бараб цIад, гIодой щварабго,
Гьебго рагIи абун уна ракьулъе.

ЦIамгIалаб магIица, бухIараб биялъ,
РахIат гьечIеб ракIалъ, кинабго черхалъ
Дицаги кидаго, кире щваниги,
Щурула, ахIула эбел, эбелан.

ТIаса лъугьайилан, ургъел ккогеян,
Кинабго лъикI бугин абулеб гIадин,

Испанияз Мадре, гIурусаз Мама,
Ингилисаз Мазе, нилъеца Эбел, –
Азарго мацIалда цого бухIиялъ
АхIула къадруяб гьаб къокъаб рагIи.

*1962*

## УНТАРАВ ВАСАСЕ ЭБЕЛАЛЪУЛ КЕЧI

КIалдиса бахъуге, хъалиян бухIе,
БокьанагIан гIемер гIаракъи гьекъе,
ГIицIго хвезе чIоге, унтизе чIоге...
Вай дир хирияв вас, дир хирияв вас.

Дунял рагIалде а, кагъат битIуге,
Кидаго щибниги бадиб чIваларо.
ГIицIго хвезе чIоге, унтизе чIоге...
Вай дир хирияв вас, дир хирияв вас.

Дуего бокьарай лъадиги яче,
Дуда лъикI бихьараб дида гьикъуге,
ГIицIго хвезе чIоге, унтизе чIоге...

Вай дир хирияв вас, дир хирияв вас.

*1962*

* * *

Огь, рагъул хIинкъиялъ тIолго хIинкъаби
Рукъзабахъа гьанже хъамулел руго.
Борхун гIащтIи бихьун, гIатIилъун арал,
ГIадамаца берал рахчулел руго.

Цояца аллагьин, цояз эбелин,
Цояз аманилан ахIулеб буго.
Щиб вахIшилъиялдеияхI бачIараб?
Инсанас чIваладай живго жинцаго?

Жиндирго гIакълуги, жиндир гIумруги,
Жиндир гIаданлъиги, жиндир тарихги,
Жинца ургъарабги, жинда лъарабги,
Жинца гьабурабги, гьабизесебги?

Жинца балагьараб, жинда батараб,
Жинда батизесеб, жинда рагIараб,
Жодорго Шекспирги, жодорго Римги,
Жодорго эбелги, жодор лъималги?

КIикъойида щуйилъ Хиросимайищ?
Дир хирияб Париж, дуе бокьараб?
Нагасакиялъул чIунтелазухъищ,
ЧIухIарал шагьарал, нуж урхъун ругел?

Дие бокьун буго яргъица гурел,
Городал рахъизе кочIол аскараз.
Бокьун буго чагIи, рагъ гьабичIого,
Пленалъ росизе гIищкъул асараз.

*1962*

* * *

«Данде ккейгун жий лъачIин,
Жиндий салам кьечIилан»
Семулейищ мун йигей? –
Семуге, берцинай яс.

Кинго бажаруларо
Божизе щибунниги,

Гьединаб дангъва бугей
Дида мун лъалин абун.

Мун цIакъ гьайбатай йиго.
Мун цIакъ камилай йиго.
Кинабго дунялалда
Мун гIадай данде чIвачIо.

ТIолго цIраби лъаниги,
ТIолго цIаял лъанигя,
Мун дида лъалин абун
Кинго дун божуларо.

* * *

«Хисардулев, чIей гьечIев» –
Огь, чIамучIал гIайибал!
Дун чIа.гояв чи вуго –
Зани чIварабго чIела.

Огь, чIеларо, чIеларо –
Зани бахъун вахъина,
ЦIакъ гIемер рокьи буго
Гьаб ракьалда дир рекIел.

Гьагъаб рохьой балагье,
Рохьоб гъутIбухъ балагье,
Гъозулцин цо анкьица
БукIунаро ккураб хIал.

Дунги цо гъотIол гIаркьел,
Дунги гIорул карачел;
Дун гьелчелев чIеларо –
ЧIаго вугев чилъидал.

## КУБАЯЛЪУЛ ТЕТРАДАЛДАСА

* * *

Дир гьудул, рекIелъ цIа дагьлъун батани,
ЦIер чIвазе каранда лъугьун батани,
АнцIила анкьида букIараб жигар
Жакъа дулъ пашманго кьижун батани,
Лъебералда анкьилъ лъукъараб рекIел

Куркьбал жеги далун дур ратанани,
Вилълъа дида цадахъ цо улкаялде,
Америкаялъул чIинкIиллъиялде.

Вилълъа Кубаялде, дуда бихьила
Кин сордо рогьунеб инкъилабалъул,
Гьелъул гIолохъанлъи, гьелъул берцинлъи;
Беразда бугеб нур, черхалъул чIухIи,
РитIухълъи, гIакъиллъи, Октябралда
Умумалъ букIараб ракIалъул божи,
Пасрекопалъул хIур, Каховка, Херсон,
Кагътил гурел, цIадул багьадурзаби.

Вилълъа Кубаялде, дуда данд чIвала
ЧIегIераб чода тIад гьалмагъ Чапаев.
Дос лъукъараб квералъ цо Урал гуреб,
Океан бахана доза вагъизе.
Дова данде чIвала кожинкаялъулъ
Клим Ворошилов жеги бахIарав,
Жегиги яхIалда хIур хъвазе течIев,
Жеги хIинкъи гьечIев, пагонал рачIев.

Дора коммунистал, революция...
Интернационал доз ахIулеб куц!
Нилъеца киниги конференциялълъ
Кагътидеги къулун гуро ахIулеб.
Къвалал цоцада ран, кинабго ракIалъ
Кубаялъ ахIула испани мацIалъ.
АхIула эбелалъ гьеб лъималазе,
АхIула лъималаз гьеб эбелалъе.

Вилълъа Кубаялде... дора дир кверал
Куркьбазде руссана, воржунев вуго.
Дихъе нахъ буссана некIсияб жигар,
БакIлъана нусцIуса дир букъараб зар.
Доба Фиделица, киназго гIадин,
Карточкаялда чед босулеб буго.
Доба дос рогьалилъ, ярагъги бацIцIун,
Чакаралъул муцIи къотIулеб буго.

*1962*

**БУРТИНА**

ГIемераб рагIи щай, рагIабаз гуро
МагIарулаз гIищкъу баян гьабулеб:

Биччай, Фидель, гIебал гьел дур гъуждузде
Гъалараб буртина тIаде рехизе.
Гьаб гьабуна рикIкIад магIарул росулъ
МагIарул ясазул хIеренал квераз.
Тамахаб квасалъул букIананиги,
КъвакIарал бихьиназ тIад ретIуна гьаб.
Гьеб дур гьунаралъе, гьеб дур цIаралъе,
ЦIа бадиб кенчIолеб гьеб дур черхалъе,
Магжилав багъадур, гьаб рекъолеб куц –
Боржунеб цIумалъе куркьби кинигин.
Гьалда маргъал гьечIо, ярагъги бахъун,
Нахъе гьабги реххун, уна гьужумалъ.
Тушман данде чIвайгун гьаб гIодоб тIаме,
ТIаде вачIа абе лъикIав бихьинчи.
Лъала, Кубаялда бакъ гIемер буго,
Квач-цIорояллдаса гьалъ цIуниларо.
Амма дир цIорорал мугIрузул тIогьиб,
ЦIвабзазде балагьун дагъистанияз
Дуе ахIулеб кечI дуда рагIизе,
МагIна, бухIи гьелъул дуда бичIчIизе,
РетIе гьаб буртина цIад балеб мехалъ –
ЦIакъ гьуинаб макьу бачIина духъе.
РетIе гьаб буртина, гьалъ дуй бицина
Дир мугIрул улкадул, дир Кавказалъул,
Ракълилал цIадазул, рагъул цIаязул,
ЦIар бугел лебалал партизаназул,
Полказулъ камилал комиссаразул,
Каранлъ цIа гьалдолел шагIирзабазул...
Биччай, Фидель, гIебал гьел дур гъуждузде
Гъалараб буртина тIаде рехизе.

*1962*

* * *

Кубаялдеги щун, щва Европалде, –
Щибго пайда гьечIо, чIобого буго.
ЧIалгIинчIо моцIица Гаванаялда,
ЧIалгIана цо сагIат Голландиялда.
Мун, берцинаб Париж, дуе ккараб щиб, –
Кеп гьечIо дур къватIахъ гьанже ракIалъе
Киб араб бицунеб гьаб дур берцинлъи, –
Балагьулеб буго, батулеб гьечIо.
Дун Франциялъул тIолго сверабалъ
Сьеро-Маэстра цIехолев вуго,
Британиялъул чIинкIиллъиялда

Плай-Хирон гьечІищ, хал гьабун вуго.
Хъаравул бортараб сагІат киниги,
Тамахьу тІагІараб гъутухъ киниги,
Буго Швеция, Швейцария...
Цо магжилав Фидель гьазие лъикІан, –
Кьижухъе ругел гьал рорчІизаризе,
РечІарал гъутІбузда тІегь базабизе.
Океанги бахун, вачІа мун, Фидель,
Гьаб Европаялъул чІалгІен хъамизе.

*1962*

## КУБАЯЛЪУЛ ТІУГЬДУЛ

Буго Кубаялда цо панаяб тІегь,
ТІезе ракІ хІинкъараб, боссе нечараб.
Буго тІугьдузда гьорлъ чІухІараб пача, –
Гьединаб кидаго дида бихьичІо.
БагІарал розаби, гІайиб гьабуге
ГІажаибаб буго гьелъул пахрулъи.
Гьайбатал тюлпанал, мекъи бихьуге,
Бакъги биги буго гьелъул тІанхазулъ.
ТІогьода цІар буго цІакъго камилаб,
«Кубаялъул хІасрат» абула гьелда.
Кубаялъул хІасрат – революция,
Дур берцинлъи дида гьелъулъ бихьана.
Буго Кубаялда, гьелъул мугІрузда
Цо гІадатияб тІегь, дица гьеб тІуна.
КІудияб пахрулъи гьечІонаниги
Гьеб дица босана Дагъистаналде.
Дие гьеб бокьана, дир кьурабазул
Кьеразул бицана гьелъ Кубаялда.
Гьайбатаб чІинкІиллъи, дур эркенлъидул
Гьулакалда аскІоб бижун буго гьеб.
Лириос – гьелда цІар, щурула дица,
Данде жаваб гьабун гьимула тІанхал.
Кубаялъул хІасрат – революция,
Дур лебаллъиялъул гьелъ дий бицуна.
Руго Кубаялъул камилал тІугьдул
«ТІайпусил хІулиял», «ХІанчІазул куркьби»,
«Къиралалъул пашмакъ» – огь гьезул ругел
ЦІаралги, кьералги, хасияталги.
Дие ахихъабаз гІемер бицуна
ГІажаибаб къиса жиб-жиб тІегьалъул.
Гьел гІун рачІунеб куц, гьел речІалеб куц,
Кин гьезие хъулухъ гьабизе кколеб.

Амма Кубаялда тIегь-тIегь бечIана, –
ТIугьдул речIаларо кидаго, даим.
Цо-цо вас камула, халкъ тIагIунаро, –
Хвел гьечIеб, цIакъ хIакъаб буго инкъилаб.
Цояб хъатикь тIогьол квацIабиги ккун,
Цояб квер борчараб танчидаги лъун,
Бихьана мухIканго босулеб гали
Кубаялъул хIасрат – революциялъ.

*1962*

## ХIЕЛКАЛ

Жакъа дун, гьитIинго росулъ киниги,
Кубаялда хIелказ ворчIизавуна.
ВорчIизе гьавуна дун макьидаса,
Гьаб чорхолъ гъапулаб хIалхьиялдаса.
БорчIизе гьабуна дида кIочараб,
БачIун кодоб кьуна дихъа бортараб.
Дилъ гIенеккун чIарал кучIдул рорчIана,
Киралиго тарал ихал рорчIана,
Кинидахъ эбелалъ ахIараб сарин,
БухIараб гIучI гIадин, рекIеда хъвана.
ХIинкъараб хIакъикъат, къанщараб гьунар
Гьале жалин абун рахъун рачIана.
Кагътиде къуларал къоялгин санал
КIочене гьарурал ихал рорчIана.
Щуб ккараб ххарида гIицIал хIатIалгин
Дир гьитIинал санал данде роnatана.
РацIцIадал хиялал, хириял къасдал
ГIеккана, гIеккана каранзул ракIалъ.
Кьурул рагIалалда гIодоб букIараб
ГIодиги релъиги лъана, бихьана.
Жакъа Кубаялда хIелказул гьаркьаз
Дир гIумрудул рогьел рагьана дие.
Дун цIакъ къварилъана, дун цIакъ воххана,
Дун цIакъ ццидахана, цIакъ намуслъана.
Огь, Дагъистаналъул росабалъ ругел
Рогьелалъул гIурхъул хъаравулзаби,
Гьобол вачIанилан бицунеб гIадин,
Къо бачIанин дида бицарал хIелкал,
Росу таралдаса кьижунищ ккарав –
Кидаго нужеца ворчIизавичIо.
Шагьараз, поездаз, гьагал хъуяца
Нужер гьаракь дида рагIизе течIо.
Огь, магIарул хIелкал! МугIрузул васал

Росаби тун рикIкIад руго шагьарахъ.
Гьезул гIемеразда хур бекьизеги,
Чуял кьолозеги кIочон тун буго.
Хъулухъ цIикIкIарабго, кIичIун бутIрулгун,
КIодолъарал гьезда нуж лъалел гьечIо.
Гьел батIияб мацIалъ кIалъалел руго,
Гьел батIиял гьаркьахъ гIенеккун руго.
Роржа рогьалида нуж гьезда хадур,
АхIде гьезул гордахъ, кабинетазда,
РещтIа поездазда гьел рачун унеб,
А нуж Анжиялде, а Москваялде!
РорчIизе гьаре гьел, рахъине гьаре,
Руссине гьаре гьел инсул ракьалде.
Гьезулъ магIаруллъи борчIизе гьабе,
Гьулак кIикIараб бакI бихьизе гьабе,
Гьел канцеляразул кагъталги рихъун,
Умумазул хурзал цере тIиритIе.
Кодоб ккураб гьезул телефон бахъун,
Кинидахъ эбелалъ ахIараб кечI кье.
Доба Каспиялда чайкаби руго,
Чайкабазда киса Дагъистан лъалеб!
Салуда регарал васазухъе ун,
Иццалги лъаралги рорчIизе гьаре.
МагIарул гIадатги, гIамалги, яхIги,
МахIмудги, МахIачги рорчIизе гьаре.
Кьижараб лебаллъи борчIизе гьабе,
Бегараб ритIухълъи бахъине гьабе.
Гьал собраниязул дагIбаяздаса,
СихIирал гьерсазул гьимияздаса,
Гьагал мацIаздаса, хIелхIелалдаса
Дир дагъистаниял рорчIизе гьаре.
Гьезухъе чIухIи кье, гьезухъе чу кье,
Гьезда абе, хIелказ рорчIизарулез
БечIчIулин, бекьулин, улка хьихьулин.
РорчIизе гьаре гьел нужер гьаркьаца,
Жакъа Кубаялда дун кинигинан.

*1962*

* * *

ТIахьал гIемерал хъвана
Нилъер гIумрудул рахъалъ,
Амма рагIи абичIо
Унго-унгояб хIакъаб.

Абуна кIудиябин,
Абуна гвангъарабин,
Газаргъодал чIор гIадаб
ГIужда щвараб абичIо.

Азарилав ватила
Гьеб рагIи балагьулев,
МагIарул поэт дунги
Гьеб чIор цIехолев вуго.

Виларав вас кинигин,
ЧIунтараб рокьи гIадин,
Лъимадул унтараб бакI
Мискин эбелалъ гIадин.

Гьерсилав гьудуласе
Кьолеб нагIана гIадин,
КIудияб такъсиралъухъ
Рекъараб тамихI гIадин.

Каранлъ чIвараб хеч буго
Бахъизе кIоларого,
КIудияб рогьо буго
РогъинегIан хьолбохъ чIун.

ГIумру релълъунеб буго
Бек-бекараб гъадрида –
КигIан регъананиги
Гъорлъан бецIцIун уна лъим.

Лага релълъунеб буго
ЧIваби тIураб тIармида –
ЧIор гIадинаб гIужилаб
РагIи батулеб гьечIо.

Гьеб хIакъаб рагIи батун,
Метер хвани кIваричIо...
КучIдул гIемерал хъвана,
РагIи жеги батичIо.

*1962*

* * *

Съездалда доярка
Дир мадугьалихъ йиго,

Докладалъухъ гIенеккун,
Гьай дагьай гъапуллъана.

Гьалда макьилъ гьабсагIат
Дагъистаналъул хурдулъ
Хирияб фермаялда
ГIачи рихьулел руго.

Рахьдал хъуби гъежда лъун,
Ясал рихьулел руго.
Рохьдолъ бугъби киниги,
Васал рихьулел руго.

Гъезда гъорлъа цоявгун
Цадахъ, бецIлъи лъарабго,
Лъарал рагIалда хурдулъ
Хурхун йихьулей йиго.

Кьижун йиго доярка
Докладалъухъ гIенеккун.
Маякалъе бугеб лъикI,
Лъай гьечIелъидул талихI.

Лъебералда анкьида,
Макьу чIвараб соналда,
Гьай гьаюнцин йикIинчIо
РикIкIада мугIрул росулъ.

*1963*

**ЛЪАЛХЪЕ, ГЬУДУЛ**

ГIедегIуге, гьудул!
ВорчIараб мехалъ,
ВачIинахъе вахъун мун хехдаруге;
Тамахаб бусада сардилъ бихьараб
Дурго макьуялъул цин хIисаб гьабе.

Партал ретIиналде, гордоги къирун,
КъватIиве балагье, гьава кин бугеб?
ЦIадищ балеб бугеб, гIазуйищ бугеб,
Я гIагараб рокъоб бакъищ щун бугеб?

Сапаралъ унелъул тIадмагIарул чи
Чода рекIунаро росу тезегIан.
Гьав чуги хадуб цIан уна хиялалъ,

Хадув дагьав лъалхъун балагьула нахъ.

Нилъеца гIедерал чапараз гIадин,
Чодул хьалбал бохдуз руго рухулел.
Бида бецIулаго нилъер гIаларча
ГIассияб кIкIалахъе буго кIанцIулеб.

Я гIурумухъалда, я ахил рагIдукь,
Я авлахъалда нилъ гьечIо лъалхъулел.
Росабалъ бертинищ, чи хунищ вугев? –
Хабар цIехечIого руго рортулел.

ГIор бахараб мехалъ абулеб рагIи
Гьелда бер чIвалалде буго абулеб.
МугIрузул тIарада тIамулеб бакъан
Ахада рукIадго буго бачунеб.

ГIедегIуге, гьудул, гIедегIун хъварал
ГIемерал рухIанин нилъеца кучIдул.
Бекун хадуб ккола квераца бетIер,
Кибе балагьун мун букIарабилан.

Нилъеца нилъер хур цебесан гуро,
Цере-цере кIанцIун лъилъана, гьудул.
Ва гъоркьго хутIарал тIорал киниги,
Камуна, тIагIана нилъер гIемер чи.

Нилъеца гIедегIун кьуна орденал,
Кьурал рахъизеги гIедегIана нилъ.
ЧагIи рорхизеги, гьел реххизеги
Рорхан щинал кверал кигIан хIанчIарал.

ХIукмаби хисана гвадичал гIадин,
Героял къакъана гьерсилал мацIаз.
КигIан нилъер хадуб ракI бахъаниги,
Хварал вацал нилъер рахъунел гьечIо.

КигIан гьел рукIарал цIар бугел васал –
ЦIелъги лъун рухIарал тушбаби абун.
ЦIар нилъеца гьезул гьабуна хвасар,
ХвасарлъичIо жалго, гьечIо жакъа гьел.

Дун къулун хьвадеян абулев гуро,
Гали цебе лъезе хIинкъарав гуро;
Диеги бокьула гъугъайгин пири,

Панаяб августалъ чвахун балеб цIад.

Дунги гIемер ана хъахIлъи лъалаго,
Лъадул кверги босун нуха сапараз.
Амма аби буго цIоралъул чанцин
ЦIодорго кьижулин цояб бер рагьун.

ГIедегIуге, гьудул, гIедегIарасул
Жибго чу бачIуна тIад чи гьечIого,
Яги чи вачIуна буртиналда лъун,
КъотIараб бетIерги байдабазда тун.

ГIетIулъ росун ругин нилъер айгъирал, –
Умумаз малъухъе дагьалъ лъалхъизин.
Нахъе балагьизе тараб нухалъухъ,
Цере балагьизе толеб нухалъухъ.

## МУСТАЙ КАРИМИДЕ

Гьал щал, мугIруздасан хъахIал чуязда
Чабхъаде рахъарал мюридал гурищ?
Гуро, гьаб нахъеги цIорол мугIрузда
ЦIум хIулулеб буго, хасел щун буго.

Дица дир гIагараб рукъалъул кIалтIа
ГIазу тIаргъидаса кIутIулеб буго.
Дуниял тирарал хьиталги рацIцIун,
НуцIа рагьун жанив дун унев вуго.

Санал ана, Мустай, ва ине руго, –
Санаца сон хисун, нилъ хисиларо,
БотIрода кар хисун, нилъ хисиларо,
Календарал хисун, нилъ хисиларо.

Нилъер бутIрул оуго, нилъ тIаргъал гуро,
Нилъ чухъаби гуро, нилъ чагIи руго.
Амма букIаниги, дир хирияв вац,
Хисизе гьаруна гьаб гIурмуялъ нилъ.

Хисизе гьаруна саназ, гъалатIаз, –
БетIер чанцIул нилъер кьурда тункараб?
УргъичIого хъварал кочIол рагIаби
МагIил гарал гIадин гирула рекIелъ.

Хисизе гьаруна нилъ камияца, –
Кайсын тIад вуссингун лъана гIемераб,
Кавказ гIадаб ВатIан батIа гьабурав
ПоэтгIан къваридав щивго вукIинищ?

Нилъ хисана, Мустай, гьалагал чуяз
Чан нухалъ реххарал гIедегIарал нилъ?
ГIумруялъул дарсал рукIана санал,
Сапараз малъана хIетIе бахъизе.

Нилъеца гьеб хIетIе бахъулеб буго,
БетIер черхалда тIад бетIерлъун буго.
Гьанже нилъ бокьараб чабхъеналъе кка,
Чуяздаса, Мустай, йохъ, рортиларо.

Нилъ щал кколеяли нилъеда лъала,
Лъимерлъи, гIиссинлъи рикIкIада тана.
ТIадагьаб рохелалъ нилъ мехтиларо,
Гьерсилаб рецц-бакъалъ нилъ беццлъиларо.

ЦохIо зинкIкIаниги зигардараб черх,
МахIу беканиги, галадиларо.
Нилъ кIудиял гIуна гIемер гьал саназ,
СихIирал гьерсаца нилъ гуккиларо.

Нилъер нух халатаб, гьайбатаб буго,
Гьел-гьал дагIбаязде нилъ регIун гьечIо.
Гьунаралъ таразул гьадингояб къец, –
Гьеб хьуцIида гъорлъе нилъ лъугьинаро.

Нилъее кIодолъи къваригIун гьечIо,
КIудиял гIун рукIин гIола нилъее;
Машгьурлъи, цIар гуро, – цIадирабазда
ЦIалеб буго рагIи, кинабго гIумру.

Нилъеца, гьалеян гьудулзабазда,
Цебе гIолохъанаб мехалъ киниги,
Кагътал рихьуларо кучIдузул бицун
Библиотеказул ясаца хъварал.

Гьанже больницазда угьдулез буго
Унти бицун кагътал нилъехъе хъвалел.
Нилъер кучIдул дозухъ сестрабигун
Сордо борчIун цо-цо рукIине бокьун.

Нилъехъе бачӀуна туснахъалдасан
ТалихӀ къараб къисмат бугезул ругьел;
БачӀуна росулъан хурухъабаца,
Херлъараз бачӀуна пенсия гьарун...

Нилъ жавабал руго, жавабалдаса
Жакъа нилъ поэтал рахчизе гьечӀо.
Нилъ нилъер бохдузда рахъун чӀун руго,
Унеб нух лъидаго цӀехезе гьечӀо.

Нилъедаго лъала, гьал нилъер кверал
Ккогейилан абе, нилъго рилълъина;
Дица бараб гӀазу кӀудияб белалъ
Буго тӀохде вахун гӀодой реххулеб.

Ина гӀумруялъул гӀемерал санал,
Цогиги анкь ина, щвела цӀияб их...
Кинаб талихӀ, Мустай, мун дунгун вукӀин,
РакӀ жубарав гьудул, поэт, бихьинчи!

*1963*

## ИНДИЯЛДАСАН КАГЪАТ

*А. Твардовскиясе*

Дица хъвалеб буго Бомбеялдасан,
Бакъул гъадриниб лъун ракъи бикьулеб,
Азарил саназул философия
Цере хъаталги ккун къватӀахъ гьардолеб.

Гьанив дун санаца сверун ккун вуго, –
«Сухой законалъул» зулмудул кутак.
Дие, Кавказалъул кочӀохъанасе,
Кофе бокьичӀони, маян кьола чай.

Кьурул рагӀалдасан гӀатӀилъиялде,
ГӀодой балагьараб хъарчигъа гӀадин,
Дун океаналъухъ балагьун вуго,
Индиялъул гьумер полпилъ чурулеб.

Океан беричго гьелчелеб буго,
БагӀарараб бакъукь гьалделеб буго;
Гьениб рагӀаллъуда русби рихьула,
Жеги лъим лъаларел лъимал киниги.

Гьел ругьунлъун гьечӀо гъварилъабазде,

Лъадал рикIкIадисел гIатIилъабазде;
Гьезул къуват гьечIо къайиги баччун,
Карачалабалъан сапар гьабизе.

Гьел хъудулел руго тIерхьун аралъур,
Бакъ гьикъун, къо цIехон, цIадахъ балагьун;

Амма рикIкIалъуда, дида бихьула,
Халатал сапараз, сардал-къояца
Карачалабалъан къайи баччулеб
Гучаб гама буго кьурул си гIадин.
Гьеб гIенеккун буго, балагьун буго
Бакъ букIа, цIад букIа, океан гьелче.

Гьелъие бокьула лъадал гьварилъи,
Гьал рагIаллъабазде гьеб регIун гьечIо
Гьеб чIухIараб буго, гьайбатаб буго, –
Гьеб бихьун ракIалде щвана дида мун.

Дир хирияв гьудул, нилъер улкаги
Океан киниги гьелчелеб буго;
РагIаллъуда руго гIисинал русби,
ГIатIилъуда руго чIахIиял гуми.

Дица хъвалеб буго Бомбеялдасан,
Бала дица дуда рикIкIадасан къвал;
Дун вохизавула борхатго ккураб
Кидаго къуличIеб гьеб дур бетIералъ.

Мун берцин вихьизе лъийго гьимичIо,
Гьунар хъудичIого чIухIун хьвадула...
Философиялъул Индиялдасан
Урхъараб, чIалгIараб салам дир дуде.

*1963*

**МАРШАКИХЪ ГЬОБОЛЛЪУХЪ**

Гьанив мун вачIингун кечI ахIиларо,
Кавказалъул лълъарал дуй рорхиларо.
Гьаниб Востокалъул сайигъатилан
Цебе лъела дуда кофедал чашка.

ГIакъилав хважайин харбиде вайгун,
ХутIила дур кофе гьекъезе кIочон;
ГIодобе биччараб букIина накъит:

Бакъалъул, хурдузул, цIвабзазул цIураб.

Гьас тIехь кодоб ккола, бусургьабаца
Бисмилаги бахъун, къуръан киниги.
Гьас тIамчал регула, гьениб бахчараб
Панаяб чан къватIиб тIурилеб гIадин.

Гьев кIалъалеб мехалъ, плащги реххун,
Пушкин вачIун чIола дуда аскIове;
Велъанхъула мунгун пашманав Гейне,
Горкица реххула хъегIун цо рагIи.

Веказул щобалъан Шекспир вачIуна,
Щивали лъаларев чи дур лъугьуна.

Гьас хварал.гин чIварал чIаго гьарула.
ЧIагоязул нагагь бицен ккарабго,
Жиндие цо квалквал ккараб кинигин,
Квер хьвагIула гьезде, пайда йохъилан.

Духъе щвезавула Шотландиялъул
ШагIиргин хурухъан лъай-хъвай гьабеян.
Роберт Бернсица дур гъежда квер лъола,
Гъосул ракI, дир гIадин, мугIрузда буго.

Гьас дуе цIалула дуца цIалараб,
ЦIидасан рагIанин ккола дуда гьеб.
Гъас дуе бицуна дуда рагIараб,
МагIна тIоцебехъе бичIчIула дуда.

Дир пикру букIана гьал дир асарал
Унго Маршакие цIализе цоян.
Гьесухъе щваравго... хъванщинал кучIдул
Киналго кIочон тун вуссана нахъе.

ГьитIинаб мехалда гъасда гIодов чIун,
Инсухъ гIенеккарав вас кинигинан,
ВукIуна даим дун Маршакил рукъов,
ГIакъилав, хIалимав чиясда аскIов.

*1963*

**КАВКАЗАЛЪУЛ ГЬАЛДОЛЕЛ КЪОЯЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ**

*Ир. Андронниковосе*

Дуца вачIинилан къотIиги гьабун,

Дун къачIан вукIана исана ихдал;
Рорхатал мугIрузда гьеб хабар дица
Хасел иналдего букIана бицун.

Африкалъул хIанчIи Хунзахъе щвейгун,
Хехго мун рештIинин букIана абун.
Гьалбал рокьуларей дир якьадгицин,
Мун вачIине вугин, йикIана чIухIун.

Амма гъеду ана нижер тIохдасан
ТIад свериги бахъун цо рахъалдехун...

Мун вачIинчIо. Духъан кагъат бачIана
Казахстаналде воржине кканин.
Доба целинаян, цинги жиндирин
Жеги тIехь лъугIичIин Лермонтювасул...

Дида квеш букIана. Каранзул «ТАССалъ»
Гьереси гьабуна гьабураб къотIи.
«Къо къалъулеб буго Дагъистаналда» –
Лермонтовас гьедин гьабилароан.

Амма букIаниги рекIелъ ццин гьечIо,
Дур хинлъигун лъикIлъи лъалелъул дида.
Гьаб лермонтовазул замана гуро,
Гьанже Кавказалде ккун ритIуларо.

Даим роржанхъулел хъахIилал накIкIаз
НекIсияб пашманлъи гьабулеб гьечIо.
Гьанже пача гьечIо поручикасул
Чин гъажалда базе кочIохъанасда.

Гьанже цIумазецин бигьаяб гьечIо
ЦIумаллъун рукIине, анцIго кваркьи кье.
АнцIабго гIеларо... гIазизаб ракьалъ
ГIатIидаб дуниял тиризабула.

Дицаги тирана. Ва амма Кавказ,
Дир камилаб улка, кучIдузул тIалъи,
ТIолго гIаламалъул каранда рарал
Руцалаби гIадин, бихьула дида.

Гьелъ квеш букIун буго мун вачIинчIолъи,
БичIчIа, гьудул, дуда дир лъукъараб ракI.
«Дида гъоркьа Кавказ тIадегIанлъуда»... –

Пушкиница гьедин гьабилароан.

Амма букIаниги гъастIа бакараб
БагIараб цIа дица теларо свине.
Дир тIалаялъусан тIагърал гIадинал
НакIкIал къотIиларо къватIире унел.

Мун вачIина дихъе, гIодор чIела нилъ
ЧIегIерал буртабалъ мугIрул каранда;
Рилълъина кьурулал кьватIалабахъан,
Кьурдила полпилал чвахиял нилъей.

Чундул гьикъардила щванищ гьоболан,
Иццал расандила босе гьекъеян.
«Къо къалъулеб буго Дагъистаналда» –
Нилъеца бицина Лермонтовасул.

Бицина Шамилил, Грузиялъул,
Гаргар-хабар ккела Ермоловасул. »
Дица гьес рухIарал дир росабазул
Нусго сонил рохъо бихьила дуда.

Бицина нилъеца гьаб Кавказалъул
Гьалдолел къоязул, цIадул сардазул.
Черхалда борчараб рачел чучичIел,
Чуяздаса кьалал тIаса ричичIел.

Дир хирияв гьудул, чан хабар бугеб
Хадуб Кавказалда цадахъ бицине.
Хекко чода рекIа, данде бахъине,
Дир элхъи цебего хIадурун бугин.

Гьезда гьоркьоб дуца бокьараб бище,
Кьилиги хвалченги хал гьабун буго.
Мун тIад рекIараб чол чIухIараб хIихIи
Кьурабаца такрар гьабизе буго.

Нахъеги рес гьечIин кагъат бачIани,
Дун кидаго гьелда божизе гьечIо:
«Ираклий – дир гьудул, Ираклий – дир вац,
Ираклица гьедин гьабизе гьечIо».

*1963*

## ГIУМРУ

Дица дир гIумрудул ургъел гъабичIо...
ГьекъечIо дараби, гьекъана чагъир;
Тохтирасда дунги, дида тохтирги
Тирулеб дир векалъ дагьал рихьана.

Амма гьаб нухалда Африкаялда
Дун унго-унголъун хвезе вахъана.
РикIкIад Малиялда, Бомакоялда
БагIарараб цIадулъ дун цIорон ана.

Кинав чанахъанас чIорбутI речIараб,
ЧIвараб чан кинигин, чIана гьинал ракI?
Сверун ана бетIер, далана кверал,
Ракъвана дир кIутIби, къотIана калам.

Канлъи босилалде, лъала гьеб дида,
Дун ахIдана виччай зоб бихьизеян,
Чияр ругониги ракьги гъутIбиги
Бокьун бугин дие балагьизеян.

Те дун хал гьабизе дир улкаялде
Их щванин бицине роржунел хIанчIахъ.
ЧIегIераб Африка, пальмабазул ракь –
Гьадин кIалъалаго лъай босана дир.

Лъаларо щиб гьабун, кинаб къуваталъ
Лъица дун цIунарав цIаялъ вухIичIев...
Гьале цойидасан хвечIого лугбалъ
ХутIараб гIумрудул гIаламат буго.

Дагь-дагь ккун кверахъе къуват буссана,
ТIаде къулун ругел гьомерал лъана;
Огь, гьезул берцинлъи, гьезул гIагарлъи,
ГIадамасул гьомер бугеб гьайбатаб!

Дида гьезул рагIи рагIулеб буго,
ГIадатал рагIаби, огь, гIаламалъи!
Гьале дун бохдузда вахъун чIун вуго,
Дунищ гьав вилълъунев, огь, кинаб хIикмат!

Дида зоб бихьула, бецIхъахIилаб зоб,
Чияр букIаниги ракI боххун буго.
ГIадамал рихьула чIегIерал, хъахIал,
БухIараб бакъ дица къала каранде.

Дида ракь бихьула, дида бичIчIула
Гьеб ракь цIунун цIадай щай унелали...
Инсул ВатIаналъул, йохъ, бицинаро,
Дун бецлъизавула чияр гъутIбуца.

Дида тIаса лъугъа, гьалдолеб гIумру,
Дур къоязул дица къимат гьабичIин.
Дур рогьалил хъахIлъи, сардил багIарлъи
Сундениги дица данде кквеларо.

Гьанже их бачIингун Африкалдасан
РачIарал хIанчIазул дие гIагарлъи.
Гьезухъ гIадинан дун гIенеккуларо,
ГIумруялъул бакъан бугеб панаяб.

*1963*

* * *

Эбел, дуца щибан гьалда абилеб:
Цо пуланаб къоялъ дуда абуни,
Дур васас бадиса бадив инчIого,
Балъгого нахъасан речIун чи чIванин?

Дур васас, тIубараб къоялъ веццарав
Къаси макьил ригьда гъоркье реханин?
Дур васас, рештIарав гьоболгун гьудул,
Гьез мугъ рехарабго, хадур каканин?

Гьедин дуда,эбел, абун хадуса
Абе гьаракь борхун, гьереси бутин;
Дагъистанияца гьеб харбидаса
Хвел тIаса бищулеб васасда лъалин.

Тушман ватаниги хIорихъ чверделев
Гьев къватIив вахъинин, нахъа вагъилин,
Вагъилин бадисан бадивеги ун,
Бащадасде данде бащадав гIадин.

Амма букIаниги, дунял хисунищ,
Дир хирияй эбел, унтун буго ракI.
Гьанже гьудулзаби ратIа гьаризе
БетIер чанго нухалъ бекизе ккола.

Гьединги лъаларо. Лъица щив, унго,
Иргаялда гъоркье реххулел ругел?

Бадир гьим-гьидула, дида лъачIого,
РечIулеб батула мугъзалъ, гъванщида.

Веццун гъедарула, дун кьижаравго,
Кьабулеб батула дир бетIералда.
Кьалулъ хвезе цадахъ рукIарацаги
Цо хинкIалъе гIоло лъазабула хIал.

ЦохIо гъадринисан кванаралгицин
Квартираялъе гIоло рагъула.
Эбел, чамав арав гIайиб лъачIого,
Лъица речIарабан жеги лъачIого.

КигIан тамихI бугеб такъсир цIехечIеб,
Тохлъукье рукъалда гъураб цIа гIадаб.
Гъаримаб чан буго рохьоб свердулеб, –
СихIирав чанахъан вуго балагьун.

Маккал рештIун руго магъилъе, гIурде, –
ГIаздалъ гьинал руго гьезда лъаларел.
Эбел, щибжо дуца гьалда абилеб?..
Унтун буго керен, кинаб гьаб дунял? –

Чанахъанлъунги чи, чанлъунги гIадан,
ГIадан миккилъунги, гIадан гьинлъунги...

*1963*

## ДИР ГАРГАР

*ПатIиматие*

– Бице!
  – Щиб бициниб?
    – Кинан вугев мун?
– Кин дун вугевали дидаялдаса
Дуда цIикIун лъаялъ, цIакъ квеш вуго дун.
– Гьа-гьа-гьа...
– Елъуге, гьаб ракьалда дир
Дуда лъаларебги, бичIчIуларебги,
Дилъ бихьуларебги, рагIуларебги
ГIемераб, гIемераб букIине ккола.
Кинаб кеп?
    Щиб талихI? –
      Мун хIикмалъулеб
ХIалтIи дунялалда дир цоги гьечIо,
Я сапар,я сарин, я сайигъатал, –

Мун сундего гьанже ругьунлъун йиго.
Дуца рагьичIебги, дуца къачIебги
Дир къавулъ, дир каранлъ цо каву гьечIо;
Дица дандчIваравго тIубан дуе кьун,
ТIаде гьабизе жо батулеб гьечIо.
Патронташал руго чIороголъун дир,
ЧIалгIуна такрарлъи, кIицIул цого иш.
– Дида чIалгIунаро!
– Дида чIалгIуна,
Дие чIамучIлъула!
– Абуге гьедин,
Дие мун гьадинги даим вокьула.
– Дие вокьуларо гьадинав дунго.
Даим чи хисизе, цIилъизе ккола...
Дица цIиябилан дуе цIалула,
Дуда гьеб цебего рагIун батула.
Дица цIиябилан дуда бихьула,
Дуда гьеб цебего бихьун батула.
Дица цIиябилан бахъула хъала,
Дир хъачагъ, гьений мун анцIул щун йиго.
Дица, хъахIаб бетIер гьетIизе гьабун,
ЧIегIераб Африка баччана дуе...
Гьеб дур букIун буго, дица щибилеб –
ШигIру хутIун гьечIо мун хIикмалъулеб...
БитIун гьечIищ?
– ГьечIо, гьабсагIаталда
Гьеб дулъе рештIараб цIияб пашманлъи,
Дулъ цебе гIумруялъ бихьичIо дида...
Даим ихдаде тIегь цIияб баккула.

*1963*

## МУГIРУЗДЕ ГЬОБОЛЛЪИ БАЗЕ ВАЧIУНЕСДЕ

Сапаралъ унелъул тIоцебе чияс
Цадахъ чед босула, чагъир босула –
Нуха гьалмагъ ккани, гьевгун гьекъезе,
Ракъул чапар щвани, нахъе хъамизе.

МугIрузде вачIунев, хирияв гьобол,
Гьел тIагIамал дуца цадахъ росуге –
Чед бежун кьела дуй мугIрул чIужуялъ,
ЧIагIдал хъуби цIела дуй магIарулаз.

Сапаралъ унелъул кидаго чияс
Черхалда борчуна лебалаб ярагъ –

Тушман данде чIвани, хIадур вукIине,
ХIинкъи данде ккани, нахъе хъамизе.

МугIрузде вачIунев, хирияв гьобол,
Борчунге черхалда чарамул ярагь, –
Ярагъ цIакъ рекIараб магIарулазул,
Дуе хIажалъигун даим хIадураб.

Сапаралъ унелъул чIагояв чияс
КечI босула цадахъ чIалгIунгутIизе –
Гьалмагъ ватичIони, гьалмагъ хисизе,
Гьалмагъ ватанани, цадахъ ахIизе.

МугIрузде вачIунев, хирияв гьобол,
КучIдул гIемер руго нижер мугIрузда,
Амма букIаниги ракI гIорцIуларо,
КучIдул цадахъ росе дуца мугIрузде.

*1964*

## ЛЪАБГО БЕРЦИНЛЪИ

Бокьарал бокьухъе балагье абе
Гьаб дуниялалъул берцинлъиялъухъ.
Дие гьениб буго гьитIинго лъараб
Лъабго дир хазина, лъабго берцинлъи.

Гьезул тIоцебесеб – рорхатал мугIрул, –
Дун мехтизавула гIаздал тIогьаца.
Баркала гьетIарал дир сухъмахъазе,
Гьеб берцинлъи дие майилан кьурал.

КIиабилеб, дица каранде къалеб,
Карачалабазул цIураб хазина,
Дица сундениги данде кколаро –
Камиллъи, гъварилъи, гIатIилъи ралъдал!

Хадуб лъабабилеб берцинлъи дие
Дунялалъул рукъоб хутIараб буго:
Хурдулги, рохьалги, хIорал, гIоралги,
ГIурччинаб, тIогьилаб нус-нус тIабигIат.

ГьитIинаб Дагъистан, дун гIураб тIалъи,
Дунял данделъараб лъабго берцинлъи,
Лъабго дир хазина, лъабго дир рокьи
Дур ракьалда букIун вуго дун чIухIун.

*1964*

**МУЛАТАЛ**

Хъвалхьараб моцI буго хъахIаб расалъун
ХъахIилаб зобалъул океаналда.
Африкаян ккола чIегIераб сордо,
Сантягоялъул тIогьилал ганчIахъ.

ТIеренаб лъар гьаниб-добе кIичIула,
Дирижерас хъатикь ккураб тIил гIадин;
Ракъварал кIутIбузул кIиго мулаталъ
КIочонарел бакънал руго рачунел.

Океан бахарав магIаруласда
Цо рагIи лъаларо испани мацIалъ,
Амма гьал гьаркьазул панаяб чвахи
Чул-чулун дир бидулъ буго хьвадулеб.

Цо кидаялиго гьитIинго лъараб
Лъимадулаб бухIи буго дир каранлъ.
ТIогьилал ганчIазда гIодов чIарав дун
ГIенеккулев гьечIо, ахIулев вуго.

Огь, мулаткабазул тIеренал кIутIби, –
КIиго багIараб моцI, гъасда цIа гIадин;
Нужоцагойищ гьаб ахIулеб бугеб?
Аза-азар гьаркьал рагIулин дида.

Лъица гьел камилал кучIдул малъарал,
Кинидахъ чIегIерай эбелалъ гурищ?
Лъица гьел бакъназул курхьаби хурал,
Кодор ккун чIегIерав инсуца гурищ?

Карибалъул лъадал хъахIилаб матIу,
ХъахIаб расаялда сверулеб мехалъ,
Сьеро – маэстралъ вугев инсуде
БахIарай эбелалъ ахIарабиш гьеб?

Ялъуни Фиделил партизаназулъ,
Пальмадул гъутIбузул гъаларал рохьалъ,
Магжилав инсуца, чIегIерав неграс
ХъахIай эбелалъе ахIарабищ гьеб?

Яги гьеб ругIунищ карнавалазда

Карона тIад лъезе хьулалъ ахIулеб?
Яги нужор гIадин жубараб бидул
Мулатка-Кубадул кечIцин гурищ гьеб?

Океан бахарав магIаруласда
РагIи бичIуларо испани мацIалъ,
Амма гьел саринал ахIула дица
Дунги мулат вуго – магIарул поэт.

ЧIегIераб сордо – дир чIегIерай эбел,
Чан унтараб сарин гьелъ дие кьураб!
Цинги хъахIав эмен – дир бакъул къоял,
Чан гьез гIищкъул цIурал бакънал малълъарал!

Дунги, дир гIумруги, дир назмабиги –
Гьезул кIиязулго мутIигIал тIанчIи.
Дуниялги дие – эбел мулатка,
Эниб жубан буго нужер гIадин би.

ТIерхьунге, зодихъ моцI, чIоге, дирижер, –
ЧIалгIинаро дида, свакаларо дун.
АхIе, мулаткаби, бокьараб мацIалъ,
Рокьула, ричIчIула дида гьел кучIдул.

Дун нужер вац вуго, дун поэт-мулат,
Эбел дир чIегIерай, эмен дир хъахIав;
Гьез дун иргаялда цоцахъе кьуна,
Цадахъ квералги ккун кивго вачана.

*1964*

* * *

Синьорина, лъалхъе, нахъ балагье цо
Нахъа дуца толеб Гаванаялъухъ!
Гаванаялъул яс, кие уней мун,
Кариб бихьуларищ хадуб балагьун?

Хал гьабе чIухIараб Хосе Мартил щоб,
Щиб дуца босулеб гьеб хисун, бице?
Халатал куркьбазул гьеб самолеталъ
Мун ячуней йиго чияр бакIалде.

Синьорина, доба накIкIал рештIингун,
РакIалде Куба щун, щакърахина мун.
Доба цIад барабго, гIазу барабго,

Дур чIинкIиллъиялъухъ чIалгIина керен.

Доба чияр зобал, чияр къо, сордо,
Саринал, саламал, гIадамал чияр.
ГIицIго магIил гаралъ гвангъила ватIан –
ГьитIинаб мехалъул полпил карачел.

Синьорина, лъалхъе, лъида цадахъ мун
Яхъун уней йигей, унго балагье,
Улка бичарал гьез мун йичилей куц, –
Учузго кьела гьез гьеб дур бахIарлъи.

Сардилъ Карибалъул ччугIихъабазде
Чанаре рахъунел чIвадарухъаби
Дур чIаголъиялда барахщиларо,
Дур берцинлъиялъухъ салагьиларо.

Плай-Херoccupation

Плай-Хероналъул рогьо босараз
Рогъоялде рачIун, йохъ, мун теларо.
Тела гьез мун сардил кабареязда
Саринал ахIизе чияр бакъназда.

Огь, дида рихьана, партал гьечIого,
ГьетIгьетIун, кIичIардун кIкIуйдулъ кьурдулел;
Гьедин кьурдила мун дур тушбабазе,
Тела мун къватIазда цинги цо къоялъ.

Синьорина, кие, нахъ балагье цо,
Духъ балагьун буго революция!
Дур берцинлъи цIунун ярагъ борчараб,
Дур беричлъиялъе баргъич къачIараб.

Гьеб баргъичги бахъун къватIире арал
ВатIанин ахIдолел рихьана дида,
Жал гуккун ратанин, тIаса лъугьайин,
ТIад руссине риччай Россиялдеян.

Гьел Октябралда улка рехун тун,
Ана Парижалде, Манчжуриялде;
Парижалъул къватIахъ къаси сардида
Къисматалъ тарал гьел дандчIвана дида.

Лъималаца гьезда гьикъулеб буго
«Эбел, нилъер ВатIан киб бугеяли»,
Лъимал каранде къан бакъбаккудехун

Балагьулей йиго гъаримай эбел.

Синьорина, дуца щиб жо гьабилеб,
Гьедин лъималаца дуда гьикъани?
 Синьорина, лъалхъе, нахъ балагье цо,
 Нахъа дуца толеб Куба бихьизе.

*1964*

* * *

Унтарав херав чи, дидаса цеве
Доб дуниялалде мун ккун хадуса,
Дир хирияв эмен дуда данд чIвани, –
Дир чIаголъиялъул дос гьикъанани,

Дуца досда абе, дагьабги мехалъ
Дун харбида танин, дуниялалда.
Дир досда лъаларел лъимал гIун ругин,
ГIумру, гьулак гIадин, гьелчелеб бугин.

Абе дир инсуда васасул бетIер
Досул гIадин бугин гьанже хъахIлъулеб.
Беразда мех-мехалъ накIкIал тIад лъолин,
НакIкIилъан унеб цIад цIамгIалгб бугин.

Абе дир инсуда досул тушбаби
Дихъ балагьун дица рохизе течIин,
Досул гъоболасе гьумер букIкIинчIин,
Гьалмагълъи, гIагарлъи къварид гьабичIин.

Досул къимат дида, дов гьечIеб мехалъ,
БичIчIанин батIаго...
 (БетIергьан аллагь!
ТIубан лъималазда къимат бичIчIизе
Къаникье инейищ кколел умумул!..)

Цо къоялъ ракьалде дов тIад вуссани,
ТIокIаб жо кIваричIо, босе дир гIумру,
Досул хIалимлъигин, досул хIеренлъи,
ХIакъиразде гурхIел – буго дир рекIелъ.

Дида ккун букIана гьавуравго вас,
Васлъун вукIунила жиндирго инсуй.
Дун васлъун вахъине кочIохъанасе
КватIана, кватIана, цIакъго кватIана.

Эмен гьечIо, эмен гьанже дилъ вуго:
Досул мацI, досул цIар, досул цIа, сабру, –
Цеве дун унаан досухъе щвезе,
Гьанже дун досухъа кивго унаро.

Балеб буго гIазу Дагъистаналде,
Дир росулъа херав, мун цеве ккани,
Абе дир инсуда вас гьавунин дуй,
Гьале гьанже-гьанже унго-унгояв.

*1964*

## МАГIАРУЛ КЕЧI КИН БИЖАРАБ?

ВукIун вуго цо мискин,
ЦохIо дагIнил бетIергьан,
Цо гъветIалъул ахихъан,
Цо ханжар-ярагъ бугев.

ТалихI къосарав гьасул
ЦохIо талихI букIана, –
Цо ракIалъе йокьарай
Яс щвезе бугеб мурад.

Хьул-хьудулев тана вас
Ясалъ кIиго лъагIелалъ,
Лъабабилелъ – кьибилалъ
Кьуна гьай цойгиясе –

Цогидав бечедасе,
Чахъаби гIемерасе,
ГIарцул чванта цIурасе,
ЦIа гъасда ссунаресе.

Хасел ана, их щвана,
Их ана, рии щвана.
ТIегьачIо васасул гъветI,
БижичIо гъветIалда пихъ.

Мегеж далана дагIнил,
Даим тана талихIалъ,
ГIищкъу ккаралъ гуро къвал
Къварилъиялъ жемана.

Нух къосарав мискинас

КъватIиб бахъана ханжар,
КъотIана цо бугеб гъветI,
Хъуна лълъарги ккун дегIен.

ГьетI-гьетIараб гъветIалъул
КъотIун пандур гьабуна,
Гьелда дагIнил бакьалъул
Бахъун кIиго чIва бана.

ЧIвабзазда килищ кIутIун,
Агьан хIохьел угьана,
Аман дир къисматилан,
Къваридаб кечI ахIана.

Гьедин бижун рагIула
МагIарухъ тIоцебе кечI –
Каранзул рекIел тIамхалъ
Бищун цебесеб дахIа.

Гьелъин магIарулаца
МагIида аскIоб балеб
Умумузул ханжарги,
Умумузул пандурги.

*1964*

* * *

Чуял гIадин руго гIолилал ясал,
ГIагарал къватIал чIван, къаси тирулел.
Цере ритIун руго рорхатал курмул,
Кар буго горбоде, гъуждузде далун.

Чуял гIадин руго гIолилал ясал,
ГIундул кIичIизарун, кIал пунщизабун;
КIиябго бер буго данде кенчIелеб,
Киб бугеб чIолорхъо, цо чIолорхъо кье.

Чуял гIадин руго гIолилал ясал,
ГIедегIарай цояй, цинги кIигояй,
Лъабгояй, ункъгояй... огь, рукъ чIунтаял,
ЧIоло-квар кье дихъе, чIоло-квар реххе.

Чуял гIадин руго гIолилал ясал,
АскIосан, цересан цололъан унел.
Дун хадув гъоларо, махIу чухIунищ? –

Чуял гIадин руго гIолилал ясал.

*1964*

* * *

Лъалищ, Парижалда площадь бахун,
Цогияб рахъалде мун ячIинегIан,
Азарго гьелегьун унеб машина
Полицаяс хантIан чIезе гьабуна?

Хадуб дуде аскIов живго вачIана,
ХъахIаб гвадич ххураб квер дуй борхана
«Дуй хъулухъ гьабизе вохарав вугин...
Мадам, мерси» абун нахъ вуссун ана.

Цинги Венеция, кида кIоченеб,
Каналазул лъадалъ цIадалаб шагьар!
ТIогьилал русбузда къаси нахъа нилъ,
Рачана свердизе цо италияс.

Гьев щибаб сагIаталъ нахъ вуссунаан:
«Синьорина, дуда чIалгIунеб гьечIищ?
Синьорина, дуда кинан бихьулеб,
Нижер Венеция, берцинаб гьечIищ?»

Варшавалда къаси театр лъугIун,
КъватIир рахъаралго чвахун балеб цIад.
«Пани, гьале плащ, пани, гьабсагIат
Таксиялъ ячина мун отелалде».

Госпожаян абун, бетIерги далун,
Дуе салам кьуна японияца,
Цоцазда лъун кверал гьормаде рорхун,
Гьединго абуна индияз дуда.

Америкалъулъ-леди, турказулъ-ханум,
Хирияй синьора, дир магIарулай,
Дун ЦIада росулъа мнстер ХIамзатов,
Мунгун вуго даим дунял сверулев.

*1963*

* * *

Дир керен борхатай, гьумер берцинай,
Дун гьардолев вуго, тIаса лъугьа мун:

Нолъ дуе гъабураб къварилъиялъухъ,
Къаси дуе кьураб гIакъубаялъухъ.

Дун гуро, дун гуро – дунилан абун,
БатIияв вукIана мунгун, хирияй.
Дун хисун, дун хисун, дидаса бергьун,
БатIияв вачIана гьаб дир тIомолъе.

ВачIана гIассияв, ццидалав, гIантав,
Мехтарав, цогияв цо къайи бухIад.
Гьединаб букIуна цо-цо сагIат дилъ, –
СагIат гIумру гурин, гIайиб гьабуге.

Гьеб сагIаталда дун беццав вукIуна,
Берцинлъи, гьайбатлъи – гьеб бихьуларо.
Гьеб сагIаталда дун гIинкъав вукIуна,
Я дихъго, я лъихъго гIенеккуларо.

Музыка лъаларо, кучIдул кIочона,
Кверал къирщадула, рагIи хъачIлъула.
Рагьдухъ балеб гIазу, я пулеб гьури –
Дида гьеб лъаларо, дун дунго гуро.

Дунилан цогияв вуго дун хисун,
Дир хвалилав тушман, талихI къосарав,
Дун гьев гIадав гьечIо цогияв вуго –
Недегьав, гIащикъав, гIумру хирияв,

Хурдулги, иццалги, океаналги,
Азарго батIияб кечIги бокьулев.
Дур берал рокьулев, гIундул рокьулев,
ГIанаби рокьулев, габур бокьулев;

КIветIалда тIад цураб кIветIалъул тату,
Нусго талихIги кьун, босзе хIадурав.
Дур гвердел мугъалда бан бугеб рахас,
Эхебе цIалеб мех – бищун хирияв.

Дур цаби рокьулев, даби рокьулев, –
Дун гьев рокьукъасда релълъарав гьечIо.
Дун гьевгун гIумруялъ вагъулев вуго,
Ругъназ цIун хIеренаб гьинал ракI буго.

Ругъназ цIураб дида бугеб тIомолъе,
ТIухьи гIадав бакIав нолъ вачIана гъов.

ВачIана, лъачIого цохIо сагIаталъ,
Огь, сабру щай кьечIеб гъов гьукъизе дий.

Гъос дуде чIегIераб бугьтан реххана,
Рохел дурги дирги хвезе гьабуна.
Гьайбатай, гвангъарай, бищун йокьулей,
Мун хIакъир гьаюна, къварид гьаюна.

Къан нуцIбигун нахъе мун унеб мехалъ,
Нахъе гъуна дица гъов дир тIомолъа.
Дун хадув ахIдана, лъалхъе, чIайилан, –
ЧIегIераб таксиялъ ячун ана мун.

Дун агьан угьдана кроваталда, –
Батана дур гьоркьо гьоркьго хутIараб,
Цинги кIиго рукIкIен дур расалъ хураб, –
Хадуб дур рекIекълъи дир каранлъ къараб.

Дир керен борхатай, гьумер берцинай,
Дун гьарделев вуго, тIаса лъугьаян,
Нолъ дуе гьабураб къварилъиялъухъ,
Къаси дуе кьураб гIакъубаялъухъ.

*1964*

## ЧИ ГУРО, ГЬУРИ ВУГО

*(Цо ясалъ гьарун хъвараб кечI.)*

Цин гьав женжедана дун унеб иццухъ,
Цинги женжедана дир гордухъ къаси.
АхIана саринал дун сородулел,
Цинги гурхIун дица виччана жанив.

Цин гьав гьедарана, цинги гьардана,
Жиндир къисматалъул къварилъийилан.
Къочизе виччана божарай дица –
ХъахIлъи байгун ана эбелхвад вахъун.

Гьедин ана сардал, цо нухалда гьас
Рохел чIвараб питна ургъана дие;
Жинда гьадин чIезе кинго кIоларин,
КIал гьикъун, нуцIа къан ана къватIиве.

Дир гордухъ нахъойги хурдул рижана,
Хасел бачIарабго гIаздал гохI чIана,
Хирияв дир гьудул кIкIвенкIкIведилаго

Цогиялъул гордухъ вуго женжелев.

Цогияй, рагьуге гьесие гордал, –
Гьури бугин кIалтIа чиян женжелеб.
Божуге кидаго гьесул харбида, –
Хехаб накIкI буго дур рагьдухъ рештIунеб.

Воре мун, бихьинчи, вихьизе чIоге, –
Борохьин ккун дица чIинтIизе гурин.
Данде кколеб мехалъ, кавабахъ вахче, –
Кетуги хIинкъулин нису бикъигун.

*1964*

## АРАБ РИИДАЛА

*ГIабдурахIман Даниявловасе*

ГIабдурахIман, лъалищ гьаб араб рии,
Ахир гьечIел цIадаз цIалтарал мугIрул,
ЦIадул аскаразул анцIго державалъ
Дагъистан гъугъараб рагъ бараб гIадин.

Дида кIочонаро гIораз росулел
Росабазул ригьзал, гьардолел хурзал,
Гьанир чIван, доре чIван угьдулел ахал,
Иххаз кьоял риххун тIад магIарул ракь –

ТIутIураб, бихъараб хъабарча гIадин,
МагIида къулагIи гIадин букIана.
Нилъ борхалъудасан самолеталда
Сверулел рукIана Дагъистаналда.

Нилъеде ахалъи, гIодой рештIайин,
ГIалхал, хъатал гIадин цереги ритIун,
Гьарделеб букIана кире аниги,
Куркьбаца реххараб рагIдукьан баккун.

Самолет рештIана ЛъаратIа росулъ
Цо расалъиялъул гIурччинлъиялда.
ГIор, жиндирго хъачIаб квешлъи лъачIого,
Хъудилеб букIана, ракIалда бугищ?

Къварид балагьана нилъ балагьалъухъ,
Берда сверухъ мохъал рукIана рукIкIун,
Беразул тIелхазулъ бетараб ричлел

Бахчун чIун букIана хъархъилъ чан гIадин.

Гьеле гьеб мехалда, цо магIарулав
Цеве эхетана, богIол гул гIадин.
Борхатаб тIагъурги кьуризе гьабун,
Кьоло-гъолон кIиго чуги хадуб цIан.

Лъаларо кисан гьав вачIаравали –
Гьадаб рохьосанищ, гьаб гIорулъанищ,
Яги чармил кьуру бикьизе гьабун,
Гьоркьосан ваккунищ щварав херавчи.

Гьас абуна, щиб гьаб балагьишилан,
Бигьаяб жо бугин, балагьугеян.
Гьаб магIарулазда нусцIул бихьанин,
Жегиги гIемераб бихьизе бугин.

Щибха захIматабан гьикъана дица, –
ЗахIматаб жо бугин, жаваб кьуна гьас:
«Гьадал зобаздасан мугIрузул васал
ГIодой рештIинчIого роржунеб мехалъ;

Гьале гьаб нилъер ракь, умумузул ракь,
Гьалде бугеб рокьи лъугIараб мехалъ, –
Гьеб буго захIматаб... цоги кIвар гьечIо –
Гьале кIиябго чу, рекIа нуж гьалда».

Цо лъицаялиго озденгги ккуна,
Мун, живго чан гIадин, чоде вахана.
Дур чу хIихIидана, чи лъарав гIадин,
ГIазизаб кинабго Дагъистаналде.

Дуда хадув дунги вахана чоде,
Чанги асар лъана, гьадинаб лъачIо,
Васал рачIанилан рорчIизарурал,
Умумал кинигин, рорхана мугIрул.

Хехаб гIор лъалхъана тIаса лъугьаян,
ТIалаби гьимана нижер лъималан.
ГIицIго аскIоб чIараб гъоб боржунеб жо
Пашманго хутIана хал гьабун нилъехъ.

Дол чуязде гIадин борхалъиялде
РахинчIин кидаго ккана ракIалде...
Гьадинан гуродай рекIарав МахIач,

Гьадинан гуродай рекIарав МахIмуд.

Лъаларо дирго иш, доб къоялъ гIадин,
Мун дудаго релълъун дида вихьичIо,
Доб чодул кьолонив гьавурав гIадин,
Гьелда дур рекъейги, бакъул гвангъиги.

ГIабдурахIман, дица дунял тирана,
Амма талихIалъул талихI буго дир,
Гьал цо кьур-кьурарал кьураби рукIин,
Гьазул кьватIелаби беролел рукIин;

Нилъго бетIергьанаб гьаб тIалъи букIин,
РекIине, рештIине гьал чуял рукIин,
РикIкIаде гьедигIан гьаз рачинаро,
Амма гьаз Дагъистан баччана чанги.

Воххула! МагIарухъ чуялги руго,
Чуязда рекIине чагIиги руго.
Дица пикрабазе улка кьоларо,
Улкаялъе тIолго пикраби кьола.

Гьедин буго, гьудул, чIаго, сах буго
Веказул гьакида гьитIинаб миллат;
Дида гьеб бихьула чода тIад унеб,
Араб риидала кIиялго гIадин.

*1964*

## НУЖЕР РАХЪАЛЪ

Гьаб дир хъатикь хъвалхьараб
ХъахIил зодил моцI гьечIо,
Дида кодоб буго лълъар
БилбагIараб чогърол цIун.
Дица гьаб кIалдиб хъвани,
Гьалъ дир кIутIби релъуна.
Гьаб цIорораб лъеца черх
ЦIаялъ гIадин хинлъула.
Гьалъул махIги, гьаракьги,
Кьерги дие хирияб, –
Дир хъвалел кучIдузулгун
ГIагарлъи буго гьалъул.
ЦIибилалъ гьаб гIадинан,
ГIумруялъ кьола сарин.
Дица кочIол тIехь гIадин,

Кодоб ккола цӀураб лълъар.
Дида кодоб буго лълъар
БилбагӀараб чогърол цӀун.
Черх буго дир боржине
КъачӀараб хӀанчӀил гӀадин.
Берал кенчӀелел руго,
Керен цӀун гӀищкъу буго;
КочӀол цӀун дир гьалдолел
Пикраби, къасдал руго.
Дун мугӀрул улкаялъул
ГьитӀинаб рукъов вуго,
Гьенисан гӀаламалда
Жакъа кӀалъалев вуго:
Гьаб лълъаралъур рихьула:
Дида гьимулел берал;
Гьаниб бакъ басандула,
Нус-нус жиндир кьералгун.
Гьаниб свери бахъула
Ссиялда бахӀараца,
Гьаниб рухӀ лъун рахъуна
Рагъда хварал бахӀарзал
Гьаниб херазул гӀакълу
ГӀиссиназул релъигун,
Эбелалъул суратгун
Цадахъ дида бихьула.
Дихъе гьаб лълъар кьун буго
Дир гӀагараб улкаялъ,
Аллаверди кочӀохъан,
Духъе ирга бугилан.
Дица абулеб буго
ЧӀахъаги кьураб кверин,
Кьун буго дие рагӀи,
ГӀадамал, дихъ гӀенекке:
– Нужер рахъалъ!

*1964*

## КӀИГО РОСУ БУГО ДИР

КӀиго росу буго дир
Дуниялалъул рукъоб:
Цояб росу – дун гӀураб,
ГӀагараб ЦӀада росу.

Доба дир гъанситоги
Инсул минаги буго.

ТIолго росдаде гIунтIун
Дир гIагарлъиги буго.

Ругъел щварабго дове
Щибаб нухалъ уна дун,
Унтарахъе ваккизе,
Хварал нуха регIизе.

Хвелги гIелги гIумруялъ
Росуцояз толаро, –
ЧанцIул заназде къулун
Къварилъулев дун росулъ...

Цоги росу буго дир, –
Гъеб росдада цIар гьечIо, –
ЦIада гIадаб – хирияб,
Дир гIагараб, батIияб.

Гъеб росу биххун буго
Кинабго дунялалда –
Дагъистан, Грузия,
Россия, Франция.

Гъеб росдал васал руго
Америкалъулъ, Китаялъулъ,
Кирехун рукIаниги, –
Гъебги дир росу буго.

Гъеб дир вацазул росу,
Дир умумузул росу,
Дунялалъул киналго
КочIохъабазул росу.

Гъеб росулъги буго дир
Гъанситоги минаги,
Гьелъул цIадухъ хинлъула
Халатал сардаз дир ракI.

Гьенивги чи унтигун,
Ургъелаз цIола керен,
Гьенивги чи камигун,
Чиякълъун вихьула дун.

Унго, унтулел руго
Поэтал дунялалда,

Щибаб абулеб рагІи
Угъдиялда релълъуна.

Дида гьаб рагІулеб куц
РагІабазул хъуялъулъ –
Унтарал поэтазул
Гьариги васиятги.

Дун вугин ккола дида
Киназулго къаданив
Къоябго гІасруялъул
Зигарадухъ гІенеккун.

Цо-цоязда ккола гьел
Кепалда ругин абун, –
Унтун руго поэтал, –
Унтун руго поэтал.

Ургъелал-хиялазул
Халатал гьиразда гъоркь
Холел руго поэтал,
Холел руго поэтал.

Дида ккола щибасул
Мали дир рукъоб бугин,
Риидала, хасало,
Сардида, рогьалида.

Дида ккола, дун вугин
Киназулго заназухъ,
Киевгун Парижалда,
МагІарухъ, Москваялда.

Москваялда гІагарлъухъ,
Переделкнноялда,
Гьениб лъабго накІкІигъветІ
РакІалдаса инаро.

Италиялълъ, Грекалълъ,
Гаиталда, Индиялълъ
Холел руго поэтал,
Холел руго поэтал.

Дун гьитІинаб мехалда,
ГІолохъанго рукІарал,

ГIолохъанав дун гIейгун,
ГьечIин, чIванин рагIула.

Холел руго инфаркталъ,
Унтараб ракI квералъ ккун,
Кодоб букIараб къалам
Столалдеги бортун.

Холел руго сардида
Лъиданиги лъачIого,
Лъицаниги цололъан
РечIчIун чIварал киниги.

Холел руго хъахIлъарал,
Холел руго чIахIиял,
Холел руго, огь, гIумру
Диргун цохIо ригьда тун.

Лъедерлъулеб буго дир
ГIагарлъи кIиго росулъ –
Холел руго поэтал,
Холел руго поэтал.

Цо-цояз кучIдул хъвала
Кидаго хвезе гьечIин,
Хвалил пикру гьечIеца
Гьабиларо лъикIаб кечI.

КучIдул роржунел руго,
КучIдул хутIулел руго –
Хвезе гьечIо поэтал,
Хвезе гьечIо поэтал.

*1964*

## БАСИР ИНУСИЛОВАСДЕ

*РСФСРалъул халкъияв артист*

Дуца гьабураб щиб, гIагарав Басир,
Гьадин гIасияб роль кин дуца хIараб?
Вахъа мун къаникьа, къаси театр
Духъ балагьун бугин, те гьеб махсара.

Мун цо нухалъ хвечIо гьеб сценаялда...

Хадуб пардав къайгун къватIивги ваккун,
Машгьурав, чIегIерав мугIрул Отелло,
ЧIваралъуса вахъун, чанцIул велъарав?

Велъана гьитIинав лъимер кинигин,
Квер ккун цадахъ ячун Дездемонагун.
Баркала, камилаб искусство, дуе –
Унаан тIовитIун тIогьол квацIабаз.

Гьанжеги игIланал, Авар театр,
Анкьгоялда къаси рагьулеб пардав,
Зал цIун буго, гьудул, магIарулаца...
Музыка, байбихьи, Басир кив вугев?

Дир рекIел режиссер ахIделев вуго:
«Инусилов, вахъа сценаялде»...

Унго хабалазул къаназда кIолищ,
Къаси нижехъе мун виччангутIизе;
Дур рилълъин, балагьи, дур гьаракьалде
Гьадин урхъарал ниж махIрум гьаризе...

Рагьула пардавал, гьечIо вихьулев
Бищун бетIераб роль хIалев дир артист.
Пардаво къарабго къватIир раккулелъ
КигIан гьарданиги вихьуларо гьев.

Дир магIу чваххула залалда жаниб
ЗахIмат буго дие, гьабго кинаб иш?

Щиб пьесаялда хасел байбихьулъ,
Басир, дуца хIараб дур балагьаб роль?
Дурго хвелалъейищ репетиция
Халатал къояца дуца гьабураб?

Гьелъул режиссер щив, гьелъул автор щив?
Шекспирица жеги гьединаб хъвачIо.
Жеги, греказул трагедиялълъ
Багьадурал чIвана, артистал чIвачIо.

Грим бахинчIого, жиндирго ратIлилъ
ВатIалъана Басир, суфлер гьечIого.
Къана гIумруялъул чIегIераб пардав
Гьалдолел соназул магIаруласде.

Аза-азар автор ахIананиги –
Ахирияб пардав, гьечIо тIокIав гъов.
Азарго режиссер тIаделъаниги,
ТIокIав кIалъаларо мугIрул Отелло.

ТIокIаб рагIиларо дир ГIалил гьаракь,
Дир тIагъур чияда тIад лъогейилан,
Дир ханжар, Хадижат, дир ханжарилан,
ТIаса лъугьа, дир яс, Асиятилан.

Ана гъов гIищкъугун гьаб гIумруялде,
Ва ццингун тохлъукье данд чIвараб хвалде.
ХутIана театр, гъосул сцена
Ва сценаялде рехараб канлъи.

Дуца гьабураб щиб, гIагарав Басир,
Гьедин гIасияб роль хIаге нижее.
Вахъа мун къаникьа, къаси театр
Духъ балагьун бугин, те гьеб махсара.

*1964*

**КЬЕРАЛ**

ТIаса хIурги кIутIун, хIорихъги чурун,
Ракъвазе тIамурал тIутIурал туртал...
Гьедин цере чIола кьерал гIемерал
Гьаб дир гIумруялъул сардалгин къоял.
Гьагъаб гIурччинаб щиб? – Рогьалилъ гIидра,
ГIищкъуялъул бищун цебесеб макьу.
Дун гьеб макьидаса жеги ворчIичIо.
Жакъаги карачел гIурччинго буго.
Гьагъаб хъахIилаб щиб, гьагъаб хъахIаб щиб? –
ХъахIаб кагъаталда дир кочIол мухъал;
Гьеб – дир гьудулалъул гьумерги берги –
Борхалъуда зобги зодихъ цIвабиги.
Гьагъаб чIегIераб щиб? – ЧIегIераб ракьда
Дир чIегIерал кверал руго хIалтIулел.
Дир эмен къанщараб чIегIераб къоялъ
ЧIегIер балей йиго мискинай эбел.
Гьагъаб багIараб щиб? – Дир рокьи буго.
ТIоролъ мугьал руго дир августалъул.
Биччараб октябрь, гьун унел тIанхал,
Гьаримав дидаса рикIкIад буго их.
БагIараб би тIурал чIегIерал ругънал,
Регьон лъугIун гьечIо, тIогьилго руго.

ТIерхьунеб, баккулеб бакъ кинигинан,
Гьагъаб тIогьилаб щиб? – Дир тIорщел буго,
Дица ккураб байрахъ, дир гьалдолеб цIа,
Гьеб – дир биялъул кьер, дир тIегьалъул кьер.
Зобазги ракьазги кьер хисаниги,
Хисиларо даим дун гьеб кьералъе.
Гьагъаб чIегIераб щиб? – ЧIегIераб ракьда
Дир эмен къанщараб чIегIераб къоялъ,
Нуж, дир гьудулзаби, гьал дир соназухъ
Салмагалги гьарун, къотIун ралагье.

*1964*

## КЪО-МЕХ ЛЪИКI, ХАСЕЛ

Нух къотIун гьелулеб поезд кинигин,
Гьале их бачIунеб – къо-мех лъикI, хасел.
Дур мугъ биччун буго хIеренаб цIадалъ,
ЦIияв гьобол щванин – къо-мех лъикI, хасел.
Нахъе балагьуге, бакъул чIораца
Берал рухIилин дур – къо-мех лъикI, хасел.
ГIисинал буртIалгин берцинал хIанчIи
Дудаса хIинкъулин – къо-мех лъикI, хасел.
Ралъдал карачелалълъ дуца нахъ тарал
ЦIорол гIеркъал руго гъанкъун тIерхьунел.
Гьел релълъуна хъахIал, рухI лъугIарал
МагIарул херазда – къо-мех лъикI, хасел.
Дунни цIорон гьечIо, дилъни цIа буго,
МугIрузул бутIрузда бакараб гIадаб.
Ва амма цересел макьаби гьечIо,
Рокьиги хиялги хисун буго дилъ.
Мун тIад буссарабго тIогьол махIаца
БахIарлъизе гьавун ватиларо дун.
Ватани, ватила мунгогIан хъахIав,
Дудаго релълъарав – къо-мех лъикI, хасел.

*1964*